

**STILISTIKA PRAGMATIK MINANGKA STRATEGI KRITIK SOSIAL CAKEPAN
TEMBANG CAMPURSARI ANGGITANIPUN
DHIMAS TEDJO**



Dening:

YULITA EKAWINAJENG

NIM 17714251003

Tesis menika Dipunserat minangka Jejangkeping Pendadaran

Anggayuh Gelar Magister Pendidikan

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

SARINING PANALITEN

Yulita Ekawinajeng. *Stilistika Pragmatik* minangka *Strategi Kritik Sosial* Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Dhimas Tedjo. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.**

Campursari boten namung ngemot endahing lagu, nanging ugi ngemot kritik sosial. Ancasing panaliten menika inggih kangge ngandharaken jinis *stilistika pragmatik* saha cara kritik sosial wonten ing cakepan tembang Dhimas Tedjo.

Panaliten menika kalebet ing panaliten *deskriptif kualitatif* inggih kanthi objek panaliten arupi cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo. Boten sedaya tembang ingkang wonten ing album Dhimas Tedjo dipunteliti, ananging kanthi merang ing kalih tema inggih menika katresnan saha sosial budaya. Pamilihing tema menika adhedhasar tembang ingkang paling *dominan* wonten ing cakepan campursari anggitanipun Dhimas Tedjo. Cara ngempalaken *data* kanthi *observasi* saha wawancara boten *terstruktur*. Pirantinipun panaliten inggih menika ngginakaken *human instrument*. Cara nganalisis *data* ngginakaken *reduksi*, sajian *data*, saha dudutan. Anggenipun *reduksi data* kanthi milah *data* ing lelewaning basa saha tindak tutur. *Reliabilitas data* kanthi *metode uji ulang* supados *data* tebih saking kalepatan, dene *validitas* dipunlampahi mawi *validitas triangulasi*.

Asiling panaliten menika bilih Dhimas Tedjo minangka panganggit tembang ingkang *variatif* kangge ngritik. *Jinis stilistika pragmatik* ingkang kapanggihaken inggih menika saking segi lelewaning basa entar, pepindhan, parikan, purwakanthi, wangsalan, panyandra, rumpakan, cangkriman, saroja, saha sanepa. Ewodene saking segi tindak tutur kapanggihaken *asertif*, *direktif*, *komisif*, saha *evaluatif*. Asil cara kritikipun inggih menika (1) ngece, (2) kias, (3) simbol, (4) tegas, (5) langsung, (6) boten langsung, (7) kasar, saha (8) luwes. Cara kritik “ngece” kapanggihaken ing lelewaning basa purwakanthi. Cara kritik “kias” kapanggihaken ing lelewaning basa entar, pepindhan, parikan, wangsalan, sanepa, saha pepindhan. Cara kritik “simbol” kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan, parikan, wangsalan, candra, cangkriman, saroja, saha sanepa. Cara kritik “tegas” kapanggihaken ing lelewaning basa purwakanthi, saroja, tindak tutur *asertif*, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *komisif*. Cara kritik “languang” kapanggihaken saking *stilistika pragmatik* lelewaning basa panyandra, sanepa, rumpaka, tindak tutur *asertif*, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *ekspresif*. Cara kritik “boten langsung” kapanggihaken ing lelewaning basa parikan, panyandra, rumpakan, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *ekspresif*. Cara kritik “kasar” kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan saha sanepa. Cara kritik “luwes” kapanggihaken ing tindak tutur *direktif*, *asertif*, saha *ekspresif*. Cakepan tembang Dhimas Tedjo kalebet cakepan ingkang endah, kathah tetembungan ingkang sami dipunambali. Bab menika saged dados panaliten salajengipun.

Pamijining tembung: cakepan, campursari, *kritik sosial*, *stilistika pragmatik*.

ABSTRAK

YULITA EKAWINAJENG. *Stilistika Pragmatik sebagai Strategi Kritik Sosial Lirik Lagu Campursari Karya Dhimas Tedjo*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Campursari tidak hanya terdapat pada keindahan irama saja, namun juga kritik sosial. Tujuan penelitian ini adalah mencari jinis stilistika pragmatik dan cara kritik sosial yang ada dalam lirik lagu campursari karya Dhimas Tedjo.

Penelitian ini termasuk dalam penelitian deskriptif kualitatif dengan objek penelitian berupa lirik lagu campursari karya Dhimas Tedjo, khususnya yang bertema asmara dan sosial budaya. Panaliti memilih tema ini, berdasarkan tema yang paling dominan dicipta oleh pengarangnya. Pengumpulan data melalui observasi dan wawancara tidak terstruktur. Instrumen penelitian adalah *human instrument*. Analisis data melalui tahapann reduksi, sajian data, dan pengambilan kesimpulan. Dalam mereduksi data, data dipilah menurut gaya bahasa dan tindak tutur. *Reliabilitas* data diperoleh dengan metode uji ulang, supaya data jauh dari kelepatan. *Validasi* data menggunakan *validitas triangulasi*.

Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa Dhimas Tedjo merupakan pengarang lagu yang *variatif* untuk mengkritik. Jinis stilistika pragmatik yang ditemukan dari segi gaya bahasa, adalah *entar*, *pepindhan*, *parikan*, *purwakanthi*, *wangsalan*, *panyandra*, *rumpakan*, *cangkriman*, *saroja*, dan *sanepa*. Jinis stilistika pragmatik yang ditemukan dari segi tindak tutur yaitu *asertif*, *direktif*, *komisif*, dan *evaluatif*. Hasil cara kritiknya adalah (1) *ngece*, (2) *kias*, (3) simbol, (4) tegas, (5) langsung, (6) *boten* langsung, (7) kasar, dan (8) *luwes*. Cara kritik “ngece” terdapat pada gaya bahasa *purwakanthi*. Cara kritik “kias” terdapat pada gaya bahasa *entar*, *pepindhan*, *parikan*, *wangsalan*, *sanepa*, dan *pepindhan*. Cara kritik “simbol” terdapat pada gaya bahasa *pepindhan*, *parikan*, *wangsalan*, *candra*, *cangkriman*, *saroja*, dan *sanepa*. Cara kritik “tegas” terdapat pada gaya bahasa *purwakanthi*, *saroja*, tindak tutur asertif, tindak tutur direktif, dan tindak tutur komisif. Cara kritik “langsung” terdapat pada gaya bahasa *panyandra*, *sanepa*, *rumpakan*, tindak tutur asertif, tindak tutur direktif, dan tindak tutur ekspresif. Cara kritik “boten langsung” terdapat pada gaya bahasa *parikan*, *panyandra*, *rumpakan*, tindak tutur direktif, dan tindak tutur ekspresif. Cara kritik “kasar” terdapat pada gaya bahasa *pepindhan* dan *sanepa*. Cara kritik “luwes” terdapat pada tindak tutur direktif, asertif, dan ekspresif. Lirik lagunya memiliki bahasa yang indah, yaitu terdapat pada kata yang banyak diulang-ulang. Bab ini bisa diteliti dalam penelitian selanjutnya.

Kata Kunci: campursari, *kritik sosial*, lirik, *stilistika pragmatik*

ABSTRACT

YULITA EKAWINAJENG: Pragmatic Stylistics as a Social Criticism Strategy in Dhimas Tedjo's *Campursari* Song Lyrics. **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

Campursari is exceptional not only in the beauty of the rhythm, but also in its social criticism. The purpose of this study is to identify the types of pragmatic stylistics and the social criticism style in Dhimas Tedjo's *campursari* song lyrics.

This research is a qualitative descriptive study analyzing *campursari* song lyrics written by Dhimas Tedjo as the object of the research, particularly in two themes: romance and social culture as these are the most dominant themes in Dhimas Tedjo's *campursari* songs. The data were collected through observation and unstructured interviews. The research instrument is the researcher herself as the human instrument. The data were analyzed by following the steps of data reduction, data presentation, and conclusion drawing. In data reduction, the data were sorted based on language style and speech acts. Data reliability was measured by using the retest method to avoid error in the data. In testing data validity, the researcher used triangulation validity.

The result of this study shows that Dhimas Tedjo is a songwriter who employs many variations in showing criticisms. The types of pragmatic stylistics found in terms of language style are *entar*, *pepindhan*, *parikan*, *purwakanthi*, *wangsalan*, *panyandra*, *rumpakan*, *cangkriman*, *saroja*, and *sanepa*. The types of pragmatic stylistics found in terms of speech acts are assertive, directive, commissive, and evaluative. The results of the criticism are classified as (1) derisive, (2) figurative, (3) symbolic, (4) rigid, (5) direct, (6) indirect, (7) offensive, and (8) flexible. The derisive criticism style is realized in *purwakanthi* language style, while the figurative criticism style is realized in *entar*, *pepindhan*, *parikan*, *wangsalan*, *sanepa*, and *pepindhan* language style. The symbolic criticism style is realized in *pepindhan*, *parikan*, *wangsalan*, *candra*, *cangkriman*, *saroja*, and *sanepa* language style. Furthermore, the rigid criticism style is realized in the language style of *purwakanthi*, *saroja*, assertive, directive, and commissive speech acts. The direct criticism style is realized in the language style of *panyandra*, *sanepa*, *rumpakan*, assertive, directive, and expressive speech acts. Meanwhile, the indirect criticism style is realized in the language style of *parikan*, *panyandra*, *rumpakan*, directive speech acts, and expressive speech acts. The offensive criticism style is realized in *pepindhan* and *sanepa* language style and the flexible criticism style is realized in directive, assertive, and expressive speech acts. Moreover, the song lyrics have a beautiful language which contains vastly abundant repeated words. This matter can be examined in further research.

Keywords: *campursari*, lyrics, pragmatic stylistics, social criticism

WEDHARAN

Inggang tapak asma wonten ing ngandhap punika, kula:

Nama : Yulita Ekawinajeng

NIM : 17714251003

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa PPs UNY

Keparenga ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika, seratan kula piyambak. Sapangertos kula *karya ilmiah* menika dereng nate dipunserat dening tiyang sanes kangge nggayuh gelar *magister* ing satunggaling pawiyatan inggil. *Karya ilmiah* menika boten ngandhut materi ingkang dipunserat panaliti sanesipun, kajawi perangan tartamtu kanthi tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah*.

Yogyakarta, 10 Juni 2020

Panyerat,



Yulita Ekawinajeng

NIM 17714251003

PANGESAHAN

**STILISTIKA PRAGMATIK MINANGKA STRATEGI KRITIK SOSIAL
CAKEPAN TEMBANG CAMPURSARI ANGGITANIPUN DHIMAS
TEDJO**

**Yulita Ekawinajeng
17714251003**

Tesis menika sampun dupunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 24 Juni 2020


TIM PENGUJI

Dr. Mulyana, M. Hum.
(Ketua Penguji)



21 Juli 2020

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
(Sekretaris/ Penguji)



27 Juli 2020

Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.
(Pembimbing/Penguji)



27 Juli 2020

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.
(Penguji Utama)




16 Juli 2020

PANGESAHAN

***STILISTIKA PRAGMATIK MINANGKA STRATEGI KRITIK SOSIAL CAKEPAN
TEMBANG CAMPURSARI ANGGITANIPUN DHIMAS TEDJO***

**Yulita Ekawinajeng
17714251003**

Tesis menika sampun dupunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 24 Juni 2020



PISUNGSUNG

Kanthi raos *syukur* dhumateng Allah S.W.T., *tesis* menika
kula pisungsungaken dhumateng sisihan kula Alfaruq, tiyang sepuh kula Bapak
Sukirno saha Ibu Parjiyatmi, S. Pd., ugi dhateng Adhik kula Nada Azizah kaliyan
Salsabilla Quratul ‘Aini ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga
pangestunipun.

SESANTI

Gelem rekasa tinemu mulya

(Pitutur)

Gegayuhan ingkang inggil temtu saged kagayuh, ananging kanthi donga, kupiya,
saha tumindak ingkang temen.

(Panyerat)

PRAWACANA

Puji sukur, alhamdulillahirabbil'alamin panyerat ngaturaken raos sukur dhumateng Allah S.W.T. ingkang tansah paring kasarasan, *rahmat* saha *hidayah*-ipun, satemah panyerat saged ngrampungaken *tesis* kanthi irah-irahan “*Stilistika Pragmatik* minangka *Strategi Kritik Sosial* Cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo”. *Tesis* menika dipundamel kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* magister pendidikan.


Panyerat ngaturaken agenging panuwun dhumateng Bapak Prof. Dr. Suwarna. M. Pd., minangka *dosen pembimbing* ingkang sampun paring panyengkuyung, pamrayogi kanthi sabar saha premati, satemah *tesis* menika saged kalampahan kanthi sae. Kajawi menika, kula ugi ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka Rektor UNY ingkang sampun paring panyengkuyung anggen kula nyerat proposal *tesis*;
2. Bapak Prof. Dr. Marsigit, M. A. minangka Direktur Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta saha para staff ingkang sampun paring kalodhangan satemah *tesis* menika saged paripurna kanthi lancar;
3. Bapak Dr. Mulyana, M. Hum., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa PPs UNY, Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum minangka *penasihat akademik* ingkang sampun paring *review tesis*, saha donga pangestunipun, saha Bapak Ibu *dosen* Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring palilah kangge panyerat nyerat panaliten menika saha ngelmunipun ingkang mupangat sanget kangge kula;
4. Alfarouq, ingkang sampun paring *motivasi* nggarap *tesis* saha panjurungipun;
5. Tiyang sepuh kula, Bapak saha Ibu Sukirno awit saking panjurungipun, donga pangestu saha ashipun;
6. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah 2017 ingkang sampun paring semangat kangge kula;
7. Sedaya *pihak* ingkang sampun paring panyengkuyung ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal.

Tesis menika tamtu taksih dereng kawastanan sae, jangkep saha sampurna. Pramila, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi *tesis* menika sageda murakabi tumrap sedaya.

Yogyakarta, 10 Juni 2020

Panyerat

A square image containing a handwritten signature in black ink. The signature is stylized and appears to be 'Yulita Ekawinajeng'.

Yulita Ekawinajeng

PRATELAN ISI

SARINING PANALITEN	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT	iv
WEDHARAN	v
PRAWACANA	ix
PRATELAN ISI	xi
PRATELAN <i>TABEL</i>	xiii
PRATELAN CEKAKAN	xiv
PRATELAN LAMPIRAN	xvi
BAB I. PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	6
C. Watesaning Perkawis	6
D. Wosing Perkawis	7
E. Ancasing Panaliten	7
F. Paedahing Panaliten	8
BAB II. GEGARAN <i>TEORI</i>	9
A. <i>Stilistika</i>	9
B. <i>Pragmatik</i>	12
C. <i>Stilistika Pragmatik</i>	17
1. <i>Ciri-ciri stilistika pragmatik</i>	19
2. <i>Tuladhanipun stilistika pragmatik</i>	20
3. <i>Ancasing stilistika pragmatik</i>	21
4. <i>Indikator stilisika pragmatik</i>	23
a. <i>Lelewaning basa</i>	24
b. <i>Tindak tutur</i>	43
D. <i>Kritik Sosial</i>	47
1. <i>Strategi Kritik Sosial</i>	49
2. <i>Indikator Kritik Sosial</i>	51
E. <i>Tembang Campursari Dhimas Tedjo</i>	52
F. <i>Panaliten ingkang Jumbuh</i>	54
G. <i>Nalaring Pikir</i>	56
BAB III. CARA PANALITEN	58
A. <i>Jinisipun Panaliten</i>	58
B. <i>Data saha Sumbering Data</i>	58
C. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i>	60
D. <i>Pirantining Panaliten</i>	62
E. <i>Caranipun Nganalisis Data</i>	64
F. <i>Caranipun Ngesahaken Data</i>	65

BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	67
A. Asil Panaliten	67
1. Jinis <i>stilistika pragmatik</i>	68
2. Cara <i>kritik sosial</i>	77
B. Pirembagan Asiling Panaliten	87
1. Jinising <i>stilistika pragmatik</i>	87
a. <i>Stilistika pragmatik</i> saking segi lelewaning basa.....	88
b. <i>Stilistika pragmatik</i> saking segi tindak tutur.....	153
2. Cara <i>kritik sosial</i>	181
a. Ngece	181
b. Kias	187
c. Simbol	198
d. Tegas	206
e. Langsung	226
f. Boten langsung	243
g. Kasar	252
h. Luwes	255
C. Winatesaning Panaliten	259
 BAB V PANUTUP	 260
A. Dudutan	260
3. Jinis <i>Stilistika Pragmatik</i>	260
4. <i>Stilistika Pragmatik</i> kangge Sarana <i>Kritik Sosial</i>	261
B. <i>Implikasi</i>	262
C. Pamrayogi.....	263
 KAPUSTAKAN.....	 264
 LAMPIRAN.....	 270

PRATELAN TABEL

<i>Tabel 1. Sumber Data Panaliten</i>	59
<i>Tabel 2. Tuladhanipun Klasifikasi Jinis Stilistika Pragmatik saha Kritik Sosial</i>	62
<i>Tabel 3. Tuladhanipun Jinis Stilistika Pragmatik</i>	63
<i>Tabel 4. Tuladhanipun Cara Kritik Sosial</i>	63
<i>Tabel 5. Jinis Stilistika Pragmatik ing Cakepan Temban Campursari Dhimas Tedjo</i>	69
<i>Tabel 6. Cara Kritik Sosial ing Cakepan Tembang Campursari Dhimas Tedjo</i>	77
<i>Tabel 7. Tuladhanipun Klasifikasi Jenis Stilistika Pragmatik saha Kritik Sosial</i>	272

PRATELAN CEKAKAN

- (K1/OY/ 1-5): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Oh Yes Oh No*, tema kasmaran tembang ka-1, nomer 1-5
- (K2/LN/ 1-5): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Lampung Ngayogya*, tema kasmaran tembang ka-2 nomer 1-5
- (K3/L/ 1-7): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Nglembur*, tema kasmaran tembang ka-3, nomer 1-7
- (K4/N/ 1-5): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Nasibku*, tema kasmaran tembang ka-4, nomer 1-5
- (K5/J/1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Janji*, tema kasmaran tembang ka- nomer 1-4
- (K6/SSR/ 1-3): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Sama Sama Rindu*, tema kasmaran tembang ka-6, nomer 1-3.
- (K7/F/ 1-2): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Februari*, tema kasmaran tembang ka-7, nomer 1-2
- (K8/WN/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Wiwit Ngidham*, tema kasmaran tembang ka-8, nomer 1-4
- (K9/KM/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Kumanthil*, tema kasmaran tembang ka-9, nomer 1-4
- (K10/K/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Kelingan*, tema kasmaran tembang ka-10, nomer 1-4
- (K11/PP/ 1-5): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Prengat-prengut*, tema kasmaran tembang ka-11, nomer 1-5
- (K12/S/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Sesandhingan*, tema kasmaran tembang ka-12, nomer 1-4
- (K13/TK/ 1-3): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Tembang Kangen*, tema kasmaran tembang ka-13, nomer 1-3
- (K14/GD/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Nggodha*, tema kasmaran tembang ka-14, nomer 1-4
- (K15/NJ/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Ninggal Janji*, tema kasmaran tembang ka-15, nomer 1-4
- (K16/ST/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Stasiun Tugu*, tema kasmaran tembang ka-16, nomer 1-4
- (K17/KPP/ 1-4): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Kidung Pasir Putih*, tema kasmaran tembang ka-17, nomer 1-4
- (SB18/SL/ 1-5): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Sedulur Lanang*, tema sosial tembang ka-18, nomer 1-4
- (SB19/KT/1-3): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Kadang Tani*, tema sosial tembang ka-19, nomer 1-3
- (SB20/GJM/ 1-3): cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah irahan *Goyang Jape Methé*, tema sosial tembang ka-20, nomer 1-3

Ent : Entar
Pnd : Pepindhan
Prk : Parikan

Wsl : Wangsalan
Cnd : Candra
Rmp : Rumpaka
Cgk : Cangkriman
Srj : Saroja
Snp : Sanepa
Asr : *Asertif*
Dir : *Direktif*
Kom : *Komisif*
Eks : *Ekspresif*
Ngc : Ngece
Kia : Kias
Smb : Simbol
Tgs : Tegas
Lsg : Langsung
Btg : Boten langsung
Ksr : Kawar
Lws : Luwes
LB : Lelewaning Basa
TT : Tindak Tutur

PRATELANLAMPIRAN

	kaca
Lampiran 1. Validasi <i>Data</i> Panganggit Tembang Campursari	271
Lampiran 2. <i>Tabel Klasifikasi data</i>	272
Lampiran 3. Tembang <i>Oh Yes Oh No</i>	281
Lampiran 4. Tembang <i>Lampung Ngayogya</i>	282
Lampiran 5. Tembang <i>Nglembur</i>	283
Lampiran 6. Tembang <i>Nasibku</i>	284
Lampiran 7. Tembang <i>Janji</i>	285
Lampiran 8. Tembang <i>Sama-sama Rindu</i>	286
Lampiran 9. Tembang <i>Februari</i>	287
Lampiran 10. Tembang <i>Wiwit Ngidham</i>	288
Lampiran 11. Tembang <i>Kumanthil</i>	289
Lampiran 12. Tembang <i>Kelingan</i>	290
Lampiran 13. Tembang <i>Prengat Prengut</i>	291
Lampiran 14. Tembang <i>Sesandhingan</i>	292
Lampiran 15. Tembang <i>Tembang Kangen</i>	293
Lampiran 16. Tembang <i>Nggodha</i>	294
Lampiran 17. Tembang <i>Ninggal Janji</i>	295
Lampiran 18. Tembang <i>Stasiun Tugu</i>	296
Lampiran 19. Tembang <i>Kidung Pasir Putih</i>	297
Lampiran 20. Tembang <i>Sedulur Lanang</i>	298
Lampiran 21. Tembang <i>Kadang Tani</i>	299
Lampiran 22. Tembang <i>Goyang Jape Methe</i>	300

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Tembang campursari minangka panglipur ing masarakat Indonesia mliginipun Ngayogyakarta. Tembang ingkang dipunandharaken kanthi alat musik gamelan saha alat musik modern menika minangka musik ingkang caket ing masarakat. Boten namung bab musikipun mawon, ananging basa ingkang dipunginakaken wonten ing tembang campursari. Basa ingkang dipunginakaken penganggit temtunipun ngginakaken basa ingkang narik kawigatosan lan ngemu suraos.

Panaliten menika ngginakaken sumber panaliten cakpen tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo. Dipunpendhet tokoh Dhimas Tedjo, amargi piyambakkipun minangka tokoh ingkang samenika taksih eksis ing *dunia hiburan* Indonesia. Acara rutin ingkang panjenenganipun ayahi ing stasuiun TV Ngayogyakarta inggih wonten kalih. Panjenenganipun misuwur ing acara *Klinong-klinong* ing stasiun Jogja TV saha *Pendhapa Kang Tedjo* ing stasiun TVRI Ngayogyakarta. Lagu-lagunipun ugi sampun kathah dipunanggit antawisipun langkung saking pitung album.

Dimas Tedjo minangka penganggit saha penyanyi lagu Campursari, ingkang misuwur saking tlatah Gunungkidul. Cakepan tembang ingkang dipundamel Dimas Tedjo saged narik kawigatosan masarakat. Saged narik kawigatosan amargi bab cakepanipun dipundamel kanthi ngginakken pamiling tembung ingkang endah saged ugi minangka bab ingkang asring wonten ing masyarakat. Miturut pamanggih Shrawan (2019: 6) bilih basa saged mungkin

kangge penyair/panyerat kangge ngewahi dhasar konsep dados pesen ingkang efektif saha nggadhahi teges. Menika minangka basa ingkang samenika saged dadosaken pamaos kangge mahami teges saking karya sastra. Kanthi mekaten perlu elemen linguistik ingkang tekun kangge ngekspresi karsa saha peka ing basa.

Dhimas Tedjo minangka penganggit ngandharaken tembang kanthi wujud rosing manah. Ananging ugi saged minangka strategi kangge *kritik sosial* masarakat. Penganggit sasged kanthi sadhar menapa mboten sadhar bilih panjenenganipun sampun ngandharaken *kritik sosial*. Biasanipun panganggit ngandharaken makna tembang kanthi ngginakaken lelewaning basa. Ancasipun, bilih ndadosaken tembang langkung endah. Wonten ing basa-basa ingkang endah menika, penganggit ugi saged ngandharaken menapa ingkang dipunraos kirang sopan ing umum. Kadosta gaya bahasa minangka sandhi, supados menapa ingkang badhe dipunndharaken boten suraos kasar.

Pangripta tembang mbabar *kritik sosial* kanthi ekspresif ing wujud cakepan. Penganggit ngandharaken makna tembang ugi minangka kritik ing satunggaling perkawis. Kadosta, penganggit badhe ngandharaken kritik ing pemerintah. Kritik dipunandharaken ngginakaken basa ingkang dipunraos sopan lan boten nyinggung dhateng pihak pemerintah. Kanthi cara mekaten penganggit saged langkung aman ing bab kabebasan kripta. Tembangipun ugi tetep saged kanthi legal dipunmahyakaken ing masarakat. Maneka warni caranipun penganggit kangge ngandharaken teges ingkang sejatosipun ingkang dipuntuwuhaken ing tembang campursari.

Tembang campursari boten namung minangka panglipur lan kabudayan mawon, ananging kangge sarana *kritik sosial*. Kanthi *kritik sosial* menika penganggit saged ngandharaken menapa ingkang boten umum bab perkawis ingkang wonten. Bab ingkang boten umum minangka sarana *kritik sosial* ing masarakat. *Kritik sosial* dipunandharaken penganggit kanthi cara mahyakaken ing cakepanipun. Wonten ingkang dipunsekaraken kanthi kiyambak, duet, lan saged ugi kanthi sesarengan. Menawi sampun dados tembang campursari, *kritik sosial* dipunandharaken kanthi paraga wiraswaranipun.

. Wonten ing tembang campursari Dhimas Tedjo, pangripta saged nuwuhaken raos ing antawisipun para paraganipun. Paraga putra dhateng paraga putri, saha kosok wangsulipun. Wonten ugi ingkang dipunsekaraken paraga putri mawon menapa paraga putra mawon. *Kritik sosial* ingkang dipunandharaken kanthi tembang saged nggadhahi fungsi langkung luwes. Pangripta tembang kadhangkala kepingin ngandharaken tembang kanthi kasar, ngece, ananging kanthi sarana tembang raos menika saged langkung luwes. Basa, rima menawi penutur nembe duka ugi saged luwes menawi kaandharaken kanthi tembang. Menawi tanpa tembang basa tiyang ingkang duka kaucapaken kanthi nada ingkang sora, kasar mesthi ketawis langsung kanthi kasar. Beda ing tembang bilih bab menika sages kasirep kaliyan nada ingkang dipunanggit dening pangripta. Kados dene panalitenipun Pangesti (2019: 4) inggih menika bab *kritik sosial* ing lagu album *sinestesia*. Asilipun bilih lagu ing album *sinestesia* minangka sarana penganggit kangge ngandharaken *kritik sosial* ing bab kamanungsan, *kritik sosial*

kangge *industri musik, kritik sosial* kangge perkawis sosial politik, ugi kritik kangge agama.

Cakepan tembang macapat minangka sarana *kritik sosial*. Anggenipun ngandharaken *kritik sosial* boten kanthi cara frontal. Penganggit ngandharaken *kritik sosial* mesthi ngginakaken strategi. Strategi inggih menika minangka cara ingkang dipunangge. Kados ing salah satunggalipun tuladha Tembang Campursari Dhimas Tedjo menika.

*Pacarku sing bagus, lugu ra tau nesu,
Kulit ireng ngguya ngguyu
Nganti kaya aspal (OY)*

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* menika minangka sarana penganggit ngandharaken *kritik sosial*. Menawi dipuntingali saking basa ingkang dipunangge kangge ngandharaken “pacar” ingkang “lugu ra tau nesu, ngguya ngguyu” menika ketingal ngendahaken paraga. Basanipun ingkang saged dipuntampi paraga ingkang dipuntuju. Menapa malih bab kangge ngendahaken paraganipun. Basa ingkang dipunangge minangka sarana “ngandharaken” paraga inggih kalebet ing tindak tutur *asertif*.

Ananging sasampunipun ketambahan ukara sanesipun “nganti kaya aspal”, makna tembang saged beda malih. Menika minangka *kritik sosial* penganggit ing paraga ingkang dipuntuju. Saking “lugu ora tau nesu” ingkang minangka ngrayu dados “nganti kaya aspal”. Bab menika kalebet ing sarana “ngece” dhateng paraganipun. Menapa malih maksud penganggit anggenipun nylewaraken cakepan tembang miturut purwakanthi mekaten.

*Pacarku sing bagus,
lugu ra tau nesu,*

Kulit ireng ngguya ngguyu
Nganti kaya aspal (asu) (OY)

Cakepan tembang *Oh Yes Oh No* menika, menawi dipuntingali wonten lelewaning basa purwakanthi guru swara. Dhawahipun swanten ing pungkasanipun larik saking larik kapisan dumugi katiga ngginakaken *vokal* [u]. Bab menika ndadosaken larik kasekawan langkung sae malih dhawah swanten ugi [u]. Dhawahipun tembung ing larik kasekawan inggih menika “aspal”. Kanthi mekaten biasanipun penyanyi ngginakaken cara supados bab menika ketingal langkung gayeng. Satemah para panresna musik campursari nggantos tembung “aspal” kanthi tembung ingkang dhawahipun *vokal* [u]. Penganggit saged maringi kalodhangan kangge pamireng kangge ngentha-entha tembungipun. “Nganti kaya ...[u]. Kalih wanda ingkang wingkingipun dhawang swanten [u] kanthi nada gayeng pamireng nuwuhaken kanthi tembung “asu”. *Stilistika* pragmatik wiwitanipun dipunandharaken kanthi mboten langsung, ananging kanthi imbuhan para pamireng tembang saged kaandharaken kanthi langsung. Bab menika ingkang wiwitanipun ketingal sopan dados kirang sopan, inggih kanthi sarana ngece dhateng paraganipun.

Cakepan tembang Campursari Dhimas Tedjo minangka pokok panaliten. Kadospundi cara penganggit ngandharaken *kritik sosial*, saged minangka dhasaring panaliten panyerat. *Style/ gaya bahasa* penganggit temtunipun saged dipundedah mawi pendekatan *stilistika pragmatik*. *Stilistika pragmatik* minangka strategi *kritik sosial* wacana ing cakepan campursari. Mugi-mugi seratan menika saged ndamel para panresna musik, masarakat, ahli bahasa mangertosi bab strategi ingkang dipunginakaken penganggit kangge ngandharaken *kritik sosial*. Satemah

masarakat menapa dene penganggit tembang sanes saged kange pasinaon, timbang perkawis, bab anyerakatn *kritik sosial*.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten saged dipunpendhet underaning perkawis. Underaning perkawis ingkang saged dipunpedhet kados mekaten.

1. *Stilistika pragmatik* lelewaning basa saha tindak tutur minangka strategi ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.
2. Cara *kritik sosial* ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.
3. Pamilihing tembung (diksi) ing minangka sarana *kritik sosial* cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo
4. Wujud pangolahing tembung minangka sarana *kritik sosial* cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.
5. Tindak tutur wacana minangka sarana *kritik sosial* cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.
6. *Gaya bahasa* wacana minangka sarana *kritik sosial* cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.

C. Watesaning Perkawis

Saking undheraning prakawis, prakawis ingkang badhe dipunteliti kedah dipunwatesi. Watesan prakawis dipunlampahi supados peneliti langkung fokus. Pramila prakawis panaliten menika dipunwatesi prakawis kados mekaten.

1. Cara *kritik sosial* ing cakapan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.
2. *Stilisticaraka pragmatik* antawisipun lelewaning basa saha tindak tutur minangka strategi ing cakapan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.

D. Wosing Prakawis

Wosing prakawis panaliten menika adhedhasar underaning prakawis saha watesaning prakawis. Andhedhasar underaning prakawis saha watesaning prakawis ing nginggil, wosing prakawis ing panaliten menika katetepaken kados mekaten.

1. Menapa kemawon cara *kritik sosial* ing cakapan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo ?
2. Kados pundi jinis *stilistika pragmatik* antawisipun lelewaning basa saha tindak tutur minangka strategi ing cakapan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo ?

E. Ancasing Panaliten

Saking andharan wosing prakawis ing nginggil, ancasing panaliten saged dipunpendhet kados mekaten.

1. Ngandharaken cara *kritik sosial* ing cakapan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.

2. Ngandharaken jinis *stilistika pragmatik* minangka strategi ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo.

F. Paedahing Panaliten

Paedahipun panaliten menika, saged maringi gambaran kangge para penganggit tembang bilih anggenipun ngandharaken *kritik sosial* saged kanthi maneka warni cara. Supados basa ketingal alus lan boten frontal menika ngginakaken strategi. Penganggit saged ngginakaken *style* basa kangge ngandharaken *kritik sosial*. Asiling panaliten menika ugi saged dipunginaaken kangge nambah referensi dhateng siswa ing pasinaon sekolah. Tumrap siswa SMP saha SMA cakepan tembang dipunsinaoni ing bab geguritan. Saged mekaten, amargi tembang minangka geguritan ingkang dipunsekaraken (dipunsikani nada). Bab lelewnaing basa saha tindak tutur saged kaginakaken kangge cara/ *strategi* nganalisis geguritan. Paedah sanenisipun inggih menika saged nginggilaken apresiasi kangge para panresna basa, mliginipun ing basa ingkang nggadhahi unsur *stilistika*.

BAB II GEGARAN *TEORI*

A. *Stilistika*

Stilistika inggih menika ilmu gaya basa. Tembung menika saking basa Inggris inggih menika *style* tegesipun *gaya* ing basa Indonesia. Dene ing basa Jawa ilmu ingkang nyinaoni bab lelewaning basa. Satunggaling karya sastra nggadhahi nilai seni, endah lan saged nglipur amargi jumbuh antawisipun unsur wujud, wos, konten, cara ngandharaken lan menapa ingkang dipunandharaken. Ing wujud geguritan unsur basa, minangka unsur ingkang wigati lan ingkang nemtokaken geguritan menika narik kawigatosan menapa mboten. Satunggaling geguritan saking segi basa gagal anggenipun ngemot momen *puitis* dipunanggep gagal anggenipun ngemot unsur kaendahan saha ngesipun. Kaendahan basa ing geguritan nggadhahi gayutan kaliyan *stile*. *Stile* minangka bidang garapan *stilistika*.

Stilistika asring dipungayutaken kalian basa sastra. *Stilistika* sampun wiwit dipuntepang wiwit atusan taon kepengker. Burke (2014: 102) ngandharaken bilih sejarah sastra sampun nggadhahi fokus ing investigasi gaya peulisan *kualitatif* ingkang teliti ing teks sastra. Saha grafik gayanipun saged ewah saged ugi stabil ingkang gegayutan kalian karakter linguistik panaliti anggenipun praktek, representasi ing basa mligi *genre* tartamtu.

Tembung *stilistika* kanthi etimologis asalipun saking analisis kangge nemtokaken sepinten tebihipun nyimpangipun basa ingkang dipunginakaken penganggit. Kados pundi penganggit ngginakaken tandha-tandha linguistik kangge madosi efek estetis utawi puitis. Kanthi mekaten, *stilistika* boten saged

dipunangge kanthi sae tanpa dhasar linguistik ingkang kiat. Amargi salah satunggalipun sebab inggih kontras sistem basa sastra kalian basa ing jamanipun (Wellek dan Warren, 1995: 221). Miturut Panuti Sudirjan (1993: 3) *stilistika* nggadhahi pangertosan kados mekaten.

Stilistika adalah suatu ilmu yang digunakan untuk mengkaji cara sastrawan memanipulasi, dengan arti memanfaatkan unsur dan kaidah yang terdapat dalam bahasa dan efek apa yang ditimbulkan oleh pengarang itu . Stilistika juga meneliti ciri khas penggunaan bahasa dalam wacana sastra, ciri-ciri yang membedakan atau mempertentangkan dengan wacana non sastra, meneliti fungsi puitik suatu bahasa.

Stilistika minangka ilmu ingkang gegayutan kaliyan sedaya aspek basa.

Pradopo (1997: 10) ngendikakaken bilih ruang lingkup *stilistika* inggih menika intonasi, swanten, tembung, ukara, satemah saged nglairaken gaya intonasi, gaya swanten, gaya tembung saha gaya ukara. Ilmu *stilistika* ngerucut ing bahasa inggih menika *style*. *Style* inggih menika cara ingkang dipunginakaken penutur utawi penyair kangge ngandharaken maksud. Kanthi ngginakaken *style* menika saged dipunwastani gaya basa ing panulis kasebut. Saged dipuntemokaken ciri-ciri panganggening basa ingkang khas, inggih gaya basanipun pribadi tiyang.

Style “gaya basa” ing karya sastra arupi sarana sastra ingkang maringi perangan kangge efek estetik. *Stilistika* asring ngandhut makna. Saben diksi ingkang sipunangge ing karya sastra nggadhahi gayutan moral, emotif, ideologis ugi teges ingkang netral (Sudirjan, 1995: 15-16). Dene Ratna (2009: 231) ngandharaken bilih aspek kaendahan sastra menika malah kakandhut wonten ing fungsi gaya bahasa. Kanthi mekaten gaya basa menika wigati kangge nemtokaken estetik karya sastra.

Stilistika minangka cabang ilmu *linguistik* ingkang fokus kajiyanipun ing gaya bahasa. Ilmu menika dipunangge madosi *style/ gaya* penulis ingkang biasanipun nggadhahi *khas*. Hickey (2014: 115) istilah *gaya/style* tuturan nunjuk ing panganggening isyarat ing tingkatan linguistik ingkang beda kangge maringi sinyal, nginduksi, dan wujud varietas linguistik ing komunitas. Gayutan antawisipun gaya isyarat saha gaya basa seratan ingkang sami gegayutan saha reflektif, penutur saha mitra tutur saged mirsani kanthi seserepan padintenan bab isyarat kangge gaya ingkang dipunserat. Tuladhanipun bahasa calon presiden setunggal kaliyan setunggalipun beda, nggadhahi model piyambak-piyambak. Inggang dipunteliti saged mawi basa tulis menapa dene *non* tulis. Anaging kathah-kathahipun *stilistika* menika nyinaoni bab basa tulis.

Sihite (2018: 1) ngandharaken bilih *stilistika* sampun dipunginakaken kangge nganalisis karya sastra ingkang nngantos wujud subjektivitas dana impresionisme kritik standar kaliaan analisis objektif utawi ilmiah daking gaya teks sastra, studi gaya saha metode ingkang kaginakaken ing basa seratan/ basa tulis.

Basa tulis dipunandharaken kanthi basa ingkang biasanipun dipunandharaken kanthi gaya basa. Gaya basa minangka satunggaling ke-khas-an panganggit kangge nambahi sugihing makna, satemah menapa pesen ingkang dipunkajengaken langkung *ekspresif*. Gaya basa dipunandharaken kanthi pamilihing tembung (diksi) nengenaken tembung menapa ingkang paling leres ing posisi tartamtu ing ukara. Kanthi mekaten, pamilihipun tembung ugi minangka kaprigelan panganggit anggenipun mbedaaaken nuansa makna ingkang badhe

dipunandharaken. Pamilihing tembung ugi ngandharaken bab menika, inggih anggenipun ngandharaken pesen ngginakaken tetembungan.

Kajian *stilistika* nggadhahi gayutan kalia basa mliginipun sastra. Anggenipun ngaji *stilistika* saged mbiyantu kangge mahami karya sastra, ugi saged nyadharaken penganggit anggenipun manfaataken basa kangge saran ngungkap makna. Basa tulis ingkang biasanipun dipunangge inggih menika wujud wujud kiasan (*figures of speesch*) kadosta metafora, simile (Black, 2016: 231). Kanthi mekaten, *stile* utawi gaya basa menika dumunung saking unsur leksikal, gramatikal, kohesi saha retorika. Pirembagan unsur-unsur gaya basa ingkang dados objek ing panaliten menika inggih bab majas ingkang wonten ing lelewaning basa saha struktur ukara ingkang dipunpadosi saking jinis tindak tutur.

B. *Pragmatik*

Pragmatik inggih menika ilmu basa ingkang nyinaoni bab panganggenipun basa ingkng dipungayutaken kaliyan konteks penutur. Alolade (2020: 21) ngandharaken bilih teori pantes saha gaya basa minangka teori efektivitas. Kombinasi kalih konsep menika ningkataken jumbuhipun saha efektif basa anggenipun nganalisis mawi konteks. Makna basa saged dipunmangertosi kanthi migatosaken konteks. Batasan pramatik inggih menika aturan-aturan pangenggening basa bab wujud, saha makna ingkang dipungayutaken kaliyan maksud penutur, konteks, saha kahanan.

Kajian *pragmatik* inggih menika ngaji ujaran kanthi satuan analisis arupi tindak tutur. *Pragmatik* inggih menika ngaji bab fungsi basa. Bab menika jumbuh

kalian andharan Levinson (1987:5) *pragmatik* minangka kajian bab panganggenipun basa utawi kajian basa kanthi perspektif fungsional. Maksudipun, kajian menika mratelakaken aspek-aspek struktur basa kanthi ngacu pengaruh-pengaruh kalian sebab-sebab *non-basa*.

Pragmatik minangka ilmu basa ingkang nyinaoni panganggenipun basa. Miturut pamanggih Woldemariam (2015: 49) bilih *pragmatik* gegayutan kalian linguistik ingkang mbabar kadosta tembung kriya, tindak tutur, deiksis, saha ekspresi ingkang dipungayutaken kalian fitur sosio-pragmatik kalian kesopanan, prinsip kerja nalika wicantenan puitis. Dene, Parera (2001: 126) mratelakaken pramatik inggih menika kajian panganggenipun basa ing komunikasi, gayutan antawisipun ukara, konteks, kahanan saha wekdal ingkang dipunandharaken kanthi wujud ukara. Definisi ingkang dipunandhaaken Parera menika saged dipunrangkum mekaten: (1) kados pundi interpretasi saha panganggenipun tutur gegayutan kaliyan seserepan ing kasunyatanipun; (2) kadospundi penutur ngginakaken saha mahami tindak tuturipun; (3) kados pundi struktur kalimat dipungayutaken kaliyan penutur kaliyan pamireng. Saking kalih andharan menika saged katarik andharan bilih *pragmatik* minangka ilmu ingkang nyinaoni basa wonten ing panganggenipun saha makna ingkang kaasilaken saking ukara ingkang saged dipunpadosi saking konteks nalika tuturan. Makna ingkang dipunkajengaken dening penitir saged dipunpadosi kanthi migatosaken konteks lingkup prastawa kasebut.

Panganggening basa utawi *pragmatik*, menika saged dipunandharaken beda-beda gumantung kaliyan penuturipun. Abushihab (2015: 113) ing panalitenipun ngandharaken mekaten.

Pragmatics focuses on principles of language use, the intentions of producers (speaker, writer) and receivers (hearer and reader) and mainly on contexts.

Fokus *pragmatik* inggih menika bab prinsi-prinsip panganggening basa, niat saking penutur (panyerat) saha gegayutan kaliah konteksipun. *Panganggening* basa saged dipunandharaken kanthi saperangan wujud tuturan. Kadosta, guru ndhawuhi murid kangge mendhet sepidol ing kantor. Piyambakipun saged milih tuturan-tuturan kados mekaten :

- 1) “Boten wonten sepidol !”
- 2) “Sepidol-ipun telas”
- 3) “Ibu nyuwun sepidol”
- 4) “Sepidol-ipun boten wonten.”
- 5) “Wonten mriki mboten wonten sepidol, nggih ?”
- 6) “Menapa kok boten wonten ingkang pados sepidol ?”

Kanthi mekaten makssud “ndhawuhi” kangge murid nglampahi pakaryan saged kaandharaken kanthi ukara imperatif tuturan (1), ukara deklaratif ukara (2-4) utawi ukara interogatif tuturan (5-6). Dados, kanthi cara pragmatis ukara berita (deklaratif) kaliah ukara pitaken (interogatif) sanesipun nggadhahi fungsi ngandharaken warta saha pitakenan, ugi nggadhahi fungsi kangge ndhawuhi (imperatif kaliyan direktif).

Satunggaling kalimat ngemot bab makna utawi teges ingkang dipunandharaken dening panyeratipun. *Pragmatik* minangka ilmu ingkang nyinaoni bab panganggening basa ingkang dipunandharaken kanthi jumbuh kaliyan *konteks*-ipun. *Konteks* ukaranipun saged dipunanalisis kanthi migatosaken sinten ingkang ngendika, kados pundi kahananipun, sinten ingkang dipunajak ngendikan lan sanes-sanesipun. Ukara menika mesthi nggadhahi makna ingkang beda menawi dipunandhaaken dening tiyag sanes. Umpami ukara dipunandharaken dening dokter, beda menawi dipunandharaken dening tentara, copet, pak tani, guru lan sanesipun. Kanthi migatosaken konteks ukaranipun, makna ingkang sejatosipun saged dipunpadosi. Pengertian kados menika dipungabungaken saking segi linguistik lan ugi ekstralinguistik (*pragmatik*).

Satunggaling tetembungan utawi teks sanget nggadhahi gayutan kaliyan sakiwa tengenipun tetembungan menika dipunandharaken utawi dipunserat. Konteks lan kahanan gandharaken cara simbol tetembungan dipunandharaken dening panganggit (Lubis, 2015: 21). Tetembungan menika boten jelas maksudipun menawi mboten dipunandharaken analisis saking saknjawinipun teks. Saben pendekatan analisis ing linguistik nggatosaken konteks. Analisis menika sampun temtu nglebetaken analisis sintaksis saha semantik. Analisis *pragmatik* minangka analisis bab makna ingkang paling nandhes amagimi gatosaken bab ing sakiwa tengening teks.

Analisis wacana *pragmatik* nggatosaken menapa ingkang dipunlampahi dening penutur. Sanesipun, ugi ngandharaken ciri-ciri linguistik ing wacananipun. Kanthi mekaten *pragmatik* inggih menika studi bahasa ingkang nganalisis makna

kanthi migatosaken konteks. Anggenipun nganalisis wacana menika migatosaken segi sintaksis saha semantikipun, wondene *pragmatik* langkung migatosaken malih. *Pragmatik* menika wigati kangge ngandharaken makna ukara ingkang sejatosipun dhumateng mitra tutur.

Djajasudarma (2017: 76) ngandharaken bilih kanthi cara *pragmatik*, basa menika migatosaken konteks-ipun. Wonten sekawan jinis konteks, inggih menika: (1) fisik, (2) linguistik, (3) epistemik, saha (4) sosial. Konteks fisik inggih menika papan kedadosan konservasi (pacelathon); konteks linguistik inggih menika tuturan ingkang migatosaken sakderengipun; konteks epistemik inggih menika dha saripun seserepan saking penutur menapa dene mitra tutur (gayutan *speaker-hearer*); konteks sosial inggih menika gautan sosial ingkang wonten (*setting*) penutur saha mitra tutur.

Saking segi *pragmatik* wonten sekawan konsentrasi kajian miturut Djajasudarma (2017: 77) ingkang ndadosaken tandingan makna, inggih menika :

- 1) Kajian linguistik, inggih menika njumbuhaken komponen tandha (*sign*), swanten, saha makna kanthi sub sistem *fonologi*, *morfologi*, *sintksis*, saha *leksikon*.
- 2) Kajian *pragmatik* ujaran, konteks dipunandharaken kanthi langsung (tunggal)
- 3) Kajian *pragmatik* wacana, konteks wacana kanthi satuan jangkep, kadosta unsur deiksis, kesantunan (perkawis martabat, tuturan, pacelathon, *metafora*, *ironi*)

- 4) Kajian *pragmatik* budaya, nyinaoni basa kanthi langkung wiar., ngginakaken basa ing konteks kultural-sosial-psikologi. Basa minangka identitas kelompok.

Kajian *pragmatik* miturut Djajasudarma (2017: 78) wacana ngemot:

- 1) Deiksis, kadosta deiksis personal spasial, temporal, saha sosial (asipat ekstratekstual)
- 2) Referensi saha inferensi kalebet nama dhiri, sistem anafora-katafora ingkang asipat intratekstual (ensofora saha eksofora)
- 3) Praanggepan, inggih menpa ingkang miterat pentur menika leres. Saderengipun penutur menika ngandharaken satunggaling tetembungan, inggih migatosaken menapa ingkang dipuanggep leres satemah saged gegayutan kalian tetembungan sanesipun ingkang saged dipuntampi kanthi leres ugi.
- 4) Prinsip kerja sareng, implikatur lan eksplikatur, saha relevansi. Prinsip kerja sareng minangka asumsi ingkang dhasar ing pecelathon. Saben penutur ngandharaken tetembungan ingkang jumbuh kaliyan situasinipun. Implikatur inggih minangka makna tambahan ingkang tersirat, kedah dipuntahan menawi prinsip kerja sareng menika kalaksanan. Relevansi minangka tindak tanduk saking sebab konteks-ipun.

C. *Stilistika Pragmatik*

Pragmatik minangka kajian bahasa ing panganggenipun migatosaken unsur-unsur ingkang boten karengkuh ing tata basa saha semantik. Kanthi

mekaten *slitistika* samenika langkung sae kangge ngginakaken *pragmatika* saha pemahaman ingkang ingkang sipunasilaken *pragmatika* (Black, 2016: 2). Sedaya basa mesthi nggadhahi makna, makna ingkang mboten stabil. Peran saking pamaos lan pamireng ing basa minangka penafsir lan boten namung minangka panampi ingkang pasif. Anggenipun nafsiraken basa migatosaken unsur dasar ingkang wigati kangge wacana seratan, mliginipun wacana sastra (*literary discourse*). Satunggaling wacana saged dipuntafsiraken kanthi tegas, kanthi migatosaken sifat saha konteks.

Stilistika Pragmatik gegayutan kalian gaya basa/lelewaning basa. *Stilistika pragmatik* minangka cabang ilmu *linguistik*, bab *style/ gaya* ingkang mliginipun dipunbahas bab makna kanthi acuan tandha-tandha *pragmatik*. Kajian *stilistika pragmatik* gayut kaliyan basa ingkang umum, mliginipun sastra, ewondene *slitistika* dipunrembag ing saperangan ragam panganggening basa ingkang boten kawates sastra mawon. Kajian ing *stilistika* saged biyantu kaliyan pemahaman karya sastra lan saged nyadharaken bilih penganggit anggenipun ngginakaken basa inggih kange ngandharaken makna tartamtu. Ing basa tulis bab menika inggih dipunandharaken mawi gaya basa kadosta simile, sinekdok, saha metafora. Dene ing basa jawa lelewaning basa kadosta panyandra saha pepindha.

Bedanipun *stilistika pragmatik* kalian lelewaning basa mekaten. *Stilistika pragmatik* minangka ilmu ingkang nyinaoni bab panganggening *gaya basa, gaya tuturan, gaya seratan lan sanes-sanesipun ingkang gegayutan kalian “gaya”*. Dene lelewaning basa menika salah satunggalipun ingkang dipunsinaoni ing *stilistika*

pragmatik. Lelewaning basa saged kalebet ing salah satunggalipun unsur *stilistika pragmatik*. Dados sejatosipun kalih disiplin ilmu menika gegayutan.

Gaya panyeratan minangka salah satunggaling unsur *stilistika pragmatik*. Kejawi menika Champman saha Clark (2004: 1) ngandharaken bilih boten sedaya gaya pragmatis wonten ing teks sastra saha boten sedaya gaya sastra nerapaken ide-ide pragmatis. Ing objek kaji ingkang arupi cakepan tembang temtu mawon boten mesthi penganggit ngginakaken gaya. Ing teorinipun bilih tiyang nganggit ngginakaken basa ingkang mligi saha basa ingkang ngandhut makna gaya pragmatis.

1. Ciri-ciri Stilistika Pragmatik

Sedaya wujud tembung, frase, ukara saged dipundhedhah ngginakaken ilmu *stilistika pragmatik*. Ing teks ingkang arupi cakepan tembang biasanipun dipunananggit kanthi basa ingkang pilihan. Wonten ingkang arupi kangge rerenggan, isen-isen, wigatinipun tembang lan saged sanesipun. *Stilistika pragmatik* saged dipunpanggihi ing teks ingkang mliginipun ngginakaken basa ingkang nges saha makna pokok. Bab menika saged dipuntingali saking njumbuhaken pamilihipun irah-irahan. Temtunipun kangge dhedhah bab *pragmatik* inggih menika makna ingkang kanthi migatosaken bab-bab sak njawinipun teks. Kangge manggihaken teks *stilistika pragmatik* ugi migatosaken bab isen-isen tembang, rerenggan tembang menapa dene bab senggakan.

2. Tuladhanipun *Stilistika Pragmatik*

Tuladhanipun tembung “seda” nggadhahi sinonim kaliyan tembung mati, tiwas, gugu, pejah. Tembung- tembung menika ngadhahi makna ingkang kirang langkung sami, ananging panganggening ing teks boten sami. Tembung pundi ingkang paling leres, temtunipun migatosaken kebutuhan ing teks. Menawi panganggit badhe ngormati tiyang sanes saged ngginakaken tembung “seda”. Menawi panganggit badhe ngandharaken satunggaling konteks kacilakan saged ngginakaken tembung “tiwas”, lan sanes-sanesipun. Wondene seleksi gaya basa inggih menika nggadhahi gayutan kaliyan struktur *pragmatik*. Wujudipun inggih menika larik-larik geguritan. Dereng temtu satunggal larik menika ngandharaken satunggaling struktur ukara. Kalih larik menapa dene tigang larik saged nuwuhaken satunggaling struktur basa. Bab menika kedadosan amargi ukara ingkang dipundamel dereng rampung anggenipun ngandharaken, satemah dipunlajengaken ing larik salajengipun. Dados seleksi *stile* inggih gayutan tembung-tembung ingkang dipunsusun ndadosaken satunggaling struktur pragmatis.

Tuladhanipun ing cakepan tembang kanthi irah-irahan *Lampung Ngayogya* mekaten, “*wis setahun lawase/ ora tau keprungu kabare*” (LN). Kasus menika ndadosaken pitakenan seleksi *stilistika pragmatik*. Menapa struktur larik-larik tembang menika wujud ingkang paling trep. Trep tegesipun saged mbangkitaken efek mligi ing manahipun, nggumeteraken, menapa dene nengsemaken. Ewondene struktur menika kedah saged

medalaken makna kanthi trep ugi. Menawi wangsulanipun leres, tegesipun struktur menika leres, nggadhahi fungsi puitis lan kaendahan.

- i. //uwis ana ka setahun suwene/ aku ora tau krungu kabare//
- ii. //setaon suwene/ kabare blas ora tau krungu/
- iii. //nganti seprana seprene nganti tekan setaon/ aku ora tau krungu kaya ngapa kabare saiki//
- iv. Lan sanes sanesipun

Wonten kathah cara ingkang dipunpilih, temtu migatosaken wujud pundi ingkang paling efektif. *Stile* menika minangka pilihan kanthi sadhar lan wujud pundi ingkang dipunpilih minangka keremenan lan biasanipun panganggit anggenipun nyerat.

3. Ancasing *Stilistika Pragmatik*

I'jam (2019: 516) ngandharaken bilih ancasing *stilistika pragmatik* inggih nggayutaken penulisan saha pamaosing teks-teks sastra ing konteks linguistik saha sosiokultural. Bidang *pragmastilistik* dumunung saking kalih bidang ingkang saben bidang dipundhasari saking prinsip tartamtu. Salajengipun ancasiipun *stilistika* gegayutan kaliyan gaya basa dene teori *pragmatis* inggih saking tindak tutur saha prinsip kerja.

Ing bukunipun Roman Jakobson (1987: 71) kanthi irah-irahan *Language in Literature*, ngandharaken bilih wonten enem fungsi basa. Fungsipun, inggih menika *emotive*, *referensial*, *poetic*, *phatic*, *metalingual*, lan *conative*. Gayut kalian *stilistika pragmatik* bilih saking enem fungsi menika, temtunipun ingkang paling wigati inggih fungsi puitis. Chomsky (Ratna, 2009: 48) ugi ngandharaken bab fungsi puitika. Panjenenganipun

ngandharaken bilih penutur asli nggadhahi kompetensi *linguistik* ingkang dhasaripun sugihing basa kanthi universal, lan ngasilaken ukara ingkang boten kewates. Kados ing panaliten Zubaidah (2018: 163) ingkang nganalisis meme internet. Bilih ing gambar meme menika boten namung kangge ngandharaken humor mawon, ananging wonten maksud panganggit kangge ngandharaken bab sanes.

Penganggit tembang milih tetembungan supados saged dipunrungu endah. Shrawan (2019: 19) ingkang neliti bab sastra ing India, bilih kaendahan sastra tuwuh saking *fitur formal* saha *struktur komposisi*. Kanthi mbangun teoretis ing perusahaan puitis, saged kangge meriksa panganggening basa kanthi kreatif saking sudut pandangipun.

Boten namung kangge segi kaendahan ananging panganggit ugi migatosaken unsur puitis. Puitis ing basa kathah dipunpanggihaken ing cakepan tembang menapa dene geguritan. Ing teks menika penafsiran makna boten kedah nunjukaken prilakuipun tiyang kanthi konkret. Sinten ingkang nganggit, ingkang ngintun lan sinten ugi ingkang nampi lan maos, menika boten jelas dipunandharaken ing teks. Maknanipun geguritan ugi saged ambigu. Geguritan kantun tetembungan mawon boten jelas dening saha katujokaken kangge sinten. Kanthi mekaten tiyang saged kanthi bebas ngandharaken menapa makna geguritan, miterat kaprigelanipun piyambak-piyambak. Anggenipun ngandharaken temtunipun sampun wonten kode basa, kode sastra, kode budaya ingkang wonten ing teks geguritanipun. Kode

menika mbiyatu para pemaos kangge nafsiraken makna ing satunggaling geguritan.

Teori ancas puitis miturut Nurgiyantoro (2017: 111) inggih wonten kalih, seleksi paradigmatis saha seleksi sintagmatik. Seleksi paradigmatis inggih gegayutan kaliyan perkawis pamilihing tembung. Pamilihing tembung ugi biasanipun dipunsebut kaliyan diksi. Tembung-tembung ingkang nggadhahi makna sejajar utawi sinonim, dereng temtu nggadhahi nges utawi syarat puitis ing geguritan.

4. Indikator *Stilistika Pragmatik*

Pragmatik minangka panganggening basa kanthi konteks swasana, dene *stilistika* minangka panganggening gaya basa ing tuturan. Kalih disiplin menika dipungayutaken antawisipun linguistik saha kasusastran. Jinis *stilistika pragmatik* maneka warna inggih menika, saged kaperang dados rima, purwakanthi, repetisi, tindak tutur, saha lelewaning basa.

Nurhadi (2019) ngendikakaken bilih *stilistika pragmatik* minangka gayutan ilmu ingkang ngaji gaya basa ingkang dipunpirsani saking aspek pragmatik kados dene tindak tutur saha konteks situasi. Boten namung menika ananging *stilistika pragmatik* ugi ngaji cara tuturan ingkang dipunandharaken kangge nglampahi pakaryan. Kados ing panalitenipun Ramadhan (2017: 1) ingkang neliti *stilistika pragmatik* ing naskah Drama *Kalangkang*. Asil panalitenipun bilih boten sedaya wujud tuturan menika ngginakaken gaya basa. Gaya basa ing tuturan, minangka kajian

pragmastilistik kababar ing unsur tindak tutur. Kanthi adhedhasar menika, indikator *stilistika pragmatik* ingkang badhe dipunpadosi ing *data* arupi cakupan tembang inggih menika kanthi lelewaning basa saha tindak tutur.

a. Lelewaning Basa

Jinisipun basa rinengga menika wonten, tembung entar, pindha, isbat, cangkriman, gurit, parik, purwakanthi, wangsalan, paribasan, candra, rumpaka, sandi asma, saha sengkalan. Saben jinisipun basa rinengga menika, nggadhahi bentuk basa ingkang beda-beda.

1) Entar

Entar tegesipun ili, etut, lunga. Umentar mring wana priyangga tegesipun tindak wonten wana ingkang mbebayani. Wis kentar ing maruta tegesipun sampun ical ketut angin (Hadiwidjana, 1967: 57). Meh sami kalihan andharanipun Padmosoekotjo (1953: 56) tembung entar inggih menika minangka tembung sambutan, ingkang nggadhahi teges kesah, mangkat, bablas. Tembung entar, basa entar, ukara entar, nggadhahi teges basa ingkang sampun oncad/ uwal saking teges bakunipun, inggih menika ingkang sampun nyambut kangge ngandharaken surasa ingkang beda saking unen-unen sakderengipun. Oncading tembung, utawi basa utawi ukara ing mriki mujudaken kaendahan amargi dados minangka rerenggan. Tuladhanipun mekaten.

kuping wajan (Hadiwidjana, 1967: 57)

Kuping menika minangka peranganipun bada tiyang saha kewan, inggih menika piranti ingkang dipunangge midhangetaken. Wajan

menika boten gadhah piranti pamireng, amargi wajan menika minangka barang. Peranganipun wajan menika wonten ingkang wujudipun klowongan, ingkang dipunginakaken cekelan kangge ngangkat. Cacahipun klowongan menika wonten kalih, kiwa saha tengen sami kalihan kuping. Kanthi mekaten tembung kuping menika dipunampil kangge nggantos tembung klowongan, dipuntrapaken kanthi boten samesthinipun. Dados tembung “kuping” ing unen-unen “kuping wajan” menika saged dipunwastani sambutan utawi entar (Padmosoekotjo, 1953: 56).

Tembung entar inggih menika tembung ingkang sampun uwal saking teges bakunipun. Tembungipun ngginakaken tembung sambutan saking tembung sanes. Inggih mlebet ing basa entar inggih menika peranganing badan ingkang dipunsambut dados peranganing samubarang. Saged ugi sewalikipun peranganing badan ingkang dipunsambut dados peranganing samubarang.

2) Pepindhan

Tembung pindha gadhah teges tembung ingkang asring dipunangge *perumpamaan*/ cecala (Hadiwidjana, 1967: 58). Tembung pindha kadosta lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lir pedah. Miturut Padmosoekotjo (1953: 93) dhapukanipun tembung kangge tembung pindha utawi dasanamanipun. Menawi tanpa tembung pindha saha dasanamanipun saged kanthi tembung andhahan ingkang nggadhahi teges “kaya”. Tuladhanipun ukara pepindhan kados mekaten.

Sikilku kaya putung-putungan (Antunsuhono, 1953: 55)

Tuladha ing nginggil dipunsebat pindha. Amargi ngginakaken tembung “kaya”. Sejatosisipun “sikil” menika boten “putung” ananging namung dipunpindhaaken. Saged dipuntegesi bilih teges unen-unen menika ngandharaken bilih suku menika nembe gerah/ kesel kadosta dipunumpamakaken suku ingkang nembe gerah putung. Pindha ingkang kados mekaten dipunsebut pindha ingkang nyebataken menapa ingkang dipunpindhaaken.

Pindha ingkang boten nyebataken menapa ingkang dipunpindhaaken menika langkung migatosaken dhapukanipun ukara. Boten ngginakanen tembung “kaya” ananging nggahahi makna pepadhan utawi emper-emperan. Pindha ingkang kados menika tuladhanipun mekaten.

Jugangan tanpa ana kebakke (Hadiwidjana, 1967: 58)

Ukara ing nginggil menika nggadhahi teges bilih paraga menika remen dharar ingkang langkung-langkung, boten wonten tuwukipun. Jugangan menika nggadhahi teges padharan. Pepindhan ingkang mekaten saged dipunwastani pepindhan ingkang boten ngandharaken menapa ingkang dipunpindhani.

Saged dipunpendhet dudutan bilih pindha inggih menika tembung ingkang dipunginaaken kangge ngumpamakan. Pangumpaman tembung saged ngginaaken tembung kaya, kados, lir. Jinisipun menika wonten

kalih inggih menika pindah ingkang sampun boten nyebataken menapa ingkang dipunpindhaaken saha pindha ingkang dipunpindhaaken tiyang.

3) **Isbat**

Isbat tegesipun meh sami kalian saloka, ananging isbat menika wosipun babagan ngelmu gaib, ngelmu kebatinan lan ngelmu kasampurnanipun pati (Padmosoekotjo, 1953: 107). Meh sami kalihan andharanipun Hadiwidjana (1967:59) ingkang ngandharaken bilih isbat menika pepindhan ing suluk. Isbat menika ngembug bab kasampurnaan. Ukara-ukara isbat kados mekaten.

Kodhok ngemuli lenge (1)

Apa isine wuluh wungwang? (2) (Padmosoekotjo, 1953: 107)

Ukara (1) bilih limrahipun lenge ingkang ngemuli kodhok. Kodhok menika pepindhanipun jiwa. Leng, pepindhanipun raga. Ngemuli menika njagi. Maknaipun inggih menika jiwaniipun manungsa kedah saged njagi raganipun, supados ing tembe saged pejah kanthi sampurna.

Mitutut Padmosoekotjo (1953: 107), tegesipun ukara (2) “menapa ingkang wonten ing badan wadhang?”. Wangsulaniipun: badan alus, suksma, njiwa utawi njawa. Wuluh wungwang tegesipun bumbung. Wungwang tegesipun bumbung ingkang bolong kiwa saha tengen. Menika pepindhanipun raga ing tiyang. Isbat inggih menika, parumpaman ingkang dipunandharaken kangge ilmu kasampurnan. Biasanipun dipunpanggihaken ing suluk. Isbat menika saged ugi dipunwastani pepindhan ingkang ngginakaken ilmu gaib.

4) Cangkriman

Padmosoekotjo (1953: 82) ngandharaken bilih cangkriman menika tetembungan ingkang kedah dipunbatang maksudipun. Rengga basa menika asring dipunginaaken bedhekan wonten ing masyarakat. Cangkriman kadosta:

sega sekepel dirubung tinggi (4)
aja mudhun-mudhun, yen urung nggawa mrica sakantong(5)

Tuladha ing nginggil dipunpendhet saking andharanipun Hadiwidjana (1967: 60). Tulada (3) nggadahi teges salak. “Sega” wonten ingkang dipunbentuk, salah setunggalipun dipunkepel utawi dipunbentuk bunder setunggal kepelan asta. “Tinggi” menika kewan alit ingkang biasanipun wonten ing kasur, remen nyokoti. Sekul ingkang dipunkepel lan dipunrubung tinggi menika dipunemperaken salak, amargi bentukkipun kadosta salak. Tuladha (4) nggadahi teges Kates. Umumipun buah kates menika ingkang dereng mateng wohipun dereng kathah. Kates ingkang sampun mateng menika wohipun kathah lan sampun mentes. Kates menika umumipun mulung mandap utawi “mudun”. Dados kates ingkang paling ngandhap menika kates ingkang paling mateng, lan sampun beta woh kathah.

Cangkriman inggih menika salah satunggaling rengga basa ingkang ngginaaken unen–unen awujud teka teki ingkang ngemu teges enggal. Tegesipun cangkriman menika boten dipunandharaken kanthi langsung. Tiyang ingkang maos menapa mirengaken cangkriman kedah mbedhek rumiyin.

5) Geguritan

Tembang “gurit” tegesipun “kidung” utawi “tembang”. Miturut Hadiwidjana (1967: 61) ingkang dipunwastani geguritan menika golonganipun puisi sastra edi, cengkok enggal, wedharing rasa edi. Basanipun larasipun runtut, ananging boten kecancang kalian pathokan-pathokan saha wilangan-wilangan/ dongding. Beda kalian sipatipun tembang macapat. Ing tahun 1912 sampun wonten geguritan kados mekaten.

*Dud-duh Gusti,
pengerahing dumadi
tuhu lamun kuwasa !
tan padja kena ginajuh !
Gumelaring tumuwuh
mawa pasten samoha*

*Yen raina
sinung prabaning surja
surupe giniliran
pandjarahing kartika
kongsi majuta-juta
mawor prabaning wulan*

Geguritan menika dipunpendhet saking andharanipun Hadiwidjana (1967: 61) ingkang kalebet puisi bebas. Menawi wonten ing Basa Indonesia puisi bebas menika puisi ingkang bebas dipunanggit. Sami kalihan ing Basa Jawi inggih menika puisi ingkang bebas boten kaiket kalihan guru lagu, guru gatra, saha guru wilangan.

Geguritan ing jaman samenika sampun langkung ngrembaka katimbang jaman rumiyin. Tuladhanipun wonten ing tembang-tembang campursari. Kathah tembang campursari dipunanggit kanthi bebas, boten malih kanthi paugeran kados ing macapat.

Sedaya ingkang wonten ing cakepan tembang menika saged dipunwastani gurit/ geguritan. Ananing ing cakepan tembang menika saged dipunpilah-pilah ukaranipun miturtut jinising basa rinengga. Kangge mbedaaken endahing basa, ukaranipun dipunpilah kanthi jinising basa. Ewandene, Gurit boten dipunlebetaken ing jinising basa rinengga, amargi sedaya cakepanmeika minangka gurit.

6) Parikan

Miturut Padmosoekotjo (1953: 16) Parikan menika, kedadosan saking kalih ukara ingkang dhapukanipun ngagem purwakanthi guru swara. Saben satunggal ukara kadadosan saking kalih gatra. Ukara sepisan minangka purwaka, wosipun ing ukara kalih. Tuladhanipun parikan kados menika:

*Abang abang,
ora legi
tuwas magang,
ora dadi*

(Hadiwidjana, 1967: 63)

Parikan ing nginggil ugi saged dipunserat kanthi kalih gatra. Gatra setunggal ukara sampiran, gatra kalih ukara wosipun parikan. Jinis parikan ugi wonten ingkang tikel kalih saking ing nginggil. Cacahipun wanda tikel kalih, meh sami kalihan pantun. Pantun menika dumadi saking sekawan gatra. Tuladhanipun mekaten.

*Abang abang gendera landa
Ana sik ijo kok milih putih
Bujang maneh ora ngluyura
Sing wis nduwe bojo ora tau mulih* (Mulyana, 2008: 88)

Gatra kapisan runtut kalian gatra ketiga, dene gatra ingkang angka kalih runtut kalian gatra ingkang angka sekawan, gatra satunggal lan kalih dereng wonten wosipun. Gatra tiga lan sekawan minangka wosipun. Ewandene ukaranipun dumunung gatra ketiga lan sekawan.

Parikan inggih menika unen-unen ingkang dumunung saking kalih gatra utawi sekawan gatra. Menawi ing Basa Indonesia parikan menika meh sami kalihan pantun. Parikan ingkang dumunung saking kalih gatra ukara sepisan minangka sampiran, gatra kalih minangka wos. Parikan ingkang dumunung saking sekawan gatra, gatra sepisan saha ingkang kaping kalih minangka sampiran, gatra katiga saha sekawan minangka wosipun parikan.

7) **Purwakanthi**

Purwa tegesipun wiwitan. Purwakanthi tegesipun perangan ingkang pungkasan nggandheng ingkang kasebut ing perangan wiwitan utawi purwa. Wondene ingkang dipungandheng swantenipun utawi aksaranipun, tembungipun (Padmosoektjo, 1953: 118). Meh sami kalihan andharanipun Hadiwidjana (1967: 64) bilih purwakanthi inggih menika rengga-sastra bangsanipun gurit. Purwakanthi swantun inggih menika unen-unen ingkang pungkasanipun tembung- tembung runtut swantenipun kadosta a-a-a-a, i-i-i-i-i, u-u-u-u, e-e-e-e, o-o-o-o. Tuladhanipun purwakanthi:

sapa jujur, bakal luhur (Padmosoekotjo, 1957: 118)

Ing perangan wiwitan, utawi perangan ngajeng wonten swantun “ur” inggih menika ing tembung “jujur”. Swantun “ur” menika dipungandheng kalihan pungkasan inggih menika tembung “luhur”. Perangan ingkang pungkasan nggandheng perangan ingkang wiwitan. Purwakanthi menika dipunsebit purwakanthi guru swara. Ukara “*sapa salah, mesthi seleh*” (Padmosoektjo, 1953: 118). Ing perangan purwa aksara ingkang dipungandheng “l”. Tembung “salah” dipungandheng kalihan perangan pungkasan ing aksara “l” inggih menika tembung “seleh”. Purwakanthi menika dipunsebut purwakanthi guru sastra.

Ja ngunu aja ngunu

Ja ngunu dadi wong aja lamis (Campursari Manthou’s)

Wonten ugi guru sastra lumaksita. Purwakanthi luimaksita menika sami kalihan purwakanthi basa. Inggih dipunambali inggih menika basanipun. Wonten ing tulatha menika ingkang dipunambali ing tembung “ngunu” Kados mekaten.

Purwakanthi inggih menika unen-unen ingkang adhedhasar saking saminipun swanten. Purwakanthi menika wonten tiga, inggih menika purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi lumaksita. Purwakanthi guru swara menika adhedhasar vocalipu ingkang sami. Purwakanthi guru sastra menika adhedhasar konsonan saha aksaranipun ingkang sami. Purwakanthi lumaksita menika adhedhasar basanipun utawi tembungipun ingkang sami.

8) Wangsalan

Wangsalan inggih menika unen-unen meh sami kalihan cangkriman ingkang mratelaaken batanganipun utawi tebusanipun sinandhi (Padmosoekotjo, 1960: 6). Miturut Hadiwidjana (1967: 65) wangsal menika kadosta pitakenan. Bab ingkang kedah dipunwangsulni, kados bangsanipun cangkriman. Wujudipun wangsalan kados mekaten.

Roning mlinjo (Hadiwidjana, 1967: 65)

Roning mlinjo inggih menika “so”. Saged dipuntegesi badhe “nyuwun ngaso”. Saged dipundadosaken ukara mekaten “Roning mlinjo, sampun sayah nyuwun ngaso” (Mulyana, 2008: 87). Tuladha sanesipun:

carang wreksa, wreksa wilis tanpa patra (Hadiwidjana, 1967: 65)

Teges “carang wreksa” menika nggadhahi teges “pang” ingkang saged dipuntegesi gampang. Wreksa wilis tanpa patra tegesipun “kayu urip”. Tegesipun wangsalan menika “boten gampil gesang ing alam donya”.

Saged dipun tarik duduta bilih wangsalan inggih menika, unen-unen ingkang ngginakaken teges sinandhi. Wangsalan langkung dipunginakaken kangge sarana pitakenan. Menapa tegesipun ingkang dipunwangsal saged dipunpadosi saking batanganipun.

9) Paribasan, Bebasan, saha Saloka

Paribasan, bebasan saloka, saged mlebet ing tembung entar, amargi ketiganipun boten saged dipuntegesi sawantah kemawon sedaya nggadhahi suraos ingkang boten salugunipun (Padmosoekotjco, 1977:

61). Hadiwidjana (1967: 67) ngandharaken bebasan menika bangsanipun tetembungan, ukara ingkang sampun entar ananging gampil lan kelumrah. Paribasan menika tetembungan ingkang ajeg kedadosanipun, nggadahi teges entar, lan ngemu surasa pepindhan. Bebasan kadosta mekaten.

Wis kebak sundukane (Mulyana, 2008: 86)

Tegesipun “kebak sundukane” inggih menika sampun kathah sanget kaluiputaipun (Padmosoekotjo: 69). Tiyang rumiyin limrahipun nyimpen sunduk kangge nyundukki menapa ingkang kangge ngemut-emut kaluputanipun. Saya kathah kaluputanipun, saya kathah ugi isinipun sunduk wau. Menawi sunduk menika kebak, kadosta sampun kathah sanget kaluputanipun.

Paribasan menika tetembungan ingkang sampun dados ukara tumata, saha sampun maton tegesipun (Hadiwidjana, 1967: 66). Kanthi cara teges sanesipun bilih paribasan menika tetembungan ingkang ajeg panganggenipun, lan ngemu sarasa pepindhan. Inggih dipunpindhaaken kahananipun tiyang utawi barang (Mulyana, 2008: 86). Tuladhanipun paribasan inggih menika “criwis cawis”. tegesipun tiyang ingkang “criwis” remen ngendikan menika “cawis” utawi pakaryanipun ugi sae, rajin.

Menawi Saloka menika tetembungan ingkang ajeg panganggenipun, ngemu teges entar lan suraos pepindhan, ingkang sipunsaloka kahananipun tiyang (Mulyana: 2008: 86). Saloka kadosta

“Kebo nusu gudel” (Hadiwidjana: 1967: 67). Tegesipun “Kebo” menika tiyang ingkang ngumur. “Gudel” menika “anak kebo”. Tegesipun “nusu” menika nyuwun bantuanipun. Tetembungan “kebo nusu gudel” nggadahi teges bilih, tiyang ingkang sampun ngumur ingkang umumipun sampun saged ngurus awakkipun piyambak, menika malah nyuwun bantuanipun tiyang ingkang sakngandhapipun.

Paribasan, bebasan lan saloka menika minangka tembung entar, boten saged dipuntegesi kanthi langsung, boten ngemu suraos pepindhan. Paribasan inggih menika unen-unen ingkang ukaranipun dipunsidem, amargi wosipun sampun katingal. Bebasan inggih menika unen-unen ingkang ukaranipun sampun entar saking basa, ananging sampun kawentar ing masyarakat. Saloka inggih menika ukara ingkang namung dipuntemokaken ing mriku mawon, namung kangge umpaman mawon utawi ngemu suraos pepindhan.

10) Candra

Candra menika rembulan. Dipuncandra tegesipun diemperperaken kaliah endahing rembulan, praupanipun dipunpindhaaken endahing rembulan (Hadiwidjana, 1967: 68). Candra nggadhai teges nggambar kaendahan kados pepindhan. Dados sanes pepindhanipun ingkang dipunwastani candra ananging namung kangge sarana anggenipun pikantuk gambaran kaendahan utawi kahanan (Padmosukotjo, 1985: 101). Tuladhanipun candra mekaten.

Werkudara menika degus gagah sembada, blengah- blengah pamulunem blalak-blalak paningalipun, gumbala sakepel

capang, godeg wok asimbar djadja. widjang sora mawa greget andhikane. (Hadiwidjana, 1967: 68)

Tiyang ingkang nyandra menika boten mesthi ngagem tetembungan ingkang angel. Boten mesthi ngangge basa rinengga utawi basa ingkang dipunpacaki. Kerep mawon tiyang nyandra ngangge tetembungan ingkang lumrah, kadosta “*drijine mucuk eri*”. “Mucuk eri” menika kadosta ing pucukking eri, ingkang bentukipun luncup, lan dawa. Dados tegesipun inggih menika drijinipun ingkang dawa lan luncup. Wodene tiyang ingkang nyandra ngangge basa ingkang endah utawi basa rinengga ugi kathah, kadosta:

idepe tumenging tawang (Padmosukotjo, 1985: 102)

Tegesipun “tumenging tawang” inggih menika ingkang minggah ing awang-awang. “Idepipun tumenging tawang” saged dipunwastani bentuk idepipun ingkang endah marep nginggil. Candra boten namung arupi kangge ngendahaken peranganipun badan, nanging saged ugi kangge ngendahaken menapa mawon kanthi teges ngrengga. Sanesipun kangge ngrengga peranganipun basan candra ugi arupi, kangge ngendahaken alam, paraga, ngrengga caraning tumindak tiyang saha cadraning tiyang ingkang nembe nglampahi wadya bala/ paprangan.

Candra inggih menika unen-unen ingkang dipunangge ngumpamakaken sipat-sipatipun tiyang, barang, kahanan. Inggih ingkang biasanipun dipuncandra menika anggenipun tiyang saha bab ingkang gegayutan kaliyan manungsa. Candra menika seged ngginakaken basa ingkang biasa lan basa ingkang endah.

11) Rumpaka

Rumpaka inggih menika candra ingkang ngambarang endah-endahaning alam kodrating Gusti Allah (Hadiwidjana, 1967: 68). Wiwit jaman rumiyin sampun kathah tuladha-tuladhanipun rumpakan endahing alam. Tuladhanipun rumpakan kados menika:

Pletheking srengenge utawa srengenge surup. Rembulan andadari, Mega malang njalentreng ing lambung ardi. Grembel-grumbuling padusunan tininggalan saking lelekeh redi.

“Srengenge surup” tegesipun wayah ingkang sampun surup, srengenge meh ambles. Rembulan andadari tegesipun rembulan ingkang bunder ngepleng, sajak wonten bidadari ingkang tumurun. Tuladha ing nginggil menika rumpaka ingkang mliginipun dipunangge kangge ngendahaken kahananing alam.

Rumpaka inggih menika, tetembungan ingkang dipunangge kangge ngendahaken swasana alam. Asring dipunginanaken ing carita narasi lan geguritan. Saged dipunwastasi *diskripsi* swasana alam ingkang dipunandharaken panganggit supados menapa ingkang dipungambaraken saged dipunmangertosi pemaos.

12) Sandi Asma

Sandi nggadhahi teges sambung utawi gandheng (Padmosoekotjo, 1975: 128). Tembung sandi menika kadosta tembung “sendi” ing Basa Indonesia ingkang ateges balung panyambung. Sandi asma menika nggadhahi teges tetenger ingkang sengaja dipunsingkiraken, dipundamel wadi, disandi (Hadiwidjana, 1967: 69). Wujudipun sandi asma kadosta:

*rong sogata warga sinuta.
borong angka sawarga mesi martaja.*

Riyinipun panyeratan jawa “rong” menika ra taling tarung, boten “rang”.Tetembungan ing nginggil kalebet ing wosipun Ranggawarsita. Saking andhharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sandhi asma menika tembung ingkang minangka kode, sinamur, saha sinamar. Saged minangka tetenger, kadosta ing penyeratan serat (layang), ingkang nyebutaken asmanipun pujangga.

13) Sengkalan

Ing jaman kina tiyang sampun limrah sami mengetosi wekdal menawi wonten kedadosan ingkang wigati, kadosta kelairanipun lare, pejahipun tiyang, wekdal pawiwahan penganten lan sakpanunggalanipun. Anggenipun mengeti wekdal limrahipun cacahing tahun boten pinengetan ngagem angka, ananging ngagem tetembungan utawi ukara (Padmosoekotjo, 1960: 134). Ngagem ukara amargi anggenipun damel pengetan (sengkalan) saged kalarasaken kalian bab prakawis ingkang nembe pinengetan lan supados gampang dipuneling-eling, susah supenipun.

Sekedhik beda kalihan andharanipun Hadiwidjana (1967: 70) sengkala tegesipun angka taun. Panganggenipun ing sakmenika kadosta menawi badhe ngandharaken tahun 1966, saged sinebut “Rarasing rasa tumus ing tyas”. Raras awateg 6, rasa: 6, tumus: 9, tyas: 1, dados tahun 1966. Wiwitanipun saking angka ingkang pungkasan, ingkang sinebut sirah. Tahun sirah 3 tegesipun angkataning tahun angka 3.

Sengkalan inggih menika tetembungan ingkang dipunangge kangge mengeti kahanan. Sengkalan menika dipunangge supados kahanan ingkang dipengeti saged gampang dipuneling-eling, angel supenipun. Saged mawi nama kahanipun ugi saged mawi angka tahun. Kadosta nama tiyang ingkang ngginakaken sengkalan. “maruta” tegesipun tiyang menika lahir ing kahanan wonten angin.

Lelewaning basa menika lelewaning basa ing basa jawa, dene wonten kathah ugi lelewanin basa ingkang biasanipun ing basa Indonesia kalebet ing majas/gaya basa. Dene lelewaning basa menika kados mekaten.

1) *Repetisi*

Repetisi minangka lelewaning basa kanthi ngambali tembung, frase, saha ukara. Bab menika ugi sami kaliyan purwakanthi ing basa jawa.

Tuladhanipun:

*Ning pelabuhan Tanjung Mas kene, biyen aku ngeterke kowe
Ning pelabuhan Semarang kene, aku tansah ngenteni kowe
(Tembang Tanjung Mas Ninggal Janji anggitanipun Didi Kempot)*

2) *Episfira*

Episfira minangka lelewaning basa kanthi ngambali tembung ing pungkasanipun baris utawi ukara. Tuladhanipun:

*Yen aku isa, aku teka
Yen aku ra ana alangan, aku teka
Yen ngomah ana sing jaga, aku teka.*

3) *Mesodiplosis*

Mesodiplosis minangka lelewaing basa kanthi ngambali tembung utawi arupi frase ing tengah-tengah ukara. Tuladhanipun:

*Pendidik kudu ngunggahke pintere anak bangsa
Para TNI kudu ngunggahke keamanane masyarakat*

4) *Anadiplosis*

Lelewaning basa anadiplosis, inggih minangka ngambali basa kanthi frase pungkasan ing ukara, dipunambali ing frase wiwitan ing ukara salajengipun.

Tuladhanipun:

*Aku nduwe pitik
Pitike pitik ireng
Ireng kaya watu
Watune watu kali*

5) *Asonansi*

Asonansi minangka lelewaning basa kanthi ngambali huruf vokal ing pungkasanipun tembung, ukara, kangge efek negesaken. Tuladhanipun:

Bali aja nganti lali

6) *Umpamakaken/ Simile*

Lelawaning basa simile ngginakaken tembung panggandheng kangge bandhingaken frase. Tuladhanipun:

***Umpama** sliramu sekar melathi
Aku kumbang nyidham sari
(Tembang Nyidham Sari, Manthou's)*

7) *Metafora*

Kados dene Simile, metafora arumi bandhingaken frase ananging kanthi implisit. Lelewaning basa menika padhet lan rapi. Tuladhanipun: *Aku yaiku ora ngerti turu.* Tegesipun ingging paraga “aku” minangka tiyang ingkang nyambut damel kanthi saestu.

8) *Personifikasi*

Personifikasi inggih minangka lelewaning basa ingkang nggayutaken sipating tiyang dhateng samubarang ingkang boten gadhah nyawa. Tuladhanipun: Ombak padha dolanan wedhi.

9) *Dipersonifikasi*

Kosok wangsulipun personifikasi, bilih dipersonifikasi inggih lelewaning basa ingkang nggayutaken sipating samubarang tanpa nyawa dhateng tiyang. Tuladhanipun: Menawa kowe gelas, aku dadi tutupe.

10) *Pleonasme*

Pleonasme mianangka lelewaning basa ingkang ngginakaken tembung ingkang boten perlu. Tuladhanipun : Dhewekke medhun ning ngisor.

11) *Koreksio*

Koreksio minangka lelewaning basa ingkang awalipun negesaken bab, ananging bab menika dipunleresaken amargi kirang leres. Tuladhanipun: Dhewekke pacarku, eh udu, dhewekke kakangku!

12) *Metonomia*

Lelewnaing basa Metonimia inggih minangka panganggening samubarang kanthi merek, ciri khas utawi atribut. Tuladhanipun: Awakdhe wis suwe granto ning kutha gudheng iki, ayo bali!

13) *Hiperbola*

Lelewaning basa kanthi ukara ingkang ngagengaken. Tuladhanipun: Reginipun lombok sampun mumbul.

14) *Antitesis*

Antitesis minangka lelewaning basa kanthi nggadhahi makna ingkang sewalikipun. Tuladhanipun: Dhewekke seneng nalika aku ora munggah kelas.

15) *Litotes*

Lelewaning basa kanthi ngandhapaken kenyataan sejatosipun inggih menika litotes. Tuladhanipun: Mangga pinarak ing gubug alit kula.

16) *Ironi*

Lelewaning basa jenis ironi minangka frase, ukara ingkang wosipun sewalikipun kaliyan makna sejatosipun. Tuladhanipun: Apik tenan bijimu Jum, akeh sing abang.

17) *Paradoks*

Paradoks ngandharaken kalih bab ingkang nandhingaken makna sewalikipun kaliyan fakta ingkang wonten. Tuladhanipun: Kanca akrab kadhangkala musuh bebuyutan.

18) *Metonimia*

Lelewaning basa metonimia inggih arupi nama ciri bab lajeng dipungayutaken kaliyan tiyang. Tuladhanipun: Standar luwih larang katimbang pilot.

Parameter panaliten menika inggih ing bab jinising lelewaning basa kados mekaten. Sedaya jinis lelewaning basa menika ingkang mliginipun miturut pamanggih Padmosoekotjo kalebetaken ing tabel analisis. Dipunpendhet mekaten, amargi *data* arupi basa jawa. Ananging anggenipun nganalisis ugi dipungayutaken ing lelewaning basa/majas ing basa Indonesia. Wonten satunggal ingkang boten kalebetaken ing jinising lelewaning basa inggih menika “geguritan”. Jinis menika

boten badhe dipunlebetaken ing salah satunggaling instrumen jinis lelewaning basa panaliti, amargi *data* cakepan tembang sedaya sampun minangka ing lelewaning basa geguritan menika. Satemah geguritan minangka bentuk *data* ingkang badhe dipunanalisis.

b. Tindak Tutur

Tindak tutur miangka analisis pragmatik inggih menika salah satunggaling cabang ilmu basa ingkang ndedah basa saking segi panganggenipun. Tindak tutur biasanipun dipunsebut ugi kalia *speech act* miangka unsur pragmatik ingkang kaandharaken dening penutur, pamireng, saha mitra tutur. Chaer (2004: 16) ngandharaken bilih tindak tutur minangka gejala individual ingkang sipatipun psikologis anggenipun ngangge kajumbuhakenkalian kaprigelan basa penutur. Tindak tutur inggih menika teori ingkang nyinaoni makna basa adhedhasar gayuta tuturan kalia pakaryan ingkang dipunlampahi dening penutur dhateng mitra tutur sajroning komunikasi. Jinis-jinis tindak tutur makena warni. Pakar teori Austin (Clancy, 2019) merang tindak tutur ngginakaken tigang teori inggih menika tindak tutur *ilokusi*, tindak tutur *lokusi*, saha tindak tutur *perlokusi*.

- 1) Tindak tutur *lokusi*: minangka tuturan ingkang sejatosipun tindakan ngasilaken tuturan makna kanthi jelas.
- 2) Tindak tutur *ilokusi*: minangka makna ingkang dipunkajengaken saking tuturan(kados salam, nyuwun pangapunten, janji), Tindak tutur menika

langkung mligi ing pidato *Act Theory* asring dipunsebut kekiatanipun tuturan

- 3) Tindak tutur *perlokusi*: minangka efek saking tuturan *ilokusi* tadosta negesaken, nginspirasi, ngejak, lan sanes-sanesipun.

Tindak tutur dipunlampahi kanthi migatosaken aturan elemen linguistik. Amargi saben tindak tutur wonten element sanesipun ingkang gegayutan kangge nemtokaken maksud.¹ Mitra tutur kedah mangertosi element menika, menawi boten, wicantenan saged dadosaken beda persepsi. Boten namung elemen linguistik mawon ananging migatosaken konteks ing ukaraipun. Dene tindak tutur miturut Searle ingkang ngembangaken teori Austin bilih tindak tutur *ilokusi* dipunperang *asertif, konisif, direktif, evaluatif* saha *deklaratif*.

- 1) *Asertif/ Representatif*

Asertif minangka tindak tutur ingkang ngiket ingkang ngendika bilih leresipun bab ingkang dipunngendikaaken. Kados ing pamanggih Al-Hindawi (2018: 118) mekaten.

Representatives (Assertives): *these are acts that have "truth-values which state what the speaker believes to be the case or not". They are "statements and descriptions" in using them; the speaker fits his words to the world.*

Miturut Al-Hindawi bilih *asertif* sami mawon kalia *representatif* inggih menika tindakan ingkang nggadhahi kaleresan ingkang ngandharaken menapa ingkang dipunpitadosi dening penutur. Ingkang kalebet ing *asertif* inggih arupi deskriptif menpa mawon ingkang wonten ing donya.

¹ John R Searle. *Speech Act*., Cambridge, 1969, h 20-21.

Ingang kalebet asertif inggih menika ngandharaken, ngleresaken, njlentrehaken, nyekseni, nglaporaken, nggadhahi spekulasi. Miturut Dada (2012: 86) bilih *asertif* minangka tindak tutur ingkang saking penurut ngandharaken leresing/ ngleresaken satunggaling gagasan. Saged kanthi ngandharaken situasi. Tuladhanipun: “Mas Setya saben taon mesthi juara kelas”.

2) *Direktif/ Imposif*

Tindak tutur *direktif* minangka tuuturan *supados* mitra tutur nglampahi pakaryan bab ingkang dipunngendikaaken. menika: nyuwun, ngejak, meksa, nyaranaken, ndhesek, ndhawuhi, nantang, maringi ababa. Tuladhanipun: “Yok, ewangi aku nggarap!”.

3) *Komisif*

Tindak tutur *komisif* minangka tindak tutur ingkang ngiket penutur kangge nglampahi saperangan bab ingkang dipunsebut ing tuturanipun. Pamanggih Mauro (2020: 10) bilih *komisif* minangka penutur kangge nglampahi pakaryan salajengipun kadosta janji saha sumpah. Arah tujuanipun inggih ing tembung saha niat ing manah. Tindak tutur komisif kadosta: janji, sumpah, ngancem, sagah. Tuladhanipun: “Kula sagah dados bendahara, benjang kula garape!”.

4) *Ekspresif/ Evaluatif*

Miturut Al-Hindawi (2018: 118) bilih tindak tutur *ekspresif* minangka tindakan ingkang ngungkap raosing manah panutur. Dene ingkang kalebet ing tindak tutur *ekspresif* menika inggih ngandharaken

bingah, ngandharaken sakit, ngandharaken boten remen, remen saha nandang sisah. Ekspresif minangka tindak tutur ingkang dipunkajengaken penutur bilih tuturanipun dipunanggep kanthi evaluasi bab ingkang dipunwicantenaken. Tindak tutur *ekspresif* kadosta: ngucap sugeng, ngeluh, nyanjung, muji, ngritik, dipunsalahaken. Tuturan ekspresif tuladhanipun: “Wis kerja esuk sore, kur entuk semene”. Tindak tutur menika kalebet ing ngeluh (sambat), inggih usaha ingkang dipunlampahi mboten sebandhing kaliyan asil ingkang dipunkajengaken.

e. *Deklaratif*.

Deklaratif minangka tindak wicara ingkang sampun dados *institusi* ing masarakat.² Tuladhanipun saking tindak wicara deklarasi inggih menika ngucap janji nikah, ndhawahaken piukum, mecat pegawe.. *Deklarasi* menika minangka tindak tutur ingkang nggadhahi efek kangge kasunyatan. Tindak wicara kados menika jarang wonten ing wacana sastra.

Kanthi mekaten *parameter* tindak tutur kangge *data* ingkang arupi cakupan tembang, panaliti langkung milih kanthi teori tindak tutur Searle. Bilih teori Searle langkung fokus ing panganggening basa. Teori menika ugi milah jinis tindak tutur cetha saha sekeca.

² Elizabeth Black. *Stilistika Pragmatik*. 2016. Yogyakarta, h 49.

D. Kritik sosial

Kritik minangka ilmu ingkang dipunginakaken kangge nyelidiki kanthi nganalisis, maringi bandhingan bab leres lan botenipun perkawis. Ing karya sastra, kritik sastra minangka ilmu sastra ingkang dipunginakaken kangge nganalisis sastra kanthi mbiji. Kangge mbiji karya sastra dipunbetahaken teori kangge mbiji, kados pundi karya menika sae, syarat-syarat menapa ingkang kedah dipunangge kangge karya supados nggadhahi biji ingkang sae, bab menapa ingkang ndadosaken karya menika kirang sae, lan sanes-sanesipun. Kritik sastra inggih menika pambijining sae lan botenipun karya sastra.

Pradopo (1997: 11) ngandharaken bilih kritik sastra minangka kerja kritikus sastra. Sae, awon, sampurna lan boten sampurna kritik sastra gegayutan kaliyan prigelipun kritikus. Menawi kritikus kirang teori, lan kirang leres anggenipun ngritik, temtunipun asiling kritik ugi boten manteb, lan kirang nggadhahi mutu. Ginanipun kritik sastra inggih menika 1) migunani kangge keilmuan sastra piyambak, 2) migunani kangge ngrembakaning kasusastran, 3) migunani kangge masyarakat.

Basa minangka alat kangge komunikasi ing masyarakat. Komunikasi minangka cara kangge sosialisasi ingkang saged mapanaken individu ing struktur sosial. Ing satunggaling kagiatan sosial tiyang kepanggih kaliyan perkawis. Menapa ingkang dipunlampahi dereng temtu dipuntampi dening lingkungan sosialipun. Hubungan sosial menika arupi pagesangan sosial, sosial grup, solidaritas sosial, sistem sosial, saha aksi sosial (Bottomore, 2012: 180).

Kritik sosial minangka wujud komunikasi ing masyarakat ingkang nggadhahi ancas kangge kontrol lampahing sistem sosial. Kritik sosial nggadhahi gayutan kaliyan pambiji (*juggling*), mbandhingaken (*comparing*), lan ngandharaken (*revealing*) bab perkawis sosial ing masyarakat gegayutan kaliyan norma/ pedoman. *Kritik sosial* miangka rindakan mbandhingaken sae lan botenipun kualitas masyarakatipun. Tindakan ngritik saged dipunlampahi dening sinten mawon. *Kritik sosial* minangka variabel ingkang wigati kange njagi sistem sosial ingkang wonten.

Fairclough (Darma, 2009: 70) ngandharaken bilih wacana menika dipunrengkuh dening sosial saha dipunsengkuyung kaliyan sosial. Kangge ancas analisis wacana kedah migatosaken 3 dimensi inggih menika teks-teks bahasa, praksis kewacanan, saha praksis sosiokultural. Basa nggadhahi peran kangge milah pengalaman penutur. Bab menika jinis makna ingkang wonten ing penutur inggih (1) makna alamiah (*natural meaning*), saha (2) makna sosial (*social meaning*). Makna alamiah langkung nggadhahi teges universal, maksudipun tiyang kanthi biologis dipunjangkepi alat kangge ndamel dikriminasi. Konsep bab “nginggil-ngandhap”, “langkung wiar saking”, “segi tiga” saha “abrit” nggadhahi makna alamiah. Dene, makna sosial mahyakaken organisasi masyarakat lan gayutaniun kaliyan lingkungan. Konsep bab “guru”, “demokrasi”, “adil”, “putra kakung” nggadhahi makna sosial. Bedaniun maksa sosial saking basa satunggal lan satunggalipun langkung ageng. Makna sosial dipunasilaken saking konstruksi sosial realitas.

Kritik sosial minangka ilmu kritik ingkang dipunginakaken kangge nganalisis sae lan botenipun satunggaling lingkungan sosial. Kritik sastra ngandharaken struktur norma, ngandharaken gayutan norma kasebut, lan salajengipun dipunbiji.

1. Strategi Kritik Sosial

Caranipun *ngritik sosial* dipunpendhet saking metode Van Dijk. Van Dijk (1993: 279) analisis wacana kritis namung saged kaginakaken kangge maringi kontribusi ingkang signifikan saha spesifik kangge nganalisis sosial saha politik. atemah maringi penjelasan peran basa, panganggenipun basa, wacana, saha komunikatif prastawa kangge *reproduksi* saking dominasi saha ingkang boten seimbang.

Van Dijk ing Darma (2014: 157) ngandharaken bilih wonten tigang dimensi inggih kognisi sosial, teks, saha *konteks sosial*. Ing dimensi teks ingkang dipunteliti inggih kadospundi unsur teks lan strategi wacana ingkang dipunangge kangge negesaken tema tartamtu. Wonten tigang tingkatan ing teks miturut Dijk, inggih menika makro, superstruktur, saha struktur mikro. Struktur makro saking satunggaling teks saged dipunamati kanthi migatosaken topik saha tema ing teks. Superstruktur kanthi migatosaken struktur wacana ingkang gegayutan kaliyan cengkorongan satunggaling teks kadosta pambuka, wos, panutup. Struktur mikro inggih makna wacana saged dipunamati saking tembung, ukata, proposisi, anak ukara, parafrase, saha gambar. Ing kognisi sosial dipunsinaoni kadospundi prosiksi teks nggayutaken kognisi individu. Ing level konteks nyinaoni bangunan wacana

ingkang ngrembaka ing masyarakat ing satunggaling perkawis. Model pendekatan Van Dijk ing Darma (2014: 157) kados mekaten.

- a. Level struktur teks: nganalisis kadospundi strategi wacana ngkang dipunangge nggambaraken tiyang utawi prastawa; kadospundi tekstual ingkang dipunangge kangge nyingkiraken utawi nggabungaken kelompok, gagasan saha prastawa tartamtu.
- b. Level kognisi sosial: nganalisis kadospundi kognisi panyerat kangge mahami tiyang saha perkawis tartamtu.
- c. Level analisis sosial: nganalisis kadospundi wacana ingkang ngrembaka ing masyarakat; proses produksi saha reproduksi tiyang utawi prastawa ingkang dipungambaraken.

Struktur teks, kognisi sosial, saha analisis sosial inggih minangka perangan ingkang integral ing pendekatan kognisi sosial. Bilih teks nggadahi nuju ing pendekatan utawi ideologi sanes, menika saged ngindikaseaken ing kalih bab. Kalih bab menika saged mekaten. Sepisan, teks kasebut ngginakaken struktur model mental panyeratipun, nalika mirsani prastawa. Menawi teks bab gender, panyerat ingkang ndamel seratan kasebut nggadahi pandangan ing gender ugi. Kaping kalih, teks kasebut langkung nggadahi pandhangan sosial kanthi umum, skema kognisi masyarakat utawi perkawis. Kanthi menaten mbetahaken analisis ingkang wiyar.

2. Indikator Kritik Sosial

Ngritik wacana menapa dene karya sastra kedah dumugi ing pambiji kanthi migatosaken norma-norma. Anggenipun ngritik mbetahaken cara supados boten nglanggar norma-norma karya sastra. Kadosta ing wacana kanthi wujud cakepan tembang. Pengritik ngginakaken cara kangge ngritik cakepan tembang supados saged dipuntampi ing masyarakat umum.

Teks ing cakepan tembang arupi geguritan (puisi ing basa jawa). Astuti (2019: 64) ngendika bilih penerjemah kedah nggadhahi kaprigelan ndedah wosipun puisi, saha migatosaken bab-bab ingkang wonten ing puisi. Kanthi mekaten anggenipun madosi *kritik sosial* ing tembang ingkang arupi teks puisi kedah migatosaken wujud saha konteks ing puisi.

Dhimas Tedjo minangka penganggit tembang Campursari. Piyambakipun ngripta tembang ugi kanthi ngandharaken maksud sosial. Kadospundi anggenipun ngritik menika minangka cara supados menapa ingkang badhe dipunandharaken boten ketingal saru, lan kasar.

Caranipun ngritik karya sastra inggih ingkang sepisan kanthi cara nginakaken basa ingkang endah supados basa ingkang dipunandharaken sopan. Pamilihing basa saged minangka cara penganggit ngandharaken maksud. Panganggening kados purwakanthi, bab kaendahan swanten kadosta sajak, saged ndadosaken basa menika endah. Satemah anggenipun ngritik ugi saged kanthi kaendahan. Basa kritik kanthi kaendahan ugi saged ngginakaken parikan, wangsalan, tembung camboran, paribasan, bebasan. Kanthi mekaten fokus andharan *kritik sosial* ingkang badhe dipunandharaken panganggit,

saged kaandharaken kanthi tersirat. Bab menika ingkang ndadosaken panyerat badhe ndedah menapa sejatosipun kritik ingkang badhe dipuannadharaken saking penganggit.

Parameter kritik sosial menika bilih panaliti badhe madosi sarana ingkang kaginakaken kangge ngritik. Menapa penganggit badhe ngandharaken kanthi tegas, luwes, langsung, boten langsung, kias, kanthi simbol lan sanes sanesipun. Kanthi adhedhasar *stilistika* pragmatik, bab menika dipunpendhet perkawis-perkawis sosial ingkang wonten.

E. Tembang Campursari Dhimas Tedjo

Tembang campursari mlebet ing cakupan tembang ingkang modern, ing ruang lingkup kesenian lan budaya Jawa. Tembang campursari inggih menika tembang ingkang bebas, boten kaiket kados tembang macapat ingkang kaiket kalian paugeran. Instrumen tembang campursari umumipun gabungan saking instrumen gamelan lan instrumen modern. Piranti ingkang dipunginaaken inggih menika gamelan ingkang kacampur kalian *keyboard*, gitar, bass, lan drum. Nalika nyekaraken campursari saged dipunlampahi kanthi *ekspresi* manekawarni lan bebas, kadosta guyon, paclathonan, senggakan, saha jogetan.

Tembang campursari nggadhahi jinis, kadosta tembang dolanan, langgam, macapat, tembang gedhe, gendhing sekar, sekar gendhing, bawa lan umpak–umpak. Wondene wujud tembang campursari saged dipunperang dados langgam campursari, lagon dolanan campursari, lelagon campursari, macapat campursari lan sekar gendhing campursari.

Paraga campursari ing tlatah ngayogyakarta saha jawa tengah ingkang nembe misuwur ingih menika Dimas Tedjo. Putra saking Bapak Ahmad Sonaji saha ibu Ponikem menika sanget remen kaliyan donya seni mliginipun seni campursari. Panjenenganipun misuwur ing acara *Klinong-klinong* salah satunggalipun acara ing stasiun Jogja TV saha *Pendhapa Kang Tedjo* ing stasiun TVRI Ngayogyakarta. Wosipun acara ugi bab tetembangan campursari. Priya ingkang asring dipunsebut Tedjo Blangkon menika nate nyobi ngrembakakaken campursari kanthi ndhereki sayembara dangdut ing TPI (salah satunggal stasiun TV Indonesia). Sebatan blangkon tumrap panjenenganipun amargi Dimas Tedjo medthi ngginakaken blangkon minangka ciri khasipun. Panjenenganipun mlebet ing semi final, lan gagal mlebet ing finalipun. Boten dados menapa, ananging bab menika malah ndadosaken Tedjo Blangkon langkung misuwur ing donya nyanyi campursari nggantosaken Alm. Manthou's. Bab menika kabuktekaken ing album-album ingkang dipun-*rilis* inggih saking genre langgam, campursari, pop dangdut, saha dangdut koplo. Priya ingkang lulus kanthi sarjana hukum ing taon 2001 menika, sampun miyosaken pitung album. Miturut wawancara panyerat dhumateng Dhimas Tedjo, panjenenganipun sampun miyosaken kathah album, saking album solo, album campursari kaliyan penyanyi sanes, album gabungan, lan sanes-sanesipun. Ananging ingkang sampun rillis saking studio Sida Rukun Gunungkidul inggih wonten pitung album menika wau.

Priya kanthi klairan 5 Oktober 1980, ing tlatah Gunungkidul nggadhahi visi ndadosaken musik campursari *go International* saha ngrembakakaken khasanah budaya kagungan bangsa menika. Panjenenganipun milih

ngrembakakaken campursari kanthi pangung lokal masyarakat dumugi panggung nasional. Piyambakipun boten remen dados artis ing ibu kota ingkang nggadhahi panjangka pados populeritas. Ananging Dimas Tedjo menika milih ndherekki tindakipun RM Manthou's minangka pelopor Campursari negri ingkang ngrembakakaken campursari asli Gunungkidul.

F. Panaliten ingkang Jumbuh

1. Panaliten dening Eka Dian Savitri, kanthi irah-irahan *Wacana Ekspresi Kritik sosial Masyarakat Terhadap Meme Internet*. Topik panaliten inggih arupi gambar meme ing internet. Kanthi ngginakaken instrumen analisis wacana kritis Van Dijk, ingkang nglasifikaseaken *data* ing sub tema. Asilipun (kaca 15) panaliten ugi gegayutan kaliyan kondisi masyarakat ing Indonesia kadosta, meme sinetron langkung ngginakaken gender wanita kangge bab ingkang saged narik kawigatosan, meme sinetron ugi ndadosaken remaja, lare alit, saha wanita kange sasaran dampaking meme. Meme ugi saraka kritik masyarakat kangge pemerintah ingkang boten saged nglampahi pakaryan ingkang mesthinipun. Bab menika sami-sami ndedah *kritik sosial* ingkang wonten ing *data*. Bedanipun, amargi objek kajian dening panyerat ngginakaken cakepan tembang campursari. Bab ingkang dipunkaji bedanipun inggih bab strategi *kritik sosial*, bilih panyerat ngginakaken klasifikasi miturut *stilistika pragmatik*.
2. Panaliten dening Nurita Widyanti, kanthi irah-irahan "A *Stylistic Pragmatic Analysis of Figurative Language in Harper's Bazaar Magazine*


Advertisement”. Panaliten menika madosi tipe basa figuratif ing iklan bazar majalah Harper. Saderengipun basa kaperang ing lelewaning basa, kanthi mendhet watesan enem jinis lelewaning basa inggih menika *simile*, *metafora*, *motonimia*, *sinekdoke*, *personofokasi* saha *hiperbola*. Kaping kalihipun madosi kadospundi basa figur menika dipunangge. Asil panalitenipun enem jinis lelewaning basa menika kapanggihajen ing objek. Ingkang paling kathah inggih menika *metafora*, amargi basanipun persuasif. Anggenipun madosi basa figur nginakaken tindak tutur *lokusi*, *ilokusi* saha *perlokusi*.

3. Panaliten dening Sukarjo Waluyo kanthi irah-irahan “Kritik Sosial Terhadap Sistem Hukum Dalam Novel *Bukan Karena Kau* karya Toha Mohtar”. Panaliten menika ndedah wosipun Novel kanthi unsur intrinsik cariyos saha madosi kritik sosialipun. Asil panalitenipun bilih novel menika minangka novel ingkang narik kawigatosan amargi saged nyelipaken nilai kritik sosial. Kritik ingkang kapanggihaken inggih menika kritik nalika masa awal kamardikan Indonesia. Kondisi masarakat ingkang prihatin, hukum sosial dereng saged kaginakaken kangge perangkat pengadilan sosial. Panaliten menika sami-sami ndedah bab kritik sosial, ananging kanthi objek kajian ingkang beda antawis novel kaliyan lirik lagu. Temtunipun asil kritik ugi beda, saged ugi gegayutan kalian tema ingkang wonten ing objek kaji. Panaliti mendhet bab cara kritik, menawi Sukarjo kritik bab pamerentahan ing novel.

G. Nalaring Pikir

Ilmu *stilistika* saha *pragmatik* minangka kalih cabang ilmu basa ingkang gegayutan. *Stilistika* minangka ilmu basa ingkang nyinaoni bab wujud/model tulisan utawi ingkang biasa dipunsebut kaliah gaya basa. Ewodene *pragmatik* minangka ilmu basa ingkang nyinaoni bab panganggening basa ing konteksipun. Kalih ilmu menika saged dipungayutaken inggih menika *stilistika pragmatik* inggih menika ilmu ingkang nyinaoni bab wujud/gaya basa ing panganggenipun. Ilmu menika dipunginakaken kangge neliti objek *data* arupi cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo.

Cakepan tembang Campursari Dhimas Tedjo minangka *data* ingkang arupi pada tembang. Panganggit inggih menika Dhimas Tedjo temtu nggadhahi gaya intonasi, gaya tembung, saha gaya ukara. Kanthi mekaten panaliti langkung tertarik bab elemen basa inggih menika *style* cakepan ingkang dipunginakaken panganggit. Panganggit, ngginakaken gaya tuturan temtu nggadhahi maksud, bilih boten namung badhe ngandharaken wos tembang ananging kangge ngritik sosial. Bab menika ingkang dadosaken daya tarik dening panaliti. *Cakepan* tembang campursari Dhimas Tedjo dipunanalisis miturut *stilistika pragmatik*. Salajengipun dipunpadosi cara kritik ingkang dipunangge panganggit ngandharaken *stilistika pragmatik* menika.



Gambar 1. Nalaring pikir

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinisipun Panaliten

Panaliten menika kalebet ing panaliten *deskriptif interpretatif*. Miturut Paul Ricoeur (2012: 100) panaliten *deskriptif interpretatif* menika dipunlampahi kanthi ancas minangka gambaran anggenipun ndhedah teks ing *metafora* saha simbol. Panaliten *deskriptif interpretatif* minangka salah satunggaling jinis panaliten kangge mangertosi saha ngandharaken *subyek* panaliten kanthi rinci. Panaliten menika nggadhahi ancas kabahasaan ingkang ngginakaken pendekatan *stilistika pragmatik* inggih ngrembag maksud ing teks.

B. Data saha Sumber Data

Sumber *data* panaliten menika arupi cakepan tembang campursari ing kaset *VCD* campursari Dhimas Tedjo. Wiraswaranipun inggih menika Dhimas Tedjo kaliyan paraga putri sanesipun ingkang minangka jejangkeping paraga. Wonten ing album menika Dhimas Tedjo dipunwiyagani kaliyan campursari saking Gunung kidul inggih menika paguyuban SRGK (Sida Rukun Gunung Kidul). Tembang–tembang Dhimas Tedjo menika dipunperang wonten ing kalih kategori. Kategori ingkang dipunangge panyerat inggih menika katresnan, saha sosial budaya.

Saben irah-irahan dipunlebetaken ing kalih tema miturut topikipun. Panaliti mendhet ing kalih tema menika supados matesi anggenipun merang saha milih tembang. Tembang ingkang paling kathah dipunangit inggih saking tema

kasmaran saha tema sosial budaya. Sedaya Album Dhimas Tedjo menika wonten pitung *album*. Album sepisan ing taon 2008 minangka Album religi. Album menika boten kalebet ing sumber *data* panaliten amargi sedaya lagunipun pangriptanipun sanes Dhimas Tedjo. Dhimas Tedjo ing album sepisan namung minangka penyanyi mawon. Kanthi mekaten album sepisan boten kalebet ing *data* panaliten. Ingkang dados sasaran panaliten inggih album kapindho dumugi album kapitu ingkang salebeting tembangipun saperangan anggitanipun Dhimas Tedjo. Ingkang dados sumber *data* inggih tembang ingkang dipunanggit panjenenganipun Dhimas Tedjo. Ewondene irah-irahanipun tembang ingkang kaperang ing kalih tema kados mekaten.

Tabel. 1. Sumber *Data* Panaliten

No .	Tema Irah-irahan Tembang Campursari Anggitanipun Dhimas Tedjo		
	Katresnan (K)		Sosial & Budaya (SB)
1.	<i>Oh Yes Oh No</i> (OY)	18	Sedulur lanang (SL)
2.	Lampung Ngayogya (LN)	19	Kadang Tani (KT)
3.	Nglembur (L)	20	Goyang Jape Methe (GJM)
4.	Nasibku (N)		
5.	Janji (J)		
6.	Sama-Sama Rindu (SSR)		
7.	Februari (F)		
8.	Wiwit Ngidam (WN)		
9.	Kumanthil (KM)		
10.	Kelingan (K)		
11.	Prengat Prengut (PP)		
12.	Sesandhingan (S)		
13.	Tembang Kangen (TK)		
14.	Nggodha (GD)		
15.	Ninggal Janji (NJ)		
16.	Stasiun Tugu (ST)		
17.	Kidung Pasir Putih (KPP)		

Data panaliten saking tema katresnan (K) inggih wonten pitulas tembang. Ewondene ing tema sosial budaya (SB) wonten sekawan tembang. Sedaya *data* panaliten wonten selikur tembang anggitanipun Dhimas Tedjo ingkang dipunpendhet saking pitung album. Dene cakepan tembang/asil *transkripsi datanipun* kalampiraken.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data*, panaliti ngginakaken kalih cara inggih menika *observasi* saha wawancara boten *terstruktur*. *Observasi* inggih menika ngamati, ngawasi, nyelidhiki, ninjo saha riset.³ Dene wawancara boten *terstruktur* minangka wawancara ingkang dipunlampahi kangge madosi *data* awal.⁴

1. *Observasi*

Observasi inggih menika kagiatan kangge ngamati saha nyermati saha nyathet *data* utawi informasi miterat konteks panaliten. Pamanggihipun Idrus, *observasi* minangka aktifitas nyathet fenomena ingkang dipunlampahi kanthi sistematis⁵. Teknik menika dipunkajengaken saged njelasaken utawi nggambaraken kanthi wiyar bab perkawis ingkang dipunadhepi. *Observasi* ingkang dipunlampahi ing panaliten menika inggih kanthi ngamati/nyemak langsung saking wiwit dumugi pungkas cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo. Debe caranipun nglampahi *observasi* kados mekaten:

³ Muhammad Nasir, *Metode Penelitian*, Jakarta, 1999, h 234

⁴ Sugiono, *Metode Penelitian Kuantitatif kualitatif dan R&D*, Bandung, 2015, h 233

⁵ Muhammad Idrus. *Metode Penelitian Ilmu Sosial*, Jakarta, 2009, h 101

- a. Video dipunstel, panaliti midhangetaken *audio* satemah saged merang kalebet ing tema menapa.
- b. Panaliti midhangetaken (nyimak) *audio* saking *video* kanthi dipunsigeg saben kalih larik. Dipunlampahi kanthi nyigeg tembang amargi panaliti kedah nyerat cakepan (*transkripsi*).
- c. Nyerat cakepan tembang (*transkripsi*). Nyerat cakepan tembang kanthi perangan perangan sigegan *video*.
- d. Tembang ingkang sampun dipunserat, dipunsukani tandha saben padanipun. Bab meika nggampilaken panyerat kangge nganalisis *data*-nipun.
- e. Ngambali nyemak malih. Anggenipun nyemak tembang campursari menika dipunlampahi kanthi dipunambal-ambali, supados *data* ingkang kaasilaken boten ewah lan *obyektif*. Sedangunipun kagiyatan nyemak dipunbetahhaken rajin, njlimet, cermat, lan disiplin supados *data* ingkang dipunpendhet sageda *valid* lan boten wonten prakawis katinggalan *data*.

2. Wawancara boten *terstruktur*.

Studi wawancara menika kalebet ing studi *wawancara tidak terstruktur*. Panyerat saged kathi bebas inggih boten ngginakaken pedoman wawancara ingkang kasusun kanthi sistematis. Sugiyono (2015: 197) ngandharaken bilih wawancara tidak terstruktur kalebet ing wawancara ingkang terbuka. Dipunginakaken penelitian terbuka amargi namung kangge madosi informasi *data sekunder* ingkang dipunteliti.

Wawancara menika boten kangge madosi *data* utama (lirik tembang) ananging *data* profil saha biografi Dhimas Tedjo minangka panganggit tembang campursari. Lampahanipun inggih kanthi cara nyuwun pirsaa langsung dhumateng Bapak Jono minangka *management* Dhimas Tedjo ingkang dumunung ing Studio SRGK Dengok RT 3 RW 1, Playen, Gunungkidul, Yogyakarta. Sanesipun ugi dipunlampahi wawancara ngginakaken media sosial inggih menika *whatshap*.

D. Pirantining Panaliten

Pirantinipun panaliten inggih menika ngginakaken *human instrument*. Ingkang nglampahi panaliten inggih menika panyerat utawi panyerat minangka instrumen panaliten. Asilpun panaliten kanthi valid lan reliabel dumunung saking kerja panaliti. Dene prantipun ingkang dipunbetahaken inggih menika *tabel analisis*. Panaliti ngginakaken kalih tabel analisis, sepisan tabel analisis jinis *stilistika* pragmatik dene satunggalipun tabel cara ktirik sosial. Anggenipun ngempalaken *data* mbetahaken *tabel analisis*. Anggenipun nyerat *data* kangge pembahasan kados mekaten.

Tabel 2. Tuladhanipun Klasifikasi Data Jinis Stilistika Pragmatik saha Kritik Sosial

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa										Tindak Tutur					Cara Kritik sosial							
		e n t	p n d	pr k	P r w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
(K1/OY/01)	<i>Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune/ seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/ yen tak sawang rada mbranjang/ jebul ora nganggo kondhe</i>				√		√									√								

Tabel 3. Tuladhanipun Analisis Jinis Stilistika Pragmatik

No .	<i>Stilistika Pragmatik</i> Lelewaning basa & Tindak tutur	<i>Indikator data</i>
1.	Purwakanthi	<i>Aja samar aja gela adhuh wong manis/ sliramu aja sujana/ Aku sibuk akeh kerjaan/ kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K/L/2)</i>

Tabel 4. Tuladhanipun Analisis Cara Kritik sosial

No.	<i>Kritik sosial</i>	<i>Stilistika pragmatik</i> (Lelewaning basa & Tindak tutur)	<i>Indikator data</i>
1.	Tegas	Purwakanthi	<i>Aja samar aja gela adhuh wong manis/ sliramu aja sujana/ Aku sibuk akeh kerjaan/ kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K/L/2)</i>

Piranti ingkang dipunginakaken kangge nyathet *data* panaliten arupi cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika VCD album, DVD player, alat tulis (kertas & bolpen).

Wawancara ingkang dipunlampahi inggih wawancara boten terstruktur. Wawancara dipunlampahi kangge madosi *biodata* saking Dhimas Tedjo saha grub

Lembar Pitakenan dhateng Manajemen Dhimas Tedjo

1. Sinten nama asli Dhimas Tedjo ?
2. Ing pundi saha kapan miyosipun Dhimas Tedjo?
3. Menapa mawon kaprigelan Dhimas Tedjo ?
4. Kadospundi wiwitipun Dhimas Tedjo saged misuwur ing donya Campursari ?
5. Menapa nama grub campursari Dhimas Tedjo ?
6. Wonten pinten album ingkang sampun dipunlampahi Dhimas Tedjo? Saha pitakenan sanesipun ingkang sipatipun boten *terstruktur*.

campursarinipun. Dene piranti ingkang dipunginakaken kangge wawancara inggih menika, lembar pitakenan, alat tulis, saha hp kangge alat ngrekam. Dene lembar pitakenan kados mekaten

E. Caranipun *Nganalisis Data*

Teknik *nganalisis data* ingkang dipunginakaken wonten ing *nganalisis* cakepan tembang campursari menika ngginaaken *analisis* kanthi pendekatan *stilistika pragmatik*. Sutopo (2010: 8) ngandharaken bilih proses analisis panaliten kualitatif kanthi dhasar nggayutaken sistematis antawisipun variabel ingkang dipunteliti. Ancasipun bilih panaliti saged mangertosi makna gayutan variabel-variabel samengah saged dipunginakaken kangge mangsuli perkawis ingkang dipunrumusaken. Prinsip pokok panaliten kualitatif inggih menika ngolah *data* satengah saged dipunkempalaken kanthi sistematis, teratur, terstruktur saha nggadahi makna. Dene anggenipun *nganalisis data* dipunlampahi kanthi tigang tahap inggih menika *reduksi*, sajian *data* saha dudutan.⁶

1. *Reduksi*

Reduksi minangka kagiatan ingkang nggolongaken, ngarahaken, mbuang *data* ingkang boten perlu. *Data-data* ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipun-*klasifikasi* miturut *kategori* piyambak-piyambak. *Kategori*-nipun miturut watesaning prakawis. *Klasifikasi data* kadosta mlebet ing kategori lelewaning basa, ing cakepan tembang

⁶ Ariesto Hadi Sutopo saha Adrianus Arief, *Terampil Mengolah Data Kualitatif*, Jakarta, 2010, h 11.

campursari anggitanipun Dhimas Tedjo. Salajengipun *data* dipunklasifikasi miturut cara *kritik sosial*.

2. Sajian *data*

Kegiatan sajian *data* menika dipunlampahi kanthi nyusun informasi, satemah saged ngarahaken informasi ing dudutan. *Data* ingkang gegayutan kalihan jinisipun *stilistika pragmatik* saha *cara kritik*. Analisis *data* dipunlampahi kanthi migatosaken *konteks* ukaranipun. Salajengipun analisis ingkang dipunlampahi kanthi *data* kualitatif inggih arupi teks *deskriptif interpretatif*.

3. Dudutan

Asilipun analisis saged dipunginakaken kangge narik dudutan. Analisis sageddipun pendhet asilipun panaliten.

F. Caranipun Ngesahaken *Data*

Keabsahan ingkang dipunginaaken ing panaliten menika ngginaaken *validitas* saha *reliabilitas*. Reliabilitas *data* ngginakaken *reliabilitas* kanthi *metode uji ulang*. *Metode uji ulang* inggih menika metode ingkang dipunginakaken kangge nguji *data* supados saged dipunadalaken kanthi cara ngambali malih wonten ing wekdal ingkang beda (Suryabrata, 2013: 59). *Metode* menika dipunlampahi panaliti kanthi cara pemaosan ingkang dipunambal-ambali. Cara dipunamabal-ambali menika dipunlampahi supados pikantuk *data* kalian pirembagan *deskripsi data* ingkang konsisten. Cara menika dipunlampahi dhateng panaliti kanthi mandiri. *data* ingkang dipunpendhet salajengipun dipunkaji

miturut *fokus* panaliten ingkang kaginaaken. Panaliten badhe dipunpungkasi bilih *data* ingkang dipunpendhet sampun *stabil* satemah layak dipunanalisis.

Validitas data cakepan dipunlampahi mawi validitas triangulasi sumber. Miturut pamanggih Bachri (2010: 56) bilih validitas triangulasi sumber dipunlamahi kanthi mbandhingaken derajat kapitadosan informasi mawi sumber ingkang beda. Kanthi mekaten panaliti ingkang minangka *human instrumen* mbandhingaken *data* ingkang sampun dipun-*transkrip* kalian *data* saking sumber/panganggit. *Validitas triangulasi* sumber dipunlampahi kanthi mbijekaken asiling pangempalan *data* dhumateng panganggitipun inggih menika Dhimas Tedjo. Ing lembar *validitas* kalampiraken papan pamanggih, dipunginakaken asung pamanggih dhumateng *data* ingkang sampun dipunsusun dening penyerat. Menawi *data* sampun dipunraos leres, lajeng panganggit paring tapak asma, anandhakaken *data* menika *valid*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Panaliten bab cakepan tembang campursari anggitanipun nggadhahi asil inggih menika saged manggihi *stilistika pragmatik*. Jinis *stilistika pragmatik* menika nggadhahi fungsi *kritik sosial*. Andharan menika jumbuh kalihan menapa ingkang wonten ing gegaran teori. Jinisipun *stilistika pragmatik* ingkang ingkang wonten ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo dipunbagi ing kalih jinis, inggih menika saking lelewaning basa saha tindak tutur.

Lelewaning basa ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang Dhimas Tedjo inggih menika, entar, pepindhan, parikan, purwakanthi, panyandra, rumpaka, cangkriman, saroja, saha sanepa. Jinis *stilistika pragmatik* sanesipun inggih menika tindak tutur. Tindak tutur ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kapanggihaken tindak tutur, *asertif, direktif, komisif, saha evaluatif*. Tindak tutur *deklaratif* boten kapanggihaken ing cakepan tembang menika amargi minangka tuturan ingkang sipatipun deklarasi resmi ing sangajengipun umum kadosta, ngucap sumpah, janji nalika palakrama, tuturan nalika PHK, saha tuturan hakim ing majelis sidang.

Objek ing panaliten menika dipunperang saking kalih tema inggih menika katresnan, saha sosial budaya. Tema katresnan wonten tembang *Oh Yes Oh No, Lampung Ngayogya, Nglembur, Nasibku, Janji, Sama-sama Rindu, Februari, Wiwit Ngidham, Kumanthil, Kelingan, Prengat Prengut, Sesandhingan, Tembang Kangen, Nggodha, Ninggal Janji, Stasiun Tugu, saha Kidung Pasir Putih*. Dene

ing tema sosial budaya wonten irah-irahan tembang *Sedulur Lanang, Kadang Tani*, saha *Goyang Jape Methe*.

1. Jinis *Stilistika Pragmatik*

Ilmu *stilistika* saha *pragmatik* minangka kalih cabang ilmu basa ingkang gegayutan. *Stilistika* minangka ilmu basa ingkang nyinaoni bab wujud/model tulisan utawi ingkang biasa dipunsebut kaliah gaya basa. Ewodene *pragmatik* minangka ilmu basa ingkang nyinaoni bab panganggening basa ing konteksipun. Kalih ilmu menika saged dipungayutaken inggih menika *stilistika pragmatik*.

Cakepan tembang Campursari Dhimas Tedjo minangka *data* ingkang arupi pada tembang. Panganggit inggih menika Dhimas Tedjo temtu nggadhahi gaya intonasi, gaya tembung, saha gaya ukara. Kanthi mekaten panaliti langkung tertarik bab elemen basa inggih menika *style* cakepan ingkang dipunginakaken panganggit. Panganggit, ngginakaken gaya tuturan temtu nggadhahi maksud, bilih boten namung badhe ngandharaken wos tembang ananging kangge ngritik sosial.

Jinis *stilistika pragmatik* ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo saged dipunperang ing kalih *indikator* inggih menika lelewaning basa saha tindak tutur. Ing tabel ngandhap menika. Tembung-tembung ingkang kacithak kandel minangka tetenger *stilistika pragmatik*.

**Tabel 5. Jinis Stilistika Pragmatik ing Cakepan Tembang Campursari
Dhimas Tedjo**

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
1.	Entar	-	<i>Aja dadi atimu/ yen ta luntur rasa tresnaku/ abot kabotan rasa/ aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)</i>
		-	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)</i>
		-	<i>Ora ngira tegane rasa atimu/ tanpa pamit lan kabar/ medhot tresnamu. (K4/N/5)</i>
2.	Pepindhan	-	<i>Apa atimu digawe saka watu?/ apa batinmu ketutupan gunung sewu?/ biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna/ nora bakal ana tresnane wong liya. (K4/N/1)</i>
		-	<i>Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/ seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)</i>
		-	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)</i>
		-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)</i>
		-	<i>Andheng- andheng ning janggutmu/ Yen tak pandeng bingung rasaku/ Rina wengi tanpa nendra/ tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)</i>
		-	<i>Manis-manis rasa madu/ luwih manis esemu cah ayu/ gawe kangene atiku/ rina wengi mung tansah ngreridu (K10/K/2)</i>
		-	<i>Rasa tresna kasiram banyu asmara/ thukul terus ngrembaka/ sineksen langit lan mega (K10/K/3)</i>
		-	<i>Langite mendhung aku rasane/ rintik-rintik wus teka udane/ sedhah atiku rasane/ nunggu-nunggu nganti seprene (K/13TK/1)</i>
		-	<i>Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu/ muga-muga sliramu eling aku/ kapan kondurmu tak tunggu (K16/ST/4)</i>
		-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasetyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)</i>
-	<i>Pasir putih dadi seksi/ amung ndika ganthilaning ati/ rina wengi aku memuji/ mugi-mugi Gusti paring idi. (K17/KPP/4)</i>		

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
3.	Parikan	-	<i>Udan grimis ja mangan tahu/ wong manis aja cemburu/ adhuh adhuh jangan cemburu (K3/L/4)</i>
		-	<i>Numpak sepur tanpa kondhektur/ pulang malam aku lembur/ adhuh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)</i>
		-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)</i>
		-	<i>Tan kuwawa rasa iki/ Esem kang manis angrerujit ati/ Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi/ Yen wurung gela ati (K9/KM/4)</i>
		Direktif	<i>Kecipir ungu kembang Mas/ wong dipikir ora nggape/ janjane niku kepiye/ tak enteni kelakon janjine (K11/PP/2)</i>
		-	<i>Mbok ya aja prengat –prengut Dhik/ Kabeh wis barang kebacut/ iwak penyu mangan kadhal/ Janjimu Mas mung janji gombal. (K11/PP/5)</i>
		Komisif	<i>Numpak dhokar rodhane telu/ sing sabar aja kesusu/ mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)</i>
			<i>Kicir-kicir Dhik lagune melayu/ lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu/ Aja kuwatir Dhik sajroning atimu/ setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)</i>
		Asertif	<i>Awan-awan Mas ampun sarungan/ Rina wengi mung tansah dadi pikiran/ awan-awan Mas aja ngunjuk degan/ Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K12/S/3)</i>
		Evaluatif	<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)</i>
-	<i>Ombak ing banyu segara/ Mbak lumembak saya katon nggodha/ balung janur saumpama/ enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)</i>		
4.	Purwa-kanthi	-	<i>Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune/ seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/ yen tak sawang rada mbranjang/ jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)</i>
		-	<i>Pacarku sing bagus/ lugu ra tau nesu/ Kulit ireng ngguya ngguyu/ nganti kaya aspal/ saben bengi tak tunggu-tunggu/ kapan ngelamar aku.(K1/OY/02)</i>
		-	<i>Aja dadi atimu/ yen ta luntur rasa tresnaku/ abot kabotan rasa/ aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)</i>
		-	<i>Jero ati kuciwa/ tak rewangi nyebrangi samodra/ kapal feri yang jadi saksi/ mencari cinta suci. (K2/LN/3)</i>
		-	<i>Aja samar aja gela adhuh wong manis/ sliramu aja sujana/ Aku sibuk akeh kerjaan/ kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K3/L/2)</i>

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
		-	<i>Aja-aja mung kluyuran/ pamite kerja sampingan/ ning kana nduwe simpenan (K3/L/5)</i>
		-	<i>Numpak sepur tanpa kondhektur/ pulang malam aku lembur/ aduh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)</i>
		-	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)</i>
		-	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine (K4/N/4)</i>
		-	<i>Ati lara Mas tambane apa?/ Awak mriang jampi menapa?/ Sakit cinta sakit rindu dihatiku/ kangen kangen aduh kangen pengen ketemu. (K6/SSR/1)</i>
		-	<i>Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu/ kangen kangen kangen yen ra ketemu (K7/F/1)</i>
	Asertif		<i>Wis setaon lawase aku kenal sliramu/ wis setaon lawase kok tega medhot tresnamu/ wulan Februari aku kenal sliramu/ wulan Februari kok tega ninggalke aku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen nasibku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen lelakonku. (K7/F/3)</i>
		-	<i>Sama juga alah sami mawon/ ati samar ora kelakon/ kadhung rusak ora kelakon (K11/PP/4)</i>
	Evaluatif		<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)</i>
		-	<i>Besok kapan kangmas eling aku/ tansah setya ngenteni janjimu/ dhuh wong bagus rindu aku rindu/ Tembang kangen pengobat atiku. (K13/TK/3)</i>
		-	<i>Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)</i>
		-	<i>Lur dulur dulur, wancine tandur/ Lur dulur dulur, tandure subur/ Lur dulur dulur, dha sangu pacul/ Lur dulur dulur, uripe makmur.(SB19/KT/3)</i>
		-	<i>He he he ayo goyang rame-rame/ he he he ayo jaged rame-rame/ bergoyang lagu jawa he/ musike campursari he/ digoyang ser ser adhus asike. (SB20/GJM/1)</i>
		-	<i>Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene/ ne kene kene kene saya tunggu sawerane/ ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame/ ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJB/3)</i>

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
5.	Wangsalan	-	<i>Yen tak rasa saya dina/ katresnan iki tansaya ngrembaka/ witing pari pepindhane rasaku/ dimen mari kudu ketemu. (K9/KM/2)</i>
		Direktif	<i>Ombak ing banyu segara/ Mbak lumembak saya katon nggodha/ balung janur saumpama/ enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)</i>
		-	<i>Mbok ya nyebar godhong kara Dhik/ Mbok sing sabar sawetara/ durung durung kok wis duka/ prengat-prengut sajakke cubriya (K11/PP/1)</i>
6.	Panyandra	-	<i>Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune/ seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/ yen tak sawang rada mbranjang/ jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)</i>
		-	<i>Pacarku sing bagus/ lugu ra tau nesu/ Kulit ireng ngguyu/ nganti kaya aspal/ saben bengi tak tunggu-tunggu/ kapan ngelamar aku. (K1/OY/02)</i>
		-	<i>Jumedhule sang surya/ tak umpamakke jumedhule tresna/ nalika pisan ketemu sliramu/ bocah manis pepujanku (K9/KM/1)</i>
		-	<i>Andheng- andheng ning janggutmu/ Yen tak pandeng bingung rasaku/ Rina wengi tanpa nendra/ tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)</i>
		-	<i>Tan kuwawa rasa iki/ Esem kang manis angrerujit ati/ Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi/ Yen wurung gela ati (K9/KM/4)</i>
		-	<i>Yen wengi tan bisa nendra/ mung ngalela kelingan Mas Roro/ Nadyan mung sepisan tepung/ nyata bisa gawe ati bingung. (K10/K/1)</i>
		-	<i>Manis-manis rasa madu/ luwih manis esemu cah ayu/ gawe kangene atiku/ rina wengi mung tansah ngreridu (K10/K/2)</i>
		-	<i>Adhuh Kang Mas wis mekar kembang/ wanci ratri wong bagus arum gandane/ mung sliramu ra ana liyane/ jiwa raga tak pasrahke (K12/S/1)</i>
		-	<i>Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu/ yen kelakon sesandhingan gegandhengan/ nimas wong ayu. (K14/GD/4)</i>
7.	Rumpaka	-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)</i>
		-	<i>Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)</i>

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
		-	<i>Lur dulur dulur, wancine tandur/ Lur dulur dulur, tandure subur/ Lur dulur dulur, dha sangu pacul/ Lur dulur dulur, uripe makmur.</i> (SB19/KT/3)
8.	Cangkriman	-	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni.</i> (K5/J/1)
		-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasetyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi</i> (K17/KPP/2)
9.	Saroja	-	<i>Aku emoh yen diapusi/ aku ngga mau kamu bohongi/ adhuh Mas sakit di hati</i> (K3/L/3)
		-	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra.</i> (K4/N/2)
		-	<i>Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/ seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku.</i> (K4/N/3)
		-	<i>Dhuh Nimas pancen lali, napa sampun supe?/ eling mbok ya eling, antebi sumpah lan janjine</i> (K5/J/3)
		-	<i>Ati lara Mas tambane apa?/ Awak mriang jampi menapa?/ Sakit cinta sakit rindu dihatiku/ kangen kangen adhuh kangen pengen ketemu.</i> (K6/SSR/1)
		-	<i>Sama juga dhik dalam hatiku/ atiku bingung Dhik, kangen sliramu/ Dag dig dug dag dig dug dalam hatiku/ aku lan sliramu sama-sama rindu.</i> (K6/SSR/2)
		-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine.</i> (K6/SSR/3)
		-	<i>Sama juga alah sami mawon/ ati samar ora kelakon/ kadhung rusak ora kelakon</i> (K11/PP/4)
		-	<i>Galo kae ngawe-awe katon nengsemake/ anglelewa mesam-mesem/ ngguya-ngguyu sajakke nggodha</i> (K14/GD/1)
		-	<i>Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu/ yen kelakon sesandhingan gegandhengan/ nimas wong ayu.</i> (K14/GD/4)
		-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasetyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi</i> (K17/KPP/2)
-	<i>Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine</i> (SB19/KT/1)		

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
10.	Sanepa	-	<i>Jero ati kuciwa/ tak rewangi nyebrangi samodra/ kapal feri yang jadi saksi/ mencari cinta suci. (K2/LN/3)</i>
		-	<i>Aja-aja mung kluyuran/ pamite kerja sampingan/ ning kana nduwe simpenan (K3/L/5)</i>
		-	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine (K4/N/4)</i>
		-	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)</i>
		-	<i>Mbok ya aja prengat –prengut Dhik/ Kabeh wis barang kebacut/ iwak penyu mangan kadhal/ Janjimu Mas mung janji gombal. (K11/PP/5)</i>
		-	<i>Tan kuciwa/ rikma panjang esem pait madu/ gawe bingung dhekik pipine katon gingsule/ atiku liwung. (K14/GD/2)</i>
		Asertif	<i>Nalika jaman samana Cah Ayu/ Aku pamit mring sliramu/ Aku pamit ngudi ngilmu/ Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)</i>
		-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasetyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)</i>
		-	<i>Nglabuhi bumi pertiwi/ kakang dadi prajurit sejati/ ing manca kakang makarya/ njaga aman lan tentreming nagri (SB18/SL/2)</i>
		-	<i>Abot ngayahi kewajiban/ kakang dadi abdi negara/ ning ndesa aku ndedonga/ yen wis rampung enggal (SB18/SL/4)</i>
11.	-	Asertif	<i>We e e e e sabar cah ayu/ aku mesthi ngelamar sliramu/ yen tak lamar oh yes oh no iku jawabmu (K1/OY/03)</i>
	-		<i>Aku juga uwis ora tahan/ ingin duduk di pelaminan/ berduaan oh yes oh no enak tenan. (K1/OY/04)</i>
	-		<i>Nyatane saiki sliramu nyidra janji/ lunga tanpa pamit medhot tresna kang suci (K7/F/2)</i>
	-		<i>Eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?/ Ora mesem prengat prengut, apa meneh ngguyu/ Lara apa Dhik mbok ya blaka wae/ sapa ngerti aku duwe tambane (K8/WN/1)</i>
	-		<i>Coba mriki mas kula kepengin kandha/ awak lungkrah krasa lemes wis meh telung ndina/ pingin mangan Mas rasane ra doyan/ saben esuk kok wis pingin rujakkan (K8/WN/2)</i>
	-		<i>Yen estu kangmas napa kersane/ putra mbarep niki samangke/ lanang wadon ya dhik ya iku padha wae/ ning aja lali cukup loro tembe mburine (K8/WN/4)</i>

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
	-		<i>Wis pitung sasi aku ngenteni/ nahan rindu lan kangene ati/ ngetung dina nganti sasi/ nanging kangmas ora bali-bali (K13/TK/2)</i>
	-		<i>Nalika jaman samana Cah Ayu/ Aku pamit mring sliramu/ Aku pamit ngudi ngilmu/ Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)</i>
	-		<i>Mung telung taon lawase Cah Ayu, Dhek semana nate janji/ Prasetya tulus ing ati/ Nunggu aku bebrayan nyawiji (K15/NJ/2)</i>
	-		<i>Banget kaget ing atiku Cah Ayu/ bareng ketemu sliramu/ ora nyana aku ora ngira/ Sliramu tega ninggal palakarama. (K15/NJ/4)</i>
	-		<i>Ing wengi iku/ Nalikane, aku pisan ketemu/ tak untapke sliramu pamit aku/ pamitmu bali ning kuthamu (K16/ST/1)</i>
	-		<i>Sepining ati/ nalikane ing wengi kuwi/ ora ngira tumetes eluh ing pipi/ Dhuh sliramu kapan bali (K16/ST/2)</i>
	-		<i>Sepi sepi jroning ati/ dina dina kang kula lampahi/ tansah setya nganti- anti/ kondur ndika pepujaning ati (K17/KPP/1)</i>
	-		<i>Nadyan ta dikaya ngapa/ nanging ati ora bisa lali/ wis suwe dha pepisahan/ dulur lanang sing tak tresnani. (SB18/SL/1)</i>
	-		<i>Dhek mbiyen tansah kelingan/ bocah loro bareng dolanan/ menyang sawah nandur pari/ adus bareng aneng kali (SB18/SL/3)</i>
	-		<i>Wanci esuk mangkat bebarengan/ manggul luku nggarap tegalan/ guyub rukun ora ana beda/ subur makmur iku kang jinangka. (SB19/KT/2)</i>
12.	-	Direktif	<i>Aku isa lara ati yen nganti ngapusi/ ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu/ cinta sehidup semati sampai kaki nini. (K1/OY/05)</i>
	-		<i>Aku ra bakal lali/ senadyan ta tumekaning pati/ cintaku dan cintamu/ senadyan ora nyawiji. (K2/LN/4)</i>
	-		<i>Tak sesuwun sing prasaja aduh Kangmas/ elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu/ ayo bareng mbangun tresna setya tuhu (K3/L/7)</i>
	-		<i>Mangga –mangga ning puskesmas bebarengan/ kula niki Mas, ben dipriksa Bu Bidan/ Seneng tenan Dhik atiku bungah tenan/ aja-aja sliramu wiwit ngidham. (K8/WN/3)</i>
	-		<i>Hehehe sing mangkel aja mrengut he/ hehehe ayo dha padha mesem he/ awak lungkrah ngunjuk jahe/ sirah pusing mikir utang he/ bergoyang ser ser mesthi lali he. (SB20/GJB/2)</i>

No.	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
	LB	TT	
	-		<i>Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene/ ne kene kene kene saya tunggu sawerane/ ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame/ ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJB/3)</i>
13.	-	Komisif	<i>Eling-eling nalikane/ bebarengan janji pasetyane/ slendhang ungu titipane/ tali tresna kanggo salawase. (K5/J/2)</i>
	-		<i>Aku ra bakal lali/ senadyan ta tumekaning pati/ cintaku dan cintamu/ senadyan ora nyawiji. (K2/LN/4)</i>
	-		<i>Numpak dhokar rodhane telu/ sing sabar aja kesusu/ mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)</i>
	-		<i>Kicir-kicir Dhik lagune melayu/ lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu/ Aja kuwatir Dhik sajroning atimu/ setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)</i>
14.	-	Ekspresif	<i>Wis setahun lawase/ ora tahu keprungu kabare/ kaget rasa atiku/ keprungu apa aturmu (K2/LN/1)</i>
	-		<i>Dhuh Gusti kang Kuwasa/ paringana kuat batin kula/ najan Lampung Ngayoja/ ora bisa nyawijekke tresna. (K2/LN/5)</i>
	-		<i>Wancine jam siji bengi adhuh Kangmas/ anggonku sabar ngenteni/ ngantu-antu kondur ndika/ nganti ndalu dereng - saking makarya (K3/L/1)</i>
	-		<i>Nadyan gela ati iki/ rina wengi mung tansah memuji/ yen pancen wis antuk ganti/ ati iki wis ginaris ing pesthi (K5/J/4)</i>
	-		<i>Adhuh dewa adhuh nyawa/ tulungana wong nandang asmara/ tak sesuwun rina lan wengi/ dhuh wong manis muga animbangi (K10/K/4)</i>
	-		<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)</i>
	-		<i>Dhuh Dewa dewaning rasa/ suwe-suwe ati tan kuwawa/ Rina wengi mung tratapan/ kepingin enggal sumandhing. (K14/GD/3)</i>
	-		<i>Nanging nyatane jebule kaya ngene/ getun getun sabendina mung terus ngalamun. (K15/NJ/3)</i>
	-		<i>Kusumaning ati amung donga lan amung muji/ Kutha Ngayoja kang tansah ngancani/ sepining rasa iki. (K16/ST/3)</i>

2. Cara Kritik sosial

Sanesipun jinis *stilistika pragmatik*, panaliti ugi madosi fungsi saking *stilistika pragmatik* ingkang dipunginakaken kangge sarana *kritik sosial*. Asil panalitenipun bilih *stilistika pragmatik* saged dipunginakaken kangge ngitik *sosial*. Asil kritikanipun inggih menika *stilistika pragmatik* saged dipunginakaken kangge ngitik sosial kanthi ngece, tegas, luwes, kasar, langsung, boten langsung, kias, saha simbol.

Tabel 6. Analisis Konten Kritik Sosial ing Cakupan Tembang Campursari Dhimas Tedjo

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
1.	Ngece	<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune/ seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/ yen tak sawang rada mbranjang/ jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Pacarku sing bagus/ lugu ra tau nesu/ Kulit ireng ngguya ngguyu/ nganti kaya aspal/ saben bengi tak tunggu-tunggu/ kapan ngelamar aku.(K1/OY/02)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine (K4/N/4)</i>
2.	Kias	<i>Entar</i>	-	<i>Aja dadi atimu/ yen ta luntur rasa tresnaku/ abot kabotan rasa/ aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)</i>
		<i>Entar</i>	-	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)</i>
		<i>Entar</i>	-	<i>Ora ngira tegane rasa atimu/ tanpa pamit lan kabar/ medhot tresnamu. (K4/N/5)</i>
		<i>Pepindhan</i>	-	<i>Andheng- andheng ning janggutmu/ Yen tak pandeng bingung rasaku/ Rina wengi tanpa nendra/ tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data		
		LB	TT			
		Pepindhan	-	<i>Rasa tresna kasiram banyu asmara/ thukul terus ngrembaka/ sineksen langit lan mega (K10/K/3)</i>		
		Pepindhan	-	<i>Langite mendhung aku rasane/ rintik-rintik wus teka udane/ sedhik atiku rasane/ nunggu-nunggu nganti seprene (K/13TK/1)</i>		
		Pepindhan	-	<i>Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu/ muga-muga sliramu eling aku/ kapan kondurmu tak tunggu (K16/ST/4)</i>		
		Pepindhan	-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)</i>		
		Pepindhan	-	<i>Pasir putih dadi seksi/ amung ndika ganthilaning ati/ rina wengi aku memuji/ mugu-mugu Gusti paring idi. (K17/KPP/4)</i>		
		Parikan	-	<i>Ombak ing banyu segara/ Mbak lumembak saya katon nggodha/ balung janur saumpama/ enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)</i>		
		Sanepa	-	<i>Tan kuciwa/ rikma panjang esem pait madu/ gawe bingung dhekik pipine katon gingsule/ atiku liwung. (K14/GD/2)</i>		
		Sanepa	-	<i>Nglabuhi bumi pertiwi/ kakang dadi prajurit sejati/ ing manca kakang makarya/ njaga aman lan tentreming nagri (SB18/SL/2)</i>		
		Sanepa	-	<i>Abot ngayahi kewajiban/ kakang dadi abdi negara/ ning ndesa aku ndedonga/ yen wis rampung enggal (SB18/SL/4)</i>		
		Sanepa	-	<i>Jero ati kuciwa/ tak rewangi nyebrangi samodra/ kapal feri yang jadi saksi/ mencari cinta suci. (K2/LN/3)</i>		
		3.	Simbol	Pepindhan	-	<i>Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/ seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)</i>
				Pepindhan	-	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)</i>
Pepindhan	-			<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen</i>		

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
				<i>ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)</i>
		<i>Pepindhan</i>	-	<i>Manis-manis rasa madu/ luwih manis esemu cah ayu/ gawe kangene atiku/ rina wengi mung tansah ngreridu (K10/K/2)</i>
		<i>Wangsalan</i>	-	<i>Yen tak rasa saya dina/ katresnan iki tansaya ngrembaka/ witing pari pepindhane rasaku/ dimen mari kudu ketemu. (K9/KM/2)</i>
		<i>Wangsalan</i>	-	<i>Mbok ya nyebar godhong kara Dhik/ Mbok sing sabar sawetara/ durung durung kok wis duka/ prengat-prengut sajakke cubriya (K11/PP/1)</i>
		<i>Wangsalan</i>	-	<i>Ombak ing banyu segara/ Mbak lumembak saya katon nggodha/ balung janur saumpama/ enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)</i>
		<i>Candra</i>	-	<i>Manis-manis rasa madu/ luwih manis esemu cah ayu/ gawe kangene atiku/ rina wengi mung tansah ngreridu (K10/K/2)</i>
		<i>Cangkriman</i>	-	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)</i>
			-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)</i>
		<i>Saroja</i>	-	<i>Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/ seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)</i>
		<i>Sanepa</i>	-	<i>Mbok ya aja prengat –prengut Dhik/ Kabeh wis barang kebacut/ iwak penyu mangan kadhal/ Janjimu Mas mung -janji gombal. (K11/PP/5)</i>
		<i>Sanepa</i>	-	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)</i>
		<i>Sanepa</i>	-	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine (K4/N/4)</i>
4.	Tegas	<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Aja samar aja gela adhuh wong manis/ sliramu aja sujana/ Aku sibuk akeh kerjaan/</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
				<i>kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K3/L/2)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Numpak sepur tanpa kondhektur/ pulang malam aku lembur/ aduh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine (K4/N/4)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Ati lara Mas tambane apa?/ Awak mriang jampi menapa?/ Sakit cinta sakit rindu dihatiku/ kangen kangen aduh kangen pengen ketemu. (K6/SSR/1)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu/ kangen kangen kangen yen ra ketemu (K7/F/1)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Wis setaon lawase aku kenal sliramu/ wis setaon lawase kok tega medhot tresnamu/ wulan Februari aku kenal sliramu/ wulan Februari kok tega ninggalke aku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen nasibku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen lelakonku. (K7/F/3)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Sama juga alah sami mawon/ ati samar ora kelakon/ kadhung rusak ora kelakon (K11/PP/4)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Besok kapan kangmas eling aku/ tansah setya ngenteni janjimu/ dhuh wong bagus rindu aku rindu/ Tembang kangen pengobat atiku. (K13/TK/3)</i>
		<i>Purwakanthi</i>	-	<i>Galo kae ngawe-awe katon nengsemake/ anglelewa mesam-mesem/ ngguya-ngguyu sajakke nggodha (K14/GD/1)</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
		Purwakanthi	-	Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)
		Purwakanthi	-	Lur dulur dulur , wancine tandur/ Lur dulur dulur , tandure subur/ Lur dulur dulur , dha sangu pacul/ Lur dulur dulur , uripe makmur.(SB19/KT/3)
		Purwakanthi	-	He he he ayo goyang rame-rame / he he he ayo joged rame-rame / bergoyang lagu jawa he / musike campursari he / digoyang ser ser adhus asike. (SB20/GJM/1)
		Purwakanthi	-	Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene/ ne kene kene kene saya tunggu sawerane/ ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame/ ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJM/3)
		Saroja	-	Aku emoh yen diapusil/ aku ngga mau kamu bohongi / adhuh Mas sakit di hati (K3/L/3)
		Saroja	-	Udan grimis ja mangan tahu/ wong manis aja cemburu / adhuh adhuh jangan cemburu (K3/L/4)
		Saroja	-	Remuk atiku ajuring uripku / tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)
		Saroja	-	Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/ seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)
		Saroja	-	Dhuh Nimas pancen lali, napa sampun supe? / eling mbok ya eling, antebi sumpah lan janjine (K5/J/3)
		Saroja	-	Ati lara Mas tambane apa? / Awak mriang jampi menapa? / Sakit cinta sakit rindu dihatiku/ kangen kangen adhuh kangen pengin ketemu. (K6/SSR/1)
		Saroja	-	Sama juga dhik dalam hatiku/ atiku bingung Dhik, kangen sliramu / Dag dig dug dag dig

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
				<i>dug dalam hatiku/ aku lan sliramu sama-sama rindu. (K6/SSR/2)</i>
		Saroja	-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine. (K6/SSR/3)</i>
		Saroja	-	<i>Sama juga alah sami mawon/ ati samar ora kelakon/ kadhung rusak ora kelakon (K11/PP/4)</i>
		Saroja	-	<i>Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu/ yen kelakon sesandhingan gegandhengan/ nimas wong ayu. (K14/GD/4)</i>
		Saroja	-	<i>Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)</i>
		-	Asertif	<i>We e e e sabar cah ayu/ aku mesthi ngelamar sliramu/ yen tak lamar oh yes oh no iku jawabmu (K1/OY/03)</i>
		-		<i>Aku juga uwis ora tahan/ ingin duduk di pelaminan/ berduaan oh yes oh no enak tenan. (K1/OY/04)</i>
		-		<i>Mung telung taon lawase Cah Ayu, Dhek semana nate janji/ Prasetya tulus ing ati/ Nunggu aku bebrayan nyawiji (K15/NJ/2)</i>
		-	direktif	<i>Aku isa lara ati yen nganti ngapusi/ ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu/ cinta sehidup semati sampai kaki nini. (K1/OY/05)</i>
		-	Komisif	<i>Eling-eling nalikane/ bebarengan janji pasetyane/ slendhang ungu titipane/ tali tresna kanggo salawase. (K5/J/2)</i>
		-	Komisif	<i>Aku ra bakal lali/ senadyan ta tumekaning pati/ cintaku dan cintamu/ senadyan ora nyawiji. (K2/LN/4)</i>
		-	Komisif	<i>Aku ra bakal lali/ senadyan ta tumekaning pati/ cintaku dan cintamu/ senadyan ora nyawiji. (K2/LN/4)</i>
		-	Komisif	<i>Kicir-kicir Dhik lagune melayu/ lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu/ Aja kuwatir Dhik sajroning atimu/ setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
		<i>Parikan</i>	<i>Komisif</i>	<i>Numpak dhokar rodhane telu/ sing sabar aja kesusu/ mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)</i>
5.	Langsung	<i>Panyandra</i>	-	<i>Andheng- andheng ning janggutmu/ Yen tak pandeng bingung rasaku/ Rina wengi tanpa nendra/ tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)</i>
		<i>Panyandra</i>	-	<i>Tan kuwawa rasa iki/ Esem kang manis angrerujit ati/ Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi/ Yen wurung gela ati (K9/KM/4)</i>
		<i>Panyandra</i>	-	<i>Yen wengi tan bisa nendra/ mung ngalela kelingan Mas Roro/ Nadyan mung sepisan tepung/ nyata bisa gawe ati bingung. (K10/K/1)</i>
		<i>Sanepa</i>	<i>Asertif</i>	<i>Nalika jaman samana Cah Ayu/ Aku pamit mring sliramu/ Aku pamit ngudi ngilmu/ Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Nyatane saiki sliramu nyidra janji/ lunga tanpa pamit medhot tresna kang suci (K7/F/2)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?! Ora mesem prengat prengut, apa meneh ngguyu/ Lara apa Dhik mbok ya blaka wae/ sapa ngerti aku duwe tambane (K8/WN/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Coba mriki mas kula kepengin kandha/ awak lungkrah krasa lemes wis meh telung ndina/ pingin mangan Mas rasane ra doyan/ saben esuk kok wis pingin rujakkan (K8/WN/2)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Yen estu kangmas napa kersane/ putra mbarep niki samangke/ lanang wadon ya dhik ya iku padha wae/ ning aja lali cukup loro tembe mburine (K8/WN/4)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Awan-awan Mas ampun sarungan/ Rina wengi mung tansah dadi pikiran/ awan-awan Mas aja ngunjuk degan/ Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K12/S/3)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Wis pitung sasi aku ngenteni/ nahan rindu lan kangene ati/ ngetung dina nganti sasi/</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
				<i>nanging kangmas ora bali-bali (K13/TK/2)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Nalika jaman samana Cah Ayu/ Aku pamit mring sliramu/ Aku pamit ngudi ngilmu/ Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Ing wengi iku/ Nalikane, aku pisan ketemu/ tak untapke sliramu pamit aku/ pamitmu bali ning kuthamu (K16/ST/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Sepining ati/ nalikane ing wengi kuwi/ ora ngira tumetes eluh ing pipi/ Dhuh sliramu kapan bali (K16/ST/2)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Sepi sepi jroning ati/ dina dina kang kula lampahi/ tansah setya nganti- anti/ kondur ndika pepujaning ati (K17/KPP/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Nadyan ta dikaya ngapa/ nanging ati ora bisa lali/ wis suwe dha pepisahan/ dulur lanang sing tak tresnani. (SB18/SL/1)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Dhek mbiyen tansah kelingan/ bocah loro bareng dolanan/ menyang sawah nandur pari/ adus bareng aneng kali (SB18/SL/3)</i>
		-	<i>Asertif</i>	<i>Wanci esuk mangkat bebarengan/ manggul luku nggarap tegalan/ guyub rukun ora ana beda/ subur makmur iku kang jinangka. (SB19/KT/2)</i>
		-	<i>Direktif</i>	<i>Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas/ elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu/ ayo bareng mbangun tresna setya tuhu (K3/L/7)</i>
			<i>Direktif</i>	<i>Kecipir ungu kembang Mas/ wong dipikir ora nggape/ janjane niku kepiye/ tak enteni kelakon janjine (K11/PP/2)</i>
		-	<i>Direktif</i>	<i>Hehehe sing mangkel aja mrengut he/ hehehe ayo dha padha mesem he/ awak lungkrah ngunjuk jahe/ sirah pusing mikir utang he/ bergoyang ser ser mesthi lali he. (SB20/GJB/2)</i>
		-	<i>Direktif</i>	<i>Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene/ ne kene kene kene saya tunggu sawerane/ ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame/ ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJB/3)</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
		-	Ekspresif	Wis setahun lawase/ ora tahu keprungu kabare/ kaget rasa atiku/ keprungu apa aturmu (K2/LN/1)
		-	Ekspresif	Dhuh Gusti kang Kuwasa/ paringana kuat batin kula/ najan Lampung Ngayoja/ ora bisa nyawijekke tresna. (K2/LN/5)
		-	Ekspresif	Wancine jam siji bengi adhuh Kangmas/ anggonku sabar ngenteni/ ngantu-antu kondur ndika/ nganti ndalu dereng saking makarya (K3/L/1)
		-	Ekspresif	Adhuh dewa adhuh nyawa/ tulungana wong nandang asmara/ tak sesuwun rina lan wengi/ dhuh wong manis muga animbangi (K10/K/4)
		-	Ekspresif	Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)
		-	Ekspresif	Dhuh Dewa dewaning rasa/ suwe-suwe ati tan kuwawa/ Rina wengi mung tratapan/ kepingin enggal sumandhing. (K14/GD/3)
		-	Ekspresif	Kusumaning ati amung donga lan amung muji/ Kutha Ngayoja kang tansah ngancani/ sepining rasa iki. (K16/ST/3)
		6.	Boten langsung	Parikan
Parikan	-			Numpak sepur tanpa kondhektur/ pulang malam aku lembur/ adhuh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)
Parikan	-			Tan kuwawa rasa iki/ Esem kang manis angrerujit ati/ Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi/ Yen wurung gela ati (K9/KM/4)
Parikan	-			Kecipir ungu kembange Mas/ wong dipikir ora nggape/ janjane niku kepiye/ tak enteni kelakon janjine (K11/PP/2)
Parikan	Komisif			Numpak dhokar rodhane telu/ sing sabar aja kesusu/ mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
		Parikan	Komisif	<i>Kicir-kicir Dhik lagune melayu/ lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu/ Aja kuwatir Dhik sajroning atimu/ setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)</i>
		Parikan	-	<i>Awan-awan Mas ampun sarungan/ Rina wengi mung tansah dadi pikiran/ awan-awan Mas aja ngunjuk degan/ Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K12/S/3)</i>
		Parikan	-	<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)</i>
		Panyandra	-	<i>Adhuh Kang Mas wis mekar kembang/ wanci ratri wong bagus arum gandane/ mung sliramu ra ana liyane/ jiwa raga tak pasrahke (K12/S/1)</i>
		Panyandra	-	<i>Jumedhule sang surya/ tak umpamakke jumedhule tresna/ nalika pisan ketemu sliramu/ bocah manis pepujanku (K9/KM/1)</i>
		Rumpakan	-	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)</i>
		-	Direktif	<i>Mangga –mangga ning puskesmas bebarengan/ kula niki Mas, ben dipriksa Bu Bidan/ Seneng tenan Dhik atiku bungah tenan/ aja-aja sliramu wiwit ngidham. (K8/WN/3)</i>
		-	Ekspresif	<i>Nanging nyatane jebule kaya ngene/ getun getun sabendina mung terus ngalamun. (K15/NJ/3)</i>
7.	Kasar	Pepimdhan	-	<i>Apa atimu digawe saka watu?/ apa batinmu ketutupan gunung sewu?/ biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna/ nora bakal ana tresnane wong liya. (K4/N/1)</i>
		Sanepa	-	<i>Mbok ya aja prengat –prengut Dhik/ Kabeh wis barang kebacut/ iwak penyu mangan</i>

No.	Kritik Sosial	Stilistika Pragmatik		Indikator Data
		LB	TT	
8.	Luwes			<i>kadhal/ Janjimu Mas mung janji gombal.</i> (K11/PP/5)
		<i>Sanepa</i>	-	<i>Aja-aja mung kluyuran/ pamite kerja sampingan/ ning kana nduwe simpenan</i> (K3/L/5)
		-	<i>Asertif</i>	<i>Banget kaget ing atiku Cah Ayu/ bareng ketemu sliramu/ ora nyana aku ora ngira/ Sliramu tega ninggal --palakarama.</i> (K15/NJ/4)
		-	<i>Direktif</i>	<i>Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas/ elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu/ ayo bareng mbangun tresna setya tuhu</i> (K3/L/7)
		-	<i>Ekspresif</i>	<i>Nadyan gela ati iki/ rina wengi mung tansah memuji/ yen pancen wis antuk ganti/ ati iki wis ginaris ing pesthi</i> (K5/J/4)

B. Pirembagan Asiling Panaliten

Panaliten menika adhedhasar wosing perkawis inggih menika *stilistika pragmatik* saha konten *kritik sosial* ing cakupan tembang campursari Dhimas Tedjo. Asil saking panaliten menika nedahaken bilih *stilistika pragmatik* ing cakupan tembang campursari Dhimas Tedjo saged dipunginakaken kangge ngritik sosial.

1. Jinising *Stilistika Pragmatik*

Stilistika pragmatik saged dipunpadosi saking indikator lelewaning basa saha tindak tutur. Indikator menika salajengipun dipunanalisis fungsipun inggih dipunginakaken kangge ngritik sosial. Lelewaning basa ingkang kapanggihaken inggih menika entar, pepindhan, parikan, purwakanthi,

panyandra, rumpaka, cangkriman, saroja, saha sanepa. Tindak tutur ingkang kapanggihaken inggih menika *asertif, direktif, komisif, saha evaluatif/ekspresif*.

a. Stilistika Pragmatik saking Segi Lelewaning Basa

1) Entar

Entar inggih menika sambutan. Miterat pamanggih Padmoesoekotjo (1958: 56) tembung entar minangka tembung ingkang ingkang “lunga”, “mangkat”, saha “bablas”, anggenipun negesi boten saged sawantahipun mawon. Kados ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo menika.

*Aja dadi atimu
yen ta **luntur rasa tresnaku**
abot kabotan rasa
aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)*

Cakepan kanthi noner K2/LN/2 menika kalebet ing lelewaning basa entar saha purwakanthi. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing cakepan menika inggih menika kias. Fungsi entar ing ukara menika inggih kaginakaken kangge ngandharaken basa kanthi kias. Penutur (putri) ngandharaken bilih raos tresnanipun luntur, amargi gadhah priya sanesipun. Tembung kiasipun inggih menika “luntur” ingkang kangge ngandharaken manah.

Miturut pamanggih Ashtiyani (2015: 257) bilih basa ingkang “kias” minangka alat kangge ngrias basa, nalika tetembungan menika harfiah ateges persis kalian ingkang dipunngendikakaken. Ananging ornamen gaya menika cara ingkang boten harfiah bilih perlu dipunafsiraken/ dipunpahami. Kados ing pada cakepan menika. Tembung

ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken samubarang dipunginakaken kanthi kias kangge ngandharaken manah, satemah kedah dipuntafsiraken maknanipun.

Wonten tembung “luntur” kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang luntur inggih menika rasa ingkang mbaka sekedhik pudhar. Ing ukara candhaipun ugi mekaten. Tembung “abot” kangge ngandharaken “rasa” ugi. Sanajan tembung menika sampun asring dipunginakaken dening masarakat, ananging menika kalebet ing personifikasi. Tembung “abot” minangka tembung sipat ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken samubarang. Samubarang ingkang abot inggih barang ingkang anteb nalika dipunjunjung. Ing cakepan menika tembung “abot” dipunginakaken kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang abot tegesipun rasa ingkang dipunalami dening penutur menika kraos awrat anggenipun nandang pagesangan. Pada sanesipun kados mekaten.

Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra.(K4/N/2)

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa entar. Kados ing pada cakepan menika. Ukara ingkang sepisan inggih menika “remuk atiku ajuring uripku”. Ing ukara menika wonten tembung “remuk” kangge ngandharaken “ati”. “Remuk” tembung sipat ingkang biasanipun kangge ngandharaken samubarang ingkang risak, tuladhanipun krupuk. Ing baya basa

Indonesia basa ingkang mekaten kalebet in *personifikasi*. Astuti (2019: 66) ngandharaken bilih *personifikasi* nggambaraken samubarang inggang boten gadhah nyawa dados nggadhahi sipatipun manungsa. Tembung “remuk” menika kaginakaken kangge nyebut “ati” ateges manahipun panutur nembe “risak/sakit”. Tembung ingkang nomor kalih inggih menika tembung “ajur”. “Ajur” minangka tembung sipat ingkang kaginakaken kangge nyebut samubarang risak saking padhet dados nyair, luntur, kadosta kertas ing toya, obat dipunsukani toya. Tembung “ajur” kangge ngandharaken “urip” ateges “gesangipun panutur nembe “luntur”. Pada sanesipun kados mekaten.

*Ora ngira tegane rasa atimu
tanpa pamit lan kabar
medhot tresnamu.* (K4/N/5)

Cakepan kanthi nomor K4/N/5 minangka ukara ingkang ngginakaken lelewaning basa inggih menika entar. Kados ing pada saderengipun (K4/N/2) ing larik ingkang kaping tiga inggih menika “tanpa pamit lan kabar, medhot tresnamu”. Tembung “medhot” dipunginakaken kangge ngethok samubarang ingkang dawa. Ananging tembung “medhot” ing cakepan menika dipunginakaken kangge ngandharaken “tresna”. Tembung “medhot tresna” ateges purna anggenipun njagi raosing asmara.

2) Pepindhan

Miterat pamanggih Padmoesoekotjo (1958: 93) pepindhan saking tembung lingga “pindha” ingkang tegesipun “kaya”,

dasarmanipun lir, pedah, kadi, kadya, saha yayah. Kados ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo mekaten.

*Apa atimu digawe saka watu?
apa batinmu ketutupan gunung sewu?
biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna
nora bakal ana tresnane wong liya. (K4/N/1)*

Cakepan kanthi No. K4/N/1 menika minangka tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nasibku*. Pada sepisan kawiwitan kanthi lelewaning basa pepindhan. Tembung sepisan inggih menika “apa atimu digawe saka watu?”. “Watu” minangka samubarang mati ingkang padhet, anteb, saged dipunginakaken kangge nyawat. Tembung “watu” menika dipunginakaken kangge ngandharaken “ati”. Ateges penutur nembe ing raos kuciwa satemah nyindhir kanthi pitakenan “apa atimu saka watu?”. Semanten ugi ing ukara kaping kalih, “apa batinmu ketutupan gunung sewu?”. Tembung “ati” kapindhaaken kados “watu” saha tembung “batin” kapindhaaken “ketutupan gunung sewu”. Ukara menika ugi ngandharaken bilih menapa batin mitra tutur ketutup kaliyan samubarang ingkang ageng sanget satemah boten saged mirsani raos tresnanipun panutur. Pada sanesipun kapanggihaken lelewaning basa pepindhan kados mekaten.

*Mesem ngguyu jroning uripmu
udan eluh ning pipiku
seneng bungah njero atimu
nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)*

Cakepan K4/N/1 minangka pada katiga saking tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Ing ukara kaping kalih dipunandharaken “udan eluh” ingkang dumunung ing pipi. Tembung udan eluh menika kapindhaaken tiyang ungkang muwun. Semanten ugi ing larik kasekawan “nangis lan njerit” ingkang dumunung ing “dhadha”. Sejatosisipun tembung “nangis lan njerit” minangka pakaryan ingkang dipunlampahi nalika tiyang nembe sedhah. Pakaryan “nangis” sha “njerit” miannangka pakaryan ingkang saged dipunpirsani saking indra mripat. Ananging ing larik tembang menika tembung nangis saha njerit kaandharaken ing “njero dhadha” ateges nangis ing batin.

Menawi dipunjingglengi pada cakepan menika ugi nggadhahi lelewaning basa *antitesis*. Ukara kapisan nggadhahi teges kosok wangsul dhateng ukara ingkang kaping kalih. Ukara sepisan inggih menika “mesem ngguyu jroning uripmu” ateges mitra tutur ngraosaken bungah ing gesanipun. Ewodene ukara kaping kalih inggih menika “udan eluh ning pipiku” ateges penutur ngraosaken sedhah. Ukara sepisan mitra tutur ngraosaken bungah nggadhahi kosok walik dhateng ukara kapindho inggih menika penutur ingkang ngraosaken sisah. Ukara ingkang katiga ugi nggadhahi lelewaning basa *antitesis* kaliyan ukara kaping sekawan. “Seneng bungah njero atimu” ateges manahipun mitra tutur ngraosaken bungah. Dene ukara kaping sekawan inggih menika “nangis lan njerit njero dhadha” ateges manahipun penutur

sisah. Bab ukara kaping tiga saha kaping sekawan ugi nggadhahi kosok wangsulipun.

Miturut Keraf ukara menika saking kalimat ingkang imbang.⁷ Menawi dipuntingali saking konteks, bilih tembung “mesem ngguyu” imbang kalian “udan eluh”, dene tembung “seneng bungah” imbang kaliyan “mesem njerit”. Tembung menika kalebet ing kalimat imbang sanajan paraganipun beda. Bilih ing larik sepisan ngandharaken paraga “awakmu” dene ing larik kalih paraga “aku”. Pada sanesipun ingkang kapanggihaken lelewaning basa pepindhan kados mekaten.

*Terus kumanthil jeroning ati
nalikane rika ngucap janji
gelang alit banjur lali
karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)*

Pepindhan kapanggihaken ing cakepan K5/J/1 menika. Pada cakepan tembang *Janji* menika nggadhahi makna “kaya”. Larik sepisan “terus kumanthil jeroning ati” tembung “ati” nggadhahi makna minangka sarana kangge “kanthilan”. Tembung “kanthilan” miangka samubarang ingkang sipunginakaken kangge nyenthelaken. Tembung menika dipunginakaken kangge ngandharaken “ati” utawi manah. Satemah saged kalebet ing pepindhan. Pada cakepan menika ugi meh sami.

*Pasir putih dadi seksi
amung ndika ganthilaning ati
rina wengi aku memuji
mugi-mugi Gusti paring idi. (K17/KPP/4)*

⁷ Gorys Keraf, *Diksi dan Gaya Bahasa*, Jakarta, 2007, h 126.

Cakepan K/KPP/4 minangka pada sekawan cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Ukara kaping kalih “amung ndika ganthilaning ati” kalebet ing lelewaning basa pepindhan. Pada cakepan K5/J/1 saha K5/J/1 menika saged kalebet ing baya basa *personifikasi*. Miturut Ashtiyani (2015: 257) bilih *personifikasi* sami mawon kalian ngamsumsi barang ingkang pejah, dipundiskripsekaken nggadhahi sipat kados manungsa. Kados ing ukara kaping kalih “amung ndika ganthilaning ati” kalebet ing lelewaning basa *personifikasi*.

Tembung “ndika” inggih nunjukking tiyang “dhewekke”. Dene “ganthillan” minangka samubarang ingkang dipunginakaken kangge nyenthelke. Tuladhanipun, “Tulung ganthilna kresek panganan iki ning paku wetan kana!” tegesipun kresek dhaharan dipundhawuhi supados dipunganthilaken ing paku wetan. “Ati” minangka raosing manah, boten saged dipunpasangi “ganthilan”/centhellan kados tembok. “Ganthilaning ati”, saged minangka tiyang ingkang “dipuncenthelke” ati, ateges tiyang ingkang dipuntresnani. Tembung “ndika” dipunginakaken kados samubarang ingkang dipunganthilaken ing ati, teges saking ukara menika, inggih “amung dhewekke sing tak tresnani”. Pada menika ugi ngginakaken tembung “ganthilan” kangge ngandharaken pakaryan ing indra tiyang.

*Andheng- andheng ning janggutmu
Yen tak pandeng bingung rasaku
Rina wengi tanpa nendra
tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)*

Pada tembang K9/KM/3 kalebet ing tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kumanthil*. Tembung “netra” nglampahi pakaryan ingkang boten sawantahipun. “Kumanthil” minangka prastawa samubarang ingkang “gemanthil” ing “centhelan”. Prastawa menika dipunangge ngandharaken “netra” ingkang samesthinipun bilih netra menika namung saged “mirsani”. Tembung menika saged dados “kumanthil ing netra” ateges paraga tembang tansah wonten ing anggen-anggenipun panutur. Larik kados penika ing gaya basa ugi saged kalebet ing *personifikasi*. Pada sanesipun ingkang kalebet ing pepindhan kados mekaten.

*Lintang rembulan abyor cahyane
t lungana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)*

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa pepindhan. Pada menika ing gaya basa kalebet ing *personifikasi*. Miturut Ali (2014: 197) ngandharaken bilih *personifikasi* minangka kewan, taneman, utawi samubarang ingkang kapindhaaken kadosta tiyang. Kados ing cakepan K6/SSR/3 menika bilih “bantal guling” nglampahi minangka tiyang.

Panaliti langkung wigati ing ukara pungkasan inggih menika “bantal guling kang dadi seksine”. “Bantal guling” minangka samubarang ingkang dipunginakaken pintantos kangge sare. Panutur ngandharaken tembung menika minangka “seksi” inggih samubarang kaginakaken kangge nglampahi pakaryan. “Bantal guling kang dadi

seksi” tegesipun bantal saha guling minangka seksi kangen panutur dhateng mitra tutur, bilih penutur nembe ngraosaken kangen. Cakepan sanesipun ingkang ngginakaken pepindhan mekaten.

*Manis-manis rasa madu
luwih manis esemu cah ayu
gawe kangene atiku
rina wengi mung tansah ngreridu. (K10/K/2)*

Cakepan kanthi nomor K10/K/2 menika ngginakaken *stilistika pragmatik* inggih menika lelewaning basa pepindhan. Wonten tetembungan ingkang dipunambali, saged kalebet ing lelewaning basa purwakanthi, inggih menika ing tembung manis. Panaliti langkung mendhet bab teges antawisipun ing ukara sepisan saha kaping kalih satemah kalebet ing pepindhan. Ukaranipun, “manis-manis rasa madu, luwih manis esemu cah ayu”. Perangan ngajeng panutur ngandharaken “manising madu” inggih samubarang ingkang nggadhahi raos legem minangka asilipun saking kewan tawon. Perangan wingking ukaranipun “luwih manis esemu”. Tembung manis kangge ngandharaken “esem” ingkang sejatosipun esem menika boten saged dipunraosaken saking indra pangraos. Kalih perangan menika minangka tetembungan ingkang kalebet ing pepindhan amargi tembung manis kangge ngandharaken “esem”.

Pepindhan ing dapa cakepan menika ugi saged kalebet ing gaya basa *metafora*. Lelewaning basa *metafora* ingkang mekaten kados ing panalitenipun Hoover (2016: 4) bilih manggihaken satunggaling kelompok tembung “*prices are flying objects*” kangge ngandharaken

regi ing peken. Regi ing peken saged dipunandharaken “melambung”, “meroket”, saha “melonjak”, “anjlok”. Dene ing pada cakepan menika ngginakaken tembung panca indra kangge ngandharaken pakaryan. “Esem” saged dipunandharaken kanthi “manis”, “pait”, saha “kecut”. Pada menika kapanggihaken pepindhan kados mekaten.

Rasa tresna kasiram banyu asmara
thukul terus ngrembaka
sineksen langit lan mega (K10/K/3)

Cakepan kanthi nomor K10/K/3 menika ngginakaken lelewaning basa pepindhan. Ukara sepisan inggih menika “rasa tresna kasiram banyu asmara”. Ukara menika ngginakaken tembung “kasiram” ingkang kangge ngandharaken banyu asmara. Bilih sejatosipun asmara menika boten gadhah “banyu” satemah ukara menika kaandharaken kangge ngendahaken. Ukara menika ateges “raos tresna ingkang tansah wonten saking asmaranipun. Ukara candhakipun “thukul terus ngrembaka”. Tembung “tresna” dipunandharaken kanthi tembung “thukul” saha “ngrembaka”. Tegesipun “thukul” inggih menika dipunginakaken kangge ngandharaken taneman ingkang wiwit gesang. Tresna ingkang thukul saha ngrembaka ateges tresna ingkang tansah gesang saha sansaya ageng raosipun. Ukara candhaipun “sineksen langit lan mega”. Tembung “tresna” dipunandharaken kanthi “sineksen langit lan mega”. “Langit lan mega” minangka samubarang ingkang mati, boten saged nyekseni, papanipun ing langit. Penutur ngginakaken ukara menika ateges penutur ingkang ngraosaken tresna ingkang dipunsekseni samubarang ingkang ageng, wiyar, saha papanipun ing

ninggil. Pada sanesipun ingkang kapanggihaken pepindhan kados mekaten.

Langite mendhung aku rasane
rintik-rintik wus teka udane
sedhik atiku rasane
nunggu-nunggu nganti seprene (K13/TK/1)

Cakepan tembang kanthi nomor K13/TK/1 menika minangka tembang capursari kanthi irah-irahan *Tembang Kangen*. Pada sepisan tembang menika kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Larik sepisan “langite mendhung aku rasane”. “Langite mendhung” minangka swasana ing langit ingkang awanipun warna abu-abu pratandha badhe jawah. Tembung menika dipunginakaken kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang mendhung, ateges rasa ingkang sedhik. Saged mekaten amargi mendhung nggadhahi gayutan kaliyan tembung “jawah”. Swasana jawah ing rasa biasanipun dipunangge kangge ngandharaken “muwun”. Tiyang saged muwun, umumipun ngraosaken raos sedhik rumiyin. Rasa ingkang dipunandharaken ngginakaken swasana langit menika kalebet ing lelewaning basa pepindhan.

Saking sudhut pandang sanesipun, bilih pepindhan ing pada menika ugi nggadhahi gayutan kalian gaya basa *asosiasi*. Kados ing pamanggih Parera (2004: 119) *asosiasi* dados geseripun saha ewahipun makna. Menawi mekaten “rintik-rintik wus teka udane” saged ateges sanes. Swasana jawah grimis kados menika saged ugi nuwuhaken raos ingkang seger, subur ing taneman, ayam. Pernyataan menika saged geser amargi kanthi visual bilih jawah minangka tetesing toya ingkang

kados tiyang muwun. Salajengipun kapanggihaken ugi pepindhan ing cakepan menika.

*Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu
muga-muga sliramu eling aku
kapan kondurmu tak tunggu (K16/ST/4)*

Cakepan kanthi nomor K16/ST/4 minangka pada pungkasan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Stasiun Tugu*. Larik sepisan “Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu” kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Pepindhan ing pada menika nggadhahi gayutan kalia gaya basa *personifikasi*. *Personifikasi* minangka kewan, taneman, utawi samubarang ingkang nglampahi pakaryan kadosta tiyang (Ali, 2014: 197). “Stasiun Tugu” minangka napa papan, inggih stasiun ingkang papanipun ing kutha Ngayogyakarta. Tembung “seksi” minangka pakaryan ingkang dipunlampahi tiyang ingkang mangertos saha mirsani satunggaling bab. Larik sepisan pada menika ngginakaken tembung “Stasiun Tugu” ingkang nglampahi pakaryan inggih menika “seksi”. Stasiun Tugu minangka samubarang ingkang kapindhakaken saged nyekseni. Samubarang ingkang mati kados nama papan, ingkang nglampahi pakaryan menika kalebet ing lelewaning basa *personifikasi*. Kados ing pada menika ugi kapanggihaken papan ingkang kapindhakaken saged nglampahi pakaryan.

*Adhem kekes ati iki
yen kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)*

Cakepan K17/KPP/2 minangka pada kalih saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik pungkasan kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Saged ugi kalebet ing *personifikasi*. *Personification Majors are disclosures by conveying inanimate or inanimate objects as if they were animate and possessing properties as possessed by humans* (Astuti, 2019: 66). Astuti ngandharaken bilih *personifikasi* minangka samubarang pejah kadosta samubarang menika nggadhahi roh/nyawa. Kados ing cakepan K17/KPP/2 ingkang ngginakaken samubarang arupi “pasir putih”.

Cakepan ukaranipun “Pasir putih minangka praseksi”. “Pasir putih” minangka samubarang ingkang papanipun ing pesisir. “pasir putih” senajan samubarang ugi saged nandhakaken satunggaling papan inggih menika pesisir. Tembung “seksi” minangka pakaryan ingkang dipunlampahi dening tiyang ingkang pirsas satunggaling bab. “Pasir putih” minangka samubarang ingkang nggadhahi nyawa kapindhakaken tiyang inggih menika nyekseni. Kanthi mekaten pasir putih ingkang nyekseni kalebet pepindhan ing *personifikasi*.

3) Parikan

Parikan ing basa Indonesia saged dipunwastani pantun. Kados miterat pamanggih padmosoekotjo (1956: 14) bilih parikan menika:

- a.) Kadadean saka *rong ukara*, dhapukaning ukara nganggo *purwakanthi guru-swara*;
- b.) Sabên saukara kadadean saka *rong gatra*;
- c.) *Ukara kang kapisan* (dadi rong gatra kang wiwitan) mung minangka *purwaka* utawa *bêbuka*; dene "ngêse" utawa "wose" dumunung ana ing *ukara kang kapindho* (rong gatra kang wêkasan).

Ananging wonten bedanipun, bilih ing kasunyatan sastra boten mesthi dumunung saking sekawan larik, saged ugi kanthi saklarik, kalih larik ingkeng baken ngginakaken sampiran saha wos. Gunggunging wanda saben larik ugi boten mesthi kedah 8-12 wanda, kados ing pada tembang menika.

***Udan grimis ja mangan tahu
wong manis aja cemburu
aduh aduh jangan cemburu (K3/L/4)***

Cakepan tembang *Nglembur* kanthi No. K3/L/4 menika ngginakaken teknik parikan. Parikan inggih menika pantun basa jawa, wonten sampiran wonten wos, migatosaken guru swara, saha wanda. Anggenipun nganalisis tegesipun, panaliti langkung wigati migatosaken wosipun saking parikan. Kanthi mekaten cakepan menika kalebet ing gaya basa *repetisi*. Repetisi kados menika kalebet ing *episfora*⁸. Ing perangan wingking tembung “cemburu” dipunambali.

Bilih wonten tembung ingkang dipunambali. Ing cakepan penutur ngandharaken “wong manis aja cemburu” dipungandheng kaliyan ukara “aduh-aduh jangan cemburu”. Ing kalih ukara menika

⁸ *Episfora* inggih menika tembung ingkang dipunambali wonten ing perangan wingking. (Gorys Keraf, 2007, h 128)

ingkang dipungandheng inggih menika “jangan cemburu”. Pada parikan ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

*Numpak sepur tanpa kondhektur
pulang malam aku lembur
aduh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)*

Cakepan K3/L/6 minangka cakepan wangsulana saking pada cakepan K3/L/6. Ing cakepan menika dipunandharaken kanthi parikan kados ing cakepan K3/L/4. Ukara ingkang minangka sampiran inggih menika “numpak sepur tanpa kondhektur”, dene ukara wos inggih menika “pulang malam aku lembur”. Panyerat manggihaken lelewaning basa purwakanthi utawi gaya basa *repetisi* ing wos saking parikan menika. Kapanggihaken tembung ingkang dipunmbali inggih ukng ukara kaping kalih saha kaping tiga, inggih menika “Pulang malam aku lembur” kaliyan “aduh Dhik, kerjaku lembur”. Tembung “lembur” dipunambali, menika kalebet *repetisi*.

Repetisi ugi nggadhahi gayutan kaliyan purwakanthi guru basa. Purwakanthi guru basa inggih menika basa ingkang dipungandheng, saking perangan ngajeng nggadheng perangan wingking. Tembung “lembur” minangka tembung ingkang dipungandheng. Sanesipun *repetisi* ingkang dipunginakaken inggih menika *episfora*, sami kaliaan cakepan K3/L/4. Bilih tembung ingkang dipunambali wonten ing perangan wingking.

*Lintang rembulan abyor cahyane
tulangana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)*

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa parikan. Miturut Subalidinata (1974: 20) parikan saking tembung “pari” ingkang jawinipun dipunsebut “pantun”. Puisi jawi ingkang dipunwastani parikan sami kalian pantun ing basa Indonesia utawi Melayu. Larik sepisan minangka sampiran dene larik kalih mianangka wosipun. Sampiranipun “lintang rembulan abyor cahyane” dene wosipun “t lungana aku kangen slirane”. Parikan menika ateges penutur ngraosaken kangen ingkang sanget. Tembung “t lungana” ateges negesaken bilih sanget kangen dhateng mitra tuturipun. Parikan ing pada sanesipun kados mekaten.

*Tan kuwawa rasa iki
Esem kang manis angrerujit ati
Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi
Yen wurung gela ati (K9/KM/4)*

Parikan ing tembang *Kumanthil* pada kaping sekawan nomor K9/KM/4 menika dumunung ing larik katiga saha kasekawan. Sampiranipun “pasar alit pinggir margi” wosipun “yen wurung gela ati”. Tegesipun kapendhet saking wosipun parikan. Penutur ngandharaken bilih boten wurung namung saged damel gela ing manah. Penutur ngraosaken sakit manahipun amargi paraganipun ndamel “ngrerujit ati”. Pada parikan sanesipun mekaten.

*Mbok ya aja prengat –prengut Dhik
Kabeh wis barang kebacut
iwak penyuan mangan kadhal
Janjimu Mas mung janji gombal. (K11/PP/5)*

Cakepan kanthi nomor K11/PP/5 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Prengat Prengut*. Ing pada menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika parikan. Larik kaping tiga minangka sampiran dene larik kawekawan minangka wos. Penutur ngginakaken parikan kangge ngandharaken wos. Sampiran kanthi ukara “iwak penyu mangan kadhal” wosipun “janjimu Mas, mung janji gombal”. Wos kaandharaken kanthi tembung ingkang kasar, inggih kanthi tembung “gombal” kangge ngandharaken janji. Tembung “janji” minangka andharan ingkang sipatipun ngyakinaken badhe dipun lampahi, ananging nalika janji dipunandharaken kadosta “gombal” tegesipun janji ingkang boten kalampahan. “Gombal” minangka rasukan ingkang biasa dipunangge kangge lap regetan boten saged dipunangge malih. Janji gombal ateges janji ingkang tanpa guna. Parikan ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

***Numpak dhokar rodhane telu
sing sabar aja kesusu
mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)***

Parikan kapanggihaken ing larik sepisan saha kalih tempang *prengat Prengut* menika. Sampiran ing larik kapisan inggih menika “numpak dhokar rodhane telu” dene wosipun “sing sabar aja kesusu”. Penutur ngandharaken satunggaling bab ingkang badhe dipunlampahi piyambak. Ukara ketiga “mesthi kelakon janjiku” minangka ukara ingkang janjeni. Penutur ngandharaken bilih badhe nglampahi janji ingkang sampun nate dipundamel kaliyan mitra tutur. Parikan ugi kapanggihaken ing pada menika.

***Kicir-kicir Dhik lagune melayu
lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu
Aja kuwatir Dhik sajroning atimu
setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)***

Cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan sesandhingan nomor K12/S/2 menika kalebet ing lelewaning basa parikan. Wujud cakepan minangka parikan, inggih menika pantun basa jawa. Dipuntingali saking wosing parikan inggih ing ukara kaping tiga saha sekawan, kapanggihaken ukara ingkang ngiket penutur kangge nglampahi menapa ingkang dipunngendikaaken. “Aja kuwatir Dhik sajroning atimu, setya lan tresnaku kanggo sliramu” ukara menika sipatipun nyakinaken. Panutur ngyakinaken mitra tutur kanthi tembung “aja kuwatir”. Parikan sanesipun kados mekatan.

***Awan awan Mas ampun sarunga
Rina wengi mung tansah dadi pikiran
awan –awan Mas aja ngunjuk degan
Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K12/S/3)***

Cakepan K12/S/3 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo, kanthi irah-irahan Sesandhingan. Pada menika dumunung saking kalih parikan. Miterat panggih Subalidinata (1974: 20) bilih parikan menika kadosta puisi pantun ing kasusastrav Indonesia/ Melayu. Kados ing pada menika bilih puisi jawa (geguritan) ingkang dumunung ing tembang menika ugi dumunung saking parikan. Larik sepisan saha kalih minangka sampiran, dene wosipun ing larik katiga saha kasekawan. Panyerat badhe mendhet wosing parikan kangge dipunanalisis. Ukawa wong inggih ing ukara kaping tiga saha kaping sekawan. Ukara wos saking parikan menika minangka *spekulasi*

bilih penutur ngandharaken satunggaling bab. Parikan sepisan “Rina wengi mung tansah dadi pikiran” saha “atiku bunga rasane yen sesandhingan” minangka bab ingkang dipunandharaken. Parikan ingkang kalih penutur ngandharaken bab ingkang dipunraosaken bilih bingah raosipun menawi sesandhingan. Cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo sanesipun ingkang kapanggihlahen parikan kados mekaten.

***Kembang menure kembang melathi
kembang melathi rinonce gandane wangi
mugi-mugi Gusti paring idi
nyawijekke tresna kang sejati (K12/S/4)***

Cakepan tembang kanthi nomor K12/S/4 menika minangka pada ingkang pungkasan saking tembang *Sesandhingan*. Tetembungan kaandharaken kanthi wujud parikan. Wosipun ing ukara kapung tiga saha kaping sekawan. “Mugi-mugi Gusti paring idi, nyawijekke tresna kang sejati” kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Ukara menika arupi muji, nyenyuwun satunggaling bab dhateng Gusti. Penutur donga dhumateng Gusti bilih mugi-mugi dipunijabahi angenipun mangun tresna. Saged kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi ukara menika minangka nyenyuwun/ donga saking satunggaling bab ingkang saperangan sampun dipunlampahi. Saperangan bab ingkang sampun dipunlampahi inggih menika raos tresna saking penutur saha mitra tuturipun. Satemah *evaluatif* minangka memuji, mugi raos tresna saged sejati inggih kanthi nyawiji/ krama. Pada tembang kanthi parikan ugi wonten ing pada menika.

*Ombak ing banyu segara
Mbak lumembak saya katon nggodha
balung janur saumpama
enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)*

Cakepan kanthi nomor K17/KPP/3 menika minangka pada ingkang kaping tiga saking tembang cmapursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Pada menika sedaya kalebet ing parikan. Larik sepisan saha kalih miannngkan sampiran dene wosipun ing larik tiga saha sekawan. Ukara kaping kalih “mbak lumembak saya katon nggodha”. Konteks ukaranipun ingkang dipunkajengaken inggih menika “ombak”. Saged makaten amargi ningali saking ukara saderengipun “ombak ing banyu segara”. “Ombak” minangka toya ing ingkang dumunung segara, mliginipun ing pesisir. Ombak ingkang “mbak lumembak” ateges ombakipun tansah ebah amargi kenging angin laut. Ing ukaranipun ombak ingkang lumembak menika “katon nggodha”. Kalih tetembungan ingkang beda antawisipun “ombak” kaliyan “nggodha” dipungayutaken ngginakaken tembung “katon”. Wosing parikan inggih menika minangka wangsalan “mbalung janur samumpama, engal kondur paling usaha. Bab menika samangke dipunbabar ing lelewnaing basa wangsalan.

4) Purwakanthi

Muterat pamanggih Padmosoekotjo (1953: 118) purwakanthi saking tembung “purwa” saha “kanthi”. Purwa tegesipun wiwitan, dene “kanthi” ateges gandheng, kanca, nganggi, migunakake.

Purwakanthi, tegesipun nggandheng ingkang sampun dipunsebutaken ing perangan wiwitan, dene ingkang dipungandheng inggih menika swantenipun, aksaranipun, saha tembungipun.⁹ Purwakanthi kapanggihaken kados mekaten.

*Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune
seneng nganggo klambi abang
kain saka jepang
yen tak sawang rada mbranjang
jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)*

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* kanthi nomor K1/OY/01 menika dumunung saking purwakanthi. Menawi dipuntingali saking pangangenipun basa, cakepan menika dipunanggit kanthi migatosaken *stile* purwakanthi. Purwakanthi ingkang dumunung ing cakepan menika inggih purwakanthi guru swara. Dipuntingali saking dhawahipun swanten ing pungkasaning gatra, menapa dene penggalanipun. Ing gatra sepisan dhawahipun swanten inggih menika [é] dumunung saking tembung “dhewe” saha “susune”. Dene dhawahipun swanten gatra candhahipun inggih menika [a] saking tembung “abang”;”jepang”;”branjang”. Inkang beda inggih menika gatra pungkasan saking cakepan (K1/OY/01). Pungkasanipun gatra inggih kanthi tembung “kondhe”. Tembung menika boten gadhah gayutan purwakanthi guru swara kaliyan tembung-tembung sakderengipun. Penganggit ngginakaken tembung “kondhe” menika kangge lira-liru nyebut tembung sanesipun ingkang cocog kaginakaken

⁹ Padmosoekotjo, *Ngengrengan Kasusastran Jawi I*, 1953, h 118.

njangkepi pungkasanipun pada. Bilih tembung menika kagantos tembung sanesipun ingkang cocok ing purwakanthi swara, saged dados mekaten:

jebul ora nganggo gelang
jebul ora nganggo giwang

Supados guru swaranipun jumbuh kaliah ukara saderengipun, ukara pungkasan menika kedah ngginakaken guru swara ingkang sami ugi inggih menika [a]. Tembung “kondhe” saged kagantos kanthi tembung “gelang” saha “giwang.

Beda malih menawi penyanyi maringi kalodhangan pamanggih para pamireng kanthi medhot tembungipun. Umpami nalika nyebut cakepanipun “jebul ora nganggo ko-...” kados mekaten, saged maringi kalodhangan para pamireng ngisi wanda candhakkipun. Temtunipun guru swaranipun [a] saha menawi ningali saking ukara saderengipun kanthi dipunpungkasi wanda “-ang”. Bab menika saged nuwuhaken anggepan kangge para pamireng kangge ngisi kalodhangan wandha langkung gampang malih. “Jebul ora nganggi ko-ang” saged minangka ukara ingkang sanget gampang dipunandharaken ugi kangge sarana gegumyak antawis panyanyi saha pamireng.

Purwakanthi guru swara kados mekaten ugi sami kaliah *asonansi* inggih menika padanan vokal ing satunggaling ukara. Ali (2014: 200) ngandharaken bilih *asonansi* minangka swanten ingkang sami ing satunggaling ukara. Bedanipun ing bahasan menika bilih

swanten ingkang sami dumunung saking pungkasaning swanten ing saben ukaranipun. Pada sanesipun kados mekatan.

*Pacarku sing bagus
lugu ra tau nesu
Kulit ireng ngguya ngguyu
nganti kaya aspal
saben bengi tak tunggu-tunggu
kapan ngelamar aku. (K1/OY/02)*

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* kanthi nomor K1/OY/02 kapanggihaken purwakanthi. Beda kaliyan cakepan saderengipun ing (K1/OY/01), bilih cakepan (K1/OY/02) menika saking penutur minangka paraga putri. Cakepan menika minangka wangsulan saking cakepan saderengipun ingkang dhasaripun tembang dipunsekaraken kanthi *duet*. Menawi dipuntingali saking basa ingkang dipunangge kangge ngandharaken “pacar” ingkang “lugu ra tau nesu, ngguya ngguyu” menika kanthi cara nginggilaken paraganipun utawi saged kalebet ing *hiperbola*.

Ananging sasampunipun ketambahan ukara sanesipun “nganti kaya aspal”, makna tembang saged beda malih. Salebeting purwakanthi menika ugi saged kalebet ing lelewaning basa *ironi*. Saking “lugu ora tau nesu” ingkang minangka ngrayu dados “nganti kaya aspal”. Penganggit anggenipun nylewaraken cakepan tembang miturut purwakanthi mekatan.

*Pacarku sing bagus,
lugu ra tau nesu,
Kulit ireng ngguya ngguyu
Nganti kaya aspal*

Cakepan tembang *Oh Yes Oh No* (K1/OY/02) menika, menawi dipuntingali wonten purwakanthi guru swaranipun. Dhawahipun swanten ing pungkasanipun gatra saking gatra kapisan dumugi katiga ngginakaken *vokal* [u]. Bab menika ndadosaken gatra kasekawan langkung sae malih dhawah swanten ugi [u]. Dhawahipun tembung ing gatra kasekawan inggih menika “aspal”. Kanthi menakaten biasanipun penyanyi ngginakaken cara supados bab menika katingal langkung gayeng. Satemah para panresna musik campursari nggantos tembung “aspal” kanthi tembung ingkang dhawahipun *vokal* [u]. Menika ndadosaken penyanyi maringi kalodhangan kanthi bebas dhumateng pamireng kangge ngisi wanda menika. “nganti kaya as-“. Satemah para pamireng kanthi sadar ngisi wanda menika kanthi dipuntambahi vokal [u] inggih kanthi tembung “asu”. Lelewaning basa kados mekaten miturut Keraf kalebet ing *asonansi*.

Asonansi adalah semacam gaya bahasa yang berwujud pengulangan vokal yang sama. Biasanya dipergunakan dalam puisi, kadang –adang juga dalam wujud prosa untuk memperoleh efek penekanan atau sekedar keindahan. Keraf (2007: 130)

Asonansi ing basa jawa sami kalian purwakanthi guru swara. Purwakanthi guru swara inggih menika vokal ingkang dipunambali ing tetembungan, satemah basa saged endah swantenipun. *Pada* cakepan tembang sanesipun ingkang kapanggihaken lelewaning basa *ironi* kados mekaten.

*Aja dadi atimu
yen ta luntur rasa tresnaku*

abot kabotan rasa

aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)

Cakepan kanthi noner K2/LN/2 menika kalebet ing lelewaning basa purwakanthi. Purwakanthi ingkang sepisan inggih menika purwakanthi swara, inggih ingkang dumunung saking vokal [u] ing pungkasaning larik sepisan saha kalih. Purwakanthi swara ugi dumunung ing pungkasaning larik katiga saha kasekawan ing vokal [a].

Purwakanthi guru basa/lumaksita dumunung ing larik katga inggih menika ing tembung “abot kaboten ...”. Tembung “abot” dipunambali ing perangan wingking tembung “kabotan”. Tembung “abot” kangge ngandharaken “rasa”. Tembung “abot” minangka tembung sipat ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken samubarang. Ing cakepan menika tembung “abot” dipunginakaken kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang abot tegesipun rasa ingkang dipunalami dening penutur menika kraos awrat anggenipun nandang pagesangan. Pada sanesipun kados mekaten. Purwakanthi ugi kapanggihaken ing cakepan menika.

Jero ati kuciwa

tak rewangi nyebrangi samodra

kapal feri yang jadi saksi

mencari cinta suci. (K2/LN/3)

Cakepan campursari *Lampung Ngayogya* kanthi nomor K2/LN/3 menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika purwakanthi. Purwakanthi ingkang dumunung ing pada menika inggih menika purwakanthi guru swara. Ing pungkasaning larik sepisan gegeandhengan kalian pungkasaning larik kalih. Vokal [a] antawisipun

tembung “kuciwa” gegandhengan kalian tembung “samodra”. Mekaten ugi kalian larik tiga saha sekawan, bilih tembung “saksi” gegandhengan kalian tembung “suci” ing vokal [i]. Purwakanthi kados menika dipunsebut purwakanthi guru swara. Purwakanthi sanesipun ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo mekaten.

*Aja samar aja gela adhuh wong manis
Sliramu aja sujana
Aku sibuk akeh kerjaan
kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K3/L/2)*

Cakepan K/L/2 minangka pada kaping kalih saking tembang campursari *Nglembur*. Pada menika kapanggihaken tembung ingkang dipunambali. Cakepanipun: “aja samar”; “aja gela”; “aja sujana”, wonten tembung “aja” ingkang dipunambali kaping tiga. Kanthi mekaten pada menika kalebet ing *stilistika* pragmatik, inggih lelewaning basa purwakanthi. Tembung menika kaandharaken saking penutur/penyanyi paraga kakung kangge mitra tutur putri. Cakepan kados mekaten uki kalebet ing purwakanthi guru basa/*lumaksita*. Purwakanthi guru basa inggih menika tembung ingkang dipungandheng/dipunambali, saking perangan ngajeng ngandheng perangan wingking.

Ing basa serapan purwakanthi gegayutan kalian gaya basa inggih menika *repetisi*. *Repetisi* kados mekaten miturut Keraf (2007: 128) kalebet ing *simplok*. Amargi ngambali tembung ing perangan

ngajeng saha wingking, tembung “aja” kaserat boten teratur. Pada purwakanthi sanesipun kados mekaten.

*Aja-aja mung kluyuran
pamite kerja sampingan
ning kana nduwe simpenan* (K3/L/5)

Cakepan kanthi No. K3/L/5 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nglembur*. Saben pungkasaning larik antawisipun larik sepisan, kalih, saha tiga nggandheng guru swara ingkang sami. Tembung “kluyuran”, “sampingan”, saha “simpenan” ngginakaken pungkasaning guru swara ingkang sami inggih menika [a]. Kanthi menaten purwakanthi ingkang kados menika dipunsebut purwakanthi guru swara.

*Numpak sepur tanpa kondhektur
pulang malam aku lembur
aduh Dhik kerjaku lembur* (K3/L/6)

Cakepan K3/L/6 minangka cakepan wangsulan saking pada cakepan K3/L/5. Purwakanthi ingkang dumunung ing cakepan menika wonten kalih inggih menika purwakanthi guru swara saha purwakanthi lumaksita. Purwakanthi guru swara dumunung ing guru swara saben pungkasaning larik. Tembung “kondhektur”, “lembur”, saha “lembur” ing saben larikipun nuwuhaken swanten ingkang dipungandheng inggih menika cokal [u]. Purwakanthi lumaksita dumunung ing larik tiga saha sekawan ingkang ngambali tembung “lembur”. Kapanggihaken tembung ingkang dipunmbali inggih ukara kaping kalih saha kaping tiga, inggih menika “Pulang malam aku lembur” kaliyan “aduh Dhik, kerjaku lembur”. Tembung “lembur” minangka tembung ingkang

dipungandheng, satemah ngandharaken bilih penutur saestu nembe “lembur”. Purwakanthi sanesipun mekaten.

*Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra. (K4/N/2)*

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi lumaksita. Panaliti langkung fokus ing larik ketiga inggih menika “lara aku lara, gela aku gela”. Sanget ketawis bilih tembung “lara” dipungandheng kalian tembung “lara”, saha tembung “gela” kalian “gela”. Kanthi mekaten menika saged dipunsebut purwakanthi lumaksita. Cakepan K4/N/4 menika ugi kalebet ing purwakanthi lumaksita.

***Ora ngira aku ra ngira**
mbiyen seneng dadi nelangsa
manis janji mung ana lambe
saiki pait dadine (K4/N/4)*

Cakepan kanthi nomer K4/N/4 minangka cakepan saking tembang campursari irah-irahan *Nasibku*. Larik sepisan “ora ngira aku ra ngira”, kalebet ing purwakanthi lumaksita. Wonten kalih tembung ingkang dipunambali inggih menika “ora ngira”. Tegesipun pada menika bilih negesaken panutur bilih boten kanyana-nyana kalian bab ingkang kedadosan. Purwakanthi lumaksita ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

*Ati lara Mas tambane apa?
Awak mriang jampi menapa?
Sakit cinta sakit rindu dihatiku*

kangen kangen aduh kangen pengen ketemu. (K6/SSR/1)

Cakepan Tembang Campursari *Sama-sama Rindu* kanthi nomor K6/SSR/1 minangka pada sepisan. Ing pada menika ingkang paling dominan inggih menika lelewaning basa purwakanthi lumaksita. Saged ugi dipunwastani lelewnaing basa *repetisi*. *Repetisi* jinis menika kalebet ing *simplok*, amargi ngambali ing perangan ngajeng saha wingking. Ukara kaping pisan saha kalih minangka pitakenan ingkang wangsulanipun dipunandharaken piyambak dhateng penutur/ penyanyi ingukara kaping tiga saha sekawan. Ukara kaping tiga dipunandharaken mekaten, “sakit cinta sakit rindu dihatiku”. Ukara menika kalebet ing *repetisi* amargi ngginakaken tembung “sakit” kaping kalih. Ukara kaping sekawan ugi mekaten, ukaranipun “kangen kangen aduh kangen ingin ketemu”. Ukara kaping sekawan menika ngambali tembung “kangen” kaping tiga. Pada purwakanthi sanesipun kados mekaten.

Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu

kangen kangen kangen yen ra ketemu (K7/F/1)

Cakepan K7/F/1 menika minangka cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Februari*. Cakepan menika ngginakaken lelewaning basa purwakanthi utawi saged ugi *repetisi*. Ing tembung “ketemu” dipunambali ing perangan wingking. Tembung kados menika kalebet ing repetisi *episfora* (Keraf, 2007: 128).

Ketawis kanthi jelas ing ukara kaping kalih “kangen kangen kangen yen ra ketemu”. Tembung “kangen” dipunambali kaping tiga negesaken bilih penutur ngraosaken kangen sanget dhummateng mitra tuturipun. Tembung ing pungkasanipun larik ugi ngginakaken tembung “ketemu”. Tembung menika wonten ing pungkasanipun larik sepisan saha kalih. Pada cakepan tembang *Februari* sanesipun ingkang kapanggihaken lelewaning basa *repetisi* kados mekaten.

*Wis setaon lawase aku kenal sliramu
wis setaon lawase kok tega medhot tresnamu
wulan Februari aku kenal sliramu
wulan Februari kok tega ninggalke aku
ya wis ya wis ya wis iki pancen nasibku
ya wis ya wis ya wis iki pancen lelakonku. (K7/F/3)*

Cakepan K7/F/3 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Februari*. Ing pada menika ngginakaken lelewaning basa purwakanthi saha saged ugi dipunwastani *repetisi*. Miturut Padmosoekotjo ingkang kados menika dipunsebut purwakanthi guru basa/lumaksita amargi ngambali tembung, dene miturut Keraf radi beda. Miturut keraf jinis *repetisi* ingkang dipunginakaken ing pada menika inggih menika *anafora*, saha *epizeukis*¹⁰. Dipunandharaken ing ukara kapisan saha kaping kalih bilih ngginakaken ukara “wis setaon lawase” kanthi dipunambali. Ing ukara kaping tiga saha sekawan ngambali tembung “wulan Februari”. Ukara kaping gangsal saha enem ngginakaken tembung “ya wis” ingkang dipunambali kaping enem. Tembung saha ukara ingkang dipunambali menika kalebet ing *repetisi*.

¹⁰ *Epizeukis* miangka tembung ingkang dipunambali kanthi runtut, Gorys Keraf, 2007, h 129

Bab menika saged ugi kalebet ing purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Basa ingkang dipumambali dadosaken swara swara ingkang dipungandhe saking perangan ngajeng saha wingking. *Repetisi* ugi kapanggihaken ing pada cakepan tembang *Prengat Prengut*.

*Sama juga alah sami mawon
ati samar ora kelakon
kadhung rusak ora kelakon* (K11/PP/4)

Ukara kaping kalih saking cakepan K11/PP/4 inggih menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi utawi *repetisi*. *Repetisi* jinis menika miturut Keraf (2007) kalebet ing *episfora*, amargi ngambali ing perangan wingking. Tetembungan ingkang dipunambali kalebet ing *repetisi*. “Ati samar ora kelakon, kadhung rusak ora kelakon” ukara menika ngambali tembung “kelakon”. Tegesipun bilih panutur ajrih bilih panjangkanipun tumrap mitra tutur boten kelakon. *Repetisi* ugi kapanggihaken ing pada menika.

*Kembang menure kembang melathi
kembang melathi rinonce gandane wangi
mugi-mugi Gusti paring idi
nyawijekke tresna kang sejati* (K12/S/4)

Cakepan tembang kanthi nomor K12/S/4 menika minangka pada ingkang pungkasan saking tembang *Sesandhingan*. Pada menika arupi pada parikan. Ing perengan menika panaliti langkung fokus ing smapiranipun inggih menika larik sepisan saha kalih. “Kembang menure kembang melathi” saha “kembang melathi rinonce gandane wangi”. Tembung “kembang melathi” dipunambali satemah menika saged kalebet ing purwakanthi lumaksita. Menawi miturut keraf

ingkang kados menika saged kalebet ing jinis *repetisi* inggih menika *anadiplosis*. *Anadiplosis* inggih menika ngambali tembung pungkasan ing perangan ngajeng ukara candhakipun.

*Besok kapan kangmas eling aku
tansah setya ngenteni janjimu
dhuh wong bagus **rindu** aku **rindu**
tembang kangen pengobat atiku. (K13/TK/3)*

Cakepan K13/TK/3 minangka pada katiga cakepan tembang *Tembang Kangen* saking Dhimas Tedjo. Pada cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi, saged ugi lelewaning basa *repetisi*. Larik katiga “dhuh wong bagus rindu aku rindu”. Tembung “rindu” dipunambali satemah saged kalebet ing purwakanthi lumaksita. Saged kalebet ing *repetisi* amargi tembung “rindu” dipunambali, inggih kaping pisan. Tegesipun “rindu” inggih menika kangen. Penutur badhe ngandharaken bilih kangen dhateng mitra tuturipun. Purwakanthi ugi kapanggihaken ing tembang *Kadang Tani*.

***Galo kae** tegal lan sawahe
subur makmur kabeh tandurane
galo kae tikel pametune
kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)*

Cakepan nomer SB19/KT/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada sepisan kanthi irah-irahan *Kadang Tani*. Tembung menika kalebet ing jinis purwakanthi lumaksita. Menawi ing lelewaning basa *repetisi* ingkang kados menika kalebet ing *anafora*¹¹. Ing pada menika dumunung saking sekawan larik. Larik sepisan

¹¹ *Anafora* inggih menika tembung ingkang dipunambali ing perangan ngajeng, Gorys Keraf, 2007, h
127

nggadhahi gayutan kaliyan larik katiga. Larik sepisan “galo kae tegal lan sawahe”, dene larik ketiga “galo kae tikel pametune”. Ing kekalih latik menika wonten tembung ingkang dipunambali inggih menika “galo kae”. Tembung ingkang dipunambali menika kalebet ing lelewaning basa *repetisi*. Ing pada kaping tiga tembang *Kanca Tani* menika ugi kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi.

Lur dulur dulur, wancine tandur

Lur dulur dulur, tandure subur

Lur dulur dulur, dha sangu pacul

Lur dulur dulur, uripe makmur. (SB19/KT/3)

Cakepan SB19/KT/3 minangka pada pungkasan tembang *Kadang Tani*. Pada menika dumunung saking sekawan larik. Wonten tembung ingkang dipunambali kaping tiga. “Lur dulur dulur” minangka tetembungan kangge “nyeluk”. “Dulur” saking tembung lingga “sedulur”, wanda “lur” ugi saking tembung lingga “sedulur”. Satunggal larik tembung “dulur” dipunambali kaping kalih, ateges minangka tembung ingkang dipunginakaken kangge celukkan. Saged mekaten, amargi tembung “dulur” minangka tembung panggantos nama tiyang. Purwakanthi ingkang kados menika kalebet ing purwakanthi lumaksita/guru basa.

Purwakanthi ingkang mekaten gegayutan kalian lelewaning basa *repetisi*. Boten namung satunggal larik mawon, ananging *repetisi* ugi wonten ing larik kalih, tiga saha sekawan, sedaya sami kanthi tetembungan “Lur dulur dulur”. Miturut Keraf (2007) *repetisi* kados mekaten kalebet ing jinis *anafora*. *Repetisi* ing wujud cakepaan kaserat

mawi wujud pada (bait). wujud *repetisi* menawi ing teks narasi langkung angel kapanggihaken, biasanipun kedah dipunambali lagkung saking kaping kalih supados pemaos mangertos bilih menika miannangka pengulangan. Kados ing andharan Chapman saha Clark (2014: 23) “*The repetition may occur with shall see that the section repetitions occur in three structural point in the narrative structure*”. Chapman ngandharaken bilih ing teks ingkang wujud narasi bilih wujud *repetisi* menika ketawis menawi struktur *repetisi* kaambali kaping tiga. Sanesipun, lelewaning basa *repetisi* ugi kapanggihaken ing tembang *Goyang Jape Methe* pada kaping pisan.

He he he ayo goyang rame-rame
he he he ayo joged rame-rame
bergoyang lagu jawa he
musike campursari he
digoyang ser ser adhus asike. (SB20/GJM/1)

Cakepan SB20/GJM/1 minangka pada sepisan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Goyang Jape Methe*. Dipuntingali saking nama tembangipun, bilih tembang menika raosipun bingah. Mekaten ugi ing cakepanipun, wonten tembung “rame-rame” ingkang dipunambali, dadosaken gumyak. “Ayo goyang rame-rame” saha “ayo joged rame-rame”, tembung “rame-rame” dipunambali. Tegesipun, inggih minangka swasana ingkang bungah, saha kathah tiyang. Kanthi mekaten larik menika kalebet ing lelewaning basa purwakanthi lumaksita, saha *repetisi*.

Larik sepisan, kalih, tiga saha sekawan, ugi wonten wanda ingkang dipunambali, inggih menika “he”. “He he he ayo goyang rame-

rame” saha “he he he ayo joged rame-rame”, minangka larik ingkang ngambali wanda “he”. “He” minangka tembung ingkang biasanipun kangge alok-alok. Satemah “he he he” dadosaken raos alok-alok ingkang gumyak saha regeng. Ukara katiga saha kasekawan ugi ngginakaken wanda “he” ing pungkasaning larik. “Bergoyang lagu jawa he, musike campursari he” wanda “he” ugi minangka alok-alok. Pada kaping tiga tembang *Goyang Jape Methé* menika ugi kapanggihaken purwakanthi.

*Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene
ne kene kene kene saya tunggu sawerane
ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame
ne kene kene kene tinimbang susah atine.* (SB20/GJM/3)

Pada pungkasan tembang *Goyang Jape Methé* kanthi nomor SB20/GJM/3 kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi. Sanget ketawis bilih tembung “kene” dipunambali ing saben larik, menapa dene ing larikipun kiyambak. “Ne kene kene kene” wanda “ne” ugi saking tembung lingga “kene”. Tegesipun “kene” inggih menika “ngajak mriki”. Penutur kanthi dipunambali ngejak mitra tutur kangge “nyedhakka kene”; “saya tunggu sawerane”; “tebuk tangan rame-rame”; saha “timbang susah atine”. Tegesipun pada menika bilih penutur ngejak “nyedhak” mitra tutur kangge gumnyak. Purwakanthi ingkang kados menika kalebet ing purwakanthi lumaksita.

Purwakanthi lumaksita ing pada menika gegayutan kalian lelewaning basa *repetisi*. *Repetisi* kados mekaten miturut Keraf (2007) kalebet ing jinis *epizeukis* inggih menika ing tembung “kene” ingkang

dipunambali kanthi satunggal larik. Ewadene tembung menika dipunambali ing perangan wiwitan saben larikipun satemah saged kalebet ing *anafora* ugi.

5) Wangsalan

Wangsalan inggih menika tetembungan ingkang kados cangkriman, ananging batanganipun limrahipun dipunandharaken sepisan ing gatra candhakkipun. Anggenipun ngandharaken batanganipun (wangsulanipun) boten kanthi cemeplos, boten melok, ananging sinandhi, kadosta sipunsebataken satunggal wanda utawi langkung.¹² Wangsalan ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih mekaten.

*Yen tak rasa saya dina
katresnan iki tansaya ngrembaka
witing pari pepindhane rasaku
dimen mari kudu ketemu. (K9/KM/2)*

Cakepan kanthi nomor K9/KM/2 menika minangka pada kalih saking tembang *Kumanthil*. Kapanggihaken lelewaning basa wangsalan ing ukara pungkasan. Ukara “witing pari pepindhane rasaku, dimen mari kudu ketemu”. Lelewaning basa ingkang kapanggihaken inggih ing tembung “witing pari” saha tembung “dimen” ingkang kalebet ing tetembunganipun. Penutur ngandharaken raosing manah inggih kanthi ngginakaken wangsalan. Tembung witing pari” kanthi simbol kangge ngandharaken “rasa”. Ukaranipun “witing pari

¹² Padmosoekotjo, *Ngengrengan Kasusastran Jawi II*, 1946, h 5.

pepindhane rasaku” ateges “witing pari kadosta raos kula”. Tembung “witing pari” kangge ngandharaken “rasa”. Tembung “witing pari” inggih menika wit saking taneman pari dipunsebat “damen”. Tembung “damen” ing wangsalan batanganipun inggih menika tembung “dimen”. Sejatosisipun teges “damen” saha “dimen” beda, ananging bab swaranipun lira-liru sami. Tembung “damen” inggih minangkangka wit saking pari, dene tembung “dimen” tegesipun “supaya”. Sanesipun wangsalan kapanggihaken ing cakepan tembang pada menika.

Ombak ing banyu segara
Mbak lumembak saya katon nggodha
balung janur saumpama
enggal kondur paring usada (K/17KPP/3)

Cakepan pada K17/KPP/3 menika ugi kapanggihaken lelewaning basa wangsalan ing larik kaping tiga. Miturut Subalidinata (1974: 21) bilih wangsalan menika dhapukanipun ukara kadosta puisi migunakaken purwakanthi guru swara utawi sajak, surasa bedhekan. Ukaranipun, “mbalung janur saumpama” kangge madosi tegesipun katambahan larik sekawan “enggal kondur paring usada”. Tembung “mbalung janur” minangka wangsalan ingkang kedah dipunbatang tegesipun. Janur minangka gondhong saking taneman inggih menika kambil. Tembung “balung” ingkang dumunung ing janur, dipunsebat biting utawi “sada”. Tembung “sada” lira-liru kangge ngandharaken tembung inggih menika “usada”. Dados wangsalan saking “mbalung janur” batanganipun inggih menika “usada”. Tembung “mbalung janur” biasanipun dipunginakaken kangge ngandharaken bab ingkang

gegayutan kaliyan “usada”/ obat. Tembung “usada” minangka obat, ing konteks teks inggih obat kangen nunjuk ing paraga. Tuladhanipun wangsalan menika, “mbalung janur, mugi Gusti paring usada”, “mbalung janur, paringana usada”. Tegesipun ukara menika, mugi Gusti ngijabahi menapa ingkang dipunkajengaken. Wangsalan ugi kapanggihaken ing cakepan tembang *Prengat Prengut*.

*Mbok ya nyebar godhong kara Dhik
Mbok sing sabar sawetara
durung durung kok wis duka
prengat-prengut sajakke cubriya (K11/PP/1)*

Cakepan K11/PP/1 minangka tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Prengat prengut*. Ing teks menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika wangsalan. Menawi ing lelewaning basa indonesia ingkang kados menika saged kalebet ing *metafora*. *Defition of metaphor as “thinking, takling about, or experiencing one kind of thing in term of another* (Ritchie, 2013: 20). Ing mriki Ritchie ngandharaken bilih metafora menika “mikir, patrap, saha ngalami hal ing hal sanesipun”. Satemah kadhang kala tuturan *metafora* menika dadosaken mitra tutur kangge “mikir” saha madosi menapa mawon bab ing kang gegayutan.

Ukara sepisan ing cakepan K11/PP/1 minangka ukara ingkang ngginakaken tetembungan. Tetembungan kados mekaten ing basa jawi dipunsebut paribasan. Ukara sepisan inggih menika “mbok ya nyebar godhong kara Dhik”. Tegesipun wangsalan menika inggih ukara kaping kalih “Mbok sing sabar sawetara”. Kesabaran menika diputanem

wiwit alit, saha wekdal ingkang minangka proses. Dipunandharaken bilih kesabaran menika kados dene menawi badhe manen kacang kara, inggih langkung rumiyin kanthi nanem tanemanipun. Sabar anggenipun badhe mendhet bab ingkang endah. Kalih ukara menika kaandharaken ugi kanthi migatosaken guru swara ingkang biasanipun dipunangge ing parikan inggih menika [a,b,a,b] namung kepasan ing cakepan menika [a,a,a,a] inggih kanthi pungkasanipun [ar,a,ar,a].

6) Panyandra

Panyandra tegesipun nggambar utawi amarna kaendahan utawi kahanan sarana pepindhan. Dados pepindhanipun sanes ingkang dipunsebut candra, ananging pepindhanipun menika namung kangge sarana anggenipun nggambar utawi amarna kaendahan.¹³ Panyandra ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo mekaten.

*Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune
seneng nganggo klambi abang/
kain saka jepang/
yen tak sawang rada mbranjang/
jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)*

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* kanthi nomor K1/OY/01 menika minangka sarana penganggit kangge nggambar paraganipun. Ukara wiwitan dipundamel kanthi ngendahaken paraganipun. “Pacarku sing ayu dhewe, nganggo klambi abang, kain saka jepang”. Menawi dipunpendhet jinisipun bab menika saged kalebet

¹³ Padmoesoekotjo, *Ngengrengan Kasusastran Jawi I*, 1953, h 101.

ing panyandra. Ananging ukara endah ing konteks ukaranipun kaginakaken kangge ngece. Tembung “jebul” katambahan ukara candhakkipun “ora nganggo kondhe”. Negesaken bilih penutur ngece bilih mitra tutur boten lengkap anggenipun ngadi busana. Cara menika dipunginakaken kangge sarana regeng antawis penyanyi kaliyan pamirengipun. Semanten ugi ing pada candhakkipun mekaten.

*Pacarku sing bagus
lugu ra tau nesu
Kulit ireng ngguya ngguyu
nganti kaya aspal
saben bengi tak tunggu-tunggu
kapan ngelamar aku. (K1/OY/02)*

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* kanthi nomor K/OY/02 menika dumunung panyandra ing tigang larik wiwitanipun. Panutur ngandharaken bilih mitra tutur “bagus”, “lugu ora tau nesu” ingkang minangka ngrayu dados “kulit ireng ngguya-ngguyu”. Menika sarana gambaran mitra tutur ingkang dipunendahaken dening penutur. Ananging sasampunipun maos candhakkipun gambaran menika wau boten namung kangge ngendahaken ananging ngece paraganipun. Menapa malih maksud penganggit anggenipun nylerwakaken cakepan tembang ingkang sampun dipunbabar ing perangan ngajeng inggih ing lelewaning saba purwakanthi. Lelewaning basa panyandra sanesipun mekaten.

*Jumedhule sang surya
tak umpamakke jumedhule tresna
nalika pisan ketemu sliramu
bocah manis pepujanku (K9/KM/1)*

Cakepan K9/KM/1 minangka cakepan tembang campursari kanthi irah-irahan *Kumanthil* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing pada wiwitan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika panyandra. Ing pada menika panyerat ngandharaken “jumedhule sang surya, tak umpamakke jumedhule tresna”. Tembung “sang surya” tegesipun “matahari”. Tembung jumedhule matahari kaumpamakaken jumedhule tresna. “Matahari” jumedhul saben dinten, kaumpamakaken bilih saben dinten panutur ngraosaken tresna menika. Kalih ukara menika nggadahi teges penutur nembe ngraosaken katresnan. Saged mekaten, kajumbuhaken ugi kaliyan ukara candhakkipun inggih menika “nalika pisan ketemu, bocah manis pepujanku”. Ukara menika minangka katrangan saking ukara saderengipun wau, bilih “penutur tansah saben dinten kepingin ketemu, wiwit sepisan ketemu”.

Menawi ing gaya basa ing larik menika kalebet ing lelewaning basa *asosiasi*. Saged mekaten amargi panaliti nganalisis kanthi ndhedah panyandra ingkang kaginakaken ugi saking tembung ingkang ewah maknaipun. Miturut pamanggih Parera (2004: 119), bilih *asosiasi* minangka dasar gayutanipun antawisipun makna ingkang dangu saha makna ingkang sampun geser saha ewah. Saged mekaten amargi kadang kala antawisipun bab ingkang kaandharaken boten imbang. Kados ing perangan pada menika gayutanipun mboten imbang antawisipun “jumedhule surya” kaliyan “jumedhule tresna”. “Jumedhule surya” saged maneka warni saged nandhahi bilih endahing

surya, saged ugi wiwit kraos ingkang panas, saged ugi tandha kedah wiwit makarya. Kasandhingaken kalian “jumedhule tresna” ingkang biasanipun kraos ingkang endah-endah. Panyandra sanesipun ingkang kapanggihaken mekaten.

***Andheng- andheng ning janggutmu
Yen tak pandeng bingung rasaku
Rina wengi tanpa nendra
tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)***

Pada tembang K9/KM/3 kalebet ing tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kumanthil*. Lelewaning basa panyandra ingkang wonten ing pada menika dumunung ing larik sepisan saha kalih. Miturut pamanggih Subalidinata (1974: 57) bilih panyandra miannangka pepindhan ingkang sirasanipun nyandra utawi ngandharaken badaning tiyang. Anggenipun nggambar panutur kanthi ngandharaken praupanipun. “Andheng-andheng ning janggutmu, yen tak pandeng bingung rasaku” minangka gambaran praupanipun paraga. Bilih “andheng-andheng” ingkang wonten ing janggut biasanipun simbol manising, ayuning paraga. Menapa malih ing larik kalih penutur ngandharaken “bingung rasaku” ingkang negesaken bilih penutur ngraosaken rasa ingkang beda satemah dadosaken bingung. Tetembungan ingkang kados menika biasanipun wonten ing tiyang ingkang ngraosaken kasmaran. Panyandra sanesipun mekaten.

***Tan kuwawa rasa iki
Esem kang manis angrerujit ati
Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi
Yen wurung gela ati (K9/KM/4)***

Tembang *Kumanthil* pada kaping sekawan nomor K9/KM/4 menika kalebet ing panyandra. Larik kaping kalih “esem kang manis angrerujit ati” minangka gambaran panutur dhateng mitra tuturipun. Penutur ngraosaken manahipun tansah mikiraken “esem kang manis”. Tegesipun bilih gambaran “esem manis” menika ngganggu atinipun penutur. Penutur ngraosaken sakit manahipun amargi paraganipun ndamel “ngrerujit ati”. Panyandra ing perangan tembang menika negesaken bilih penutur nembe ngraosaken “gela”. Lelewaning basa panyandra sanesipun mekaten.

*Yen wengi tan bisa nendra
mung ngalela kelingan Mas Roro
Nadyan mung sepisan tepung
nyata bisa gawe ati bingung. (K10/K/1)*

Cakepan kanthi nomor K10/K/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kelingan*. Ing wiwitan menika kapanggihaken lelewaning basa panyandra. Panutur ngganbaraken mitra tutur kados tiyang ingkang nengsemaken. Ing ukara kaping kalih mekaten “nadyan sepisan tepung, nyata bisa gawe ati bingung”. Perangan ngajeng ngandharaken bilih paraga nembe sepisan tepung, ing perangan wingking saged damel “ati bingung” tumrap panutur. Ukara menika ngginakaken tembung panggandheng “nadyan”. Tembung menika dumunung ing ngajeng. Tembung “ati bingung” ing mriki tegesipun boten minangka panutur ingkang ngraosaken bingung ananging ngraosaken katresnan. Saged mekaten, amargi kanthi ningali konteks bilih antawisipun paraga sampun nate pitepangan. Salajengipun

“ati bingung” sanes perkawis ingkang awrat, ananging raosing tresna wiwit pepanggihan ingkang sepisan menika. Pada cakepan menika ugi kalebet ing panyandra mekaten.

***Manis-manis rasa madu
luwih manis esemu cah ayu
gawe kangene atiku
rina wengi mung tansah ngreridu.*** (K10/K/2)

Cakepan kanthi nomor K10/K/2 menika ngginakaken *stilistika* pragmatik inggih menika lelewaning basa panyandra. Kekajenganipun panutur kangge nyandra mitra tuturipun inggih kanthi tembung “manis madu”. Tembung “manis madu” menika kangge ngandharaken “esem”. Ateges, bilih panutur ngandharaken kanthi simbolik bilih, mitra tutur esemipun endah nengsemaken Ukaranipun, “manis-manis rasa madu, luwih manis esemu cah ayu”. Perangan ngajeng panutur ngandharaken “manising madu” inggih samubarang ingkang nggadhahi raos legem minangka asilipun saking kewan tawon. Perangan wingking ukaranipun “luwih manis esemu”. Tembung manis minangka simbol kangge ngandharaken “esem” ingkang sejatosipun esem menika boten saged dipunraosaken saking indra pangraos. Panyandra sanesipun ingkang kapanggihaken mekaten.

***Adhuh Kang Mas wis mekar kembang
wanci ratri wong bagus arum gandane
mung sliramu ra ana liyane
jiwa raga tak pasrahke*** (K12/S/1)

Cakepan kanthi nomor K12/S/1 menika minangka tembang cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Sesandhingan*. Ukara kaping pisan kapanggihaken lelewaning basa inggih menika

panyandra. “Adhuh Kang Mas wis mekar kembang” minangka gambaran penutur. Kembang minangka samubarang ingkang endah saha wangi. Tembung menika kaandharaken kangge ngandharaken “wong bagus arum gandane”. Penutur ngandharaken bilih mitra tutur minangka tiyang ingkang arum gandanipun. Miturut konteks ing pada menika bilih penutur ngraosaken kasmaran dhateng mitra tutur. Ing cakupan candhakkipun “mung sliramu” ateges namung sliramu utawi boten wonten sanesipun. Panyandra sanesipun mekaten.

***Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu
yen kelakon sesandhingan gegandhengan
nimas wong ayu.***(K14/GD/4)

Cakupan K14/GD/4 menika minangka pada pungkasan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nggodha*. Kapanggihaken lelewaning basa inggih menika panyandra ing larik sepisan saha kalih. Penutur nggambaraken bilih menawi piyambakkipun palakrama. “Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu” ateges penutur ngangen-angen. “Yen kelakon sesandhingan gegandhengan”, ateges panyandra nalika penutur gesang bebrayan. Gegambaran menika kalebet ing lelewaning basa panyandra.

7) Rumpakan

Rumpakan miangka tetembungan ingkang dipunginakaken kangge sarana ngendahaken alam. Rumpakan ingkang kapanggihaken ing cakupan tembang campursari Dhimas Tedjo mekaten.

Lintang rembulan abyor cahyane

*tulungana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)*

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa rumpakan. Panaliti langkung fokus ing larik ingkang sepisan. “Lintang rembulan abyor cahyane” minangka gambaran alam ingkang dipunandharaken panutur. “Abyor cahyane” ateges cahyanipun saged ngebyar nuwuhaken kaendahan. Rumpakan menika kaandharaken kangge sarana ngandharaken raosing kangen panutur tumrap mitra tutur. Sages mekaten kanthi ningali ing larik candhakkipun. Ing pada menika ugi kalebet ing rumpakan.

*Galo kae tegal lan sawahe
subur makmur kabeh tandurane
galo kae tikel pametune
kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)*

Cakepan nomer SB19/KT/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada sepisan kanthi irah-irahan *Kanca Tani*. Ing perangan wiwitan dipunsebutaken “galo kae tegal lan sawahe” saha “subur makmur pametune”. Menika minangka gambaran penutur ngandharaken kaendahanipun alam. Kaendahan sabin ingkang tanemanipun subur. “Galo kae tikel pametune” dipunkajengaken bilih samangke ngasilaken rejeki ingkang langkung. Rumpaka menika dipunandharaken ing konteks tetanen. Ing pada candhakkipun tembang menika ugi kaandharaken kanthi rumpakan.

*Lur dulur dulur, wancine tandur
Lur dulur dulur, tandure subur*

Lur dulur dulur, dha sangu pacul
Lur dulur dulur, uripe makmur. (SB19/KT/3)

Cakepan SB19/KT/3 minangka pada pungkasan tembang *Kadang Tani*. Pada menika dumunung saking sekawan larik. Sanesipun kalebet ing purwakanthi, menika ugi kalebet ing lelewaning basa rumpakan. Bilih ing pungkasaning larik kaandharaken gegambaran tetanen. “Wancine tandur”, “tandure subur”, “dha sangu pacul”, “uripe makmur” minangka deskripsi ing sabin. Panutur ngandharaken bilih sampun wayahipun tandur sami ngasta pacul, tanemanipun subur satemah gesangipun makmur. Rumpakan menika dipunandharaken kangge nggambaraken pagesanganipun para tani.

8) Cangkriman

Cangkriman menika tetembungan ingkang kedah dipunbatang maksudipun, tembung menika sarana bedhekan (Padmoesoekotjo, 1953: 82). Cangkriman menika biasanipun dipunandhareken ing padinan. Cangkriman ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang Dhimas Tedjo mekaten.

Terus kumanthil jeroning ati
nalikane rika ngucap janji
gelang alit banjur lali
karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)

Cakepan K5/J/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Janji*. Pada menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika cangkriman. Perangan ukara ingkang kaping tiga inggih menika “gelang alit bajur lali”. Tembung

“gelang alit” minangka tetembungan ingkang ngandharaken satunggaling barang inggih menika ali-ali. Ali-ali minangka samubarang ingkang biasanipun kangge nuwuhaken raos tresna. Ukara menika saged nggadhahi teges bilih mitra tutur sampun supe kalian “ali-ali” ingkang nate dados bab ingkang wigati ing asmaranipun. Lelewaning basa cangkriman ingkang meh sami ugi wonten ing cakepan menika.

*Adhem kekes ati iki
yèn kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)*

Cakepan K17/KPP/2 minangka pada kalih saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik kaping tiga kapanggihaken tetembungan “gelang alit aja lali”. Cakepan menika meh sami kaliyan cakepan K5/J/1 “gelang alit bajur lali”. Kapanggihalen lelewaning basa cangkriman saking tembung “gelang alit”. Miturut Subalidinata (1974: 59) bilih cangkriman minangka bedhekan, mliginipun kaandharaken ing basa lisan, dhapukanipun ukara wonten ingkang ajeg saha boten ajeg.

Menawi ing gaya basa tetembungan menika saged kalebet ing lelewaning basa *metafora*. Widyanti (2013: 50) ngandharaken bilih “*Like a simile, a metaphor is a trope based on analogy. Metafora kadosta simile inggih basa kiasan ingkang ngginakaken analogy*. Kados ing pada cakepan menika panganggit ngginakaken analogi “gelang alit” kangge ngandharaken satunggaling bab inggih menika “ali-ali”.

Gelang wujudipun bunder umumipun dipunginakaken ing ugel-ugel tangan. Gelang ingkang alit, inggih gelang bunder ingkang wujudipun alit maksudipun inggih menika “ali-ali”. “Gelang alit aja lali” ateges ampun supe kaliyan ali-ali. Ali-ali minangka samubarang saking logam umumipun dipunangge ing driji. Umumipun tumrap pasangan inggih kangge sarana ngiket tresna. Satemah ing teks panutur ngandharaken ampun kesupen kaliyan asmara ingkang sampun dipunbangun.

9) Saroja

Saroja (Padmosoekotjo, 1953: 37-38) tegesipun rangkep. Tembung saroja ateges tembung rangkep, utawi tembung kalih ingkang sami tegesipun utawi dipunangge sesarengan. Tembung saroja ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika mekaten.

*Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas
elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu
ayo bareng mbangun tresna **setya tuhu** (K3/L/7)*

Cakepan kanthi No. K/L/7 menika minangka pada pungkasan tembang *Nglembur*. Ing larik sekawan kalebet ing lelewaning basa ingkang ngginakaken tembung saroja. Tembung “setya tuhu” miturut Subalidinata (1974: 67) kalebet ing tembung saroja. Tegesipun “ayo bareng mbangun setya tuhu”, inggih panutur ngejak dhateng mitra tutur kangge mangung kasetyan. Ukara menika saged ugi dipuntegesi

mangun asmara. Dene ing tembang menika ugi kapanggihaken lelewaning basa saroja ungkang wujudipun gancaran.

*Aku emoh yen diapusi
aku ngga mau kamu bohongi
aduh Mas sakit di hati (K3/L/3)*

Cakepan kanthi No. K3/L/3 menika minangka cakepan padha kaping tiga saking tembang campursari Dhimas Tedjo, kanthi irah-irahan *Nglembur*. Ing pada menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika tembung saroja. Ananging tembung saroja ing tembang menika bentukipun gancaran. Panaliti ugi mangihaken gayutan antawisipun tembung saroja kalian lelewaning basa *tautologi*. Ukara kapisan dipunambali maknanipun malih ing ukara kaling kalih. Anggenipun ngambali ngginakaken alih kode, inggih saking Basa Jawa ing Basa Indonesia. Ukara sepisan inggih “aku emoh yen diapusi” sami maknanaipun kaliyan ukara kaping kalih “aku nggak mau kamu bohongi”. Struktur ukara ugi meh sami, bedanipun bilih ukara sepisan wonten konjungsi “yen” dene ukara kaping kalih tanpa konjungsi. Bedanipun bilih larik sepisan kaandharaken ngginkaken basa jawa, dene ukara kaping kalih ngginakaken basa Indonesia. Kasus kados menika kados ingkang kaandharaken dening Parera (2004: 196). Panjelasan tambahan ingkang boten mbeta isi ingkang empiris, namung kaandharaken kanthi basa sanesipun ingkang kanthi konsep sami. Kaso menika namung beda basa mawon antawisipun “ngapusi” saha “bohongi”. Lelewaning basa saroja kapanggihaken ing cakepan tembang *Nasibku* pada kalih.

Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra.(K4/N/2)

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa saroja. Ukara ingkang sepisan inggih menika “remuk atiku ajuring uripku”. Tembung saroja ingkang kapanggihaken antawisipun “remuk atiku” saha “ajuring uripku”. Menika sejatosipun badhe ngandharaken bab ingkang sami, inggih raos ingkang sakit. Ing ukara menika wonten tembung “remuk” kangge ngandharaken “ati”. “Remuk” tembung sipat ingkang biasanipun kangge ngandharaken samubarang ingkang risak, tuladhanipun krupuk. Tembung “remuk” menika kaginakaken kangge nyebut “ati” ateges manahipun panutur nembe “risak/sakit”. Tembung ingkang nomor kalih inggih menika tembung “ajur”. “Ajur” minangka tembung sipat ingkang kaginakaken kangge nyebut samubarang risak saking padhet dados nyair, luntur, kadosta kertas ing toya, obat dipunsukani toya. Tembung “ajur” kangge ngandharaken “urip” ateges “gesangipun panutur nembe “luntur”. Pada sanesipun kados mekaten.

Mesem ngguyu jroning uripmu
udan eluh ning pipiku
seneng bungah njero atimu
nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)

Cakepan K4/N/1 minangka pada katiga saking tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja. Subalidinata (1974: 66) ngandharaken bilih

tembung kalih ingkang suraos sami, panganggenipun sesarengan dipunwastani saraja. Panaliti langkung fokus ing larik sepisan saha kaping tiga. Tembung “mesem ngguyu” menika dumunung saking kalih tembung ingkang maknanipun meh sami. Kalih tembung menika minangka pakaryan ingkang nuwuhaken raos bingah. Bedanipun menawi “mesem” boten ketingal wajanipun, dene “ngguyu” ketingal wajanipun. Tembung saraja ugi kapanggihaken ing larik katiga “seneng bungah”. Kalih tembung menika sami maknanipun. Tembung saraja sanesipun ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo mekaten.

*Dhuh Nimas pancen lali, napa sampun supe ?
eling mbok ya eling,
antebi sumpah lan janjine (K5/J/3)*

Cakepan kanthi nomor K5/J/3 menika ngginakaken lelewaning basa saraja. Tembung saraja kaandharaken kanthi gancaran. Ukara ingkang kaping pisan “Dhuh Nimas pancen lali menapa sampun supe?” ngginakaken frase kalih ingkang tegesipun sami. Tembung “lali” saha “supe” tegesipun sami, namung ngginakaken basa ngoko kaliyan krama. Ukara ingkang minangka pitakenan menika ngginakaken frase “pancen lali” saha “sampun supe”. Tembung “pancen” saha “sampun” maknanipun beda. Senajan beda ananging kanthi pitakenan tembung “napa” bilih penutur nyukani pilihan ingkang sami mawon inggih menika “supe”. Saraja ugi kapanggihaken ing cakepan menika.

Ati lara Mas tambane apa?

*Awak mriang jampi menapa?
Sakit cinta sakit rindu dihatiku
kangen kangen adhuh kangen pengen ketemu. (K6/SSR/1)*

Cakepan tembang campursari *Sama-sama Rindu* kanthi nomor K6/SSR/1 minangka pada sepisan. Boten namung lelewaning basa *repetisi* ingkang kapanggihaken ing pada menika ananging larik sepisan saha kalih kalebet ing saroja. Tembung “tambane apa” saha “jampi menapa” minangka tembung ingkang gegayutan. Sejatosisipun kalih tetembungan menika sami tegesipun ananging namung beda anggenipun ngandharaken. “Tambane apa” kalebet ing basa jawi ngoko dene “jampi menapa” kalebet ing basa jawi krama. Kalih tetembungan menika kangge ngandharaken “ati” saha “awak”. Tembung saroja ugi kapanggihaken mekaten.

*Sama juga dhik dalam hatiku
atiku bingung Dhik, kangen sliramu
Dag di dug dag dig dug dalam hatiku
aku lan sliramu sama-sama rindu (K6/SSR/2)*

Cakepan K6/SSR/2 menika minangka pada kaping kalih saking tembang *Sama-sama Rindu* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa saroja. Gayutan ukara satunggal saha satunggalipun nggadhahi makna ingkang sami. Ukara kaping tiga “atiku bingung Dhik, kangen sliramu” tegesipun sami kaliyan ukara kaping sekawan “aku lan sliramu sama sama rindu”. Tembung saroja ingkang bentukipun gancaran kados menika ugi saged kalebet ing *tautologi*. Kados ing pamangging Parera (2004) bilih kasus

kados menika kasus *tautologi* inggih tembung tambahan ingkang ngambali konsep ingkang boten beda isi empiris.

Sanajan susunan andharan beda, maksud tujuan penutur ngandharaken menika sami, amargi raos kangen dhumateng mitra tuturipun. Tembung “kangen sliramu” saha “aku lan sliramu sama-sama rindu” minangka andharan panutur bilih kangen dhateng mitra tuturipun. Lelewaning basa saroja ugi kapanggihaken ing pada menika.

*Galo kae ngawe-awe katon nengsemake
anglelewa mesam-mesem
ngguya-ngguyu sajakke nggodha (K14/GD/1)*

Cakepan tembang campursari kanthi nomor K14/GD/1 menika minangka pada sepisan saking tembang *Nggodha*, anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja. Ukara kaping kalih “anglelewa mesam-mesem, ngguya-ngguyu, sajakke nggodha” wonten tetembungan ingkang nggadhahi gayutan. Tembung “mesam-mesem” nggadhahi gayutan kaliyan “ngguya-ngguyu”. Kalih tembung menika minangka dwilingga salin swara. Dwi lingga salin swara inggih minangka tembung ingkang dipunambali kanthi swaranipun dipungantos. Tembung menika ndadosaken makna ingkang dipunlampahi kanthi dipunambali, ateges pakaryan ingkang dipunlampahi boten namung sepisan ananging kaping kathah. Tembung “mesam-mesem” tegesipun paraga mesem kanthi kaping kathah, dene tembung “ngguya-ngguyu” tegesipun paraga ngguyu kanthi kaping kathah. Kalih tembung menika kalebet ing tembung saroja, saha saged ugi *tautologi* amargi maknanipun gegayutan atawisipun “mesem” kaliyan “ngguyu”. “Mesem” minangka

ulat nalika raosing manah bingah, satemah “ngguyu” minangka raosing manah ngraosaken langkung malih, saged bingah sanget/gumbira.

*Lintang rembulan abyor cahyane
tulangana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)*

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa saroja. Ing larik katiga “ati kangen ati rindu” dumunung saking tembung saroja. Tembung “kangen” saha rindu” tegesipun sami inggih menika raos ingkang kangen. Bedanipun inggih menika basa ingkang dipunangge, “kangen” ngginakaken basa jawa, dene tembung “rindu” ngginakaken basa Indonesia. Sejatosisipun tembung menika sami mawon, ateges boten menapa menawi dipunandharaken salah satunggal. Biasanipun panganggit ngginakaken tembung saroja menika kangge sarana negesaken saha ngendahaken cakepanipun. Tembung saroja sanesipun mekaten.

***Sama juga** alah sami mawon
ati samar ora kelakon
kadhung rusak ora kelakon (K11/PP/4)*

Cakepan K11/PP/4 kapanggihaken kalih lelewaning basa saroja. Ing ukara sepisan inggih menika “sama juga alah sami mawon”. Tembung “sama juga” saha “sami mawon” nggadhahi teges ingkang sami. Bedanipun bilih “sama juga” ngginakaken Basa Indonesia, dene “sami mawon” ngginakaken Basa Jawi krama. Ukara menika kalebet ing lelewaning basa tembung saroja. Tembung saroja nggadhahi gegayutan kalian lelewaning basa *tautologi* inggih ukara ingkang ngginakaken

tembung tambahan ingkang sejatosipun boten penting. Tembung menika dipuntambahi biasanipun kangge negesaken perangan ingkang ngajengipun. Sanesipun kapanggihaken lelewaning basa saroja kados mekaten.

*Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu
yèn kelakon sesandhingan gegandhengan
nimas wong ayu.*(K14/GD/4)

Cakepan K14/GD/4 menika minangka pada pungkasan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nggodha*. Kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja ing ukara kaping kalih. “Yèn kelakon sesandhingan gegandhengan”, tetembungan ing larik kalih menika minangka katerangan saking larik saderengipun. Objek ing katerangan ingkang dipunginakaken wonten kalih, inggih menika “sesandhingan” saha “gegandhengan”. Kalih tembung menika dipunserat tanpa ngginakaken tembung panggandheng. Kanthi mekaten kalih tembung menika saged kalebet ing saroja amargi ngginakaken tembung tambahan ingkang kirang efektif. Ukara saged efektif bilih kaserat mekaten, “Iba bungah tak rasa ing kalbu, yèn kelakon sesandhingan”. Saged ugi kanthi tembung setunggalipun, “Iba bungah rasa ing kalbu, yèn kelakon gegandhengan”. Ukara menika runtut saking struktur jejer, wasesa, lesan, saha kateranganipun. Saroja ugi kapanggihaken ing cakepan tembang mekaten.

*Adhem kekes ati iki
yèn kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih minangka praseksi* (K17/KPP/2)

Cakepan K17/KPP/2 minangka pada kalih saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik sepisan tembang menika dumunung saking lelewaning basa saroja. Tembung “adhem kekes” saged kalebet ing tembung saroja. “Kekes” minangka raos ingkang asrep. Tembung menika ugi sami kalian tembung “adhem”. Satemah “adhem kekes” menika saged kalebet ing saroja amargi ngginakaken tembung ingkang sajatosipun boten penting. Menawi tembung kaandharaken satunggal, “adhem” kemawon ugi maknanipun sami kalian “adhem kekes”. Tembung saroja sanesipun ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang menika mekaten.

*Galo kae tegal lan sawahe
subur makmur kabeh tandurane
galo kae tikel pametune
kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)*

Cakepan nomer SB19/KT/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada sepisan kanthi irah-irahan *Kadang Tani*. Larik kalih pada menika dumunung saking lelewaning basa saroja. Tembung “subur makmur” dumunung saking kalih tembung ingkang gegayutan. Tembung “subur” ateges taneman ingkang gesang kanthi sae. Tembung “makmur” nuwuhaken prastawa ingkang sarwa kacukupan, menawi ing kontesa taneman ugi nggadhahi makna ingkang sami inggih menika “subur”. Satemah tembung menika kirang efektif menawi kaandharaken sesarengan. Kejawi mekaten penganggit ngandharakeen tembung saroja kangge sarana ngendahaken.

10) Sanepa

Sanepa menika ukara kadosta pepindhan ingkang ajeg panganggenipun. Sanepa kedadosan saking dhapukaning tembung watak utawi kahanan ingkang gegayutan kalian tembung aran (Padmosoekotjo, 1956: 44). Lelewaning basa sanepa ingkang kapanggihaken ing cakepan menika inggih mekaten.

*Jero ati kuciwa
tak rewangi **nyebrangi samodra**
kapal feri yang jadi saksi
mencari cinta suci. (K2/LN/3)*

Cakepan campursari *Lampung Ngayogya* kanthi nomor K2/LN/3 menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika sanepa. Larik kaping kalih “tak rewangi nyebrangi samodra”. “Nyebrang samodra” ateges penganggit ngginakaken tembung menika supados menapa ingkang dipunlampahi ketinggal kanthi rekaos. “Nyabrang” biasanipun ing papan ing mardi papanipun udi caket. Ananging nyabrang ing cakepan menika kaginaaken kangge papan ingkang sanget wiyar, inggih menika samodra. Tembung menika kalebet ing sanepa amargi kalih tembung menika sampun ajeg panganggenipun. Lelewaning basa sanepa sanesipun mekaten.

*Aja-aja mung kluyuran
pamite kerja sampingan
ning kana **nduwe simpenan** (K3/L/5)*

Cakepan kanthi No. K3/L/5 minangka cakepan tembang campursari *Nglembur*. Larik ingkang pugkasan pada menika “ning kana

nduwe simpenan”. Tembung “nduwe simpenan” ing konteks cakepanipun saged kalebet ing sanepa. Sanajan sanepa menika minangka sinandhi ananging panganggening ing masyarakat ndadosaken kalih tembung menika sampun asring kaginakaken. Tembung menika saged ajeg panganggenipun karena panganggening ing masarakat sampun kangge sandi. Tembung “simpenan” sejatosipun samubarang ingkang dipunsimpen, dipunkajengaken boten wonten tiyang sanes ingkang mangertosi. Ananging simpenan ing konteks, sanes awujud samubarang ananging tiyang. “Nduwe simpenan” ateges gadhah tiyang ingkang dipundhemeni ingkang boten dipunandharaken dhateng umum. Tiyang menika ingkang dados sarana minangka simpenan. Tembung sanepa sanesipun mekaten.

*Ora ngira aku ra ngira
mbiyen seneng dadi nelangsa
manis janji mung ana lambe
saiki pait dadine (K4/N/4)*

Cakepan kanthi nomer K4/N/4 minangka cakepan saking tembang campursari irah-irahan *Nasibku*. Ing pada menika penulis langkung wigati ing ukara kaping tiga inggih menika “manis janji mung ana lambe”. Ukara menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika sanepa. Miturut Subalidinata (1974: 58) sanepa inggih menika paribasa ingkang ngemu suraos pepindhan. Inggih dipunandharaken inggih kahanan utawi sipat.

Tembung “manis janji” minangka tembung ingkang tegesipun ”janji ingkang dipundamel kanthi endah”. Ananging

sasmpunipun ningali konteks bilih tembung “janji manis” menika kangge ngandharaken bab ingkang boten sekeca. Tembung “manis” biasanipun kangge ngandharaken bab ingkang “endah, eca, legem” ananging menawi kangge ngandharaken “janji” maknanipun beda. Tembung “manis” boten ateges “janji ingkang eca” ananging maknanipun kosok walik. Saged mekaten, amargi janji ingkang manis, inggih janji ingkang sekeca anggenipun damel. Satemah, maknanipun janjin justru awrat anggenipun nglampahi. Bab menika saged kalebet ing lelewaning basa *ironi* amargi tembung manis kaandharaken kanthi nyindir. Miturut Surastina *ironi* inggih minangka sindhiran ingkang nyimpen fakta sejatosipun, saha ngandharakan kosok wangsulipun saking fakta menika.¹⁴

Basa kados menika ugi saged kalebet ing lelewaning basa *ironi* amargi mitra tutur ngraosaken bedaning swasana. Kangge madosi bilih tiyang menika nembe nglampai *ironi*, wiwitanipun kedah kanthi jelas kados pundi *ironi* stabil beda saking jinis tuturan sanesipun (Booth, 2007: 3). Bilih tiyang menika nampi tuturan *ironi* kanthi boten beda ing swasananipun ateges *ironi* boten kalampahan kanthi sae. Tuturan kados menika malah ingkang dadosaken gagaling *ironi* amargi tanpa *kesenjangan*.

Kados menawi ing cakupan K4/N/4 bilih penutur ngandharaken “janji manis mung ana lambe”. Menawi mitra tutur

¹⁴ Surastina, *Pengantar Teori Sastra*, Yogyakarta, 2018, h 28.

sasampunipun midhangetaken menika boten kraos menapa–menapa, ateges *ironi* saking penutur menika boten saged kalampahan kanthi sae. Amargi sejatosipun *ironi* menika minangka sindiran ingkang dipunlampahi kanthi alus. Dados dumugining pesen *ironi* menika gegayutan ugi kaliyan pahamipun mitra tutur. Lelewaning basa sanepa ingkang dumunung kalih tembung kanthi ajeg ugi wonten ing cakepan mekaten.

*Terus kumanthil jeroning ati
nalikane rika ngucap janji
gelang alit banjur lali
karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)*

*Adhem kekes ati iki
yen kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)*

Cakepan K5/J/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Janji*. Dene cakepan K17/KPP/2 minangka cakepan tembang *Kidung Pasir Putih* pada kalih. Kalih pada menika nggadhhi gayutan amargi ngginakaken tembung ingkang sami inggih menika “gelang alit”. Pada menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika sanepa. Perangan ukara ingkang kaping tiga inggih menika “gelang alit bajur lali”. Tembung “gelang alit” minangka ungkapan ingkang ngandharaken satunggaling barang inggih menika ali-ali. Gelang menika bentukipun bunder inggih salah satunggaling mas-masan rerenganing badan. Samubarang kados gelang ingkang alit inggih menika “ali-ali”. Biasanipun “ali-ali” minangka samubarang ingkang nyimbolaken asmara. Ukara menika saged

nggadhazi teges bilih mitra tutur sampun supe kalian “ali-ali” ingkang nate dados bab ingkang wigati ing asmaranipun. Tembung “gelang alit” menika sampun ajeg panganggenipun amargi kangge gandharaken satunggaling samubarang “ali-ali” menika. Boten saged dipunperang dados “gelang” mawon menapa “alit” kemawon. Amargi menawi dipunperang boten saged nuwuhaken samubarang inggih menika “ali-ali”. Lelewaning basa sanepa sanesipun mekaten.

*Mbok ya aja prengat –prengut Dhik
Kabeh wis barang kebacut
iwak penyu mangan kadhal
Janjimu Mas mung **janji gombal**. (K11/PP/5)*

Cakepan kanthi nomor K11/PP/5 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Prengat Prengut*. Ing pada menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika sanepa. Larik ingkang pungkasan “janjimu Mas mung janji gombal” kalbet ing sanepa ing tembung “janji gombal”. Sanepa ing tembung menika ngandharaken bilih janji ingkang boten dipuntepati. Tembung “janji” minangka andharan ingkang sipatipun nyakinaken badhe dipun lampahi, ananging nalika janji dipunandharaken kadosta “gombal” tegesipun janji ingkang boten kalampahan. “Gombal” minangka rasukan ingkang biasa dipunangge kangge lap regetan boten saged dipunangge malih. Janji gombal ateges janji ingkang tanpa guna.

Lelewaning basa sanepa menika ugi gegayutan kalian gaya basa *sarkasme*. Miturut Dewi (2017: 6) basa *sarkasme* kalebet basa ingkang paling kasar. Surastina (2018: 28) ugi ngandharaken bilih

sarkasme minangka sindiran ingkang langsung ugi kasar. Ing cakepan menika basa kaandharaken kanthi kasar dening penutur kangge mitra tuturipun. Penutur ngginakaken parikan kangge ngandharaken wos. Sampiran kanthi ukara “iwak penyu mangan kadhal” wosipun “janjimu Mas, mung janji gombal”. Wos kaandharaken kanthi tembung ingkang kasar, inggih kanthi tembung “gombal” kangge ngandharaken janji. Lelewaning basa sanepa sanesipun kapanggihaken mekaten.

*Tan kuciwa
rikma panjang esem pait madu
gawe bingung dhekik pipine katon gingsule
atiku liwung. (K14/GD/2)*

Cakepan K14/GD/2 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nggodha*. Larik kaping kaling ing pada menika “rikma panjang esem pait madu”. Tembung “esem pait madu” saged kalebet ing lelewaning basa sanepa. Esem ingkang “pait madu” nggadhahi makna ingkang sinandhi. Sanepa ing tembung “pait madu” menika saged kalebet ing lelewaning basa *antitesis*. Gorys Keraf (2007) ngandharakbilih *antitesis* dumunung saking ukara ingkang imbang. Ing pada K14/GD/2 menika wujud kosokwangsulipun inggih menika kanthi tembung ingkang berimbang. Wujudipun sanes ukara ananging tembung, antawisipun “pait” saha “madu”.

Ing ukara ingkang sepisan kapanggihaken lelewaning basa *antitesis*. Wonten kalih tembung ing maknaipun beda ing tembung “pait madu”. “Madu” minangka samubarang ingkang raosaipun sanget

manis, dene ing ukara menika madu dipunandharaken kanthi “pait”. Tegesipun saking kalih tembung menika nggadahi makna ingkang kosok wangsul. Penutur ngandharaken bab menika bilih dereng mangertos mitra tutur menika sejatosipun “pait” menapa “madu” saged ateges raosipun remen ananging ulatipun boten remen, utawi sewangsulipun. Lelewaning basa sanepa ugi kapanggihaken mekaten.

*Nalika jaman samana Cah Ayu
Aku pamit mring sliramu
Aku pamit **ngudi ngilmu**
Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)*

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/1 menika minangka pada sepisan saking cakepan tembang *Ninggal Janji* anggitanipun Dhimas Tedjo. Kapanggihaken lelewaning basa sanepa ing tembung “ngudi ngilmu”. Tembung ngudi ngilmu ateges pados seserepan ingkang biasanipun saged ugi dipunwastani sekolah/kuliah. Tembung menika sampun ajeg panganggenipun satemah kangge ngandharaken tiyang ingkang nuntut ilmu. Ing konteks pada menika ngandharaken bilih panutur pamit dhateng mitra tutur kangge kesah pados seserepan. Tembung sanesipun mekaten.

*Nglabuhi bumi pertiwi
kakang dadi prajurit sejati
ing manca kakang makarya
njaga aman lan tentreming nagri (SB18/SL/2)*

Cakepan kanthi nomor SB18/SL/2 minangka pada kalih tembang campursari *Sedulur Lanang*. Larik sepisan saking cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa sanepa. “Nglabuhi bumi pertiwi” minangka tetembungan ingkang ingkang sampun ajeg

panganggenipun. Tembung “labuh” tegesipun pakaryan ingkang dipunlampahi minangka tugas negara kanthi papan segara. Purwadarminto (1939: 254) negesaken tembung “labuh” minangka pakaryan ndamel jasa, utawi ngetohaken jiwa raga. “Nglabuhi bumi pertiwi” minangka tetembungan ingkang dipunginakaken kangge nyebut objek “nagri”. “Nglabuhi bumi pertiwi” ateges pakaryan ingkang minangka tugas negara papanipun ing segara, kadosta profesi TNI. Salajengipun ing pada tembang *Sedulur Lanang* ugi kapanggihaken lelewaning basa sanepa.

*Abot ngayahi kewajiban
kakang dadi abdi negara
ning ndesa aku ndedonga
yen wis rampung enggal bali.*(SB18/SL/4)

Cakepan SB/SL/4 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada kasekawan kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Ukara kaping kalih inggih menika “kakang dadi abdi negara”. Ukara menika kalebet ing lelewaning basa sanepa amargi ngginakanen tetembungan ingkang ajeg. “Abdi negara” mianangka profesi ingkang nggadhahi pengaruh tumrap negara. Konteks ing ukaranipun, “abdi negara” saged dipuntegesi pakaryan ingkang dipuntugasaken dening pemerintah negaranipun. Penutur ngaturaken bilih paraga (mitra tutur) minangka sedherek ingkang nembe nglampahi pakaryan dados abdi negara.

Ukara ingkang sepisan “abot ngayahi kewajiban” saged kalebet ing lelewaning basa *metafora*. Tembung kewajiban minangka

satunggaling pakaryan. Dene “abot” minangka tembung sipat ingkang kangge ngandharaken samubarang. Kasus kados menika kados ing panalitenipun Hoover (2016: 6) bilih manggihaken *metafora* ing tembung “*building*” kanthi tembung “*undercuts*”, “*bolster*”, “*bolstered*”, “*undermines*”, “*rests*”, saha “*reinforces*”. Satemah tembung-tembung ingkang kados mekaten saged kalebet ing *metafora* amargi bedaning panganggenan struktur basanipun.

b. *Stilistika Pragmatik* saking Segi Tindak Tutur

Miturut Searle (1980: 28) tindak tutur saged arupi basa verbal saha non verbal, kaginakaken kangge ngandharaken, mrediksi, janji, ngucap pernyataan, saha nyuwun. Tindak tutur ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika *asertif*, *direktif*, *komisif*, saha *evaluatif*. Tindak tutur *deklaratif* boten kapanggihaken ing wacana teks menika, amargi minangka tuturan ingkang sipatipun ngiket penutur saha mitra tutur ing satunggaling institusi masarakat, tuladhanipun dhawahaken piukuman, ndhawahaken keputusan PHK, saha tuturan janji nikah. Bab menika boten kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo. Dene tindak tutur ingkang kapanggihaken kados mekaten.

a. *Asertif*

Tindak tutur *asertif minangka* tindak tutur ingkang ngiket penutur bab leresipun ingkang dipunngendikakaken. Miturut Searle (1981: 38) bilih asertif menika mekaten.

We will call the illocutionary verbs with name an assertive illocutionary force assertives. Some english assertives are assert, claim, argue, assure, predict, report, inform, admit, remind, testify, confess, conjecture, guess, state, hypothesize, swear and insist.

Searle ngandharaken bilih asertif minangka kata kerja *ilokusi*. Tuturan ingkang kalebet ing *asertif* inggih menika ngandharaken, njlentrehaken, nyekseni, nglaporaken. *Asertif* ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kathah, mekaten.

*We e e e e sabar cah ayu
aku mesthi ngelamar sliramu
yen tak lamar oh yes oh no iku jawabmu (K1/OY/03)*

Cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Oh Yes Oh No (K1/OY/03)* dumunung saking tindak tutur *asertif*. Nurhadi (2019: 473) ingkang ngandharaken bilih *asertif* dumunung saking *verba performatif* kangge ngandharaken. Saged dipunlebetaken ing tindak tutur *asertif*, amargi ngandharaken negesaken bilih penutur “mesthi nglamar”. Maringi pepesthen bilih badhe saestu paraga putri badhe dipunlamar dening paraga putra (penutur). Cakepan candhakistanipun ugi minangka jawaban saking lamaran penutur ingkang sampun kaandharaken piyambak, “Yen tak lamar *Oh Yes Oh No*”. Bab wangsulan mitra tutur menika boten negesaken bilih kekajenganipun penutur badhe dipunparingi wangsulan “yes” ingkang artinipun “inggih”. Ananging ugi wonten tembung “No.” ingkang tegesipun “mboten”. Kanthi mekaten wangsulan

menika boten minangka prasangka kekajenganipun panutur, amargi dipunandharaken kanthi sejajar.

*Aku juga uwis ora tahan
ingin duduk di pelaminan
berduaan oh yes oh no enak tenan.* (K1/OY/04)

Cakepan kanthi nomor K1/OY/04 dipunandharaken dening penyanyi putri. Pada menika minangka wangsulane saking pada saderengipun. Kalebet ing lelewaning basa *asertif* amargi penutur njlentrehaken perangan-perangan nalika krama kados menaten: “aku wis ora tahan”; “ingin duduk di pelaminan”; “berduaan”; “enak tenan”. Ing pada cakepan menika nggonakaken saperangan alih kode, inggih ngginakaken basa Inggris menapa dene bahasa Indonesia. Penutur njlentrehaken bilih sampun boten tahan, ingin lenggah tiyang kalih. Jlentrehan menika minangka panjangka bilih penutur sampun kepengen anggenipun gesang bebrayan. Tindak tutur kados menika miturut Nurhadi (2019: 473) kalebet ing *asertif* ngandharaken, amargi minangka *verba performatif* ngandharaken. Wosipun ngandharaken dhateng mitra tutur bilih sampun mboten tahan anggenipun gesang bebrayan. Tindak tutur *asertif* kapanggihaken ing cakepan tembang *Februari*.

*Nyatane saiki sliramu nyidra janji
lunga tanpa pamit medhot tresna kang suci* (K7/F/2)

Cakepan tembang *Februari* kanthi nomor K7/F/2 menika nggadhahi tindak tutur *asertif*. Kaandharaken ing tembung wiwitan “nyatane” ateges kayunyanipun. Kalebet ing *asertif* amargi minangka

andharan “nglaporaken”. Tembung “nyatane” minangka saged kalebet ing “nglaporaken” amargi minangka andharan ingkang dipundamel sasampunipun nglampahi satunggaling bab. Satemah *asertif* menika minangka bab dudutan penutur tumrap menapa ingkang sampun kalampahan. Ing tembang *Wiwit ngidham* ugi kapanggihaken tindak tutur *asertif*.

Eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?

Ora mesem prengat prengut, apa meneh ngguyu

Lara apa Dhik mbok ya blaka wae

sapa ngerti aku duwe tambane (K8/WN/1)

Cakepan K/WN/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Wiwit Ngidham*. Ing cakepan menika kapanggihaken tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* inggih minangka andharan saking penutur tumrap mitra tuturipun. Miturut pamanggih Nurhadi (2019) menika kalebet ing *asertif* “*menunjuk*” amargi minangka *verba performatif* nunjuk ing satunggaling bab.

Ing cakepan menika penutur nunjuk bilih “penutur lesu, ora mesem, prengat-prengut”. Andharan menika dumunung ing ukara kaping pisan saha kalih. Penutur ngandharaken ngginakaken wujud pitakenan “eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?”. Penutur ugi ngandharaken gambaran mitra tutur nalika ing swasanipun. Penutur ugi ngandharaken bilih mitra tutur nembe gerah, “lara apa Dhik mbok ya blaka wae, sapa ngerti aku duwe tambane”. Andharan ingkang

ngandharaken bab mitra tutur menika minangka tindak tutur *asertif*.

Sanesipun tindak tutur *asertif* kados mekaten.

*Coba mriki mas kula kepingin kandha
awak lungkrah krasa lemes wis meh telung ndina
pingin mangan Mas rasane ra doyan
saben esuk kok wis pingin rujakkan. (K8/WN/2)*

Cakepan K/WN/2 menika ngginakaken tindak tutur *asertif*.

Cakepan minangka andharan saking penutur putri tumrap mitra tutur (kakungipun). Kalebet ing tindak tutur *asertif* amargi ngginaaken *verba performatif* inggih menika ngandharaken. Miturut pamanggih Mauro (2020: 5) bilih tindak tutur *asertif* minangka pakaryan ingkang nganggep menika leres. Kados ing pada cakepan menika penutur ngandharaken saperangan bab ingkang dipunraosaken awakipun piyambak. Wos andharanipun inggih menika “awak lungkrah krasa lemes wis meh telung dina” tegesipun paraga sampun ngraosaken awak ingkang lungkrah tigang dinten. Andharan sanesipun dumunung ing ukara candhaipun inggih menika “pingin mangan Mas rasane ra doyan, saben esuk ingin rujakkan”. Tegesipun ukara pungkasan menika bilih penutur ngraosaken ingin dhahar ananging boten kersa, kersanipun namung rujakkan saben enjang. Tindak tutur *asertif* ugi kapanggihaken ing tembang *Wiwit Ngidham* mekaten.

*Yen estu kangmas napa kersane
putra mbarep niki samangke
lanang wadon ya dhik ya iku padha wae
ning aja lali cukup loro tembe mburine* (K8/WN/4)

Cakepan kanthi nomor K/WN/4 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Campursari* kanthi irah-irahan *Wiwit*

Ngidham. Pada menika minangka andharan, jlemtrehan satemah kalebet ing tindak tutur *asertif*. Dipunandharaken ing teks bilih “Yen estu napa kersane, putra mbarep niki samangke” tegesipun penutur ngendika bilih menapa panjangkanipun, dhumateng putra ingkang dipunkandhut. Miturut Nurhadi (2019: 473) kados menika kelebt ing *asertif* amargi ngginakaken *verba performatif* inggih menika nunjuk. Andharan nunjukking calon putra mbarep ingkang dipunwicantenaken.

Andharan candhakistan ugi ing ukara “lanang wadon iku padha wae, ning aja kali cukup loro tembe mburine” ateges punutur ngendika bilih putra menapa putri bayi ingkang dipunkandhut dening mitra tutur, menika sami mawon, ingkang baken inggih benjang panjangkanipun putranipun kalih mawon. Jlentrehan menika malebet ing tindak tutur *asertif*. Pada *asertif* sanesipun kados mekatan.

Awan awan Mas ampun sarungan

Rina wengi mung tansah dadi pikiran

awan –awan Mas aja ngunjuk degan

Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K12/S/3)

Cakepan K12/S/3 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo, kanthi irah-irahan Sesandhingan. Pada menika dumunung saking kalih parikan. Dene panyerat badhe mendhet wosing parikan kangge dipunanalisis. Ukawa wong inggih ing ukara kaping tiga saha kaping sekawan. *Stilistika pragmatik* ingkang kapanggihaken inggih menika tindak tutur *asertif*. Ukara wong saking parikan menika minangka *spekulasi* bilih penutur ngandharaken satunggaling bab. “Rina wengi mung tansah dadi pikiran” saha “atiku

bunga rasane yen sesandhingan” minangka bab ingkang dipunandharaken. Kalebet ing *asertif* amargi penutur ngandharaken bab ingkang dipunraosaken bilih tansah mikiraken mitra tutur saha bungah menawi sesandhingan. Cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo sanesipun ingkang kapanggihlahen tindak tutur *asertif* kados mekaten.

Wis pitung sasi aku ngenteni
nahan rindu lan kangene ati
ngetung dina nganti sasi
nanging kangmas ora bali-bali (K13/TK/2)

Pada kalih tembang *Tembang Kangen* kanthi nomor K13/TK/2 menika kapanggihaken tindak tutur *asertif*. Penutur ngandharaken prastawa ingkang nate dipunalami. Penutur njentrehaken kanthi wiwitan “wis pitung sasi aku ngenteni”. Ing pada menika, penutur ngandharaken bilih ngraosaken kangen dhateng mitra tuturipun. “Nahan rindu lan kangene ati”. Ing pada menika ugi kapanggihaken lelewnaing basa *klimaks*. Larik katiga cakepan menika “ngetung dina nganti sasi”. Tembung “dina” minangka katrangan wekdal ingkang dumunung saking sekawan likur jam. Tembung “sasi” minangka katrangan wekdal ingkang dumunung saking tigang dasa, menapa dene tigang dasa setunggal dinten. Tembung “dina” salajengipun dipunandharaken tembung “sasi” minangka katrangan saking wekdal ingkang sekedik dhateng wekdal ingkang langkung kathah. Pada tindak tutur *asertif* sanesipun mekaten.

Nalika jaman samana Cah Ayu
Aku pamit mring sliramu
Aku pamit ngudi ngilmu

Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/1 menika minangka pada sepisan saking cakepan tembang Ninggal Janji anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing cakepan menika wosipun minangka jlentrehan saha andharan penutur menapa ingkang sampun nate dipun lampahi. “Nalika jaman samnaa, aku pamit mring sliramu, aku pamit ngudi ngilmu, banjur lunga ninggalke desaku” minangka andharan utawi deskripsi. Andharan menika saged kalebet ing tindak tutur *asertif*. Pada sanesipun kados mekaten.

Mung telung taon lawase Cah Ayu

Dhek semana nate janji

Prasetya tulus ing ati

Nunggu aku bebrayan nyawiji (K15/NJ/2)

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/2 minangka pada ingkang kaping kalih saking tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika *Ninggal Janji*. Pada menika arupi jlentrehan penutur awit menapa ingkang sampun nate dipunalami. “Dhek semana nate janji, presetya tulus ing ati, tunggu aku bebrayan nyawiji” kalebet ing jlentrehan. Janji ingkang dipunandharaken penutur kalebet ing tindak tutur *asertif* inggih menika ngandharaken “dhek semana” ateges nalika semana. Tembung janji minangka andharan, sanes arupi pakaryan ingkang badhe dipunlampahi satemah boten saged kalebetaken ing tindak tutur *komisif*. Janji ing mriki sampun dipunlampahi dening penutur satemah andharan minangka pakaryan nglampahi janjinipun.

Banget kaget ing atiku Cah Ayu

bareng ketemu sliramu

*ora nyana aku ora ngira
Sliramu tega ninggal palakarama. (K15/NJ/4)*

Cakepan nomor K15/NJ/4 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Ninggal Janji*. Ingkang paling *dominan* ing pada menika inggih minangka tindak tutur *asertif*. Penutur nggadha andharan cariyos ingkang dipunraosaken. “Banget kaget ing atiku Cah Ayu” penutur ngandharaken raosing manahipun ingkang kaget kalian kahanan. “Bareng ketemu sliramu, ora nyana aku ra ngira, sliramu ninggal palakrama”, ateges penutur nyariosaken bilih dipuntilar palakrama dening mitra tutur. Pada tindak tutur *asertif* sanesipun mekaten.

***Ing wengi iku
Nalikane, aku pisan ketemu
tak untapke sliramu pamit aku
pamitmu bali ning kuthamu (K16/ST/1)***

Cakepan kanthi nomor K/ST/1 minangka pada sepisan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Stasiun Tugu*. Pada menika minangka jlentrehan andharan ingkang dipunalami dening panutur. Kalebet ing tindak tutur *asertif*, amargi pada menika wosipun andharan utawi deskripsi. “Nalikane pisan ketemu, tak untapke sliramu pamit aku, pamitmu bali nang kuthamu” arupi deskripsi. Penutur ngandharaken bilih nembe sepisan ketemu kaliyan mitra tutur, salajengipun mitra tutur pamit badhe wangsul ing kithanipun.

***Sepining ati
nalikane ing wengi kuwi
ora ngira tumetes eluh ing pipi
Dhuh sliramu kapan bali (K16/ST/2)***

Tembang campursari *Stasiun tugu* kanthi nomor K16/ST/2 minangka cakepan pada ingkang kaping kalih. Cakepan menika aripi jlentrehan. “Sepining ati, nalikane wengi kuwi, ora ngira tumetes eluh ning pipi, dhuh sliramu kapan bali” miangka jlentrehan saking penutur bab menapa ingkang nembe dipunadhepi. Penutur kanthi ngandharaken, bilih raosing manah nembe sepi. Saged ugi ngraosaken kangen inggih saking tembung “sliramu kapan bali”. Jlentrehan andharan kados menika kalebet ing tindak tutur *asertif*. Pada *asertif* sanesipun kados mekaten.

***Sepi sepi jroning ati
dina dina kang kula lampahi
tansah setya nganti- anti
kondur ndika pepujaning ati*** (K17/KPP/1)

Cakepan K/KPP/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah –irahan *Kidung Pasir Putih*. Pada sepisan menika ngginakaken tindak tutur *asertif*. Basa ingkang dipunginakaken arupi jlentrehan bab menapa ingkang dipunlampahi. Penutur ngandharaken “ sepi jroning ati, dina kang kula lampahi, tansah setya nganti-anti, kondur ndika pepujaning ati”. Ukara menika minangka jlentrehan bilih panutur ngraosaken sepi ing manapun amargi dipuntilar dening mitra tutur. Penutur ngantu-antu anggenipun kondur mitra tuturipun. Tindak tutur *asertif* sanesipun kados mekaten.

***Nadyan ta dikaya ngapa
nanging ati ora bisa lali
wis suwe dha pepisahan
dulur lanang sing tak tresnani.*** (SB18/SL/1)

Cakepan SB18/SL/1 minangka tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Tembang menika kalebet ing tema sosial budaya. Cakepan pada kepisan kalebet ing lelewnaing basa tindak tutur *asertif*. Wosing cakepan arupi andharan. Tembung sepisan ngginakaken “nadyan”, “nadyan ta dikaya ngapa, nanging ati ora bisa lali. Tembung “nadyan” kalebet ing lelewaning basa *kontradiksi interminis*. Ing ukara menika dumunung saking kalih klausa ingkang sipatipun kosok balen. *Tegesipun* pada menika, bilih panutur minangka tiyang ingkang kangen dhateng sedherekipun (dulur lanang). Sampun dangu boten pepanggihan satemah boten saged supe dhateng sedherekipun. Andharan ing pada setunggal tembang *Sedulur Lanang* menika wosipun jlentrehan bab raosing manah penutur emut ing sedherekipun. Sanesipun asertif kapanggihaken mekaten.

***Dhek mbiyen tansah kelingan
bocah loro bareng dolanan
menyang sawah nandur pari
adus bareng aneng kali (SB18/SL/3)***

Cakepan kanthi nomor SB18/SL/3 minangka cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Cakepan menika dumunung saking jlentrehan satunggaling bab. Pada ketiga tembang *Sedulur Lanang* menika kalebet ing tindak tutur *asertif*. “Dhek mbiyen tansah kelingan, bocah loro dolanan, menyang sawah nandur pari, adus bareng ning kali” ukara menika minangka jlentrehan. Penutur njlentrehaken prastawa nalika jaman alit sesarengan kaliyan sedherek kakungipun. Asring dolan sesarengan, ing sawah nandur pantun, saha

adus sesarengan minangka jlentrehan cariyos ingkang nate dipunalami dening panutur. Pada tindak tutur *asertif* sanesipun kados mekaten.

***Wanci esuk mangkat bebarengan
manggul luku nggarap tegalan
guyub rukun ora ana beda
subur makmur iku kang jinangka.*** (SB19/KT/2)

Cakepan kanthi nomor SB19/KT/2 minangka cakepan tembang Kanca Tani pada kalih. Ing pada menika minangka jlentrehan pakaryan ingkang dipunlampahi dening para tani. “wanci esuk mangkat bareng, manggul luku nggarap tegalan, guyub rukun ora ana beda, subur makmur iku kang jinangka”. Sekawan larik menika minangka andharan penutur bilih ngandharaken para tani dhateng sabin wanci enjang, kanthi manggul luku kangge nggarap tegalan. Pakaryan menika dipungrap kanthi guyub rukun, panjangkanipun taneman saged subur makmur. Cakepan menika, minangka jlentrehan cariyos penutur bab pakaryan para tani ingkang tansah guyub rukun nggarap tegalan sesarengan.

b. *Direktif*

Tindak tutur *direktif* minangka tindak tutur ingkang sipatipun supados mitra tutur nglampahi pakaryan bab ingkang dipunngendikakaken. Ingkang kalebet ing tindak tutur menika inggih menika “ngejak”, “meksa”, “nyuwun”, “ndhesek”, “ndhawuhi”, saha “nantang”. Andharan dening Dada bilih mekaten.

*Directives, which are attempts with varying degrees of force to get the addressee to do something. These acts direct somebody to do something.*¹⁵

Tindak tutur *direktif* minangka tindak tutur ingkang dipunkajengaken kanthi saestu dening penutur supados mitra tutur saged ngrespon kanthi nglampahi pakaryan saking bab ingkang dipunandharaken. Cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo ingkang kalebet ing *direktif* mekaten.

*Aku isa lara ati yen nganti ngapusi
ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu
cinta sehidup semati sampai kaki nini.*(K1/OY/05)

Cakepan K1/OY/05 minangka cakepan tembang *Oh Yes Oh No* ingkang pada pungkasan. Pada menika mlebet ing tindak tutur *direktif*. Kalebet ing tindak tutur *direktif* amargi minangka ajakan saking penutur dhateng mitra tutur kangge gesang bebrayan. Dumunung saking ukara “ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu”. Andharan menika dipunaturaken saking penyanyi kakung dhumateng ingkang putri. Ing bab menika ugi wonten alih kode saking “donga pangestu” dados “doa restu”. Bab menika asring dipunginakaken penganggit kangge nambahi grengseng para pamireng, senajan basanipun dipuncampur. Pada sanesipun mekaten.

*Mangga –mangga ning puskesmas bebarengan
kula niki Mas, ben dipriksa Bu Bidan
Seneng tenan Dhik atiku bungah tenan
aja-aja sliramu wiwit ngidham.* (K8/WN/3)

¹⁵ Samuel Ayodele Dada. *A Pragma-stylistic Analysis of John 3:16*. 2012, Nigeria, h 86.

Cakepan kanthi nomor K8/WN/3 menika miangka cakepan campursari dhimas tedjo kanthi irah-irahan Wiwit Ngidham. Ing pada menika ukara sepisan ngginakaken ukara perintah ingkang ndadosaken mitra tutur menapa dene penutur nglampahi pakaryan. Mituru pamanggih Black (2016: 46) bilih *direktif* ingkang dipunkajengaken dhateng pamaos, jarang kaandharaken ing narator, amargi pemaos ing sakjawinipun komunikasi. Satemah ing sastra tembang pada menika penutur (putri) mligi ngejak dhateng mitra tutur (kakung), dene pemaos boten kalebet ing perangan menika.

Stilistika pragmatik kados mekaten kalebet ing tindak tutur *direktif*. Penutur nyuwun dhumateng mitra tutur supados “mangga-mangga ning puskesmas bebarengan” ateges ngejak dipundherekaken ing puskesmas. Tindak tutur *direktif* sanesipun mekaten.

*Kecipir ungu kembange Mas
wong dipikir ora nggape
janjane niku kepiye
tak enteni kelakon janjine* (K11/PP/2)

Cakepan kanthi nomor K11/PP/2 menika kalebet ing tindak tutur *direktif*. Searle (1981: 39) ngendikakaken bilih *direktif* miangka kata kerja *performatif* inggih antawisipun nyuwun (*request*), nyuwun pirsa (*ask*), pesen (*order*), marentah (*command*), nyenyuwun (*solicit*), *menghasut* (*incite*), ngundang (*invite*), nyuwun saran (*beg*), nyaranaken (*suggest*), (*advise*), nyaranaken (*recommend*), nyabut (*supplicate*), nyuwun (*entreat*), donga (*pray*). Kados ing pada cakepan menika

kalebet ing tindak tutur *direktif* amargi ngginakaken *verba performatif* inggih menika pesen (order) inggih ing larik pungkasan.

Penutur ngandharaken bab ingkang minangka dheseke mitra tutur kangge nglampahi pakaryan inggih kanthi *order*. Ukaranipun “janjine niku kepiye/ tak enteni kelakon janjine”. Penutur ndheseke supados mitra tutur nglampahi janjinipun. *Kritik sosial* ingkang wonten inggih bilih andharan menika kaandharaken kanthi langsung. Penutur ngginakaken basa ingkang entheng satemah tegesipun langsung ketawis. Ukaranipun ugi ngginakaken ukara kanthi langsung. Cakepan sanesipun ingkang kalebet ing tindak tutur *direktif* inggih mekaten.

*Hehehe sing mangkel aja mrengut he
hehehe ayo dha padha mesem he
awak lungkrah ngunjuk jahe
sirah pusing mikir utang he
bergoyang ser ser mesthi lali he. (SB20/GJB/2)*

Cakepan SB20/GJM/2 minangka pada kalih tembang Goyang Jape Methe. Ing pada menika kalebet ing tindak tutur *direktif*. Saged mekaten amargi wosipun sipatipun ajakan. Ukara pokok ing pada menika dumunung ing larik kalih inggih menika “hehehe ayo dha padha mesem le”. Tembung “ayo” minangka tembung pokok kangge ngajak. Penutur ing pada menika ngajak mitra tutur kangge gummyak. “Ayo dha padha mesem he” tegesipun ngejak mitra tutur kangge bingah kanthi mesem. Dipunandharaken ugi ing larik sanesipun, bilih menawi awak lungkrah ngunjuk jahe. Menawi mumet mikir utang, dipunajak “goyang” supados supe.

Miturut pamanggih Nurhadi (2019: 473) bilih tindak tutur *direktif* kalebet ing *verba performatif* kadosta merentah (comanding), nyenyuwun (requesting), nuturi (advising), saha maringi saran (recommending). Dene ing cakupan SB20/GJM/2 menika saged kalebet ing *direktif* marentah (comanding). Tindak tutur *direktif* ugi kanthi cetha dipunandharaken kanthi lelewaning basa *repetisi* kados mekaten.

Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene
ne kene kene kene saya tunggu sawerane
ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame
ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJB/3)

Pada pungkasan tembang Goyang Jape Methe kanthi nomor SB/GJM/3 kapanggihaken lelewaning basa *repetisi* ugi maknanipun kalebet ing tindak tutur *direktif*. Kados ing pamanggih Clancy (2019: 129) bilih *direktif* kupiya penutur supados mitra tutur nglampahi pakaryan. Ing pada menika kapendhet saking larik sepisan inggih menika “Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene”. Tembung “kene” kalebet ing tindak tutur *direktif* amargi sipatipun “ngejak”. Penutur ngejak mitra tutur kangge nyedhak kangge rame-rame. Tindak tutur kados menika kalebet ing marentah (comanding) amargi kanthi marentah supados mitra tutur saged “nyedhak”.

c. *Komisif*

Tindak tutur *komisif* minangka tindak tutur ingkang ngiket penutur kangge nglampahi saperangan bab ingkang dipunandharaken. Tindak tutur menika kadosta “janji”, “sumpah”, “ngancem”, “sagah”.

Dada (2012: 87) ngandharaken bilih *komisif* penutur kangge nglampahi pakaryan ing wekdal sasmpunipun ngendika ing tuturan menika. Ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih, ingkang kalebet tindak tutur *komisif* inggih mekaten.

***Aku ra bakal lali
senadyan ta tumekaning pati
cintaku dan cintamu
senadyan ora nyawiji.*** (K2/LN/4)

Cakepan kanthi No. K2/LN/4 inggih ngginakaken tindak tutur *komisif*. Tuturan penutur menika ngiket penutur kangge nglampahi menapa ingkang dipunandharaken. “Aku ra bakal lali” senadyan “tumekaning pati” ateges penutur boten badhe supe dumugi pejah. Ing konteks pada menika penutur ngandharaken bilih boten badhe nyupekaken asmaranipun senajan boten saged nyawiji. Ing pada menika ugi dumunung saking lelewaning basa *kontadiksi interminis* amargi ngginakaken konjungsi senadyan. Ukara candhkipun “cintaku dan cintamu” senadyan “ora nyawiji”, ugi ngginakaken konjungsi senadyan. Tembung “senadyan” minangka tembung panggandheg satemah saged mlebet ing *kontadiksi interminis*. Dene tindak tutur *komisif* sanesipun ingkang kapanggihaken inggih menika.

***Eling-eling nalikane
bebarengan janji pasetyane
slendhang ungu titipane
tali tresna kanggo salawase.*** (K5/J/2)

Cakepan nomor K5/J/2 minangka pada ingkang ngandharaken janji. Andharan menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Ukara kaping kalih dumugi sekawan minangka ucap janji. “Bebarengan

janji pasetyane” tegesipun sesarengan ngucap janji setya antawisipun pasangan menika. Ukara candhkipun, “slendhang ungu titipane” minangka tandha bilih samubarang minangka seksi tandha asmara. Ukara ingkang pungkasan “tali tresna kangge salawase” tegesipun rasa tresna kangge salami-laminya. Ketiga ukara menika minangka ukara janji antawisipun penutur saha paraganipun. Kanthi tegas ugi wonten ing cakepan tembang *Prengat Prengut* mekaten.

*Numpak dhokar rodhane telu
sing sabar aja kesusu
mesthi kelakon janjiku* (K11/PP/3)

Miturut Black (2016: 48) ngandharaken bilih tindak tutur komisif (*commisive*) inggih minangkan tindakan ingkang saged dadosaken penuturipun kangge ngiket nglampahi pakaetan ing tembe wingkingipun. Cakepan kanthi nomor K11/PP/3 menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Penutur ngandharaken satunggaling bab ingkang badhe dipunlampahi piyambak. Ukara ketiga “mesthi kelakon janjiku” minangka ukara ingkang janjeni. Penutur ngandharaken bilih badhe nglampahi janji ingkang sampun nate dipundamel kaliyan mitra tutur. Tindak tutur *komisif* ugi wonten ing cakepan tembang *Sesandhingan*.

*Kicir-kicir Dhik lagune melayu
lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu
Aja kuwatir Dhik sajroning atimu
setya lan tresnaku kanggo sliramu* (K12/S/2)

Miturut Searle (1981: 39) milik kata kerja *komisif* menika arupi komitmen (*commit*), janji (*promise*), ngancam (*threaten*), nerima (*accept*), janji (*pledge*), sumpah (*vow*), sarujuk (*consent*), perjanjian

(*covenant*), saha njamin (*guatante*). Cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan sesandhingan nomor K12/S/2 menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Saged menaken amargi kalebet ing njamin (*guarante*) saking tembung “aja kuwatir”.

Wujud cakepan minangka parikan, inggih menika pantun basa jawa. Dipuntingali saking wosing parikan inggih ing ukara kaping tiga saha sekawan, kapanggihaken ukara ingkang ngiket penutur kangge nglampahi menapa ingkang dipunngendikaaken. “Aja kuwatir Dhik sajroning atimu, setya lan tresnaku kanggo sliramu” ukara menika sipatipun nyakinaken. Panutur ngyakinaken mitra tutur kanthi tembung “aja kuwatir”. Kalebet ing tindak tutur *komisif* amargi penutur badhe nglampahi saperangan bab kangge ngyakinaken mitra tuturipun inggih kanthi “setya lan tresna”.

d. *Ekspresif/ Evaluatif*

Tindak tutur *ekspresif/ evaluatif* minangka tuturan ingkang minangka evaluasi bab ingkang dipunandharaken. Tindak tutur menika kadosta “ngucap sugeng”, “ngeluh”, “nyanjung”, “muji”, “ngritik”. Ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo, ingkang kalebet tuturan menika, mekaten.

*Wis setahun lawase
ora tahu keprungu kabare
kaget rasa atiku
keprungu apa aturmu/ (K2/LN/1)*

Cakepan K2/LN/1 minangka cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan Lampung Ngayoja. Cakepan pada satunggal menika kalebet ing tindak tutur *ekspresif*. Kalebet ing tindak tutur *ekspresif* amargi minangka evaluasi saking menapa ingkang dipuntindaki dening mitra tuturipun. Kados ing andharan Dada (2012: 87) mekaten.

*Expressives, which express the psychological state of the speaker with respect to the proposition. Expressive acts simply express the feelings/inner state of the speaker.*¹⁶

Tindak tutur *ekspresif* menika gegayutan kalian ekspresi *psikologis* penutur bab menapa ingkang dipunandharaken. Tindak tutur menika wujud ekspresi raosing batin penutur. Ing cakepan K2/LN/1 menika minangka ekspresi penutur bilih penutur ngraosaken “kaget” bab kabar saking paraganipun. “Kaget rasa atiku, bareng keprungu aturmu”. Paraga kakung minangka penutur ngraosaken kaget saampunipun pikantuk kabar saking praganipun. Tindak tutur *ekspresif* pada sanesipun mekaten.

***Dhuh Gusti kang Kuwasa
paringana kuat batin kula
najan Lampung Ngayoja
ora bisa nyawijekke tresna. (K2/LN/5)***

Pada cakepan ingkang pungkasan saking tembang campursari Lampung ngayoja menika, kalebet ing tindak tutur *ekspresif/evaluatif*. Miturut Black (2016: 44) bilih tindak tutur *ekspresif* minangka tindak tutur ingkang saged nunjukaken sikep saking penutur. Ing cakepan

¹⁶ Samuel Ayodele Dada. *A Pragma-stylistic Analysis of John 3:16*. 2012, Nigeria, h 87.

menika kapendhet saking ukara kapisan. “Dhuh Gusti” minangka tuturan ingkang kalebet ing tuturan “pasrah”.

Kalebet ing *evaluatif* amargi pasrah minangka tindak tutur ingkang minangka *evaluasi* saking lampahan pakaryan. Lampahan pakaryan ing cakepan kasebut mboten kados ingkang dipunkajengaken. Menapa malih usaha ingkang sampundipunlapahi boten sebandhing kaliyan asilipun. Saged dipuntingali saking cakepan saderengipun, bilih penutur ingkang minangka penyanyi kakung, sampun madosi dhateng mitra tutur putri kanthi jarak ingkang tebih. Asil saking madosi kala wau bilih mitra tuturipun sampun pikantuk priya sanesipun. Bab “pasrah” kaandharaken dhateng penutur/ penyanyinipun. Pada saking tembang *Nglembur* kapanggihaken tindak tutur menika ugi kados mekaten.

*Wancine jam siji bengi **adhuh Kangmas**
anggonku sabar ngenteni
ngantu-antu kondur ndika
nganti ndalu dereng saking makarya (K3/L/1)*

Cakepan kanthi No. K3/L/1 saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nglembur*. Cakepan menika minangka cakepan ing pada setunggal, kawiwitan penutur/penyanyi minangka paraga putri. Pada menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi wosipun minangka “nggersula”. “Nnggersula” saged kalebet ing “nyalahaken” inggih ingkang dipunlampahi boten sebandhing kalian asilipun. Kados pamanggih Nurhadi (2018: 475) bilih tindak tutur *ekspresif* minangka *verba*

performatif inggih menika maringi sugeng, matur nuwun, bela sungkawa, nyalahaken, saha muji. Cakepan ing pada menika kalebet ing “nyalahaken”.

Paraga kekalih minangka paraga gesang bebrayan. Saged dipunwastani mekaten amargi dipunpendhet saking konteks paraga saha pakaryan ingkang wonten ing cakepan tembang menika. Kados ing pamanggih Nais (2020: 10) ing panalitenipun bab potret wanita, bilih tembung panggantos “you”, “he”, saha “his wife” ngrujuk bilih wonten konteks gesang bebrayan utawi “pernikahan” antawisipun paraga.

Ukara “wancine jam siji bengi” saha “nganti ndalu dereng saking makarya” minangka ukara ingkang nggersula antawisipun paraga. Bab menika kalebet ing satunggaling prastawa ingkang mesthi wonten ing gesang bebrayan. Paraga putri nyalahaken paraga kakung ingkang dumugi ndalu dereng kondur. Menapa ingkang dipunkajengaken bilih keng garwa kondur saking makarya, ananging dumugi ndalu dereng saged kondur. Mliginipun tiyang makarya menika ing wayah siyang, tembung ing cakepan dipunandharaken bilih paraga makarya dumugi ndalu. Menapa malih paraga putri ngantu-antu rawuhipun keng garwa ingkang makarya boten samesthinipun. Tindak tutur *evaluatif* sanesipun mekaten.

*Wancine jam siji bengi **adhuh Kangmas**
anggonku sabar ngenteni
ngantu-antu kondur ndika
nganti ndalu dereng saking makarya (K3/L/1)*

Cakepan kanthi No. K3/L/1 saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nglembur*. Cakepan menika minangka cakepan ing pada setunggal, kawiwitan penutur/penyanyi minangka paraga putri. Pada menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi wosipun minangka “nggersula”. “Nnggersula” saged kalebet ing “nyalahaken” inggih ingkang dipunlampahi boten sebandhing kalian asilipun. Kados pamanggih Nurhadi (2018: 475) bilih tindak tutur *ekspresif* minangka *verba performatif* inggih menika maringi sugeng, matur nuwun, bela sungkawa, nyalahaken, saha muji. Cakepan ing pada menika kalebet ing “nyalahaken”.

Paraga kekalih minangka paraga gesang bebrayan. Saged dipunwastani mekaten amargi dipunpendhet saking konteks paraga saha pakaryan ingkang wonten ing cakepan tembang menika. Kados ing pamanggih Nais (2020: 10) ing panalitenipun bab potret wanita, bilih tembung panggantos “you”, “he”, saha “his wife” ngrujuk bilih wonten konteks gesang bebrayan utawi “pernikahan” antawisipun paraga.

Ukara “wancine jam siji bengi” saha “nganti ndalu dereng saking makarya” minangka ukara ingkang nggersula antawisipun paraga. Bab menika kalebet ing satunggaling prastawa ingkang mesthi wonten ing gesang bebrayan. Paraga putri nyalahaken paraga kakung ingkang dumugi ndalu dereng kondur. Menapa ingkang dipunkajengaken bilih keng garwa kondur saking makarya, ananging

dumugi ndalu dereng saged kondur. Mliginipun tiyang makarya menika ing wayah siyang, tembung ing cakepan dipunandharaken bilih paraga makarya dumugi ndalu. Menapa malih paraga putri ngantu-antu rawuhipun keng garwa ingkang makarya boten samesthinipun. Tindak tutur *evaluatif* sanesipun mekaten.

Nadyan gela ati iki
rina wengi mung tansah memuji
yen pancen wis antuk ganti
ati iki wis ginaris ing pesthi (K5/J/4)

Cakepan K5/J/4 minangka pada pungkasan saking tembang *Janji* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ukaran sepisan dipunwiwiti kanthi tembung “nadyan”. Ukara sepisan mekaten “Nadyan gela ati iki” tegesipun “senadyan kuciwa manah menika”. Menika ugi saged kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Tembung “gela” inggih minangka raos kuciwa. Katambahan malih dhateng ukara candhakipun “rina wengi tansah memuji, yen pancen antuk ganti” tegesipun “Siyang ndalu namung dedonga bilih badhe pikantuk gantos”. Penutur ndedonga dhumateng Gusti bilih senajan manapun kuciwa, mugi-mugi enggal pikantuk gantos geganthilaning ati. Ukara ingkang pungkasan “ati iki wis ginaris ing pesthi” ugi minangka raos pasrahing penutur, bilih bab menika sampun dados takdir pagesanganipun.

Cakepan menika ugi ngginakaken lelewaning basa *kontadiksi interminis*. Surastina (2018) bilih majas *kontradiksi interminis* menika minangka majas ingkang nentang pernyataan ingkang sampun kaandharaken saderengipun. Bilih ing pada K5/J/4 menika tembung

panggandheng “nadyan” dumunung ing ngajeng piyambak. Sanajan mekaten, saged kalebet ing *kontradiksi interminis* kanthi migatosaken konteks, saha pada saderengipun. Pada sanesipun ingkang kapanggihaken tindak tutur *evaluatif* mekaten.

***Adhuh dewa adhuh nyawa
t lungana wong nandang asmara
tak sesuwun rina lan wengi
dhuh wong manis muga animbangi*** (K10/K/4)

Cakepan K10/K/4 minangka pada pungkasan ing tembang kelingan. Ing pada menika basa kaandharaken kanthi tindak tutur *evaluatif*. Tuturan ing pada menika dipunanggep minangka evaluasi bab ingkang dipunwicantenaken. “Adhuh dewa” atur pasrah ngginakaken ukara pakon (seruan). Black (2016: 45) ngandharaken bilih seruan kalebet ing tuturan *ekspresi deiktik*.

Atur pasrah kalebet ing *evaluatif*, ing pada menika panyerat ngandharaken kanthi tembung “adhuh dewa adhuh nyawa, lungana wong nandang asmara, tak sesuwun dhuh wong manis muga animbangi”. Penutur saderengipun sampun nate pepanggihan kaliyan mitra tutur (ing cakepan saderengipun K10/K/3). Bab andharan menika minangka pasrah saha nyenyuwun mring gusti bilih panjangkanipun asmaranipun dipuntampi dhumateng mitra tutur. Ing pada sekawan tembang *Sesandhingan* ugi kalebet ing tindak tutur *evaluatif*.

***Kembang menure kembang melathi
kembang melathi rinonce gandane wangi
mugi-mugi Gusti paring idi
nyawijekke tresna kang sejati*** (K12/S/4)

Cakepan tembang kanthi nomor K12/S/4 menika minangka pada ingkang pungkasan saking tembang *Sesandhingan*. Tetembungan kaandharaken kanthi wujud parikan. Wosipun ing ukara kapung tiga saha kaping sekawan. “Mugi-mugi Gusti paring idi, nyawijekke tresna kang sejati” kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Ukara menika arupi muji, nyenyuwun satunggaling bab dhateng Gusti. Penutur donga dhumateng Gusti bilih mugi-mugi dipunijabahi angenipun mangun tresna. Saged kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi ukara menika minangka nyenyuwun/ donga saking satunggaling bab ingkang saperangan sampun dipunlampahi.

Saperangan bab ingkang sampun dipunlampahi inggih menika raos tresna saking penutur saha mitra tuturipun. Satemah *evaluatif* minangka memuji, mugi raos tresna saged sejati inggih kanthi nyawiji/ krama. Tindak tutur *evaluatif* sanesipun kados mekaten.

Dhuh Dewa dewaning rasa
suwe-suwe ati tan kuwawa
Rina wengi mung tratapan
kepingin enggal sumandhing. (K14/GD/3)

Cakepan kanthi nomor K14/GD/3 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika Nggodha. Ing cakepan menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Ukara sepisan saha kekalih minangka sambating panutur dhateng satunggaling bab. “Dhuh Dewa dewaning rasa” ateges raosing sambat nyebut dhateng Dewa saged ugi sambat dhateng Gusti. Ukara kaping kalih, “suwe-suwe ati tan kuwawa” ateges sambating raos panutur bilih sampun boten kiat.

Saged kalebet ing *evaluatif* amargi bab sambating panutur awis sampun nglampahi saperangan bab saderengipun. Menawi dipuntingali saking konteks ukaranipun bilih antawisipun panutur saha mitra tutur sampun mangun raos tresna, ananging dereng dumugi ing palakrama. Satemah penutur ngraosaken sambat, bilih sampun boten kiat nengga wekdal palakrama menika. Sanesipun tindak tutur ketawis ing cakepan tembang *Nagih Janji*, mekaten.

***Nanging nyatane jebule kaya ngene
getun getun sabendina mung terus ngalamun.*** (K15/NJ/3)

Cakepan kanthi nomor K/NJ/3 menika minangka pada kaping tiga saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Ninggal Janji*. Pada menika dumunung saking kalih ukara ingkang kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Miturut Searle (1981: 39) ngandharaken bilih *evaluatif* minangka verba *performatif* ingkang arupi ngaturaken sugeng (*congratulate*), matur nuwun (*thank*), pujian (*compliment*), nyesel (*deplore*), ngaturaken bela sungkawa (*condole*), ngaturakan sugeng rawuh (*welcome*). Dene ing perangan pada menika penutur ngaturaken nyesel inggih ing larik nomor kalih.

“Nanging nyatane, jebule kaya ngene, getun getun, getun”, ukara menika ngginakaken tembung “nyatane” saha “jebule”, kanthi migatosaken konteks ateges nyalahaken. Tembung menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi minangka *evaluasi* saking bab ingkang sampun nate dipunlampahi. Kanthi “nyalahaken” penutur saged ngucap

menika. Ugi ngginakaken verba performatif “nyesel”/*deplore* ing tembung “getun”,

Saking bab ingkang sampun nate dipunlampahi menika satemah penutur saged ngaturaken “jebule” saha “nyatane”. Tuladhanipun, “Aku uwis sinau, nyatane bijiku ora isa satus”. Tembung “nyatane” minangka tuturan saking pakaryan inggih menika “uwis sinau”. Tuladhanipun malih, “Aku mulih gawa jajan, jebule kowe masak”. Tembung “jebule” minangka tuturan saking pakaryan inggih menika “mulih gawa jajan”. Tuladha ing tuturan menika minangka raosing getun penutur awit satunggaling bab. Ing teks salajengipun, ugi dipunandharaken raos getun panutur, “getun getun sabendina mung terus ngalamun”. Cakepan tembang *Stasiun Tugu* ugi kapanggihaken tindak tutur *evaluatif*, mekaten.

*Kusumaning ati amung donga lan amung muji
Kutha Ngayoja kang tansah ngancani
sepining rasa iki. (K16/ST/3)*

Cakepan kanthi nomor K/ST/3 menika minangka cakepan tembang campursari *Stasiun Tugu* anggitanipun Dhimas Tedjo. Pada menika wosipun inggih *memuji* mring Gusti. “Kusumaning ati amung donga lan amung muji” larik sepisan menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Tuturan ingkang arupi donga, memuji, nyenyuwun dhateng Gusti, minangka bab ingkang dipunlampahi sasampunipun saperangan bab dipunlampahi ugi. Menawi ningali saking pada saderengipun inggih penutur ngraosaken sepi amargi dipuntilar dening mitra tutur. Dene wosing donga memuji mring Gusti mugi sami sae sedayanipun.

2. Cara kritik sosial

Tembang-tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo ngasilaken *kritik sosial*. Kados ing pamanggih Assidiq (2016) bilih panganggening basa ing karya seni beda kalian panggening basa padintenan. Tembang ingkang sipatipun *kritik sosial* nggadhahi kaitan raket kalian setting sosial masarakat. Tembang kanthi *kritik sosial* ugi saged dipunginakaken kangge ngandharaken satunggaling bab dhateng masarakat. Pesen ingkang dipunkajengaken maneka warni saking ngandharaken, dumugi ngejak nglampai pakaryan.¹⁷

Asilipun konten kritik ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kathah kathahipun ing perkawis asmara saha pagesangan. Konten kritik ingkang kapanggihaken inggih menika ngece, langsung, kias, simbol, tegas, kasar, boten langsung, saha luwes. Asiling pirembagan saged dipunanalisis kados ing ngandhap menika.

a. Ngece

Konten kritik “ngece” minangka tuturan ingkang dipunandharaken penutur kangge “nyindhir” mitra tuturipun. Miturut pemanggih Sugiwardhana (2014: 5) ingkang neliti bab *kritik sosial* ing lagu *Slank*, bilih unsur sindiran kathah dipunandharaken kanthi tersirat.

*pernahkah lo denger mafia judi
katanya banyak uang suap polisi
tentara jadi pengawal pribadi*

¹⁷ Mohammad Irfan Assidiq. Penggunaan lagu-lagu Kritik Sosial untuk Mengembangkan Rasa Empati Siswa terhadap Kelompok Marginal Perkotaan dalam Pembelajaran IPS, Bandung, 2016, h 3

Judi minangka satunggaling bab ingkang dipuntentang sinten mawon mliginipun hukum ing negara. Bahasan menika kalebet ing nyindhir/ngece dhateng kelompok judi ingkang nglampahi bab dipuntentang dening mliginipun masarakat. Satemah saged kanthi “ngece” menapa ingkang dipunlampahi.

Kritik sosial kanthi konten “ngece” kapanggihaken ing lelewaning basa *ironi*. Lelewaning basa menika, fungsipun kangge “ngece” menika, kapanggihaken ing lelewaning basa purwakanthi. Tembangipun kados mekaten.

Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune
*seneng nganggo klambi abang/
kain saka jepang/
yen tak sawang rada mbranjang/
jebul ora nganggo kondhe (K1/OY/01)*

Pethilan cakepan tembang Oh Yes Oh No kanthi nomor K1/OY/01 menika minangka sarana penganggit kangge ngandharaken kritik sosial. Penganggit tembang, nyerat tembang kadhang kala kanthi cara ngece. Ukara wiwitan dipundamel kanthi ngendahaken paraganipun. “Pacarku sing ayu dhewe, nganggo klambi abang, kain saka jepang”. Ananging ukara endah ing konteks ukaranipun kaginakaken kangge ngece. Tembung “jebul” katambahan ukara candhakkipun “ora nganggo kondhe”. Negesaken bilih penutur ngece bilih mitra tutur boten lengkap anggenipun ngadi busana. Cara menika dipunginakaken kangge sarana regeng antawis penyanyi kaliyan pamirengipun.

Ukara pungkasan ing cakepan (K1/OY/01) menika inggih “jebul ora nganggo kondhe”. Menawi dipuntingali saking panganggenipun basa, cakepan menika dipunanggit kanthi migatosaken *stile purwakanthi* kados mekaten:

*pacarku sing ayu dhewe/ gedhe susune/
seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/
yen tak sawang rada mbranjang/
jebul ora nganggo **kondhe***

Purwakanthi ingkang dumunung ing cakepan menika inggih purwakanthi guru swara. Dipuntingali saking dhawahipun swanten ing pungkasaning gatra, menapa dene penggalanipun. Ing gatra sepisan dhawahipun swanten inggih menika [é] dumunung saking tembung “dhewe” saha “susune”. Dene dhawahipun swanten gatra candhahipun inggih menika [a] saking tembung “abang”;”jepang”;”branjang”. Ingkang beda inggih menika gatra pungkasan saking cakepan (K1/OY/01). Pungkasanipun gatra inggih kanthi tembung “kondhe”. Tembung menika boten gadhah gayutan purwakanthi guru swara kaliyan tembung-tembung sakderengipun. Penganggit ngginakaken tembung “kondhe” menika kangge lira-liru nyebut tembung sanesipun ingkang cocog kaginakaken njangkepi pungkasanipun pada. Bilih tembung menika kagantos tembung sanesipun ingkang cocog ing purwakanthi swara, saged dados mekaten:

“jebul ora nganggo gelang”
“jebul ora nganggo giwang”

Supados guru swaranipun jumbuh kalian ukara saderengipun, ukara pungkasan menika kedah ngginakaken guru swara ingkang sami ugi

inggih menika [a]. Tembung “kondhe” saged kagantos kanthi tembung “gelang” saha “giwang. Beda malih menawi penyanyi maringi kalodhangan pamanggih para pamireng kanthi medhot tembungipun. Umpami nalika nyebut cakepanipun “jebul ora nganggo ko-...” kados mekaten, saged maringi kalodhangan para pamireng ngisi wanda candhakkipun. Temtunipun guru swaranipun [a] saha menawi ningali saking ukara saderengipun kanthi dipunpungkasi wanda “-ang”. Bab menika saged mojokaken anggapan kangge para pamireng kangge ngisi kalodhangan wandha langkung gampil malih. “Jebul ora nganggi ko-ang” saged minangka ukara ingkang sanget gampil dipunandharaken ugi kangge sarana gegumyak antawis panyanyi saha pamireng.

Kritik sosial ingkang kaandharaken inggih kanthi cara “ngece”. Penganggit nganggit cakepan menika kanthi migatosaken nilai feminisme, inggih kanthi ngginakaken tetembungan kangge ngritik kaum wanita. Awal kaandharaken kanthi ngendahaken kaum wanita, ananging ing ukara pungkasan penganggit ngandharaken tembang kanthi langsung, sasampunipun ningali maksud pangangenipun basa. Inggih awalipun kangge ngandharaken tembung “kondhe” dumugi tembung ”kotang”. Bab menika sanget beda maknanipun, amargi sasampunipun dipungantos “kotang” bab menika kanthi ngece kangge ngandhapkan kaum wanita. Kanthi sadhar para penyanyi mnapa dene pamireng mesthi gumyak amargi ukara ingkang pungkasa beda saking ukara-ukara sanesipun ingkang wiwitanipun ngendahaken. Pada sanesipun kados mekaten.

Pacarku sing bagus
lugu ra tau nesu
Kulit ireng ngguya ngguyu
nganti kaya aspal
saben bengi tak tunggu-tunggu
kapan ngelamar aku. (K1/OY/02)

Pethilan cakepan tembang *Oh Yes Oh No* kanthi nomor K/OY/02 menika minangka sarana penganggit ngandharaken *kritik sosial*. Lelewaning basa purwakanthi menika minangka *kritik sosial* penganggit ing paraga inkang dipuntuju. Saking “lugu ora tau nesu” inkang minangka ngrayu dados “nganti kaya aspal”. Bab menika kalebet ing sarana “ngece” dhateng paraganipun. Menapa malih maksud penganggit anggenipun nylewaraken cakepan tembang miturut purwakanthi mekaten.

Pacarku sing bagus,
lugu ra tau nesu,
Kulit ireng ngguya ngguyu
Nganti kaya aspal

Cakepan tembang *Oh Yes Oh No* (K1/OY/02) menika, menawi dipuntingali wonten purwakanthi guru swaranipun. Dhawahipun swanten ing pungkasanipun gatra saking gatra kapisan dumugi katiga ngginakaken *vokal* [u]. Bab menika ndadosaken gatra kasekawan langkung sae malih dhawah swanten ugi [u]. Dhawahipun tembung ing gatra kasekawan inggih menika “aspal”. Kanthi menakaten biasanipun penyanyi ngginakaken cara supados bab menika ketingal langkung gayeng. Satemah para panresna musik campursari nggantos tembung “aspal” kanthi tembung inkang dhawahipun *vokal* [u]. Menika ndadosaken penyanyi maringi kalodhangan kanthi bebas dhumateng pamireng kangge ngisi wanda menika. “nganti kaya as-“. Satemah para pamireng kanthi sadar

ngisi wanda menika kanthi dipuntambahi vokal [u] inggih kanthi tembung “asu”.

Stilistika pragmatik wiwitanipun dipunandharaken kanthi nginggilaken paraganipun inggih menika “lugu” saha “ora tahu nesu”. Bab menika sasampunipun dipuntambahi tembung “aspal” menapa dene tembung “asu” ndadosaken fungsi *stilistika* pragmatik dede sarana ngendahaken. *Kritik sosial* ingkang kaasilaken sasampunipun dipuntambahi ukara ingkang pungkasan inggih kanthi sarana “ngece”. Pada kritik “ngece” ugi kpanggihaken mekaten.

*Ora ngira aku ra ngira
mbiyen seneng dadi nelangsa
manis janji mung ana lambe
saiki pait dadine (K/N/4)*

Cakepan kanthi nomer K4/N/4 minangka cakepan saking tembang campursari irah-irahan *Nasibku*. Ing pada menika penulis langkung wigati ing ukara kaping tiga inggih menika “manis janji mung ana lambe”. Ukara ingkang kaandharaken kanthi purwakanthi menika nggadhahi fungsi kangge kritik inggih menika ngece dhateng mitra tutuipun. Ukara “manis janji mung ana lambe, saiki pait dadine” negesaken bilih janji mitra tutur boten kalampahan. Penutur kanthi ngece mitra tuturipun ngandharaken ugi, janji mung ana lambe, tegesipun janji ingkang namung saged kaucap boten saged kalampahan. “Saiki pait dadine” ateges raosipun janji menika pait/ mboten sekeca. Menika wosipun ecean saking penutur dhumateng mitra tuturipun.

Kritik sosial “ngece” minangka kritik ingkang asring dipunginakaken masarakat. Perkawis entheng saha alit mesthi wonten. Kados ing panalitenipun Waluyo (2014: 9) ingkang neliti *kritik sosial* mawi novel *Bukan Karena Kau* anggitanipun Toha. Dipunjelasaken bilih konten kritik “ngece” menika wonten nalika paraga utama ingkang purwanipun minangka priya ingkang wicaksana. Paraga menika miangka tiyang ingkang disiplin hukum, saha abdi negara. Paraga menika pikantuk perkawis ingkang awrat saengga meksa kangge tindak kriminal, satemah saged pikantuk “ecean”.

Konten kritik “ngece” menika miangka satunggaling tuturan ingkang sipatipun boten remen kalian satunggaling bab. Saged kalampahan minangka wujud pambijining penutur ing satunggaling bab. Bab menika boten sekeca dipunraos.

b. Kias

Kritik sosial kanthi konten “kias” inggih kapanggihaken ing lelewaning basa entar, pepindhan, parikan, wangsalan, saha sanepa. Sages kalebet ing konten kritik “kias” amargi ngginakaken tetembungan ingkang tegesipun kasirep kanthi saperangan bab sanesipun. Vickers (1989: 85) ngandharaken bilih “kias” minangka basa ingkang asing saking kebiasaan saha tata cara wicantenan padintenan saha seratan. Konten “kias” ingkang kapanggihaken kados mekatan.

*Aja dadi atimu
yen ta **luntur rasa tresnaku***

abot kabotan rasa
aku duwe katresnan liya. (K2/LN/2)

Cakepan kanthi noner K2/LN/2 menika kalebet ing lelewaning basa entar *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing cakepan menika inggih menika kias. Fungsi entar ing ukara menika inggih kaginakaken kangge ngandharaken basa kanthi kias. Penutur (putri) ngandharaken bilih raos tresnanipun luntur, amargi gadhah priya sanesipun. Tembung kiasipun inggih menika “luntur” ingkang kangge ngandharaken manah.

Miturut pamanggih Ashtiyani (2015: 257) bilih basa ingkang “kias” minangka alat kangge ngriyas basa, nalika tetembungan menika harfiah ateges persis kalian ingkang dipunngendikakaken. Ananging ornamen gaya menika cara ingkang boten harfiah bilih perlu dipunafsiraken/ dipunpahami. Kados ing pada cakepan menika. Tembung ingkang dipunginakaken kange ngandharaken samubarang dipunginakaken kanthi kias kangge ngandharaken manah, satemah kedah dipunafsiraken maknaipun.

Wonten tembung “luntur” kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang luntur inggih menika rasa ingkang mbaka sekedhik pudhar. Ing ukara candhaipun ugi mekaten. Tembung “abot” kangge ngandharaken “rasa” ugi. Sanajan tembung menika sampun asring dipunginakaken dening masarakat, ananging menika kalebet ing personifikasi. Tembung “abot” minangka tembung sipat ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken samubarang. Samubarang ingkang abot inggih barang ingkang anteb nalika dipunjunjung. Ing cakepan menika tembung “abot”

dipunginakaken kangge ngandharaken “rasa”. Rasa ingkang abot tegesipun rasa ingkang dipunalami dening penutur menika kraos awrat anggenipun nandang pagesangan. Pada sanesipun kados mekaten.

*Jero ati kuciwa
tak rewangi **nyebrangi samodra**
kapal feri yang jadi saksi
mencari cinta suci. (K2/LN/3)*

Cakepan campursari Lampung Ngayogya kanthi nomor K2/LN/3 menika kalebet ing lelewaning basa inggih menika purwakanthi saha sanepa. Purwakanthi dumunung saking dhawahing swanten ing pungkasaning larik, dene sanepa kapanggihaken ing tembung “nyebrangi samodra”. *Kritik sosial* kaandharaken kanthi “kias”. “Nyebrang samodra” ateges penganggit ngginakaken tembung menika supados menapa ingkang dipunlampahi ketingal kanthi rekaos. “Nyabrang” biasanipun ing papan ingkang caket, ananging nyabrang ing cakepan menika kaginaaken kangge papan ingkang sanget wiyar, inggih menika samodra.

Ukara candhkipun ugi ngginakaken lelewaning basa pepindhan kangge ngandharaken *kritik sosial* kanthi “kias”. “Kapal feri kang dadi seksi” minangka ukara ingkang nggikakaken samubarang kangge nglampahi pakaryan. “Kapal feri” minangka samubarang nglampahi pakaryan inggih menika “saksi”. “Kapal feri” minangka kapal ingkang misuwur minangka kapal ageng, kangge tiyang ingkang badhe tindakan ing beda pulo. Ewandene “seksi” minangka tiyang ingkang ndherek tanggel jawab wontenipun satunggaling perkawis, amargi piyambakipun pirsa kedadosanipun. Kadosta seksi nalika ing acara palakama, seksi

inggih tiyang ingkang nyekseni/ mirsani/ pirsu bilih temanten kekalih sampun nglampahi ijab kobul. Ing cakepan menika “kapal feri” ingkang dados “seksi”, ateges kapal feri minangka kapal ingkang nate dipunginakaken kangge paraga tumuju dhateng mitra tuturipun. Saged dipuntingali saking irah-irahanipun ugi, “Lampung Ngayogya” minangka papan kutha ingkang beda pulo. Lampung ing pulo Sumatra dene Ngayoja ing pulo “Jawa”. Pada sanesipun kados mekaten.

Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra.(K4/N/2)

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa entar. Entar ingkang kapanggihaken ing ukara sepisan menika, fungsipun kangge ngritik kanthi “kias”. “Kias” minangka konten kritik sosial ingkang ngginakaken basa kanthi langkung. Kados ing pamanggih Gernsbacher saha Robertson (1999: 1629) bilih *penindasan memainkan peran* menika wigati kangge ngandharaken basa kiasan. *Penindasan* ing informasi ingkang kalangkung manfaat ing eksplorasi basa langkung mligi ing basa kiasan saha pemahaman. Kados ing pada cakepan menika bilih penganggit mainaken basa kangge ngandharaken basa ingkang kias.

Saking ukara sepisan ingkang ngginakaken tembung samubarang pejah, kangge ngandharaken pakaryan ing tiyang. Ukara candhakipun ugi ngginakaken basa kanthi kias, inggih menika “nganti

pungkasing umurku”. Tembung “pungkasing umurku” minangka ungkapan ingkang dipunandharaken kanthi kias, tegesipun ingih menika “dumugi pejah”. Makna basa kanthi kias menika, bilih panutur ngantos pejah boten badhe, nyuppekaken cerita asmara ingkang kedadosan. Pada sanesipun kados mekaten.

*Ora ngira tegane rasa atimu
tanpa pamit lan kabar
medhot tresnamu. (K4/N/5)*

Cakepan kanthi nomor K4/N/5 minangka ukara ingkang ngginakaken lelewaning basa inggih menika entar. Lelewaning basa entar ingkang kapanggihaken ing ukara menika, nggadhahi fungsi inggih menika ngandharaken kritik kanthi “kias”. Andharan “medhot tresna” kaandharaken kanthi kias saking penutur dhumateng mitra tuturipun. Tembung menika ngginakaken samubarang kangge ngandharaken raos manah. Tembung “pedhot” kangge ngandharaken samubarang ingkang dawa ingkang dipunkethok. tembung menika kangge ngandharaken tembung “tresna” ingkang minangka raosing manah. Tembung “medhot tersna” sampun asring dipunginakaken ing masyarakat. Sanajan mekaten, ananging tetap kalebet ing fungsi “kias”. Cakepan sanesipun mekaten.

*Andheng- andheng ning janggutmu
Yen tak pandeng bingung rasaku
Rina wengi tanpa nendra
tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)*

Pada tembang K9/KM/3 kalebet ing tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kumanthil*. Larik sekawan pada menika dumunung saking lelewaning basa pepindhan. Pepindhan ing pad menika

kaandharaken kangge kritik sosial kiasan. Tembung “netra” nglampahi pakaryan ingkang boten sawantahipun. “Kumanthil” minangka prastawa samubarang ingkang “gemanthil” ing “centhelan”. Prastawa menika dipunangge ngandharaken “netra” ingkang samesthinipun bilih netra menika namung saged “mirsani”. Tembung menika saged dados “kumanthil ing netra” ateges paraga tembang tansah wonten ing anggen-anggenipun panutur. Kritik kanthi kias ugi kaandharaken mekaten.

*Rasa tresna kasiram banyu asmara
thukul terus ngrembaka
sineksen langit lan mega (K10/K/3)*

Cakepan kanthi nomor K10/K/3 menika ngginakaken lelewaning basa pepindhan. Pepindhan ing cakepan menika nggadahi fungsi inggih kaginakaken kangge ngandharaken basa kanthi “kias”. Saged kaandharaken kias bilih tresna ingkang kaandharaken kanthi tembung “thukul”; asmara ingkang kaandharaken kangge “nyiram” tresna; saha mega lan langit ingkang saged “nyekseni” tresna. Tresna ingkang thukul saha ngrembaka ateges tresna ingkang tansah gesang saha sansaya ageng raosipun. Ukara candhaipun “sineksen langit lan mega”. Tembung “tresna” dipunandharaken kanthi “sineksen langit lan mega”. “Langit lan mega” minangka samubarang ingkang mati, boten saged nyekseni, papanipun ing langit. Penutur ngginakaken ukara menika ateges penutur ingkang ngraosaken tresna ingkang dipunseksi samubarang ingkang ageng, wiyar, ing nginggil. Basa-basa menika kaaandharaken kanthi kias supados basa ketingal langkung endah. Pada sanesipun mekaten.

Langite mendhung aku rasane
rintik-rintik wus teka udane
sedhik atiku rasane
nunggu-nunggu nganti seprene (K13/TK/1)

Cakepan tembang kanthi nomor K13/TK/1 menika minangka tembang capursari kanthi irah-irahan *Tembang Kangen*. Pada sepisan tembang menika kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Fungsi lelewaning basa pepindhan ing paca cakepan menika inggih basa dipunandharaken kanthi kiasan. “Langite mendhung aku rasane” tegesipun bilih penutur nembe ngraosaken sedhik. Tembung mendhung kangge ngandharaken raos, kalebet ing fungsi kiasan. Penutur badhe ngandharaken raosing manah ingkang nembe “buthek” kados warna langit nalika mendhung inggih “abu-abu”. Raos ingkang abu-abu menika ateges manah nembe boten sekeca. Dipunandharaken kanthi jelas malih ing larik cakepan sanesipun, “rintik-rintik wus teka udane”, “sedhik atiku rasane”. Penutur ngandharaken bilih nembe muwun, saha raosing manah nembe sedhik. Salajengipun kapanggihaken ugi pepindhan kanthi sarana kiasan ing cakepan menika.

Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu
muga-muga sliramu eling aku
kapan kondurmu tak tunggu (K16/ST/4)

Cakepan kanthi nomor K16/ST/4 minangka pada pungkasan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Stasiun Tugu*. Larik sepisan “Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu” kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Lelewaing basa pepindhan ing cakepan menika fingsinipun inggih kangge ngandharaken basa kanthi kias. Kiasing

basa bilih “Stasiun Tugu” saged dados “seksi ingkang bisu”. Tegesipun seksu bisu, inggih seksu ingkang boten saged ngendika. Temtunipun mekaten, stasiun tugu minangka papan, satemah boten saged ngendika. “Stasiun Tugu” minangka kiasan dipunginakaken kangge ngandharaken pakaryan “seksi bisu”. Pada pepindhan ingkang fungsipun kangge ngandharaken “kias” sanesipun mekaten.

*Adhem kekes ati iki
yèn kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)*

Cakepan K17/KPP/2 minangka pada kalih saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik pungkasan kapanggihaken lelewaning basa pepindhan. Lelewaning basa pepindhan ing tembung “pasir putih” fungsipun inggih kiasan. Pasir putih saged minangka papan ingkang nate dipunangge dolan paraga kekalih. Satemah, panganggit ngginakaken tembung “pasir putih” kangge nyekseni (nglampahi pakaryan) kedadosan nalika dolan menika. Meh sami kaliau pada kaping sekawan tembang menika.

***Pasir putih dadi seksu**
amung ndika **ganthilaning ati**
rina wengi aku memuji
mugi-mugi Gusti paring idi.* (K17/KPP/4)

Cakepan K17/KPP/4 minangka pada sekawan cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik sepisan ugi meh sami kaliau pada cakepan K17/KPP/2 inggih ngginakaken samubarang “pasir putih” minangka seksu. Ukara kaping kalih “amung ndika ganthilaning ati” kalebet ing lelewaning basa pepindhan.

Lelewaning basa pepindhan ing cakepan menika nggadhahi fungsi inggih menika kiasan. “Ati” minangka manah, boten saged dipunganthili. Ukara menika saged dipunginakaken kangge kiasan amargi ngginakaken objek tiyang inggih menika “ndika” dados samubarang ingkang dipunganthilke. Tembung “ganthillaning ati” minangka fung kias amargi kangge ngandharaken tiyang ingkang dipuntresnani. Konten kritik “kias” kapanggihaken ugi ing lelewaning basa parikan.

*Ombak ing banyu segara
Mbak lumembak saya katon nggodha
balung janur saumpama
enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)*

Cakepan kanthi nomor K17/KPP/3 menika minangka pada ingkang kaping tiga saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Fungsi lelewaning basa parikan ing ukara “mbak lumembak saya katon nggodha” inggih kangge kiasan. Ombak minangka samubarang saking toya, boten saged ebah. Umumipun toya menika samubarang ingkang pejah, ing ukara menika toya saged dados samubarang ingkang gesang. Ombak minangka toya ing pesisir, saged ebah amargi kenging angin. Ombak ingkang lumembak saha saged “nggodha” minangka basa ingkang kiasan. Umumipun pesisir minangka papan ingkang dipunremeni dening tiyang. Biasanipun tiyang ing pesisir remen dolanan ombak amargi toyanipun kraos asrep/ seger. Ing ukara menika “ombak ingkang nggodha” ateges panutur ing pesisir katarik kawigatosanipun kangge dolanan ombak. Saged kanthi dolanan ombak saged ugi namung nelesi awak amargi ombak ingkang kraos seger amargi

“kagodha”. Fungsi kiasan ugi kapanggihaken ing ing lelewaning basa sanepa kados mekaten.

*Tan kuciwa
rikma panjang **esem pait madu**
gawe bingung dhekik pipine katon gingsule
atiku liwung. (K14/GD/2)*

Cakepan K14/GD/2 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nggodha*. Ing ukara ingkang sepisan kapanggihaken lelewaning basa sanepa. Wonten kalih tembung ing maknanipun beda ing tembung “pait madu”. Sanepa ingkang kapanggihaken ing ukara sepisan menika nggadhahi fungsi inggih kangge ngandharaken bab kanthi kias. Tembung “pait madu” kangge ngendharaken “esem”. Esem sejatosipun minangka polatan ingkang bingah. Esem saged dipuntingali saking indra “penglihatan” inggih menika mata. Ewodene tembung “pait madu” saking indra pangraos inggih menika ilat. Kalih tembung ingkang beda menika saged dadosken fungsi kiasan, bilih indra pamirsa dipunangge kangge ngandharaken indra pangraos. Analisis kanthi saged kanthi mekaten, *esem ingkang pait madu*, tegesipun *esem ingkang boten sejatosipun*. *Esem ingkang dipunlampahi kanthi manah ingkang sakit*. Saged dipunpirsani ugi ing ukara *candhakkipun*, “gawe bingung” saha “atiku liwung”, ateges penutur boten mangertos menapa ingkang sejatosipun raosing manah mitra tuturipun. Sanepa ing tembang *Sedulur Lanang* mekaten.

*Nglabuhi bumi pertiwi
kakang dadi prajurit sejati
ing manca kakang makarya
njaga aman lan tentreming nagri (SB18/SL/2)*

Cakepan kanthi nomor SB18/SL/2 minangka pada kalih tembang campursari *Sedulur Lanang*. Fungsi lelewaning basa sanepa ingkang dipunginakaken ing pada SB/SL/2 inggih menika kiasan. Basa dipunandharaken ngginakaken tetembungan ingkang ngendahaken pargaanipun. Basa dipunandharaken kanthi kias “labuh” ateges “berjuang”, “bumi pertiwi” ateges “negri”. Purwadarminto (1939: 254) negesaken tembung “labuh” minangka pakaryan ndamel jasa, utawi ngetohaken jiwa raga. “Nglabuhi bumi pertiwi” ateges “berjuang ing toh nyawa njagi negari”. “Nglabuhi bumi pertiwi” minangka ukara ingkang ngginakaaken ungkapan. Tembung “labuh” tegesipun pakaryan ingkang dipunlampahi minangka tugas negara kanthi papan segara. “Nglabuhi bumi pertiwi” minangka tetembungan ingkang dipunginakaken kangge nyebut objek “negri”. “Nglabuhi bumi pertiwi” ateges pakaryan ingkang minangka tugas negara papanipun ing segara, kadosta profesi TNI. Salajengipun ing pada tembang ingkang nggadnahi fungsi kias mekaten.

*Abot ngayahi kewajiban
kakang dadi **abdi negara**
ning ndesa aku ndedonga
yen wis rampung enggal bali.*(SB18/SL/4)

Cakepan SB18/SL/4 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada kasekawan kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Ukara kaping kalih inggih menika “kakang dadi abdi negara”. Kritik ingkang kapanggihaken ing pada SB18/SL/4, inggih menika kias. Penutur ngandharaken mitra tutur dados “abdi negara”. Ing cakepan pada ketiga SB18/SL/2, dipunjelasaken bilih mitra tutur minangka “prajurit negara”.

Teges lelewaning basa sanepa tembung “abdhi negara” ing pada sekawan menika, inggih minangka kiasan. Kiasanipun, kangge ngandharaken bilih paraga minangka tiyang ingkang profesinipun njagi negara, kadosta TNI, Abri, saha polisi.

c. Simbol

“Simbol” minangka satunggaling samubarang, ninangka gerak, wujud, ingkang dipunandharaken kangge ngandharaken gagasan. Miturut Black (2016: 268) bilih simbol minangka bagian alami/natural saking sumber daya komunikasi normal ingkang dipunginakaken kangge interaksi padintenan. Konten kritik menika ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo, kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan, wangsalan, candra, cangkriman, saroja, saha sanepa. Inggih kapanggihaken mekaten.

*Mesem ngguyu jroning uripmu
udan eluh ning pipiku
seneng bungah njero atimu
nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)*

Cakepan K4/N/1 minangka pada katiga saking tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika pepindhan. Fungsi lelewaning basa pepindhan ingkang kapanggihaken ing cakepan menika inggih minangka sarana simbol. Bilih cakepan menika ngginakaken simbol kangge ngandharaken maksudipun. Simbol kapanggihaken kados mekaten: “udan eluh”, “njerit jroning dhadhaku”. Tembung menika minangka simbol kangge ngandharaken bab

nasibipun tiyang ingkang nembe nandang sisah. Simbol ugi kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan menika.

Terus kumanthil jeroning ati
nalikane rika ngucap janji
gelang alit banjur lali
karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)

Pepindhan kapanggihaken ing cakepan K5/J/1 menika. Pada cakepan tembang *Janji* menika nggadhahi makna “kaya”, satemah saged kalebet ing pepindhan. Pepindhan ing pada menika nggadhahi fungsi kangge minangka “simbol”. Larik sepisan “terus kumanthil jeroning ati” tembung “ati” nggadhahi makna minangka sarana simbol kangge “kanthilan”. Tembung “kanthilan” miangka samubarang ingkang sipunginakaken kangge nyenthelaken. Tembung menika dipunginakaken kangge ngandharaken “ati” utawi manah. Simbol ugi kapanggihaken ing pada cakepan pepindhan menika.

Lintang rembulan abyor cahyane
tulungana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)

Cakepan tembang Sama-sama Rindu, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa pepindhan. Pepindhan ingkang kapanggihaken menika kaandharaken kangge wujud “simbol”. Nglebetaken samubarang “bantal guling” minangka simbol panutur kangge ngandharaken raos kangen ing manah. Samubarang menika kaandharaken kanthi nglampahi pakaryan tiyang inggih minangka seksi. Panaliti langkung wigati ing ukara pungkasan inggih menika “bantal guling kang dadi seksine”. “Bantal guling” minangka samubarang ingkang

dipunginakaken pintantos kangge sare. Panutur ngandharaken tembung menika minangka “seksi” inggih samubarang kaginakaken kangge nglampahi pakaryan. “Bantal guling kang dadi seksi” tegesipun bantal saha guling minangka seksi kangen panutur dhateng mitra tutur, bilih penutur nembe ngraosaken kangen. Cakepan sanesipun ingkang dumunung kapanggihaken kritik sosial simbol mekaten.

*Manis-manis rasa madu
luwih manis esemu cah ayu
gawe kangene atiku
rina wengi mung tansah ngreridu.*(K10/K/2)

Cakepan kanthi nomor K10/K/2 menika ngginakaken *stilistika* pragmatik inggih menika lelewaning basa pepindhan. Lelewaning basa pepindhan ingkang kapanggihaken ing ukara menika nggadhahi fungsi inggih simbolik. Kekajenganipun panutur kangge ngendahaken mitra tuturipun inggih kanthi tembung “manis madu”. Tembung “masnis madu” menika kangge ngandharaken “esem”. Ateges, bilih panutur ngandharaken kanthi simbolik bilih, mitra tutur esemipun endah nengsemaken Ukaranipun, “manis-manis rasa madu, luwih manis esemu cah ayu”. Perangan ngajeng panutur ngandharaken “manising madu” inggih samubarang ingkang nggadhahi raos legem minangka asilipun saking kewan tawon. Perangan wingking ukaranipun “luwih manis esemu”. Tembung manis minangka simbol kangge ngandharaken “esem” ingkang sejatosipun esem menika boten saged dipunraosaken saking indra pangraos. Kalih perangan menika minangka tetembungan ingkang kalebet ing fungsi simbol saking lelewaing basa *metafora* amargi tembung manis

kangge ngandharaken “esem”. *Kritik sosial* “simbol” ugi kapanggihaken ing cakepan tembang *Kumanthil*.

*Yen tak rasa saya dina
katresnan iki tansaya ngrembaka
witing pari pepindhane rasaku
dimen mari kudu ketemu.* (K9/KM/2)

Cakepan kanthi nomor K9/KM/2 menika minangka pada saking tembang *Kumanthil*. Kapanggihaken lelewaning basa wangsalan ing ukara pungkasan. Lelewaning basa wangsalan ingkang kapanggihaken ing cakepan pada menika fungsipun kanthi simbol. Penutur ngandharaken raosing manah inggih kanthi ngginakaken wangsalan. Tembung witing pari” kanthi simbol kangge ngandharaken “rasa”. Menawi ing basa jawa bab menika kalebet ing wangsalan. Ukaranipun “witing pari pepindhane rasaku” ateges “witing pari kadosta raos kula”. Tembung “witing pari” kangge ngandharaken “rasa”. Tembung “witing pari” inggih menika “damen”. Tembung “damen” ing wangsalan batanganipun inggih menika tembung “dimen”. Sejatosisipun teges “damen” saha “dimen” beda, ananging bab swaranipun lira-liru sami. Tembung “damen” inggih minangkangka wit saking pari, dene tembung “dimen” tegesipun “supaya”. Sanesipun konten kritik “simbol” kapanggihaken ing cakepan lelewaning basa wangsalan.

*Mbok ya nyebar godhong kara Dhik
Mbok sing sabar sawetara
durung durung kok wis duka
prengat-prengut sajakke cubriya* (K11/PP/1)

Cakepan K11/PP/1 minangka tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *prengat prengut*. Ing teks menika kalebet ing

lelewaning basa inggih menika wangsalan. Lelewaning basa wangsalan ing cakepan menika, kaandharaken kanthi simbol. Penutur badhe ngandharaken dhateng mitra tutur supados dados tiyang ingkang sabar. Anggenipun ngandharaken ngginakaken inggih kanthi simbol, “nyebar godhong kara”. Menawi penutur boten ngandharaken wangsulana, temtunipun bab menika dadosaken mitra tutur madosi tegesipun. Ananging ukara candhakkipun penutur ngandharaken tegesipun. Ukara sepisan inggih menika “mbok ya nyebar godhong kara Dhik”. Tegesipun paribasan menika inggih ukara kaping kalih “Mbok sing sabar sawetara”. Kesabaran menika diputanem wiwit alit, saha wekdal ingkang minangka proses. Dipunandharaken bilih kesabaran menika kados dene menawi badhe manen kacang kara, inggih langkung rumiyin kanthi nanem tanemanipun.

Kritik sosial “simbol” ugi kapanggihaken ing pada tembang menika.

*Ombak ing banyu segara
Mbak lumembak saya katon nggodha
balung janur saumpama
enggal kondur paring usada (K17/KPP/3)*

Cakepan pada K17/KPP/3 menika ugi kapanggihaken lelewaning basa wangsalan ing larik kaping tiga. Lelewaning basa wangsalan ingkang kapanggihaken ing cakepan menika nggadhahi fungsi inggih menika simbol. Kangge ngandharaken tembung “usada” ngginakaken simbol inggih menika “balung janur”. Sejatosisipun “balung janur” inggih menika “sada”, ananging dipunginakaken kangge ngandharaken “usada”. Kalih tembung menika beda tegesipun, “sada” inggih menika biting, satemah “usada” inggih menika obat. Kalih tembung

menika sami ing lira-liru swaranipun, ananging beda tegesipun. Kanthi mekaten “balung janur” minangka simbol ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken “usada”. *Kritik sosial* “simbol” ugi kapanggihaken ing lelewaning basa candra.

*Manis-manis rasa madu
luwih manis esemu cah ayu
gawe kangene atiku
rina wengi mung tansah ngreridu.*(K10/K/2)

Cakepan kanthi nomor K10/K/2 menika ngginakaken *stilistika* pragmatik inggih menika lelewaning basa candra. Lelewaning basa candra ingkang kapanggihaken ing ukara menika nggadhahi fungsi inggih simbolik. Kekajenganipun panutur kangge ngendahaken mitra tuturipun inggih kanthi tembung “manis madu”. Tembung “masnis madu” menika kangge ngandharaken “esem”. Ateges, bilih panutur ngandharaken kanthi simbolik bilih, mitra tutur esemipun endah nengsemaken Ukaranipun, “manis-manis rasa madu, luwih manis esemu cah ayu”. Perangan ngajeng panutur ngandharaken “manising madu” inggih samubarang ingkang nggadhahi raos legem minangka asilipun saking kewan tawon. Perangan wingking ukaranipun “luwih manis esemu”. Tembung manis minangka simbol kangge ngandharaken “esem” ingkang sejatosipun esem menika boten saged dipunraosaken saking indra pangraos. Kalih perangan menika minangka tetembungan ingkang kalebet ing fungsi simbol saking lelewaing basa simbol amargi tembung manis kangge ngandharaken “esem”. *Kritik sosial* “simbol” ugi kapanggihaken ing cakepan menika.

*Terus kumanthil jeroning ati
nalikane rika ngucap janji*

gelang alit banjur lali

karo kula kang setya ngenteni. (K5/J/1)

Cakepan K5/J/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Janji*. Cangkriman ingkang kapanggihaken ing ukara menika nggadhahi fungsi simbolik. Penutur ngandharaken bilih sampun supe dhumateng asmaranipun. Simbol menika kaandharaken penutur saking tembung “gelang alit banjur lali”. Katambahan malih ing ukara candhahipun, ingkang minangka ukara pelengkap, “karo kula sing setya ngenteni”. Tegesipun, bili mitra tutur sampun supe kaliyan penutur ingkang setya magentosi. Perangan ukara ingkang kaping tiga inggih menika “gelang alit bajur lali”. Tembung “gelang alit” minangka ungkapan ingkang ngandharaken satunggaling barang inggih menika ali-ali. Ukara menika saged nggadhahi teges bilih mitra tutur sampun supe kalian ali-ali ingkang nate dados bab ingkang wigati ing asmaranipun. Konten kritik “simbol” kapanggihaken ugi ing pada menika.

Adhem kekes ati iki

yen kelingan prasetyaning janji

Gelang alit aja lali

Pasir putih minangka praseksi (K17/KPP/2)

Cakepan K17/KPP/2 minangka pada kalih saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kidung Pasir Putih*. Larik kaping tiga kapanggihaken tetembungan “gelang alit aja lali”. Cakepan menika meh sami kaliyan cakepan K5/J/1 “gelang alit bajur lali”. Lelewaning basa cangkriman ing pada menika nggadhahi fungsi inggih menika simbol. Miturut Black (2016: 270) simbol dipunpandhanh

minangka implikatur teks, saged ngundang pamaos kangge ngeksplorasi kathah makna ingkang mungkin. Kados ing pada menika bilih mitra tutur kedah batang menapa ingkang dipunkajengaken dening penutur. Ing mriti penganggit tembang ngritik kanthi ngginakaken simbol.

Lelewaning basa menika ngginakaken simbol kangge ngandharaken satunggaling bab. “Gelang alit” minangka ali-ali ingkang nyimbolaken iketan raos tresna. Umumipun ali-ali ing adat saben inggih minangka barang ingkang dipunginakaken kangge ngiket raos tresna. Sages dipunginakaken nalika lamaran, menapa dene palakrama. Kathah ugi ingkang dipunginakaken nalika samubarang ingkang nyimbolaken bilih kekalih paraga sami njalin asmara. Pada katiga tembang *Prengat Prengut* menika ugi kapanggihaken *kritik sosial* “simbol”. Lelewaning basa saroja ugi kapanggihaken kritik sosial kanthi “simbol”.

*Mesem ngguyu jroning uripmu
udan eluh ning pipiku
seneng bungah njero atimu
nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)*

Cakepan K4/N/1 minangka pada katiga saking tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja. Fungsi lelewaning basa saroja ingkang kapanggihaken ing cakepan menika inggih minangka sarana simbol. Bilih cakepan menika ngginakaken simbol kangge ngandharaken maksudipun. Simbol kapanggihaken ing tembung “mesem ngguyu” saha “seneng bungah”. Kalih pakaryan menika nyimbolaken bilih mitra tutur ngraosaken bungah. Tembung menika minangka simbol kangge ngandharaken bab

nasibipun penutur ingkang kosok wangsulipun inggih menika nandang sisah. Konten kritik “simbol” ugi kapanggihaken ing lelewaning basa sanepa.

*Mbok ya aja prengat –prengut Dhik
Kabeh wis barang kebacut
iwak penyu mangan kadhal
Janjimu Mas mung **janji gombal**. (K11/PP/5)*

Cakepan kanthi nomor K11/PP/5 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Prengat Prengut*. Tembung “janji gombal” saged kalebet ing lelewaning basa sanepa. Tembung “gombal” menika minangka simbol panutur kangge ngandharaken “janji”. Tembung “janji” minangka andharan ingkang sipatipun ngyakinaken badhe dipun lampahi, ananging nalika janji dipunandharaken kadosta “gombal” tegesipun janji ingkang boten kalampahan. Simbol samubarang “gombal” minangka rasukan ingkang biasa dipunangge kangge lap regedn boten saged dipunangge malih. Janji gombal ateges janji ingkang tanpa guna. Konten kritik “simbol” ugi kapanggihaken ing cakepan tembang menika.

d. Tegas

Tegas minangka satunggaling sipat ingkang negesaken. Tegas anggenipun nutur, ateges anggenipun ngendika saged kanthi manteb. *Kritik sosial* “tegas” menika kathah kapanggihaken ing lelewnaing basa purwakanthi utawi lelewaning basa *repetisi*. Konten ktirik “tegas” menika ugi kapanggihaken ing lelewaning basa saroja, tindak tutur *asertif*, tindak

tutur *komisif*, saha tindak tutur *direktif*. *Kritik sosial* kanthi “tegas” kados mekaten.

Aja samar aja gela adhuh wong manis
Sliramu aja sujana
Aku sibuk akeh kerjaan
kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan (K/L/2)

Kritik sosial ingkang kapanggihaken ing No. K3/L/2 cakepan tembang *Nglembur* inggih menika “tegas”. Pada menika kapanggihaken tembung ingkang dipunambali. Cakepanipun: “aja samar”; “aja gela”; “aja sujana”, wonten tembung “aja” ingkang dipunambali kaping tiga. *Repetisi* menapa dene purwakanthi guru basa ingkang dipunambali maringi makna kritik *tegas*. Ukaranipun dipunambali kados mekaten, ampun sama, ampun gela, ampun sujana. Inggih *tegas* saking penutur bilih sampun kuwatos menawi penutur kondur dalu. Dipunjelasaken malih ing ukara candhakistan bilih, anggenipun lembur amargi nyambut damel kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Pada *kritik sosial* “tegas” sanesipun kados mekaten.

Numpak sepur tanpa kondhektur
pulang malam aku lembur
adhuh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)

Cakepan K3/L/6 minangka cakepan wangsulan saking pada cakepan K3/L/5. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing cakepan K3/L/6 inggih menika tegas. Tegas dipuntingali saking tembung ingkang dipunambali menapa dene dipungandheng. Lelewaning basa purwakanthi saged maringi ka-*tegas*-an ing teks. Kados dene ing cakepan menika bilih penutur/ penyanyi putra ngandharaken kondur ndalu amargi lembur.

Tembung “lembur ingkang dipunambali menika saged nuwuhaken *kritik sosial* tegas.

Kanthi “tegas” bilih purwakanthi dipunandharaken kanthi parikan. Ukara ingkang minangka sampiran inggih menika “numpak sepur tanpa kondhektur”, dene ukara wos inggih menika “pulang malam aku lembur”. Kapanggihaken tembung ingkang dipunmbali inggih ukara kaping kalih saha kaping tiga, inggih menika “Pulang malam aku lembur” kaliyan “aduh Dhik, kerjaku lembur”. Tembung “lembur” minangka tembung ingkang dipungandheng, satemah kanthi “tegas” ngandharaken bilih penutur saestu nembe “lembur”. Konten kritik “tegas” ugi kaandharaken mekaten.

*Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra.*(K4/N/2)

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi lumaksita. Kritik sosial ingkang kapanggihaken inggih menika “tegas”. Panaliti langkung fokus ing larik ketiga inggih menika “lara aku lara, gela aku gela”. Sanget ketawis bilih tembung “lara” dipungandheng kaliaan tembung “lara”, saha tembung “gela” kaliaan “gela”. Tembung ingkang dipunambali menika nuwuhaken kategasan. Satemah penutur ngandharaken bilih saestu ngraosaken gela. Konten kritik “tegas” ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

Ora ngira aku ra ngira
mbyen seneng dadi nelangsa
manis janji mung ana lambe
saiki pait dadine (K4/N/4)

Cakepan kanthi nomer K4/N/4 minangka cakepan saking tembang campursari irah-irahan *Nasibku*. Larik sepisan “ora ngira aku ra ngira”, kalebet ing purwakanthi lumaksita. Kriti sosial ingkang kapanggihaken inggih menika “tegas”. Wonten kalih tembung ingkang dipunambali inggih menika “ora ngira”. Tembung ingkang dipunambali menika nuwuhaken raos tegas. Tegesipun pada menika bilih negesaken panutur bilih boten kanyana-nyana kalian bab ingkang kedadosan. Purwakanthi lumaksita ugi kapanggihaken konten kritik tegas ing pada cakepan menika.

Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu
kangen kangen kangen yen ra ketemu (K7/F/1)

Cakepan K7/F/1 menika minangka cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Februari*. Cakepan menika ngginakaken lelewaning basa *repetisi*, saged ugi dipunwastani purwakanthi lumaksita. Ketawis kanthi jelas ing ukara kaping kalih “kangen kangen kangen yen ra ketemu”. *Repetisi* ing cakepan menika nggadhahi fungsi kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Basa katingal manteb saha nges nalika dipunambali. Tembung “kangen” dipunambali kaping tiga dadosaken raos antebing penutur bilih ngraosaken kangen dhumateng mitra tuturipun. Kanthi kritik “tegas” kapanggihaken ing pada cakepan tembang *Februari* pada kaping tiga, mekaten.

Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu

kangen kangen kangen yen ra ketemu (K7/F/1)

Cakepan K7/F/1 menika minangka cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Februari*. Cakepan menika ngginakaken lelewaning basa purwakanthi utawi *repetisi*. Ketawis kanthi jelas ing ukara kaping kalih “kangen kangen kangen yen ra ketemu”. *Repetisi* ing cakepan menika nggadhahi fungsi kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Basa ketinggal manteb saha nges nalika dipunambali. Tembung “kangen” dipunambali kaping tiga dadosaken raos antebing penutur bilih ngraosaken kangen dhumateng mitra tuturipun. Kanthi kritik “tegas” kapanggihaken ing pada cakepan tembang *Februari* pada kaping tiga, mekaten.

Wis setaon lawase aku kenal sliramu
wis setaon lawase kok tega medhot tresnamu
wulan Februari *aku kenal sliramu*
wulan Februari *kok tega ninggalke aku*
ya wis ya wis ya wis iki pancen nasibku
ya wis ya wis ya wis iki pancen lelakonku. (K7/F/3)

Cakepan K7/F/3 menika minangka pada pungkasan saking tembang *Februari*. Ing pada menika ngginakaken lelewaning basa purwakanthi utawi *repetisi*. *Repetisi* ingkang kaandharaken ing cakepan menika nggadhahi fungsi kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Tegasing basa bilih ukara saha tembung dipunambali. Tuladhanipunm Tembung “wis setaon lawase” dipunandharaken dipunambali kangge ngandharaken dangunipun raos asmara tumrap mitra tutur. Tembung “wulan Februari” dipunambali kangge ngandharaken wulan nalika pepanggihan shaa nalika medhot ing asmara. Tembung “ya wis”

dipunambali minangka pratandha kanthi tegas bilih penutur sampun pasrah tumrap menapa ingkang dipunlampahi. *Kritik sosial* “tegas” ugi kapanggihaken ing pada cakepan tembang *Prengat Prengut*.

*Sama juga alah sami mawon
ati samar ora kelakon
kadhung rusak ora kelakon* (K11/PP/4)

Ukara kaping kalih saking cakepan K/PP/4 inggih menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi utawi *repetisi*. *Repetisi* ing ukara menika nggadhahi fungsi inggih menika kangge ngandharaken bab supados tegas. “Ati samar ora kelakon, kadhung rusak ora kelakon” ukara menika ngambali tembung “kelakon”. Tegesipun bilih panutur ajrih bilih panjangkanipun tumrap mitra tutur boten kelakon. Tembung “kelakon” minangka tembung ingkang dipunambali penutur kangge ngandharaken satunggaling bab ingkang dipuntunjuk dening penutur. Penutur ngginakaken menika kanthi dipunambali, negesaken penutur bilih saestu, ajrih bilih bab ingkang dipunkajengaken boten kalampahan. Sanesipun, konten kritik “tegas” kados mekatan.

*Kembang menur kembang melathi
kembang melathi rinonce gandane wangi
mugi-mugi Gusti paring idi
nyawijekke tresna kang sejati* (K10/S/4)

Cakepan tembang kanthi nomor K10/S/4 menika minangka pada ingkang pungkasan saking tembang *Sesandhingan*. Purwakanthi dumunung ing larik kaping sepisan saha kalih pada cakepan menika. Tembung “kembang melathi” dipunambali. Lelewaning basa menika kaandharaken kanthi “tegas”. Tembung “kembang melathi” menika saged

tegas, sanajan minangka sampiran saking parikan. Tegas anggenipun ngendahaken cakepan menika. Dipunsukani rerengan kanthi tembung kembang. Konten kritik sosial kapanggihaken ing purwakanthi kanthi kritik “tegas” dumunung ugi ing cakepan menika.

*Besok kapan kangmas eling aku
tansah setya ngenteni janjimu
dhuh wong bagus **rindu** aku **rindu**
tembang kangen pengobat atiku. (K13/TK/3)*

Cakepan K13/TK/3 minangka pada katiga cakepan tembang Tembang Kangen saking Dhimas Tedjo. Pada cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi. Lelewaning basa purwakanthi ing cakepan menika fungsipun kangge ngandharaken basa kanthi “tegas”. Penutur ngambali tembung “rindu” satemah dadosaken “tegas” bilih panutur ngraosaken kangen. Penutur ngginakaken kanthi ekspresi basa ingkang dipunambali, satemah negesaken bilih ingkang dipunandharaken menika saestu. Teges ing larik katiga menika, dipunantebi kaliyan larik saderengipun saha sasampunipun. Larik katiga “dhuh wong bagus rindu aku rindu”. Saged kalebet ing repetisi amargi tembung “rindu” dipunambali, inggih kaping pisan. Tegesipun “rindu” inggih menika kangen. Penutur ngraosaken kangen inggih kanthi ngandharaken badhe setya ing janji. Penutur ugi ngginakaken tembang kangen kangge sarana ngobati kangenipun. Kapanggihaken *kritik sosial* “tegas” ing tembang *Kanca Tani*, mekaten.

***Galo kae** tegal lan sawahe
subur makmur kabeh tandurane
galo kae tikel pametune*

kadang tani bungah atine (SB19/KT/1)

Cakepan nomer SB19/KT/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo pada sepisan kanthi irah-irahan *Kanca Tani*. Ing kekalih latik menika wonten tembung ingkang dipunambali inggih menika “galo kae”. Tembung ingkang dipunambali menika kalebet ing lelewaning basa purwakanthi/*repetisi*. Lelewaning basa *repetisi* ing cakepan menika fungsipun kangge ngandharaken bab kanthi tegas. Tembung “galo kae” dipunambali, negesaken maknanipun langkung manteb. “Galo kae” minangka tembung ingkang dipunginakaken kangge “nunjuk” satunggaling bab. “Galo kae tegal lan sawahe” tegesipun nunjuk ing tegal saha sabin.

Larik sepisan menika dipunantebi larik kalih “subur makmur kabeh tandure”. Ing tembung “subur makmur” ugi kapanggihaken lelewaning basa saroja. Kriti sosial ingkang kapanggihaken ugi “tegas” bilih tembung subur dipunantebi kaliah tembung makmur. Tegesipun ukara menika, bilih nunjuk sabin ingkang subur makmur tanemanipun. Larik katigasaha sekawan ugi minangka satunggal ukara, “galo kae tikel pametune, kadang tani bungah atine”. Tegesipun ukara menika, bilih nunjuk ing asil panen ingkang tikel (kathah), satemah para tani sami bingah manahipun. Ukara sepisan saha kalih sami-sami ngginakaken tembung “galo kae” ingkang tegesipun nunnjuk. Tembung menika dipunambali kangge negesaken bilih, nunjuk ing asil tani ingkang subur lan asilipun mbingahaken. Ing pada kaping tiga tembang *Kanca Tani* menika ugi kapanggihaken lelewanaing basa *repetisi* kanthi kritik “tegas”.

Lur dulur dulur, wancine tandur
Lur dulur dulur, tandure subur
Lur dulur dulur, dha sangu pacul
Lur dulur dulur, uripe makmur. (SB19/KT/3)

Cakepan SB19/KT/3 minangka pada pungkasan tembang *Kanca Tani*. Wonten tembung ingkang dipunambali kaping tiga. “Lur dulur dulur” minangka tetembungan kangge “nyeluk”. “Dulur” saking tembung lingga “sedulur”, wanda “lur” ugi saking tembung lingga “sedulur”. Lelewaning basa purwakanthi ing tembung “dulur” ingkang kapanggihaken pada tiga tembang *Kanca Tani* menika, fungsipun inggih “tegas”. Satunggal larik tembung “dulur” dipunambali kaping kalih, ateges minangka tembung ingkang dipunginakaken kangge celukkan. Tembung menika negesaken bilih panutur nyeluk kanca tani kanthi tembung “dulur”. Kanthi tegas bilih panutur ngajak mitra tutur kangge tandur, sangu pacul, satemah tanemanipun saged subur, gesangipun ugi makmur. Saged mekaten, amargi tembung “dulur” minangka tembung panggantos nama tiyang. Sanesipun, *kritik sosial* “tegas” ugi kapanggihaken ing tembang *Goyang Jape Methe* pada kaping pisan.

He he he ayo goyang rame-rame
he he he ayo joged rame-rame
bergoyang lagu jawa he
musike campursari he
digoyang ser ser adhus asike. (SB20/GJM/1)

Cakepan SB20/GJM/1 minangka pada sepisan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Goyang Jape Methe*. Larik pada menika kalebet ing lelewaning basa purwakanthi. Tembung “he” ing pada cakepan tembang *Goyang Jape Methe* menika fungsipun inggih

tegas. Penutur ngginakaken “he” saged tegas inggih kangge sarana alok-alok. Menawi dipunandharaken kanthi satunggal, tuladhanipun, “He, ayo bareng-bareng wae”. Tegesipun ukara menika inggih kangge sarana nimbali paraganipun. Satemah *repetisi* “he” ing pada menika kanthi tegas bilih penutur alok-alok dhateng mitra tuturipun. Tembung “rame-rame” ingkang dipunambali, dadosaken gumyak. “Ayo goyang rame-rame” saha “ayo joged rame-rame”, tembung “rame-rame” dipunambali. Tegesipun, inggih kanthi “tegas” penutur ngejak ing swasana bingah. Pada kaping tiga tembang *Goyang Jape Methe* menika ugi kapanggihaken *kritik sosial* “tegas”.

*Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene
 ne kene kene kene saya tunggu sawerane
 ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame
 ne kene kene kene tinimbang susah atine.* (SB20/GJM/3)

Pada pungkasan tembang *Goyang Jape Methe* kanthi nomor SB20/GJM/3 kapanggihaken lelewaning basa purwakanthi. Fungsi lelewaning basa *repetisi* inggih kangge sarana “tegas”. Tembung “kene” dipunambali satemah negesaken bilih panutur kanthi saestu ngejak mitra tutur kangge “nyedhak”. Sanget ketawis bilih tembung “kene” dipunambali ing saben larik, menapa dene ing larikipun kiyambak. “Ne kene kene kene” wanda “ne” ugi saking tembung lingga “kene”. Tegesipun “kene” inggih menika “ngajak mriki”. Penutur kanthi “tegas” ngejak mitra tutur kangge “nyedhakka kene”; “saya tunggu sawerane”; “tebuk tangan rame-rame”; saha “timbang susah atine”. *Kritik sosial* “tegas” ugi kapanggihaken ing lelewaning basa saroja.

*Aku emoh yen diapusi
aku ngga mau kamu bohongi
aduh Mas sakit di hati (K3/L/3)*

Cakepan kanthi No. K3/L/3 menika minangka cakepan padha kaping tiga saking tembang campursari Dhimas Tedjo, kanthi irah-irahan *Nglembur*. Ing pada menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja. Ukara kapisan dipunambali maknanipun malih ing ukara kaling kalih. Ukara sepisan inggih “aku emoh yen diapusi” sami maknanaipun kaliyan ukara kaping kalih “aku nggk mau kamu bohongi”. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing lelewaning basa saroja inggih menika tegas. Ukara ingkang maknanipun dipunambali, dadosaken raos tegas. Tegaspun penutur ngandharaken bolih boten purun dipunapusi. Langkung tegas malih bilih raos boten tahan ing ukara candhkipun inggih menika “Adhuh Mas, sakit di hati”. Ateges menawi sampun estu kedadosan dipunapusi dening paraga, dadosaken raos sakit ing manah. *Kritik sosial* “tegas” kapanggihaken ing lelewaning basa *tautologi* cakepan tembang *Janji*.

*Udan grimis ja mangan tahu
wong manis aja cemburu
aduh aduh jangan cemburu (K3/L/4)*

Cakepan tembang *Nglembur* kanthi No. K3/L/4 menika ngginakaken teknik parikan. Parikan ing pada menika dumunung saking purwakanthi guru basa inggih ing tembung “cemburu”. Menawi ing lelewaning basa *repetisi* kados menika kalebet ing *episfora*¹⁸. Ing perangan wingking tembung “cemburu” dipunambali. Saged ugi pada

¹⁸ *Episfora* inggih menika tembung ingkang dipunambali wonten ing perangan wingking. (Gorys Keraf, 2007, h 128)

menika kalebet ing saroja amargi maknanipun sami. Antawisipun “aja cemburu” saha “jangan cemburu” nggadahi fungsi tegas. Bilih penutur ngandharaken sampun cemburu. Fungsi tegas ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

Remuk atiku ajuring uripku
tak gawa nganti pungkasing umurku
lara aku lara, gela atiku gela
nyatane saiki dadine cidra.(K4/N/2)

Cakepan kanthi No. K4/N/2 minangka pada kaping kalih saking cakepan tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa saroja. Ukara ingkang sepisan inggih menika “remuk atiku ajuring uripku”. Tembung saroja ingkang kapanggihaken antawisipun “remuk atiku” saha “ajuring uripku”. Tetembungan menika sejatosipun nyimpen makna ingkang dobel. Satemah makna ingkang dobel menika fungsipun inggih “tegas”. Menika sejatosipun badhe ngandharaken bab ingkang sami, inggih raos ingkang sakit. Konten kritik sosial “tegas” sanesipun kapanggihaken mekaten.

Mesem ngguyu jroning uripmu
udan eluh ning pipiku
seneng bungah njero atimu
nangis lan njerit njoring dhadhaku. (K4/N/3)

Cakepan K4/N/1 minangka pada katiga saking tembang campursari *Nasibku*. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa inggih menika saroja. Panaliti langkung fokus ing larik sepisan saha kaping tiga. Tembung “mesem ngguyu” menika dumunung saking kalih tembung ingkang maknanipun meh sami. Satemah tembung menika

kaginakaken kangge sana kritik kanthi “tegas”. “Mesem ngguyu” saha “seneng bungah” kalih tetembung menika minangka pakaryan ingkang negesaken raos bingah. Dene ing larik kaluh saha sekawan ngandharaken penutur ingkang ngraosaken sedhah. Kritik sosial “tegas” ugi kapanggihaken ing lelewaning basa saroja kados mekaten.

*Dhuh Nimas **pancen lali, napa sampun supe** ?
eling mbok ya eling,
antebi sumpah lan janjine (K5/J/3)*

Cakepan kanthi nomor K5/J/3 menika ngginakaken lelewaning basa saroja. Ukara ingkang kaping pisan “Dhuh Nimas pancen lali menapa sampun supe?” ngginakaken frase kalih ingkang tegesipun sami. Fungsi saroja menika dipunginakaken penganggit kangge ngandharaken tegas. Bilih kanthi tembung “napa” saking tembung “menapa” nyukani pilihan dhumateng mitra tutur. Penutur ngandharaken kanthi kalih pilihan, ananging pilihanipun tegesipun sami. Kanthi mekaten tujuan kaandharaken kanthi sami bilih penutur badhe milih “sampun supe” menapa dene “pancen lali” asilipun sami mawon. Asilipun bilih mitra tutur “pancen nyupekaken penutur” menapa dene “mitra tutur sampun nyupekaken penutur”. Kritik sosial “tegas” ing lelewaning basa saroja ugi kapanggihaken ing cakepan menika.

*Ati lara Mas **tambane apa?**
Awak mriang **jampi menapa?**
Sakit cinta sakit rindu dihatiku
kangen kangen aduh kangen pengin ketemu. (K6/SSR/1)*

Cakepan tembang campursari *Sama-sama Rindu* kanthi nomor K6/SSR/1 minangka pada sepisan. Ing perangan pada menika

kapanggihaken larik sepisan saha kalih kalebet ing saroja. Fungsi kritik saroja inggih kaginakaken kangge “tegas”. Tembung “tambane apa” sami tegesipun kalian “jampi menapa”. Satemah kalih tetembungan menika saged tegas amargi dipunambali. Penutur ngandharaken bilih nembe kangen dhateng mitra tutur. Penutur gginakaken tembung pitaken kanthi negesaken ngginakaken jampi menapa. Kritik sosial “tegas” ugi kapanggihaken ing pada cakepan menika.

*Sama juga dhik dalam hatiku
atiku bingung Dhik, kangen sliramu
Dag di dug dag dig dug dalam hatiku
aku lan sliramu sama-sama rindu (K6/SSR/2)*

Cakepan K6/SSR/2 menika minangka pada kaping kalih saking tembang *Sama-sama Rindu* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing cakepan menika kapanggihaken lelewaning basa saroja. Gayutan ukara satunggal saha satunggalipun nggadhaahi makna ingkang sami. Ukara kaping tiga “atiku bingung Dhik, kangen sliramu” tegesipun sami kaliyan ukara kaping sekawan “aku lan sliramu sama sama rindu”. Saroja ingkang kapanggihaken ing pada menika, nggadhaahi fungsi inggih kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Gayutan ukara satunggal saha satunggalipun, dadosaken makna ingkang manteb. Antebing makna inggih dipunambali saking ukara kaping tiga “atiku bingung Dhik, kangen sliramu” saha ukara kaping sekawan “aku lan sliramu sama-sama rindu”. Tembung “kangen” saha “rindu” tegesipun sami, namung beda ing basanipun. Tembung “kangen” ngginakaken basa jawa, dene tembung “rindu” ngginakaken basa Indonesia.

*Lintang rembulan abyor cahyane
tulangana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)*

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaken lelewaning basa saroja. Ing larik katiga “ati kangen ati rindu” dumunung saking tembung saroja. Tembung “kangen” saha rindu” tegesipun sami inggih menika raos ingkang kangen. Bedanipun inggih menika basa ingkang dipunangge, “kangen” ngginakaken basa jawa, dene tembung “rindu” ngginakaken basa Indonesia. Sejatosisipun tembung menika sami mawon, ateges boten menapa menawi dipunandharaken salah satunggal. Biasanipun panganggit ngginakaken tembung saroja menika kangge sarana negesaken saha ngendahaken cakepanipun. Tembung saroja sanesipun ingkang kapanggihaken kritik sosial “tegas” mekaten.

***Sama juga alah sami mawon**
ati samar ora kelakon
kadhung rusak ora kelakon (K11/PP/4)*

Cakepan K11/PP/4 kapanggihaken kalih lelewaning basa. Ing ukara sepisan inggih menika “sama juga alah sami mawon”. Tembung “sama juga” saha “sami mawon” nggadhahi teges ingkang sami. Tembung tambahan menika tegesipun ugi sami kaliyan tembung ingkang dipuntambahi. Lelewaning basa saroja ing cakepan menika nggadhahi fungsi kritik inggih menika kangge ngandharaken ukara kanthi tegas. Bilih tembung sepisan inggih mennika “sama juga” langkung tegas amargi katambahan tembung malih inggih “sami mawon” ingkang tegesipun sami.

Ukara menika negesaken bilih penutur badhe ngandharaken “sami mawon” ing satunggaling bab. Sanesipun kapanggihaken lelewaning basa sarojakanthi kritik “tegas” kados mekaten.

*Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu
yen kelakon sesandhingan gegandhengan
nimas wong ayu. (K14/GD/4)*

Cakepan K14/GD/4 menika minangka pada pungkasan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nggodha*. Kapanggihaken lelewaning basa inggih menika *pleonasmé* ing ukara kaping kalih. “Yen kelakon sesandhingan gegandhengan”, tetembungan ing larik kalih menika minangka katerangan saking larik saderengipun. Saroja ingkang kapanggihaken ing pada pungkasan tembang *Nggodha* menika, nggadhahi fungsi inggih “tegas”. Tetembungan ingkang dipunpilih kanthi objek kalih tanpa tembung panggandheng menika nuwuhaken raos tegas. Penutur ngaturaken “sesandhingan” dipunantebi malih ing tembung jejeripun inggih menika “gegandhengan”. Tembung ingkang sepisan sampun ateges bilih penutur sanget kepingin “sesandhingan” ateges gesang bebrayan, satemah tembung “gegandhengan” ateges bilih tansah sesarengan. Tembung “gegandhengan” fungsipun inggih negesaken tembung “sesandhingan”. Konten kritik “tegas” ugi kapanggihaken ing tembang *Kadang Tani*.

*We e e e sabar cah ayu
aku mesthi ngelamar sliramu
yen tak lamar oh yes oh no iku jawabmu (K1/OY/03)*

Cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Oh Yes Oh No* (K1/OY/03) dumunung saking tindak

tutur *asertif*. Saged dipunlebetaken ing tindak tutur *asertif*, amargi negesaken bilih penutur “mesthi nglamar”. *Kritik sosial* ingkang wonten ing tindak tutur *asertif* menika inggih menika “tegas”. Sampun cetha bilih ing cakepan paraga ngandharaken ukara ingkang sipatipun negesaken bab. Penutur ngginakaken tembung “mesthi” samenah andharan fungsipun negesaken bilih badhe nglamar penutur. Maringi pepesthen bilih badhe saestu paraga putri badhe dipunlamar dening paraga putra (penutur). Cakepan candhkipun ugi minangka jawaban saking lamaran penutur ingkang sampun kaandharaken piyambak, “Yen tak lamar *Oh Yes Oh No*”. Bab wangsulan mitra tutur menika boten negesaken bilih kekajenganipun penutur badhe dipunparingi wangsulan “yes” inkang artinipun “inggih”. Ananging ugi wonten tembung “No.” ingkang tegesipun “mboten”. Kanthi mekaten wangsulan menika boten minangka prasangka kekajenganipun panutur, amargi dipunandharaken kanthi sejajar. Tindak tutur *asertif* kanthi kriti “tegas” kapanggihaken ing cakepan tembang *Oh Yes Oh No* pada sekawan.

*Aku juga uwis ora tahan
ingin duduk di pelaminan
berduaan oh yes oh no enak tenan.* (K1OY/04)

Cakepan kanthi nomor K1/OY/04 dipunandharaken dening penyanyi putri. Pada menika minangka wangsulan saking pada saderengipun. Kalebet ing lelewaning basa *asertif* amargi penutur njlentrehaken perangan-perangan nalika krama kados mekaten: “aku wis ora tahan”; “ingin duduk di pelaminan”; “berduaan”; “enak tenan”. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken inggih menika “tegas”. Jlentrehan menika

kaandharaken dening penuturipun kanthi teges. Teges bilih sampun boten tahan anggenipun gesang bebrayan. Saged kapethik saking ukara-ukara salajengipun, inggih “ingin duduk di pelaminan, berduaan”. Saged nambagi teges malih wonten tembung “oh yes oh no” (oh iya oh ora) bilih maknaipun sampun kepingin ngraosaken sanget “kados menapa”. Fungsi teges ugi wonten ing cakepan menika.

*Aku ra bakal lali
senadyan ta tumekaning pati
cintaku dan cintamu
senadyan ora nyawiji. (K2/LN/4)*

Cakepan kanthi No. K2/LN/4 inggih ngginakaken tindak tutur *asertif*. *Kritik sosial* kapanggihaken kanthi tegas, saking penutur kakung dhumateng mitra tutur putri. Penutur ngandharaken kanthi *statement* bilih boten badhe nyupekaken menapa ingkang sampun nate kedadosan, inggih bab raos asmara dhateng paraga putri. Ugi ing ukara kapindho bilih “cintaku dan cintamu” senadyan paraga kekalih boten saged nyawiji. *Kritik sosial* kados mekaten kaandharaken kanthi tegas. Inggih tegas anggenipun penutur nembe ngraosaken bilih manahipun dipunlirwakaken dening mitra tutur. Cakepan sanesipun ingkang kalebet ing kritik “tegas” kapanggihaken ing tindak tutur *asertif* kados mekaten.

*Mung telung taon lawase Cah Ayu
Dhek semana nate janji
Prasetya tulus ing ati
Nunggu aku bebrayan nyawiji (K15/NJ/2)*

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/2 minangka pada ingkang kaping kalih saking tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika *Ninggal Janji*. Pada menika arupi jlentrehan penutur awit menapa ingkang

sampun nate dipunalami. Tindak tutur *asertif* ingkang kapanggihaken ing pada menika nggadhahi fungsi inggih menika “tegas”. Janji minangka satunggaling tuturan saking penutur kangge penutur ugi, supados nglampahi pakaryan. Tuturan ingkang dipundamel kiyambak menika nyaosi raos negesaken. Andharan menika boten tegas, menawi penutur nglerwa ing janji. Menapa ingkang nate dipunandharaken, salajengipun penutur boten nglampahi ateges nalika damel tuturan penutur boten tegas. Saged ugi saking pribadi penutur ingkang kanthi sengaja boten badhe nglampahi bab menika. Tindak tutur *direktif* kaginakaken kangge ngiritik sosial kanthi “tegas” mekaten.

*Aku isa lara ati yen nganti ngapusi
ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu
cinta sehidup semati sampai kaki nini.* (K1/OY/05)

Cakepan K/1OY/05 minangka cakepan tembang Oh Yes Oh No ingkang pada pungkasan. Pada menika mlebet ing tindak tutur *direktif*. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken inggih menika teges. Saged kapethik saking grengseng penutur kangge ngejak mitra tuturipun kangge matur dhumateng rama ibu kangge nyuwun pangestu. Pada menika kalebet ingkang *kritik sosial* teges inggih saking ukara kapisan ugi, bilih “aku isa lara ati yen nganti ngapusi”. Negesaken bilih penutur boten badhe lirwa ing janji. Pada sanesipun kritik kanthi “tegas” kapanggihaken ing tindak tutur *komisif* mekaten.

*Eling-eling nalikane
bebarengan janji pasetyane
slendhang ungu titipane
tali tresna kanggo salawase.* (K5/J/2)

Cakepan nomor K5/J/2 minangka pada ingkang ngandharaken janji. Andharan menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Tindak tutur *komisif* ing cakepan menika nggadhahi fungsi kritik inggih menika tegas. Janji sanalika dipundamel dening pasangan menika kaandharaken kanthi tegas, manteb. Tegas bilih paraga kekalih gucap janji setya, kangge asmara salami-laminya. Andharan menika dipunandharaken kanthi tegas senajan penutur minangka pangemut-emut. Kanthi tegas ugi wonten ing cakepan tembang *Prengat Prengut* mekaten.

*Numpak dhokar rodhane telu
sing sabar aja kesusu
mesthi kelakon janjiku* (K11/PP/3)

Cakepan kanthi nomor K11/PP/3 menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Penutur ngandharaken satunggaling bab ingkang badhe dipunlapahi piyambak. Ukara “mesthi kelakon janjiku” minangka ukara ingkang janjeni. Penutur ngandharaken bilih badhe nglampahi janji ingkang sampun nate dipundamel kaliyan mitra tutur. Fungsi tindak tutur *komisif* ing ukara menika inggih kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Tegaspun panutur bilih badhe nglampahi janjinipun. Ukara kaandharaken ugi kangge negesaken supados mitra tutur pitados dhateng penutur. Tindak tutur *komisif* kangge fungsi kritik “tegas” ugi wonten ing cakepan tembang *Sesandhingan*.

*Kicir-kicir Dhik lagune melayu
lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu
Aja kuwatir Dhik sajroning atimu
setya lan tresnaku kanggo sliramu* (K12/S/2)

Cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan sesandhingan nomor K12/S/2 menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Tindak tutur *komisif* ing pada menika nggadhahi fungsi inggih menika “tegas”. Penutur ngandharaken bab ingkang ngyakinaken mitra tuturipun kangge pitados. Tembung “aja kuwatir” dipunandharaken penutur bilih penutur badhe nglampahi “setya lan tuhu”. Tindak tutur *komisif* ing *data* menika saged nggadhahi fungsi tegas amargi tetembungan ingkang dipunandharaken kangge negesaken. Penutur negesaken dhateng mitra tutur supados pitados bilih “ampun kuwatir” penutur badhe “setya lan tresna” tumrap mitra tuturipun.

e. Langsung

Kritik sosial “langsung” kaandharaken kanthi tetembungan ingkang entheng, langsung ketawis tegesipun. Kritik menika boten mawi tetembungan ingkang kasirep maknaipun, utawi boten kiasan. Miturut Black (2016: 305) bilih wacana aingkang langsung minangka sarana ingkang paling jelas anggenipun nggambaraken wos pikiran. Kados ing konten kritik menika, bilih kritik ingkang kaandharaken lanthi “langsung” maknaipun kanthi jelas ketawis. *Kritik sosial* menika kapanggihaken saking *stilistika pragmatik* lelewaning basa panyandra, sanepa, tindak tutur *asertif*, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *ekspresif*.

*Nyatane saiki sliramu nyidra janji
lunga tanpa pamit medhot tresna kang suci (K7/F/2)*

Cakepan tembang Februari kanthi nomor K/F/2 menika nggadhahi tindak tutur *asertif*. Kaandharaken ing tembung wiwitan “nyatane” ateges kayunyanipun. Tembung ingkang *asertif* menika nggadhahi fungsi kangge kangge ngandharaken basa kanthi tegas. Penutur ngandharaken kanthi manteb bab menapa ingkang sampun dipunlampahi. Penutur boten ngraosaken bilih andharanipun menika klentu. Tembung “nyatane” minangka raosing tegas bilih satunggaling bab sampun saestu kalampahan. Tegesing konteks bilih penutur ngraosaken antebing kasunyatan bilih mitra tutur sampun medhot ing janji. Ing tembang *Wiwit ngidham* ugi kapanggihaken kritik “langsung”.

***Andheng- andheng ning janggutmu
Yen tak pandeng bingung rasaku
Rina wengi tanpa nendra
tansah kanthil kumanthil ning netra (K9/KM/3)***

Pada tembang K9/KM/3 kalebet ing tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kumanthil*. Lelewaning basa panyandra ingkang wonten ing pada menika dumunung ing larik sepisan saha kalih inggih menika panyandra. Kritik sosial kaandharaken kanthi langsung. Kanthi langsung penutur nyandra mitra tutur kanthi gegambaran ing ulatipun. Anggenipun nggambar panutur kanthi ngandharaken praupanipun. “Andheng-andheng ning janggutmu, yen tak pandeng bingung rasaku” minangka gambaran praupanipun paraga. Bilih “andheng-andheng” ingkang wonten ing janggut biasanipun simbol manising, ayuning paraga. Kritik sosial “langsung” ugi kaandharaken ing lelewaning panyandra menika.

Tan kuwawa rasa iki
Esem kang manis angrerujit ati
Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi
Yen wurung gela ati (K9/KM/4)

Tembang *Kumanthil* pada kaping sekawan nomor K9/KM/4 menika kalebet ing panyandra. Larik kaping kalih “esem kang manis angrerujit ati” minangka gambaran panutur dhateng mitra tuturipun. Panyandra menika kaandharaken kangge kritik sosial “langsung”. Kanthi langsung penutur ngraosaken manahipun tansah mikiraken “esem kang manis”. Tegesipun bilih gambaran “esem manis” menika ngganggu atinipun penutur. Penutur ngraosaken sakit manahipun amargi paraganipun ndamel “ngrerujit ati”. Panyandra ing perangan tembang menika negesaken bilih penutur nembe ngraosaken “gela”. Lelewaning basa panyandra ingkang kapanggihaken kritik sosial “langsung” sanesipun mekaten.

Yen wengi tan bisa nendra
mung ngalela kelingan Mas Roro
Nadyan mung sepisan tepung
nyata bisa gawe ati bingung. (K10/K/1)

Cakepan kanthi nomor K10/K/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kelingan*. Ing wiwitan menika kapanggihaken lelewaning basa panyandra. Panyandhra ing pada menika kaginakaken kangge ngritik sosial kanthi “langsung”. Kanthi langsung panutur nggambaraken mitra tutur kados tiyang ingkang nengsemaken. Basa kaandharaken boten kanthi basa ingakgn kiasan. Ing ukara kaping kalih mekaten “nadyan sepisan

tepung, nyata bisa gawe ati bingung”. Perangan ngajeng ngandharaken bilih paraga nembe sepisan tepung, ing perangan wingking saged damel “ati bingung” tumrap panutur. Penutur langsung ngginakaken tembung “ati bingung” ing mriki tegesipun boten minangka panutur ingkang ngraosaken bingung ananging ngraosaken katresnan. Saged mekaten, amargi kanthi ningali konteks bilih antawisipun paraga sampun nate pitepangan. Salajengipun “ati bingung” sanes perkawis ingkang awrat, ananging raosing tresna wiwit pepanggihan ingkang sepisan menika. Kritik sosial “langsung” kapanggihaken ing tembang *Ninggal Janji*.

Nalika jaman samana Cah Ayu
Aku pamit mring sliramu
*Aku pamit **ngudi ngilmu***
Banjur lunga ninggalke desaku (K15/NJ/1)

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/1 menika minangka pada sepisan saking cakepan tembang *Ninggal Janji* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing cakepan menika wosipun minangka jlentrehan saha andharan penutur menapa ingkang samppun nate dipun lampahi. Tindak tutur *asertif* ing sedaya tetembungan pada sepisan tembang *Ninggal Janji* menika nggadhahi fungsi “langsung”. Tembung dipunandharaken kanthi jlentrehan ugi diskripsi, satemah maknanipun cetha. Ukara menika boten kaserat ngginakaken basa ingkang kias, satemah kalebet ing fungsi langsung. “Nalika jaman samana, aku pamit mring sliramu, aku pamit ngudi ngilmu, banjur lunga ningalke desaku” minangka andharan utawi deskripsi. Ing pada menika ugi kapanggihaken lelewaning basa sanepa ing tembung ngudi ilmu. Tembung ngudi ilmu ugi kaandharaken

kanthilangsung, boten kanthi basa ingkang kiasan. Pada sanesipun ingkang kapanggihaken kritik sosial “langsung” kados mekaten.

Eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?
Ora mesem prengat prengut, apa meneh ngguyu
Lara apa Dhik mbok ya blaka wae
sapa ngerti aku duwe tambane (K8/WN/1)

Cakepan K8/WN/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Wiwit Ngidham*. Ing cakepan menika kapanggihaken tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* ingkang wonten ing cakepan menika nggadhahi fungsi inggih menika langsung. Basa kaandharaken kanthi langsung saking penutur tumrap mitra tuturipun. Ing andharanipun penutur ngginakaken pitakenan dhateng mitra tuturipun. Penutur kanthi langsung ugi ginakaken sapaan langsung tembung “Dhik”. Cakepan menika penutur ngandharaken bilih “penutur lesu, ora mesem, prengat-prengut”. Andharan menika dumunung ing ukara kaping pisan saha kalih. Penutur ngandharaken ngginakaken wujud pitakenan “eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?”. Penutur ugi ngandharaken gambaran mitra tutur nalika ing swasananipun. Penutur ugi ngandharaken bilih mitra tutur nembe gerah, “lara apa Dhik mbok ya blaka wae, sapa ngerti aku duwe tambane”. Sanesipun tindak tutur *asertif* kangge fungsi *kritik sosial* “langsung” kados mekaten.

Yen estu kangmas napa kersane
putra mbarep niki samangke
lanang wadon ya dhik ya iku padha wae
ning aja lali cukup loro tembe mburine (K8/WN/4)

Cakepan kanthi nomor K8/WN/4 menika minangka pada pungkasan saking tembang Campursari kanthi irah-irahan *Wiwit Ngidham*.

Pada menika minangka andharan, jlemtrehan satemah kalebet ing tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* ingkang kapanggihaken ing cakepan menika nggadhahi fungsi inggih kangge ngandharaken bab kanthi langsung. Penutur njlentrehaken satunggaling bab kanthi basa ingkang sekeca, maknanipun gampil dipuntangkep dhumateng mitra tutur. Dipunandharaken ing teks bilih “Yen estu napa kersane, putra mbarep niki samangke” tegesipun penutur ngendika bilih menapa panjangkanipun, dhumateng putra ingkang dipunkandhut. Andharan ugi ing ukara candhakistanipun “lanang wadon iku padha wae, ning aja kali cukup loro tembe mburine” ateges punutur ngendika bilih putra menapa putri bayi ingkang dipunkandhut dening mitra tutur, menika sami mawon, ingkang baken inggih benjang panjangkanipun putranipun kalih mawon. Pada *kritik sosial* “langsung” kapanggihaken ing pada menika.

*Wis pitung sasi aku ngenteni
nahan rindu lan kangene ati
ngetung dina nganti sasi
nanging kangmas ora bali-bali (K13/TK/2)*

Pada kalih tembang Tembang Kangen kanthi nomor K13/TK/2 menika kapanggihaken tindak tutur *asertif*. Fungsi tindak tutur *asertif* ing cakepan menika inggih kangge ngandharaken bab kanthi langsung. Basa dipunandharaken kanthi entheng, boten ngginakaken basa ingkang kiasan. Penutur ngandharaken tuturan, satemah mitra tutur kanthi gampil mangertosi maknanipun. Pada menika ngandharaken kanthi langsung katrangan wekdal. Penutur ngandharaken bilih kanthi ngetang dinten dumugi wulan, ngentosi konduripun mitra tutur. Ing larik saderengipun ugi

dipunandharaken bilih penutur nembe kangen. “Wis pitung sasi aku ngenteni, nahan rindu lan kangene ati” ateges penutur nengga pitung wulan rawuhipun mitra tutur, saha ngraosaken kangen. Konten kritik “langsung” ugi kathah kapanggihakening tindak tutur *asertif* mekaten.

***Ing wengi iku
Nalikane, aku pisan ketemu
tak untapke sliramu pamit aku
pamitmu bali ning kuthamu (K16/ST/1)***

Cakepan kanthi nomor K16/ST/1 minangka pada sepisan saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Stasiun Tugu*. Pada menika minangka jlentrehan andharan ingkang dipunalami dening panutur. Kalebet ing tindak tutur *asertif*, amargi pada menika wosipun andharan utawi deskripsi. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing tindak tutur *asertif* inggih kaginakaken kangge ngandharaken kanthi langsung. Basa ingkang dipunginakaken entheng, boten ngginakaken basa kias. Tetembungan ingkang dipunangge kados “nalikane pisan ketemu”, “sliramu pamit aku”, saha “pamit bali ning kuthamu” tegesipun langsung ketawis. “Nalikane pisan ketemu, tak untapke sliramu pamit aku, pamitmu bali nang kuthamu” arupi deskripsi. Penutur ngandharaken bilih nembe sepisan ketemu kaliyan mitra tutur, salajengipun mitra tutur pamit badhe wangsul ing kithanipun. Pada cakepan sanesipun kados mekaten.

***Sepining ati
nalikane ing wengi kuwi
ora ngira tumetes eluh ing pipi
Dhuh sliramu kapan bali (K16/ST/2)***

Tembang campursari *Stasiun Tugu* kanthi nomor K16/ST/2 minangka cakepan pada ingkang kaping kalih. Cakepan menika aripi

jlentrehan. “Sepining ati, nalikane wengi kuwi, ora ngira tumetes eluh ning pipi, dhuh sliramu kapan bali” minangka jlentrehan saking penutur bab menapa ingakng nembe dipunadhepi. Tindak tutur *asertif* ing ukara menika nggadhahi fungsi inggih kangge ngandharaken kanthi langsung. Basa ingkang dipunginakaken antheng boten ngginakaken kiasan. Penutur ngandharaken bab seping ati, inggih kanthi langsung ketawis maknaipun. Ukara “ora ngira tumetes eluh ing pipi” ateges bilih raos sepi ing ati kanthi muwun dipuntilar mitra tuturipun. Pada *asertif* sanesipun kangge kritik “langsung” kados mekaten.

*Sepi sepi jroning ati
dina dina kang kula lampahi
tansah setya nganti-anti
kondur ndika pepujaning ati* (K17/KPP/1)

Cakepan K17/KPP/1 minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah –irahan *Kidung Pasir Putih*. Pada sepisan menika ngginakaken tindak tutur *asertif*. Basa ingkang dipunginakaken arupi jlentrehan bab menapa ingkang dipunlampahi. Penutur ngandharaken “sepi jroning ati, dina kang kula lampahi, tansah setya nganti-anti, kondur ndika pepujaning ati”. *Kritik sosial* ingkang kapanggihaken ing tindak tutur *asertif* pada menika inggih kanthi fungsi langsung. Basa dipunandharaken kanthi entheng boten kanthi kiasan. Makna basa, utawi kekajengan penutur ing teks langsung ketawis. Penutur ngraosaken sepi ing manah, tansah ngantu-antu konduripun mitra tutur. Tindak tutur *asertif* sanesipun kangge kritik “langsung” kados mekaten.

*Nadyan ta dikaya ngapa
nanging ati ora bisa lali*

*wis suwe dha pepisahan
dulur lanang sing tak tresnani.* (SB18/SL/1)

Cakepan SB/SL/1 minangka tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Tembang menika kalebet ing tema sosial budaya. Cakepan pada kepisahan kalebet ing tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* ing pada menika nggadhahi fungsi inggih kangge ngandharaken bab kanthi langsung. Basa dipunandharaken kanthi entheng, boten ngginakaken basa kiasan. Teges saking jlentrehan ugi langsung ketawis, boten dadosaken pamireng madosi tegesipun malih. Wosipun arupi andharan, jlentrehan satemah njelasaken menapa ingkang dipunlampahi dening panuturipun. Penutur ngandharaken bilih “ati ora bisa lali”, “wis suwe dha pepisahan”, “dulur lanang sing tak tresnani”. Tegesipun kanthi langsung ketawis bilih panutur ngraosaken boten saged supe kaliyan sedherek kakung, ingkang dangu sami pepisahan. Salajengipun kapanggihaken *kritik sosial* “langsung” ing tindak tutur *asertif*.

***Dhek mbiyen tansah kelingan
bocah loro bareng dolanan
menyang sawah nandur pari
adus bareng aneng kali*** (SB18/SL/3)

Cakepan kanthi nomor SB18/SL/3 minangka cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Sedulur Lanang*. Cakepan menika dumunung saking jlentrehan satunggaling bab. Pada ketiga tembang *Sedulur Lannag* menika kalebet ing tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* ing pada menika nggadhahi fungsi kangge ngandharaken kritik kanthi langsung. Basa ingkang dipunandharaken boten kanthi kiasan.

Makna ingkang kakandhut langsung ketawis saking ukaranipun. Kanthi langsung penutur ngandharaken bilih nalika alit nglampahi prastawa ingkang tansah ngemutaken. “Dhek mbiyen tansah kelingan, bocah loro dolanan, menyang sawah nandur pari, adus bareng ning kali” ukara menika minangka jlentrehan. Penutur njlentrehaken prastawa nalika jaman alit sesarengan kaliyan sedherek kakungipun. Penutur kaliyan mitra tutur nglampahi dolan sesarengan, nandur pantun ing sabin, saha adus sareng ing lepen. Pada tembang kanthi ktirik “langsung” sanesipun mekaten.

***Wanci esuk mangkat bebarengan
manggul luku nggarap tegalan
guyub rukun ora ana beda
subur makmur iku kang jinangka.*** (SB19/KT/2)

Cakepan kanthi nomor SB/ KT/2 minangka cakepan tembang *Kanca Tani* pada kalih. Ing pada menika kapanggihaken tindak tutur *asertif* minangka jlentrehan pakaryan ingkang dipunlampahi dening para tani. Lelewaning basa *asertif* ing cakepan menika fungsipun kangge ngandharaken bab kanthi langsung. Basa dipunandharaken kanthi entheng, boten ngginakaken basa kias. Pamireng tembang kanthi sekeca mangertosi maknaipun, amargi basa dipunandharaken kanthi langsung. Panutur ngandharaken kanthi langsung bilih para tani wanci enjang dhateng sabin sesarengan, manggul luku nggarap tegalan. Para tani tansah guyup rukun, panjangkanipun subur makmur. Jlentrehan menika, minangka wos pada kalih tembang *Kanca Tani*. Kapanggihaken ugi kritik “langsung” saking tindak tutur *direktif* mekaten.

***Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas
elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu***

ayo bareng mbangun tresna setya tuhu (K3/L/7)

Cakepan kanthi No. K/L/7 menika minangka pada pungkasan tembang *Nglembur*. Cakepan menika kalebet ing tindak tutur *direktif*, amargi sipatipun “nyuwun” saha “ngejak”. Miturut pemanggih Black (2016: 46) bilih *direktif* minangka ukara parenah ing wacana sastra biasanipun dipunpanggihi ing wacana antawisipun paraga kalian paraga. Kados ing pada menika antawisipun paraga putra saha putri ingkang ngginakaken kalih ukara *direktif*.

Kapanggihaken tindak tutur *direktif* ing ukara sepisan, “tak sesuwun sing prasaja” ingkang tegesipun “kula suwun ingkang sae”. Penutur nyuwun dhumateng mitra tutur supados makarya kanthi sae. Salajengipun tindak tutur *direktif* ugi kapanggihaken ing ukara pungkasan inggih menika “ayo bareng mbangun tresna setya tuhu”. Tegesipun ukara ingkang pungkasan inggih menika “awi sareng-sareng mbangun tresna”. Ukara menika kalebet ing tindak tutur *direktif* amargi sipatipun ngejak. Ajakan kapanggihaken nalika penutur ngajak dhateng mitra tutur kangge sesarengan mbangun tresna ingkang setya tuhu. Pada tindak tutur *direktif* sanesipun mekaten.

*Kecipir ungu kembange Mas
wong dipikir ora nggape
janjane niku kepiye
tak enteni kelakon janjine (K11/PP/2)*

Cakepan kanthi nomor K11/PP/2 menika kalebet ing tindak tutur *direktif*. Penutur ngandharaken bab ingkang minangka dhesek mitra tutur kangge nglampahi pakaryan. Ukaranipun “janjine niku kepiye/ tak

enteni kelakon janjine”. Penutur ndhesek supados mitra tutur nglampahi janjinipun. *Kritik sosial* ingkang wonten inggih bilih andharan menika kaandharaken kanthi langsung. Penutur ngginakaken basa ingkang entheng satemah tegesipun langsung ketawis. Ukaranipun ugi ngginakaken ukara kanthi langsung. Cakepan sanesipun ingkang kalebet ing tindak tutur *direktif* inggih mekaten.

*hehehe ayo dha padha mesem he
awak lungkrah ngunjuk jahe
sirah pusing mikir utang he
bergoyang ser ser mesthi lali he. (SB20/GJB/2)*

Cakepan SB20/GJM/2 minangka pada kalih tembang *Goyang Jape Methé*. Ing pada menika kalebet ing tindak tutur *direktif*. Saged mekaten amargi wosipun sipatipun ajakan. Pada kalih menika minangka pada panglipur kangge mitra tutur ingkang nembe mrengut. Kados ing teks larik sepisan penutur ngandharaken bilih mitra tutur “mrengut”. Penutur ngajak mitra tutur kangge bingah, lan nyupekaken perkawis ingkang nembe dipunalami kanthi joged. Tindak tutur *direktif* ing pada menika nggadhhai fungsi kangge ngandharaken kanthi langsung. Basanipun boten ngginakaken basa kiasan. Basa dipunandharaken kanthi wos ingkang langsung ketawis. Pamireng tembang kanthi gampil mangertosi maknaipun, nalika pada menika dipunsekaraken. Kanthi kritik “langsung” kapanggihaken ugi mekaten.

*ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene
ne kene kene kene saya tunggu sawerane
ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame
ne kene kene kene tinimbang susah atine. (SB20/GJB/3)*

Pada pungkasan tembang Goyang Jape Methé kanthi nomor SB20/GJM/3 kapanggihaken tindak tutur *direktif*. Tembung “kene” kalebet ing tindak tutur *direktif* amargi sipatipun “ngejak”. Penutur ngejak mitra tutur kangge nyedhak kangge rame-rame. Fungsi tindak tutur menika inggih kangge ngandharaken kanthi langsung. Basa ingkang dipunginakaken entheng. Makna langsung ketawis nalika penutur ngandharaken menika. Boten ginakaken basa ingkang kias. Salajengipun *kritik sosial* “langsung” kapanggihaken ugi ing tindak tutur *ekspresif/evaluatif* mekaten.

*Wis setahun lawase
ora tahu keprungu kabare
kaget rasa atiku
keprungu apa aturmu/ (K2/LN/1)*

Cakepan K2/LN/1 minangka cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Lampung Ngayoja*. Cakepan pada satunggal menika kalebet ing tindak tutur *ekspresif*. *Kritik sosial* ingkang wonten ing cakepan K2/LN/1 inggih menika langsung. Penutur ngandharaken raosing manah nalika nengga setaon asmaranipun. Kapendhet saking ukara “setaon lawase, ora keprungu kabare”. Lajeng kaandharaken kanthi langsung ugi nalika matur “kaget” nalika “keprungu kabar”. Bab menika penutur ngandharaken raosing manah lanthi makna sejatosipun, mboten kanthi simbol menapa dene kiasan. Kritik “langsung” ugi kapanggihaken mekaten.

*Dhuh Gusti kang Kuwasa
paringana kuat batin kula
najan Lampung Ngayoja
ora bisa nyawijekke tresna. (K2/LN/5)*

Pada cakepan ingkang pungkasan saking tembang campursari *Lampung Ngayoja* menika, kalebet ing tindak tutur *ekspresif*. Kapendhet saking ukara kapisan inggih menika “Dhuh Gusti” ingkang kalebet ing ukara “pasrah”. *Kritik sosial* cakepan menika kaandharaken kanthi langsung. Pasrahipun penutur anggenipun ngadhepi pagesangan asmaranipun inggih kanthi boten dipuntutup-tutupi. Bilih ing cakepan-cakepan saderengipun wosipun inggih minangka pakaryan, kedasosan, saha dipunwangsul dening mitra tuturipun, ing pada cakepan menika minangka ukara ingkang pasrah. Boten namung katujokaken dhumateng mitra tuturipun ananging kanthi langsung kaandharaken dhumateng Gusti, saha ukara kangge ngiyataken batin panutur/penyanyipun. Kritik “langsung” ugi kapanggihaken mekaten.

*Wancine jam siji bengi **aduh Kangmas**
anggonku sabar ngenteni
ngantu-antu kondur ndika
nganti ndalu dereng saking makarya (K3/L/1)*

Cakepan kanthi No. K3/L/1 saking cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nglembur*. Cakepan menika minangka cakepan ing pada setunggal, kawiwitan penutur/ penyanyi minangka paraga putri. Pada menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif* amargi wosipun minangka “nggersula”. Inggih ingkang dipunlampahi boten sebandhing kalian asilipun. *Kritik sosial* saking cakepan menika inggih kaandharaken kanthi cara langsung. Boten wonten tembung ingkang dipuntutup-tutupi, sedaya ukara kaandharaken kanthi langsung. Paraga putri minangka penyanyi ngandharaken raosing manah nalika

nengga garwanipun kondur. Paraga kekalih minangka paraga gesang bebrayan. Ukara “wancine jam siji bengi” saha “nganti ndalu dereng saking makarya” minangka ukara ingkang nggersula. Menapa ingkang dipunkajengaken bilih keng garwa kondur saking makarya, ananging dumugi ndalu dereng saged kondur. “Tak antu-antu kondur ndika” tembung menika kaandharaken kanthi langsung senadyan paraga ingkang dipunkajengaken boten kanthi langsung wonten ing sangajengipun paraga. Kritik “langsung” ugi kapanggihaken mekaten.

mung ngalela kelingan Mas Roro
Nadyan mung sepisan tepung
nyata bisa gawe ati bingung. (K10/K/1)

Cakepan kanthi nomor K10/K/1 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Kelingan*. Ing wiwitan menika kapanggihaken lelewaning basa *kontradiksi interminis*. Lelewaning basa *kontradiksi interminis* ing cakepan menika minangka kritik ingkang kaandharaken kanthi boten langsung. Ing ukara kaping kalih mekaten “nadyan sepisan tepung, nyata bisa gawe ati bingung”. Perangan ngajeng ngandharaken bilih paraga nembe sepisan tepung, ing perangan wingking saged damel “ati bingung” tumrap panutur. Ukara menika ngginakaken tembung panggandheng “nadyan”. Ukara ingkang kaandharaken ngginakaken tembung ingkang boten langsung kadosta “gawe ati bingung”. Saged kanthi boten langsung amargi teges tembung menika beda, bilih penutur nembe ngraosaken “katresnan”. Tembung “ati bingung” ing mriki tegesipun boten minangka panutur ingkang ngraosaken bingung ananging ngraosaken katresnan. Saged mekaten, amargi kanthi

ningali konteks bilih antawisipun paraga sampun nate pitepangan. Salajengipun “ati bingung” sanes perkawis ingkang awrat, ananging raosing tresna wiwit pepanggihan ingkang sepisan menika. Pada cakepan menika ugi minangka *kritik sosial* “boten langsung” ing tindak tutur *asertif*.

*Coba mriki mas kula kepengin kandha
awak lungkrah krasa lemes wis meh telung ndina
pingin mangan Mas rasane ra doyan
saben esuk kok wis pingin rujakkan.* (K10/WN/2)

Cakepan K/WN/2 menika ngginakaken tindak tutur *asertif*.

Penutur ngandharaken saperangan bab ingkang dipunraosaken awakipun piyambak. Wos andharanipun inggih menika “awak lungkrah krasa lemes wis meh telung dina” tegesipun paraga sampun ngraosaken awak ingkang lungkrah tigang dinten Andharan ingkang kaandharaken kanthi *asertif* nggadahi fungsi inggih menika kangge ngandharaken bab kanthi boten langsung.

Andharan Clancy (2019: 134) ngandharaken bilih wonten titik kangge ngandharaken bab ingkang boten mesthi mliginipun gegayutan kalian tindak tutur ingkang boten langsung konvensional. Kados ing pada menika bilih mitra tutur saha pamireng kedah ngentha-entha menapa teges penutur. Kanthi boten langsung penutur ngandharaken bab ingkang dipunraosaken. Penutur boten blaka bilih badhe ngandharaken menawi nembe ngandhut. Saged dipunwasteni mekaten amargi saking pada cakepan saderengipun penutur njlentrehaken menapa ingkang dipunraosaken. Kanthi jlentrehan menika wau penutur badhe

ngandharaken ing mitra tutur bilih nembe ngandhut. Pada salajengipun kapanggihaken tindak tutur *direktif* kangge fungsi kritik “boten langsung”.

***Adhuh dewa adhuh nyawa
t lungana wong nandang asmara
tak sesuwun rina lan wengi
dhuh wong manis muga animbang*** (K10/K/4)

Cakepan K10/K/4 minangka pada pungkasan ing tembang kelingan. Ing pada menika basa kaandharaken kanthi tindak tutur *evaluatif*. Tindak tutur *evaluatif* ingkang wonten ing cakepan menika kaandharaken kanthi langsung. Ngginakaken basa ingkang tegesipun langsung ketawis, boten ngginakaken basa ingkang kias. Tuturan ing pada menika dipunanggep minangka evaluasi bab ingkang dipunwicantenaken. Atur pasrah minangka evaluasi satunggaling bab sampun kalampahan. Atur pasrah kalebet ing *evaluatif*, ing pada menika panyerat ngandharaken kanthi tembung “adhuh dewa adhuh nyawa, t lungana wong nandang asmara, tak sesuwun dhuh wong manis muga animbang”. Andharan langsung menika minangka donga memuji dhumateng Gusti bilih mugimugi asmaranipun dipuntampi dening mitrataturipun. Kritik “langsung” ugi kapanggihaken mekaten.

***Dhuh Dewa dewaning rasa
suwe-suwe ati tan kuwawa
Rina wengi mung tratapan
kepingin enggal sumandhing.*** (K14/GD/3)

Cakepan kanthi nomor K14/GD/3 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo inggih menika *Nggodha*. Ing cakepan menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Tindak tutur menika kaginakaken kangge ngritik sosial kanthi langsung. Ukara

sepisan saha kekalih minangka sambating panutur dhateng satunggaling bab. “Dhuh Dewa dewaning rasa” ateges raosing sambat nyebut dhateng Dewa saged ugi sambat dhateng Gusti. Basa kaandharaken boten kanthi kiasan. Ukara kaping kalih, “suwe-suwe ati tan kuwawa” ateges sambating raos panutur bilih sampun boten kiat. Saged kalebet ing *evaluatif* amargi bab sambating panutur awis sampun nglampahi saperangan bab saderengipun. Sanesipun tindak tutur *evaluatif* ketawis ing cakapan tembang *Stasiun Tugu*, mekaten.

Kusumaning ati amung donga lan amung muji
Kutha Ngayoja kang tansah ngancani
sepining rasa iki. (K16/ST/3)

Cakapan kanthi nomor K16/ST/3 menika minangka cakapan tembang cmapsari *Stasiun Tugu* anggitanipun Dhimas Tedjo. Pada menika wosipun inggih memuji mring Gusti. “Kusumaning ati amung donga lan amung muji” larik sepisan menika kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Tindak tutur *evaluatif* ing cakapan menika nggadhahi fungsi inggih menika langsung. Basa dipunandharaken kanthi langsung, boten ngginakaken tembung kiasan. Penutur ngandharaken “kusumaning ati, amung ndedonga lan amung memuji” inggih minangka donga dhateng Gusti-nipun. Basa dipunserat kanthi makna ingkang langsung ketawis, basanipun ugi entheng.

f. Boten Langsung

Kritik sosial ingkang kaandharaken kanthi “boten langsung” inggih menika ktitik ingkang dipunandharaken kanthi basa ingkang

sekeca, entheng, ananging ngemu maksud ingkang boten langsung cumeplos. Penganggit ngginakaken tetembungan ingkang radi dawa, saha boten dipunandharaken kanthi langsung tegesipun, saged nuwuhaken opini kangge pamirengipun. Miturut Sugiwardhana, ing panalitenipun lagu Sank, bilih penganggit ngginakaken ukara utawi istilah ingkang saged nyiptakaken pola pikir/opini kangge para pamirengipun.¹⁹ Kritik menika saged arupi kritik ingkang saged dadosaken pamireng/mitra tutur ngangen-angen teges sejatosipun. Konten kritik “boten langsung” menika, kapanggihaken ing lelewaning basa parikan, panyandra, rumpakan, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *evaluatif*.

Udan grimis ja mangan tahu
wong manis aja cemburu
adhuh adhuh jangan cemburu (K3/L/4)

Cakepan tembang *Nglembur* kanthi No. K3/L/4 menika ngginakaken teknik parikan. Parikan inggih menika pantun basa jawa, wonten sampiran wonten wos, migatosaken guru swara, saha wanda. Kritik sosial kaandharaken kanthi boten langsung. Kangge ngandharaken wos, panutur kedah ngginakalen sampiran rumiyyin. Sampiranipun “udan grimis ja mangan tahu”. Sampiran menika boten wonten gayurtannipun kalian wos inggih menika “wong manis aja cemburu”. Ananging ingkang dipungatosaken inggih guru swaranipun. Kanthi mekaten parikan miannangka strategi kritik sosial kanthi boten langsung. Semanten ugi ing pada enem tembang menika.

¹⁹ Ridwan Sugiwardana, *Pemaknaan Realitas serta Bentuk Kritik Sosial dalam Lirik Lagu Slank*, 2014, Surabaya, h 9.

*Numpak sepur tanpa kondhektur
pulang malam aku lembur
aduh Dhik kerjaku lembur (K3/L/6)*

Kritik sosial ingkang kapanggihaken ing cakepan K3/L/6 inggih menika boten langsung. Pada menika mes sami kalian pada sekawan tembang *Nglembur*. Pada menika dumunung saking parikan ing larik sepisan saha kalih. Kangge ngandharaken wos panutur kedah ngandharaken sampiran kangge rerengan. “Numpak sepur tanpa kondhektur” minangka sampiran ingang maknanipun boten gegayutan kalian wos. Penutur boten kanthi “nitih sepur” menpa malih nitih sepur tanpa kondhektur ateges boten saged sepuripun mlampah. Sampiran menika boten gegayutan makna kalian “pulang malam aku lembur”. Amargi penutur namung badhe ngandharaken bilih piyambakkipun menika kondur dalu amargi lembur. Kritik sosial boten langsung ugi kapanggihaken ing cakepan tembang menika.

*Tan kuwawa rasa iki
Esem kang manis angrerujit ati
Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi
Yen wurung gela ati (K9/KM/4)*

Parikan ing tembang *Kumanthil* pada kaping sekawan nomor K9/KM/4 menika dumunung ing larik katiga saha kasekawan. Parikan ing pada menika minangka kritik sosial inggih menika “boten langsung”. Sampiranipun “pasar alit pinggir margi” wosipun “yèn wurung gela ati”. Sampiran menika boten gegayutan kalian wos. Satemah kanthi boten langsung penutur ngandharaken wos menika. Sampiran kaandharaken kangge sarana ngendahaken cakepanipun,

satemah saged narik kawigatosan pamireng tembang/ mitra tuturkipun. Tegesipun kapendhet saking wosipun parikan. Penutur ngandharaken bilih boten wurung namung saged damel gela ing manah. Penutur ngraosaken sakit manahipun amargi paraganipun ndamel “ngrerujit ati”. Pada parikan sanesipun mekaten.

Kecipir ungu kembang Mas
wong dipikir ora nggape
janjane niku kepiye
tak enteni kelakon janjine (K11/PP/2)

Cakepan kanthi nomor K11/PP/2 menika kalebet ing lelewaning basa parikan. Kritik sosial ingkang kapanggihaken inggih menika “boten langsung”. Kangge ngandharaken wos, panutur kedah ngginakaken ukara sampiran. Sampiranipun “kecipir ungu kembang Mas” menika boten gadhah gayutan teges kalian wos “wong dipikir ora nggape”. Kanthi boten langsung penutur badhe ngandharaken “wong dipikir ora nggape” ananging kanthi ngandharaken “kecipir”. Sampiran ing parikan menika kangge sarana ngendahaken cakepaipun. Pada cakepan ingkang kapanggihaken kritik sosial “boten langsung” mekaten.

Numpak dhokar rodhane telu
sing sabar aja kesusu
mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)

Cakepan kanthi nomor K11/PP/3 menika kalebet ing tindak tutur *komisif*. Tindak tutur *komisif* menika kaandharaken kanthi lelewaning basa parikan. Kritik sosial ingkang kapanggihaken inggih “boten langsung”. Penutur ngandharaken satunggaling bab ingkang badhe dipunlapahi piyambak. Anggenipun ngandharaken ngginakaken tembung

ingkang boten gegayutan satemah kalebet ing kritik “boten langsung”. Ukara “sing sabar aja kesusu” minangka wos ingkang dipunandharaken ngginakaken tembung “numpak dhokar”. Kritik sosial “boten langsung” ugi wonten ing cakepan tembang *Sesandhingan*.

*Kicir-kicir Dhik lagune melayu
lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu
Aja kuwatir Dhik sajroning atimu
setya lan tresnaku kanggo sliramu (K12/S/2)*

Cakepan campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan sesandhingan nomor K12/S/2 menika kalebet ing lelewaning basa parikan. Parikan ing cakepan menika kaandharaken kanthi “boten langsung”. Penutur ngandharaken bab ingkang ngyakinaken mitra tuturipun kangge pitados. Ananging anggenipun ngandharaken menika ngginakaken sampiran “kicir-kicir Dhik lagune melayu, lagu jawa Dhik ya pengobat rindu”. Sampiran menika boten nggadahi gayutan makna kalian wosipun. Tembung “aja kuwatir” dipunandharaken penutur bilih penutur badhe nglampahi “setya lan tuhu”. Kanthi “boten langsung” penutur ngginakaken parikan kangge saran kritik sosial. Pada sanesipun mekaten.

*Awan awan Mas ampun sarungan
Rina wengi mung tansah dadi pikiran
awan –awan Mas aja ngunjuk degan
Atiku bungah rasane yen sesandhingan. (K/12S/3)*

Cakepan K12/S/3 menika kalebet ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo, kanthi irah-irahan *Sesandhingan*. Pada menika dumunung saking kalih parikan. Kritik sosial kaandharaken kanthi “boten langsung”. Panyerat badhe mendhet wosing parikan kangge dipunanalisis. Ukawa wos inggih ing ukara kaping kalih saha kaping sekawan. Basa

kaandharaken kanthi entheng, boten kanthi kiasan ananging kanthi tetembungan sanes ing saderengipun wos ingkang dipunsebut sampiran. Bilih penutur badhe bingah menawi menapa ingkang dipunngendikakaken menika saestu kalampahan, kanthi ngginakaken tetembungan ingkang boten nyambung kalian wos. Penutur minangka paraga putri. Pada menika minangka wangsulan saking pada saderengipun. Larik wos saking parikan menika minangka *spekulasi* bilih penutur ngandharaken satunggaling bab. “Rina wengi mung tansah dadi pikiran” saha “atiku bunga rasane yen sesandhingan” minangka bab ingkang dipunandharaken. Bab menika boten langsung amargi dipunandharaken kanthi tembung “ampun sarungan” sha ngunjuk degan”. Cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo sanesipun ingkang kapanggihlahen *kritik sosial* “boten langsung” mekaten.

***Kembang menur kembang melathi
kembang melathi rinonce gandane wangi
mugi-mugi Gusti paring idi
nyawijekke tresna kang sejati (K10/S/4)***

Cakepan tembang kanthi nomor K/S/4 menika minangka pada ingkang pungkasan saking tembang *Sesandhingan*. Tetembungan kaandharaken kanthi wujud parikan. Parikan kaandharaken minangka strategi kritik sosial kanthi “boten langsung”. Kangge ngandharaken wos ngginakaken sampiran. Wosipun ing ukara kapung tiga saha kaping sekawan. “Mugi-mugi Gusti paring idi, nyawijekke tresna kang sejati”. Kangge ngandharaken wos menika penutur ngginakaken ukara smapiran inggih bab “kembang menur kembang melathi” saha “kembang melathi

dironce-ronce”. Satemah kanthi boten langsung panutur ngandharaken bab menika. Kritik “boten langsung” ugi kapanggihaken mekaten.

***Adhuh Kang Mas wis mekar kembang
wanci ratri wong bagus arum gandane
mung sliramu ra ana liyane
jiwa raga tak pasrahke (K12/S/1)***

Cakepan kanthi nomor K12/S/1 minangka lelewaning baca panyandra. Fungsi panyandra ing pada menika inggih kangge ngandharaken kritik sosial kanthi boten langsung. Panutur wosipun badhe ngandharaken “mung sliramu ora naa liyane” ananging kanthi ngginakakae candra larik sepisan saha kalih. Panyandranipun inggih bab kembang ingkang mekar saha arum gandane. Panyandra menika sejatosipun boten gegayutan kalian maksud penutur, ananging kanthi fungsi boten langsung gmenika penutur saged ngendahaken paraganipun kanthi panyandra kembang ingkang mekar menika. Panyandra menika ugi miangka sarana kritik “boten langsung”.

***Jumedhule sang surya
tak umpamakke jumedhule tresna
nalika pisan ketemu sliramu
bocah manis pepujanku (K9/KM/1)***

Cakepan K9/KM/1 minangka cakepan tembang campursari kanthi irah-irahan *Kumanthil* anggitanipun Dhimas Tedjo. Ing pada menika dumunung saking lelewaning basa panyandra. Penutur anggenipun nyandra inggih ngginakaken tetembungan ingkang swasanipun endah. Fungsi panyandra ing pada menika inggih kanthi kritik “boten langsung”. Bilih panutur anggenipun ngandharaken ngendahaken mitra tutur kanthi pepindhan “jumedhule sang surya”. Satemah kanthi boten langsung

supados basa ketingal langkung nengsemaken dhateng mitra tuturipun. Dene fungsi kritik boten langsung ugi wonten ing lelewaning basa panyandra mekaten.

***Lintang rembulan abyor cahyane
tulangana aku kangen slirane
ati kangen ati rindu kaya ngene
bantal guling kang dadi seksine (K6/SSR/3)***

Cakepan tembang *Sama-sama Rindu*, kanthi nomor K6/SSR/3 menika ngginakaen lelewaning basa rumpakan. Rumpakan ingkang dumunung ing pada menika, nggadhaahi fungsi inggih menika kaginakaken kengge ngandharaken kritik kanthi “boten langsung”. Kanthi boten langsung bilih panutur menika badhe ngandharaken kangen ananging saderengipun kanthi ngginakaken rumpakan rumiyin. Ukaranipun lintang rembulan abyor cahyane minangka ukara rumpaka. Ukara menika kangge ngandharaken “kangen”. Sejatosisipun boten gayut antawisipun rumpakan saha wosipun, ananging rumpakan menika kanthi boten langsung kangge sarana ngendahakane basa ingkang kaandharaken. Kritik “boten langsung” ugi kapanggihaken ing tindak tutur *direktif*.

***Mangga –mangga ning puskesmas bebarengan
kula niki Mas, ben dipriksa Bu Bidan
Seneng tenan Dhik atiku bungah tenan
aja-aja sliramu wiwit ngidham. (K8/WN/3)***

Cakepan kanthi nomor K8/WN/3 menika miannangka cakepan campursari dhimas tedjo kanthi irah-irahan *Wiwit Ngidham*. Ing pada menika ukara sepisan ngginakaken ukara perintah ingkang ndadosaken mitra tutur menapa dene penutur nglampahi pakaryan. Mituru pamanggih Black (2016: 46) bilih *direktif* ingkang dipunkajengaken

dhateng pamaos, jarang kaandharaken ing narator, amargi pemaos ing sakjawinipun komunikasi. Satemah ing sastra tembang pada menika penutur (putri) mligi ngejak dhateng mitra tutur (kakung), dene pemaos boten kalebet ing perangan menika.

Stilistika pragmatik kados mekaten kalebet ing tindak tutur *direktif*. Penutur nyuwun dhumateng mitra tutur supados “mangga-mangga ning puskesmas bebarengan” ateges ngejak dipundherekaken ing puskesmas. Ing pada tindak tutur *ekspresif* ugi kapanggihaken kritik kanthi “boten langsung”.

***Nanging nyatane jebule kaya ngene
getun getun sabendina mung terus ngalamun.*** (K15/NJ/3)

Cakepan kanthi nomor K15/NJ/3 menika minangka pada kaping tiga saking tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Ninggal Janji*. Pada menika dumunung saking kalih ukara ingkang kalebet ing tindak tutur *evaluatif*. Tindak tutur *evaluatif* ing pada menika nggadhahi fungsi inggih kangge ngandharaken satunggaling baba kanthi boten langsung. Pada menika minangka pada ingkang wosipun “getun” saking penutur tumrap mitra tuturipun. Ananging saged nggadhahi fungsi boten langsung, amargi penutur boten ngandharaken anggenipun getun bab menapa. Menawi mirsani saking pada saderengipun inggih pada satunggal saha kalih, pada menika wosipun minangka deskripsi saha janji, boten ngandharaken bab ingkang dadosaken “getun”. Pada kaping tiga, “Nanging nyatane jebule kaya ngene, getun getun sabendina mung terus ngalamun”. Temtunipun tembung “jebule”, “nyatane”, saha “getun”

minangka tembung ingkang ngginakaken tetembung positif saha negatif. Tembung ingkang negatif dereng dipunandharaken kanthi jelas ing pada menika. Penutur ngandharaken “sabendina ngalamun”, inggih dereng kaandharaken bilih ngalamun menika amargi bab menapa. Bab ingkang dereng jelas maksud penutur menika kalebet ing konten kritik “boten langsung”.

Konten kritik “boten langsung” minangka wacana ingkang radi angel dipunpahami pamaos, amargi ing lebetipun wacana menika ngandhut boten pasti bab ingkang dipunandharaken narator/penutur.²⁰ Kadhang kala mitra tutur ngangen-angen menapa ingkang dipunkajengaken penutur. Saged ugi mitra tutur klentu tafsir ing konteks basanipun.

g. Kasar

“Kasar” miangka tembung lingga ingkang tegesipun watak ingkang boten alus. Tuturan ingkang “kasar” ateges tuturan ingkang nampik satunggaling bab satemah nyakitaken mitra tutur. Kados ing panalitenipun Imam (2017: 129) ingkang neliti *kritik sosial* ingkang wonten ing novel *O*. Asilipun kritik bilih novel *O* menika ngasilaken kritikan ingkang nyakitaken paraga; mrawasa paraga, saha boten peduli ing masarakat.²¹ *Kritik sosial* ingkang mekaten ugi gegayutan kalian asilipun kritik panyerat inggih menika “kasar”. Kasar menika saged

²⁰ Elizabeth Black. *Stilistika Pragmatis*. 2016, Yogyakarta, h 303

²¹ Agus Imam. *Kritik Sosial dalam Novel O Karya Eka Kurniawan*, Lamongan, 2017, h 129

dumunung saking bedaning pemanggih, saha dukanipun penutur tumrap mitra tutur.

Kritik sosial “kasar” kapanggihaken ing lelewaning basa *sinisme* saha *sarkasme* saking tembang campursai Dhimas Tedjo. Kritik ingkang kasar inggih tetembungan ingkang dipunandharaken nalika penutur ngraosaken duka, boten sekeca. Ing posisi menika biasanipun menutur ngginakaken basa kasar kangge komunikasi. *Kritik sosial* “kasar” menika kados mekaten.

***Aja-aja mung kluyuran
pamite kerja sampingan
ning kana nduwe simpenan (K3/L/5)***

Cakepan kanthi No. K3/L/5 minangka cakepan tembang campursari *Nglembur*. Ing cakepan menika, kapanggihaken lelewaning basa inggih menika *sinisme*. *Kritik sosial* ingkang kaandharaken saking lelewaning basa *sinisme* cakepan menika inggih kanthi kasar. Sindhiran ingkang kaandharaken dening penutur/penyanyi putri dhumateng mitra tutur kakung, dipunandharaken kanthi “kasar”. Wonten ing ukara “aja-aja mung kluyuran”. Tembung “aja” tegesipun ampun, ananging sasmpunipun tembung menika dados dwilingga “aja-aja” maknanipun beda. Tegesipun “aja-aja” sanes nggadhahi makna “anggepan/prasangka ingkang ala” dhateng mitra tuturipun. Andharan menika biasanipun dipunandharaken nalika penutur nembe duka. “Pamite kerja sampingan” saha “ning kana duwe simpenan” minangka “prasangka ala” penutur/ penyanyi putri. Menika dereng kedadosan, ananging namung minangka prasangka. Menawi kaandharaken dados mekaten “pamitipun kerja sampingan

ananging ing mrika gadhah simpenan”. *Kritik sosial* “kasar” ugi kapanggihaken ing lelewaning basa *sarkasme* mekaten.

Apa atimu digawe saka watu?
apa batinmu ketutupan gunung sewu?
biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna
nora bakal ana tresnane wong liya. (K4/N/1)

Cakepan kanthi No. K4/N/1 menika minangka tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Nasibku*. Pada sepisan kawiwitan kanthi lelewaning basa *sarkasme* inggih menika kanthi sindhiran. *Kritik sosial* kapanggihaken bilih saking kuciwanipun, penutur ngginakaken basa ingkang kasar. Basa kasar menika kados “ati ingkang saking watu” saha “batin ingkang ketutup gunung sewu”. Tembung “watu” samubarang ingkang padhet lan boten saged luntur, kangge ngandharaken “ati”. “Ati ingkang saking watu” ateges atinipun mitra tutur ingkang boten saged luntur kangge nampi asmaranipun penutur. Ukara kapingkalih bilih “batin ingkang ketutup gunung sewu”, “ketutup gunung sewu” ateges “ketutup samubarang ingkang ageng saha kathah”. Batin ingkang katutup dening samubarang ingkang ageng saha kathah satemah dadosaken mitra tutur boten saged mirsani tresnanipun saking penutur. Andharan kanthi kasar kados mekaten biasanipun kaandharaken nalika manah nembe duka. *Kritik sosial* “kasar” ugi kapanggihaken ing cakepan tembang *Prengat Prengut*.

Mbok ya aja prengat –prengut Dhik
Kabeh wis barang kebacut
iwak penyu mangan kadhal
Janjimu Mas mung janji gombal. (K11/PP/5)

Cakepan kanthi nomor K11/PP/5 menika minangka pada pungkasan saking tembang Prengat Prengut. Ing pada menika kaandharaken kanthi kasar dening penutur kangge mitra tuturipun. Lelewaning basa sanepa ing cakepan menika nggadhahi fungsi kritik inggih menika kasar. Basa kaandharaken kanthi parikan ananging isi kaandharaken kanthi kasar. Sanajan penutur ngginakaken tembung “gombal” kangge ngandharaken janji, ananging basa menika sampun sanget asring kaginakaken. Inggang dipunraosaken inggih menika inggang ngandharaken gombal minangka tembung inggang kasar.

h. Luwes

Kritik sosial “luwes” minangka fungsi basa inggang sipatipun prasaja. Basa kaandharaken kanthi langkung luwes, boten kanthi basa inggang kasar. Kapanggihaken kalih inggang ngginakaken basa inggang luwes menika inggih tindak tutur *asertif, direktif saha ekspresif*.

*Nadyan gela ati iki
rina wengi mung tansah memuji
yen pancen wis antuk ganti
ati iki wis ginaris ing pesthi (K5/J/4)*

Cakepan K5/J/4 minangka pada pungkasan saking tembang *Janji* anggitanipun Dhimas Tedjo. Cakepan menika ngginakaken tindak tutur *evaluatif*. Wosipun inggih minangka raos pasrah, dhumateng Gusti amargi dipuntilar dening mitra tuturipun. Tindak tutur *evaluatif* inggang kaandharaken ing cakepan menika fungsipun inggih menika luwes. Ukaranipun dipunandharaken kanthi sopan, sanajan penutur nembe sakit

ing manahipun. Boten ginakaken tembung saha ukara ingkang kasar. . Ukara sepisan “Nadyan gela ati iki” tegesipun “senadyan kuciwa ati menika”. Tembung “gela” inggih minangka raos kuciwa. Katambahan malih dhateng ukara candhakipun “rina wengi tansah memuji, yen pancen antuk ganti” tegesipun “Siyang ndalu namung dedonga bilih badhe pikantuk gantos”. Penutur ndedonga dhumateng Gusti bilih mug-mugi enggal pikantuk gantos geganthilaning ati. Ukara ingkang pungkasan “ati iki wis ginaris ing pesthi” ugi minangka raos pasrahing penutur, bilih bab menika sampun dados takdir pagesanganipun. Ukara kaandharaken minangka donga dhumateng Gusti, boten kaandharaken dhateng mitra tuturipun. Wosipun minangka raos pasrah ing pacoban ingkang dipunparingaken Gusti tumrap panutur. Sanesipun ing tindak tutur *dorektif* cakepan menika kaandharaken kanthi “luwes”.

*Tak sesuwun sing prasaja aduh Kangmas
elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu
ayo bareng mbangun tresna setya tuhu (K3/L/7)*

Cakepan kanthi No. K3/L/7 menika minangka pada pungkasan tembang *Nglembur*. Cakepan menika kalebet ing tindak tutur *direktif*, amargi sipatipun “nyuwun” saha “ngejak”. Pada ing cakepan menika minangka pakaryan satunggaling kaluarga ingkang nglampahi gesang bebrayan. Saged kawastanan mekaten, kados ing pamanggih Nais (2020: 10) ing panalitenipun bab potret wanita. Miturut Nais tembung panggantos “you”, “he”, saha “his wife” ngrujuk bilih wonten konteks gesang bebrayan “pernikahan” antawisipun

paraga. Ing pada menika ugi mekaten antawisipun “aku” saha “kangmas” katambahan konteks cakepanipun ugi kalebet ing gesang bebrayan. Satemah bab sami-sami ngemutaken antawisipun paraga, minangka satunggaling bab ingkang mesthi wonten.

Kritik ingkang kapanggihaken inggih kanthi cara luwes. Pada ing cakepan menika ngginakaken tembung ingkang luwes, senajan penutur nembe ing kahanan duka. Ing ukara ingkang sepisan ukaranipun inggih menika “tak sesuwun sing prasaja” menika ngginakaken basa jawa krama.

Pada menika beda kaliyan basa ing pada saderengipun ingkang ngginakaken basa jawa ngoko. Kapanggihaken kanthi luwes ugi ing ukara candhakipun inggih menika “aku manut ngendikamu”. Ukara kaping tiga menika ngginakaken basa jawa ngoko alus. Penutur ketingal luwes nalika nyebut “ngendikamu”. Tembung “ngendika” minangka tembung krama. Tembung kriya krama mewawi mlebet ing ukara ngoko dados tembung ngoko alus. Ukara menika saged beda menawi ngginakaken basa ngoko kados mekaten, “aku manut omonganmu”. Basa menika ketingal langkung kasar kangge wicantenan antawis paraga putri tumrap kakung ingkang sampun gesang bebrayan.

*Banget kaget ing atiku Cah Ayu
bareng ketemu sliramu
ora nyana aku ora ngira
Sliramu tega ninggal palakarama. (K15/NJ/4)*

Cakepan nomor K15/NJ/4 menika minangka cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo kanthi irah-irahan *Ninggal Janji*

pada kaping sekawan/pungkasan. Pada menika kalebet ing tindak tutur *asertif*. Tindak tutur *asertif* kaginakaken kangge ngritik kanthi “luwes”. Panaliti langkung fokus ing larik kaping sekawaan inggih menika “sliramu tega ninggal palakrama. Menawi dipuntingali ing konteks pada menika ngandharaken bilih penutur nembe ngraosaken kuciwa amargi dipuntilar palakrama. Panaliti langkung mendhet bab menika kalebet ing kritik “luwes” amargi taksih saged ngginakaken basa krama nalika nembe ngraosaken sakit/kuciwa. Paraga ingkang ngandharaken bilih pikantuk kabar menawi mitra tutur menika palakrama. Biasanipun tiyang ingkang dipunlirwakaken asmaranipun menika saged kanthi duka. Menawi kaandharaken nalika tiyang ingkang duka saged kanthi mekaten, “tegane awakmu ninggal rabi”. Basa kaandharaken ugi ngginakaken basa ngoko. Ananging ing pada menika kanthi luwes paraga ngginakaken tembung “palakrama”.

Menawi dipunpadosi tingali saking pokok bahasan saha *data* panaliten, bilih bab katresnan ingkang paling kathah dipunanggit dening Dhimas Tedjo. Paraga dipunandharaken kanthi perkawis gesang bebrayan, cidra, saha janji. Bab menika sami kalia panalitenipun Ortuno (2018: 213) ingkang neliti lirik lagu saking Ramones ing taon 1976 dumugi 2016. Bilih asil panalitenipun ingkang dominan inggih bab “romance”, “love”, saha “intimacy”. Ortuno ugi ngandharaken bilih musik *punk rock* dening Ramones minangka kritik kangge ngandharaken *resistif*, sosial budaya, saha

anarkis. Kritik menika kaandharaken ngginakaken lirik kanthi tema katresnan.

C. Winatesaning Panaliten

Panaliten menika sampun dipunkajengaken saha dipunlampahi miterat prosedur ilmiah, ananging taksih nggadhahi watesanipun panaliten, inggih menika :

1. Indikator *stilistika pragmatik* boten namung lelewaning basa saha tindak tutur. Taksih kathah indikator jinis *stilistika pragmatik* sanesipun kados wujud tuturan kanthi ilokusi, perlokusi, style basa kanthi migatosaken rima (swanten), saha basa ingkang ngginakaken peribahasa/ ungkapan.
2. Wontenipun jinis *stilistika pragmatik* sanesipun wonten ing satunggal pada cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo. Satunggal pada menika saged dipunanalisis kanthi tindak tutur saha lelewaning basa. Ananging panulis mendhet satunggal utawi kalih ingkang paling dominan ing saben padanipun.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

1. Jinis *Stilistika Pragmatik*

Panaliten bab cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo, ngginakaken *stilistika pragmatik* ingkang *variatif*. Basa cakepanipun dumuning saking *Stilistika pragmatik* ingkang sekeca dipunmirengaken. Saged langkung sekeca amargi ngginakaken basa ingkang endah. Saking tembang ingkang sampun dipunteliti dening panyerat, bilih jinis *stilistika pragmatik* ingkang kapanggihaken dipunperang dados kalih jinis inggih menika lelewaning basa saha tindak tutur. Jinis lelewaning basa ingkang kapanggihaken inggih menika entar, pepindhan, parikan, purwakanthi, wangsalan, panyandra, rumpakan, cangkriman, saroja, saha sanepa. Dene tindak tutur ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang Dhimas Tedjo inggih menika *asertis, direktif, komisif, saha evaluatif*.

Jinis *stilistika pragmatik* menika kapanggihaken kanthi migatosaken konteks tembangipun. Tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo kathah nyariosaken bab kasmaran. Panaliti merang kanthi kalih tema, dene tembang ingkang kasmaran dumunung saking nembelas tembang, dne ing tema sosial budaya kapanggihaken sekawan tembang. Andharan kasebut jumbuh kaliyan wosipun tembang campursari Dhimas Tedjo ingkang nyariyosaken raos bingah, legawa, saha susah nalika tiyang nggadahi raos tresna. Dhimas Tedjo ugi ngandharaken bab satunggaling papan, kahananipun, wonten menapa mawon, budaya, saha kados pundi paraga-

paraga ingkang wonten ing salebetipun. Salajengipun, wonten ing tema sosial masarakat, Dhimas Tedjo ngandharaken sayuk rukun rakyat anggenipun sami makarya kanthi pasedherekaan.

2. *Stilistika Pragmatik kangge Sarana Kritik Sosial.*

Boten namung bab jinis *stilistika* pragmatik ingkang kapanggihaken ing cakepan tembang Dhimas Tedjo, ananging panaliti ugi madosi cara kritik ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken *stilistika pragmatik* menika. Dene asilipun inggih menik cara kritik tegas, luwes, kasar, langsung, boten langsung, kias, saha simbol. Cara *kritik sosial* menika kapanggihaken kanthi mekaten:

- a. Cara kritik “ngece” kapanggihaken ing lelewaning basa purwakanthi.
- b. Cara kritik “kias” kapanggihaken ing lelewaning basa entar, pepindhan, parikan, wangsalan, sanepa, saha pepindhan.
- c. Cara kritik “simbol” kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan, parikan, wangsalan, candra, cangkriman, saroja, saha sanepa.
- d. Cara kritik “tegas” kapanggihaken ing lelewaning basa purwakanthi, saroja, tindak tutur *asertif*, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *komisif*.
- e. Cara kritik “langsung” kapanggihaken saking *stilistika pragmatik* lelewaning basa panyandra, sanepa, rumpaka, tindak tutur *asertif*, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *ekspresif*.

- f. Cara kritik “boten langsung” kapanggihaken ing lelewaning basa parikan, panyandra, rumpakan, tindak tutur *direktif*, saha tindak tutur *ekspresif*.
- g. Cara kritik “kasar” kapanggihaken ing lelewaning basa pepindhan saha sanepa,
- h. Cara kritik “luwes” kapanggihaken ing tindak tutur *direktif*, *asertif*, saha *ekspresif*.

B. Implikasi

Adhedhasar asil panaliten punika, saged dipunmangertosi bilih ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo ngginakaken *stilistika pragmatik* ingkang saged nambah endahing karya sastra. Jinisipun *stilistika pragmatik* ing cakepan tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo gadhah ancas inggih punika kangge ngandharaken raosipun penganggit nalika ngripta tembang campursari. *Stilistika pragmatik* ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo nggadhahi ancas bilih saged dipunginakaken kangge ngritik sosial kadosta tegas, luwes, kasar, langsung, boten langsung, kias, saha simbol.

Asilipun panaliten inggih punika ngandharaken jinis *stilistika pragmatik* ing cakepan tembang campursari Dhimas Tedjo saha cara kritikipun. Bab menika wigati kangge dipunteliti kangge madosi bilih menapa fungsipun penganggit ngginakaken *style* menika. Wonten kritik menapa ingkang dipunandharaken saking penganggit dhateng pamireng tembangipun.

Asilipun panaliten punika saged dipunginakaken minangka *referensi* kangge nyinaoni bab jinis *stilistika pragmatik* saha fungsipun ingkang kangge *kritik sosial* ing karya sastra. Sanesipun panaliten punika ugi sageda nambah pamanggihipun tiyang ngengingi *stilistika*, mliginipun *stilistika pragmatik*. Kangge pamaos, panaliten punika saged dipunginakaken kangge *referensi* ing panaliti sanesipun, ingkang taksih gayut kalihan ilmu basa saha sastra ing cakupan tembang punika.

C. Pamrayogi

1. Dipunkajengaken dhumateng panaliti sanes ingkang ngrembag *stilistika pragmatik* wonten ing tembang campursari anggitanipun Dhimas Tedjo, panganggenipun *stilistika pragmatik* saged dipunlajengaken kanthi sae.
2. Panaliti sanes saged nglajengaken mliginipun *stilistika pragmatik* kanthi fokus ing bab rima, gayutanipun kaliyan kaendahan swantenipun, dhawahipun swanten, saha basa ingkang dipunambali (purwakanthi), amargi bab menika kathah kapanggihaken ing cakupan tembang Dhimas Tedjo.
3. Panaliten ngengingi *stilistika pragmatik* perlu dipunlajengaken kanthi ngginakaken objek sastra sanes, antawisipun saged bab geguritan jawi, novel jawi, saged ugi kanthi carita cekak ing kalawarti.

KAPUSTAKAN

- Abushihab, I. (2015). A Pragmatic Stylistic Framework for Text Analysis. *International Journal of Education*, 7 (1). Retrieved from URL: <http://dx.doi.org/10.5296/ije.v7i1.7015>
- Ali, S. (2014). Pragmatik Metafora Dalam Puisi A Tree Knelt In Praise Dan Spring's Gift Karya Shaykh Hamza Yusuf Hanson. *Prosiding Seminar Nasional Prasasti (Pragmatik: Sastra dan Linguistik)*, 195-203. Retrieved from <https://jurnal.uns.ac.id/prosidingprasasti/article/view/492/456>
- Al-Hindawi, F. H. (2018). Pragmastylistics: The Integration of Pragmatics and Stylistics. *Journal University of Babylon/ College of Education for Human Sciences*, 113-132. Retrieved from <https://www.researchgate.net/publication/329583719>
- Antunshono. (1953). *Reringkesnaing Paramasasnastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbit: Soejadi.
- Alolade, A. O. (2020). Pragma-Stylistic Manifestations in Sport Discourse From Selected Radio Stations in Ibadan METROPOLIS. *International Journal of English Language and Linguistics Research*, 8 (3), 18-33. Retrieved from <https://www.eajournals.org/>
- Assidiq, M. I. (2016). Penggunaan lagu-lagu *Kritik sosial* untuk Mengembangkan Rasa Empati Siswa terhadap Kelompok Marginal Perkotaan dalam Pembelajaran IPS (PTK Pada Siswa Kelas VIII-A SMP N 29 Bandung). *Internasional Journal Pedagogi of Social Studies*. 1(1). Retrieved From <https://ejournal.upi.edu/index.php/pips/article/view/1904/1468>
- Ashtiyani, T. F. (2015). A Comparative Study of the Figures of Speech between Top 50 English and Persian Pop Song Lyrics. *Journal of Advances in Language and Literary Studies, Australian International Academic Centre*, 6(5), 225-229. Doi:10.7575/aiac.all.v.6n.5p.225
- Astuti, F., Hidayat, R. S., & Adiansha, A. A. (2019). Translation of Personification Majas in the Poetry of Indonesian Language into English (Analysis of Contents of 5 Poems in June Rain by Sapardi Djoko Damono in Before Dawn by John H. McGlynn). *American Journal of Educational Research*, 7(1), 60-64. Retrieved from <http://pubs.sciepub.com/education/7/1/10/index.html>
- Bachri, B.S. (2010). Meyakinkan Validitas *Data* melalui Triangulasi Pada Penelitian Kualitatif. *Jurnal Teknologi Pendidikan*, 10 (1), 46-62.

- Black, E. (2016). *Stilistika Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar. (Terjemahan: *Pragmatic Stylistics* Edinburg Textbook in Applied Linguistic). Edinburg University Press.
- Booth, W. (2007). Eds. *A Rhetoric of Irony*. (9nd ed) Chicago: University Press.
- Bottomore, T. B. (2012). *Sociology as Social Criticism*. (2nd ed). USA: Routledge Revival.
- Burke, M. (2014). *The Routledge Handbook of Stylistics*. Routledge: Routledge Taylor Francis Group
- Chaer. A. (2004). *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chapman, S., & Clark, B. (2014). *Pragmatic Literary Stylistic*. Milan: Palgrave Macmillan
- Clancy, B., O’Keeffe, A. & Adolphs, S. (2019). *Introducing Pragmatics in Use*. New York: Routledge.
- Dada, S. A. (2012). A Pragma-stylistic Analysis of John 3:16. *International Journal of English Linguistics* 2 (5), 85-93. Retrieved from <http://dx.doi.org/10.5539/ijel.v2n5p85>
- Dijk, V. (1993). *Principles of Critical Discourse Analysis*. London: SAGE, pp. 249–283.
- Darma, Y. A. (2009). *Analisis Wacana Kritis*. Bandung: Yrama Widya
- Darma, Y. A. (2014). *Analisis Wacana Kritis dalam Multiperspektif*. Bandung: Refika Aditama
- Dewi, Untari, (2017). Gaya Bahasa Sindiran Sebagai *Kritik sosial* Dalam Wacana Meme Berbahasa Jawa Di Akun Instagram Dagelan_Jowo (Kajian *Stilistika Pragmatik*). *Tesis*. Perpustakaan Universitas Sebelas Maret.
- Djajasudarma, F. (2017). *Wacana dan Pragmatik*. Bandung: Refika Aditama.
- Fischer, A. (1994). *Repetition. Spell Swiss papers in English Language and Literature*. Eds 7. Tübingen: Gunter Nar Verlag Tübingen.
- Gernsbacher, M. A. & Robertson, R. R. W. (1999) The Role of Suppression in Figurative Language Comprehension. *Journal of Pragmatics* . 1619-1630. Retrieved from: www.elsevier.nl/locate/pragmatics
- Hadiwidjana. (1967). *Tata- Sastra*. Yogyakarta: U.P Indonesia.

- Hickey, L. (2014). *The Pragmatics of Style*. (1st Ed). London & New York: Routledge
- Hoover, D. L. (2016). Metaphors we may not live by. *Internasional Journal Literary Linguistics*, 5(1), 1-16. Doi: <https://doi.org/10.15462/ijll.v5i1.27>
- Imam, A. (2017). *Kritik sosial dalam Novel 0 Karya Eka Kurniawan*. *Jurnal Ilmu-Ilmu Sosial dan Humaniora*, 9 (2). 127-134. Retrieved from <http://e-jurnal.unisda.ac.id/index.php/Humanis/article/view/361>
- Idrus, M. (2009). *Metode Penelitian Ilmu Sosial, Pendekatan kualitatif dan kuantitatif*. Jakarta: Erlangga
- I'jam, D. M. M., & Al-Mamouri, Z. K. G. F. (2019). A Pragma-Stylistic Study of Some Selected Fantasy Novels. *International Journal of English Linguistics*, 9(1), 516-528. Retrieved from URL: <https://doi.org/10.5539/ijel.v9n1p516>
- Jakobson, R. (1987). *Language in Literature*. Cambridge: The Belknap Press of Harvard University Press.
- Keraf, G. (2007). *Diksi dan Gaya Bahasa*. (17nd Eds). Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Levinson, S. C. (1983). *Pragmatic*. London Cambridge University Press.
- Lubis, H. H. (2015). *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Mauro, L. S., Ruffino, M., & Venturi, G. (2020). Speech Act in Mathematics. *Department of Philosophy, University of Campinas*, 1-29. Retrieved from <https://www.researchgate.net/publication/341274014>
- Mulyana. (2008). *Semantik Bahasa Jawa*. Yogyakarta.
- Nais, L. (2020). A style which defies convention, tradition, homogeneity, prudence, and sometimes even syntax': Henry James's *The Portrait of a Lady* and Edith Wharton's *The Age of Innocence*. *Internasional Journal Literary Linguistics*, 9 (2), 1-25. Retrieved from <https://journals.linguistik.de/ijll/>
- Nasir, M. (1999). *Metode Penelitian*. Jakarta: PT Ghalia Indonesia
- Nurgiyantoro, B. (2017). *Stilistika*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

- Nurhadi, J., Undang, S., Amelia, A. A., & Saktika, G. (2019). Strategi Tindak Tutur Dai dalam Bahasa Indonesia: Kajian Pragmatik dan *Stilistika*. *Proceeding of Seminar Internasional Riksa Bahasa XII*, e-ISSN: 2655-1780, p-ISSN: 2654-8534. Retrieved from <http://proceedings.upi.edu/index.php/riksabahasa/article/view/904/817>
- Ortuno, D. (2018). An Exploration of Dominant Narrative Themes in Popular Music by The Ramones. *International Journal of Education and Social Science Research*, 1 (4), 205-218. Retrieved from http://ijessr.com/uploads/ijessr_01_61.pdf
- Padmosoekotjo, S. (1953). *Ngengrengan Kasusastran Djawa Jilid I*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- _____, S. (1956). *Ngengrengan Kasusastran Djawa Jilid II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Pangesti, C. R. N. (2019). *Kritik sosial Dalam Lirik Lagu Album Sinestesia Karya Efek Rumah Kaca: Kajian Sosiologi Sastra dan Relevansinya Dengan Bahan Ajar Sastra di SMA*. *Jurnal Prosiding SEMATEKSOS 3 Strategi Pembangunan Nasional Menghadapi Revolusi Industri 4.0*. Retrieved from <http://eprints.ums.ac.id/77759/11/NASKAH%20PUBLIKASI-112.pdf>
- Parera, J. D. (2001). *Leksikon Istilah Pembelajaran Bahasa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Parera, J. D. (2004). *Teori Semantik*. (2nd eds). Jakarta: Erlangga.
- Pradopo, R. D. (1997). *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University.
- Ramadhan, M. C. (2017). Analisis Pragmik Jeung Stilistik Dina Naskah Drama “Kalangkang” Karya Nazaruddin. *Tesis, boten terbit*. Universitas Pendidikan Indonesia.
- Ratna, N. K. (2009). *Stilistika Kajian Puitika, Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ricoeur, P. (2012). *Teori Interpretasi, Memahami Teks, Penafsiran, dan Metodologinya*. Yogyakarta: IRCiSoD
- Ritchie, L. D. (2013). Eds. *Metaphor*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Savitri, E. D. (2018) Wacana Ekspresi Kritik Sosial Masyarakat terhadap Sinetron melalui Meme Internet. *Prosiding SEMATEKSOS 3 "Strategi*

Pembangunan Nasional Menghadapi Revolusi Industri 4.0, 13-21. Jawa Timur: Institut Teknologi Sepuluh Nopember. Retrieved from : https://scholar.google.co.id/citations?user=iF_dTLwAAAAJ&hl=id

- Searle, J. R. (1969). *Speech Acts: An Essay in the Philosophy of Language*. Cambridge: Cambridge University Press
- Searle, J. R., Kiefer, F., & Bierwisch, M. (1980). *Speech Act Theory and Pragmatics (10th, Vols 10)*. USA: Reidel Publishing Company.
- Searle, J. R. & Vanderveken, D. (1981). *Foundation of Illocutionary Logic*. Cambridge: Cambridge University Press
- Shrawan, A. (2019). *The Language of Literature and its Meaning: A Comparative Study of Indian and Western Aesthetics*. Cambridge: Cambridge Scholars Publishing
- Sihite, D. (2018). Figures Of Speech in Robert Frost's Poems. *The Episteme Journal of Linguistics and Literature*, 4(2), 1-4.
- Subalidinata. (1974). *Sarining Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Teladan.
- Sudirjan, P. (1993). *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti
- Sugiono. (2010). *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfa beta.
- Sugwardana, R. (2014). Pemaknaan Realitas serta Wujud Kritik sosial dalam Lirik Lagu Slank. *Jurnal Skriptorium Unair* 2(2), 86 – 96. Retrieved From <http://journal.unair.ac.id/SKRIP@pemaknaan-realitas-serta-wujud-kritik-sosial-dalam-lirik-lagu-slank-article-7838-media-45-category-8.html>
- Surastina. (2018). *Pengantar Teori Sastra*. Yogyakarta: Elmatara.
- Suryabrata, S. (2013). *Metode Penelitian*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Sutopo, A. H., & Arief, A. (2010). *Terampil Mengolah Data Kualitatif*. Jakarta: Prenada Media Group.
- Vickers, B. (1989). *Classical Rhetoric in English Poetry*. United States: Southern Illinois University Press
- Waluyo, S. (2014). Kritik sosial Terhadap Sistem Hukum Dalam Novel Bukan Karena Aku Karya Toha Mohtar (Sebuah Tinjauan Sosiologis). *Jurnal*

Humanika, 20(2), 9-23 . Retrived from
<https://doi.org/10.14710/humanika.20.2.9-23>

Wellek, R., & Austin, W. (1995). *Teori Kasusastraan*. (Penerjemah Melani Budianta). Jakarta: Gramedia.

Widyanti, N. (2013). A Stylistic-Pragmatic Analysis of Figurative Language in Harper's Bazaar Magazine Advertisement. *Tesis*, boten dipunterbitaken, Universitas Negeri Yogyakarta, Yogyakarta.

Woldemariam, H. Z. (2015). The development of pragmatic competence (PC) through pragmatics stylistics (PS). *NAWA Journal of Language and Communication*, 9 (1), 46-88. Retrieved from
<https://www.researchgate.net/publication/318902046>

Zubaidah, N, & Ardelia, I. (2018). A Discourse Analysis Of Memes. *Getsempena English Education Journal (GEEJ)* 5 (2), h 58-64. Retrieved From
<https://geej.stkipgetsempena.ac.id/?journal=home&page=article&op=view&path%5B%5D=112?journal=home&page=article&op=view&path%5B%5D=112>

LAMPIRAN

SURAT KETERANGAN VALIDASI

Inggang tapak asma ing ngandhap menika :

Nama : Dhimas Ratin Sutedjo
Lembaga : SRGK (Sida Rukun Gunung Kidul)
Minangka : Panganggit Tembang Campursari

Sampun maos data panaliten arupi 21 cakepan tembang camursari anggitanipun Dimas Tedjo, inggang badhe dipunangge ing panaliten *tesis* kanthi irah-irahan “*Stilistika Pragmatik minangka Strategi Kritik Sosial Cakepan Tembang Campursari anggitanipun Dhimas Tedjo*” dening panaliti :


Nama : Yulita Ekawinajeng
Nim : 17714251003
Prodi : Pendidikan Bahasa Jawa PPs UNY

Wondene 21 cakepan tembangipun kalampiraken. Panyaruwe dhumateng asiling panyeratan dhata panyerat :

1. Wortan tembungun inggang kirang jangkep / kleny.....
sampun karesaken ing narab. (terlampir)
2. Ing tembung nggodha pada paling ngandhap abun-
icali, amargi anpi (isen-isen) sakes kalebel lirih.

Mekaten *surat keterangan* menika dipundamel supados saged dipunginakaken kangge sumber data panaliten.

Yogyakarta, 21 Februari 2019



Dhimas Ratin Sutedjo

Tabel 7. Lampiran *Klasifikasi Stilistika Pragmatik saha Cara Kritik Sosial*

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa										Tindak Tutur			Cara Kritik sosial									
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
(K1/OY/01)	<i>Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune/ seneng nganggo klambi abang/ kain saka jepang/ yen tak sawang rada mbranjang/ jebul ora nganggo kondhe</i>				√		√									√								
(K1/OY/02)	<i>Pacarku sing bagus/ lugu ra tau nesu/ Kulit ireng ngguya ngguyu/ nganti kaya aspal/ saben bengi tak tunggu-tunggu/ kapan ngelamar aku.</i>				√		√									√								
(K1/OY/03)	<i>We e e e sabar cah ayu/ aku mesthi ngelamar sliramu/ yen tak lamar oh yes oh no iku jawabmu</i>											√								√				
(K1/OY/04)	<i>Aku juga uwis ora tahan/ ingin duduk di pelaminan/ berduaan oh yes oh no enak tenan.</i>											√								√				
(K1/OY/05)	<i>Aku isa lara ati yen nganti ngapusi/ ayo matur bapak ibu nyuwun doa restu/ cinta sehidup semati sampai kaki nini.</i>											√								√				
(K2/LN/1)	<i>Wis setahun lawase/ ora tahu keprungu kabare/ kaget rasa atiku/ keprungu apa aturmu/</i>														√					√				
(K2/LN/2)	<i>Aja dadi atimu/ yen ta luntur rasa tresnaku/ abot kabotan rasa/ aku duwe katresnan liya.</i>	√			√												√							
(K2/LN/3)	<i>Jero ati kuciwa/ tak rewangi nyebrangi samodra/ kapal feri yang jadi saksi/ mencari cinta suci.</i>				√							√					√							
(K2/LN/4)	<i>Aku ra bakal lali/ senadyan ta tumekaning pati/ cintaku dan cintamu/ senadyan ora nyawiji.</i>												√							√				
(K2/LN/5)	<i>Dhuh Gusti kang Kuwasa/ paringana kuat batin kula/</i>														√					√				

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial								
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
	<i>najan Lampung Ngayoja/ ora bisa nyawijekke tresna.</i>																							
(K3/L/1)	<i>Wancine jam siji bengi adhuh Kangmas/ anggonku sabar ngenteni/ ngantu-antu kondur ndika/ nganti ndalu dereng saking makarya</i>													√					√					
(K3/L/2)	<i>Aja samar aja gela adhuh wong manis/ sliramu aja sujana/ Aku sibuk akeh kerjaan/ kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan</i>				√														√					
(K3/L/3)	<i>Aku emoh yen diapusil/ aku ngga mau kamu bohongi/ adhuh Mas sakit di hati</i>									√									√					
(K3/L/4)	<i>Udan grimis ja mangan tahu/ wong manis aja cemburu/ adhuh adhuh jangan cemburu</i>			√																	√			
(K3/L/5)	<i>Aja-aja mung kluyuran/ pamite kerja sampingan/ ning kana nduwe simpenan</i>			√							√												√	
(K3/L/6)	<i>Numpak sepur tanpa kondhektur/ pulang malam aku lembur/ adhuh Dhik kerjaku lembur</i>			√	√														√		√			
(K3/L/7)	<i>Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas/ elinga marang keluarga/ aku manut ngendikamu/ ayo bareng mbangun tresna setya tuhu</i>											√		√					√				√	
(K4/N/1)	<i>Apa atimu digawe saka watu?/ apa batinmu ketutupan gunung sewu?/ biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna/ nora bakal ana tresnane wong liya.</i>		√																				√	
(K4/N/2)	<i>Remuk atiku ajuring uripku/ tak gawa nganti pungkasing umurku/ lara aku lara, gela atiku gela/ nyatane saiki dadine cidra.</i>	√			√					√							√		√					
(K4/N/3)	<i>Mesem ngguyu jroning uripmu/ udan eluh ning pipiku/</i>		√							√								√						

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial									
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s		
	<i>seneng bungah njero atimu/ nangis lan njerit njoring dhadhaku.</i>																								
(K4/N/4)	<i>Ora ngira aku ra ngira/ Mbiyen seneng dadi nelangsa/ Manis janji mung ana lambe/ Saiki pahit dadine</i>				√						√						√		√	√					
(K4/N/5)	<i>Ora ngira tegane rasa atimu/ tanpa pamit lan kabar/ medhot tresnamu.</i>	√																√							
(K5/J/1)	<i>Terus kumanthil jeroning ati/ nalikane rika ngucap janji/ gelang alit banjur lali/ karo kula kang setya ngenteni.</i>		√							√	√									√					
(K5/J/2)	<i>Eling-eling nalikane/ bebarengan janji pasetyane/ slendhang ungu titipane/ tali tresna kanggo salawase.</i>													√						√					
(K5/J/3)	<i>Dhuh Nimas pancen lali, napa sampun supe?/ eling mbok ya eling, antebi sumpah lan janjine</i>										√									√					
(K5/J/4)	<i>Nadyan gela ati iki/ rina wengi mung tansah memuji/ yen pancen wis antuk ganti/ ati iki wis ginaris ing pesthi</i>															√								√	
(K6/SSR/1)	<i>Ati lara Mas tambane apa?/ Awak mriang jampi menapa?/ Sakit cinta sakit rindu dihatiku/ kangen kangen adhuh kangen pengin ketemu.</i>				√						√									√					
(K6/SSR/2)	<i>Sama juga dhik dalam hatiku/ atiku bingung Dhik, kangen sliramu/ Dag dig dug dag dig dug dalam hatiku/ aku lan sliramu sama-sama rindu</i>										√									√					
(K6/SSR/3)	<i>Lintang rembulan abyor cahyane/ tulungana aku kangen slirane/ ati kangen ati rindu kaya ngene/ bantal guling kang dadi seksine</i>		√	√	√				√	√									√	√		√			
(K7/F/1)	<i>Jamane dhek biyen lagi pisan ketemu/ kangen kangen</i>				√															√					

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial								
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
	kangen yen ra ketemu																							
(K7/F/2)	Nyatane saiki sliramu nyidra janji/ lunga tanpa pamit medhot tresna kang suci											√								√				
(K7/F/3)	Wis setaon lawase aku kenal sliramu/ wis setaon lawase kok tega medhot tresnamu/ wulan Februari aku kenal sliramu/ wulan Februari kok tega ninggalke aku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen nasibku/ ya wis ya wis ya wis iki pancen lelakonku.				√						√								√					
(K8/WN/1)	Eneng apa Dhik, kok sajakke lesu?! Ora mesem prengat prengut, apa meneh ngguyu/ Lara apa Dhik mbok ya blaka wae/ sapa ngerti aku duwe tambane										√									√				
(K8/WN/2)	Coba mriki mas kula kepengin kandha/ awak lungkrah krasa lemes wis meh telung ndina/ pingin mangan Mas rasane ra doyan/ saben esuk kok wis pingin rujakkan										√									√				
(K8/WN/3)	Mangga –mangga ning puskesmas bebarengan/ kula niki Mas, ben dipriksa Bu Bidan/ Seneng tenan Dhik atiku bungah tenan/ aja-aja sliramu wiwit ngidham.											√									√			
(K8/WN/4)	Yen estu kangmas napa kersane/ putra mbarep niki samangke/ lanang wadon ya dhik ya iku padha wae/ ning aja lali cukup loro tembe mburine										√									√				
(K9/KM/1)	Jumedhule sang surya/ tak umpamakke jumedhule tresna/ nalika pisan ketemu sliramu/ bocah manis pepujanku						√														√			
(K9/KM/2)	Yen tak rasa saya dina/ katresnan iki tansaya				√													√						

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial									
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s		
	<i>ngrembaka/ witing pari pepindhane rasaku/ dimen mari kudu ketemu.</i>																								
(K9/KM/3)	<i>Andheng- andheng ning janggutmu/ Yen tak pandeng bingung rasaku/ Rina wengi tanpa nendra/ tansah kanthil kumanthil ning netra</i>		√				√										√								
(K9/KM/4)	<i>Tan kuwawa rasa iki/ Esem kang manis angrerujit ati/ Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi/ Yen wurung gela ati</i>			√			√													√	√				
(K10/K/1)	<i>Yen wengi tan bisa nendra/ mung ngalela kelingan Mas Roro/ Nadyan mung sepisan tepung/ nyata bisa gawe ati bingung.</i>						√													√					
(K10/K/2)	<i>Manis-manis rasa madu/ luwih manis esemu cah ayu/ gawe kangene atiku/ rina wengi mung tansah ngreridu</i>		√				√											√							
(K10/K/3)	<i>Rasa tresna kasiram banyu asmara/ thukul terus ngrembaka/ sineksen langit lan mega</i>		√														√								
(K10/K/4)	<i>Adhuh dewa adhuh nyawa/ tulungana wong nandang asmara/ tak sesuwun rina lan wengi/ dhuh wong manis muga animbangi</i>														√				√						
(K11/PP/1)	<i>Mbok ya nyebar godhong kara Dhik/ Mbok sing sabar sawetara/ durung durung kok wis duka/ prengat-prengut sajakke cubriya</i>					√					√								√						
(K11/PP/2)	<i>Kecipir ungu kembange Mas/ wong dipikir ora nggape/ janjane niku kepiye/ tak enteni kelakon janjine</i>			√																	√				
(K11/PP/3)	<i>Numpak dhokar rodhane telu/ sing sabar aja kesusu/ mesthi kelakon janjiku (K11/PP/3)</i>			√										√					√		√				

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial								
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
(K11/PP/4)	<i>Sama juga alah sami mawon/ ati samar ora kelakon/ kadhung rusak ora kelakon</i>				√					√									√					
(K11/PP/5)	<i>Mbok ya aja prengat –prengut Dhik/ Kabeh wis barang kebacut/ iwak penyu mangan kadhal/ Janjimu Mas mung janji gombal.</i>			√						√								√				√		
(K12/S/1)	<i>Adhuh Kang Mas wis mekar kembang/ wanci ratri wong bagus arum gandane/ mung sliramu ra ana liyane/ jiwa raga tak pasrahke</i>						√												√		√			
(K12/S/2)	<i>Kicir-kicir Dhik lagune melayu/ lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu/ Aja kuwatir Dhik sajroning atimu/ setya lan tresnaku kanggo sliramu</i>			√									√						√					
(K12/S/3)	<i>Awan-awan Mas ampun sarungan/ Rina wengi mung tansah dadi pikiran/ awan-awan Mas aja ngunjuk degan/ Atiku bungah rasane yen sesandhingan.</i>			√								√								√	√			
(K12/S/4)	<i>Kembang menure kembang melathi/ kembang melathi rinonce gandane wangi/ mugi-mugi Gusti paring idi/ nyawijekke tresna kang sejati</i>			√	√															√	√			
(K/13TK/1)	<i>Langite mendhung aku rasane/ rintik-rintik wus teka udane/ sedhik atiku rasane/ nunggu-nunggu nganti seprene</i>		√														√							
(K13/TK/2)	<i>Wis pitung sasi aku ngenteni/ nahan rindu lan kangene ati/ ngetung dina nganti sasi/ nanging kangmas ora bali-bali</i>											√								√				
(K13/TK/3)	<i>Besok kapan kangmas eling aku/ tansah setya ngenteni janjimu/ dhuh wong bagus rindu aku rindu/ Tembang</i>				√														√					

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur				Cara Kritik sosial							
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
	<i>kangen pengobat atiku.</i>																							
(K14/GD/1)	<i>Galo kae ngawe-awe katon nengsemake/ anglelewa mesam-mesem/ ngguya-ngguyu sajakke nggodha</i>									√									√					
(K14/GD/2)	<i>Tan kuciwa/ rikma panjang esem pait madu/ gawe bingung dhezik pipine katon gingsule/ atiku liwung.</i>										√					√								
(K14/GD/3)	<i>Dhuh Dewa dewaning rasa/ suwe-suwe ati tan kuwawa/ Rina wengi mung tratapan/ kepingin enggal sumandhing.</i>														√					√				
(K14/GD/4)	<i>Kaya ngapa iba bungah tak rasa ing kalbu/ yen kelakon sesandhingan gegandhengan/ nimas wong ayu.</i>						√			√									√		√			
(K15/NJ/1)	<i>Nalika jaman samana Cah Ayu/ Aku pamit mring sliramu/ Aku pamit ngudi ngilmu/ Banjur lunga ninggalke desaku</i>										√	√								√				
(K15/NJ/2)	<i>Mung telung taon lawase Cah Ayu, Dhek semana nate janji/ Prasetya tulus ing ati/ Nunggu aku bebrayan nyawiji</i>											√							√					
(K15/NJ/3)	<i>Nanging nyatane jebule kaya ngene/ getun getun sabendina mung terus ngalamun.</i>														√						√			
(K15/NJ/4)	<i>Banget kaget ing atiku Cah Ayu/ bareng ketemu sliramu/ ora nyana aku ora ngira/ Sliramu tega ninggal palakarama.</i>											√												√
(K16/ST/1)	<i>Ing wengi iku/ Nalikane, aku pisan ketemu/ tak untapke sliramu pamit aku/ pamitmu bali ning kuthamu</i>											√								√				

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial								
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
(K16/ST/2)	<i>Sepining ati/ nalikane ing wengi kuwi/ ora ngira tumetes eluh ing pipi/ Dhuh sliramu kapan bali</i>											√								√				
(K16/ST/3)	<i>Kusumaning ati amung donga lan amung muji/ Kutha Ngayoja kang tansah ngancani/ sepining rasa iki.</i>													√						√				
(K16/ST/4)	<i>Stasiun Tugu sing dadi seksi kang bisu/ muga-muga sliramu eling aku/ kapan kondurmu tak tunggu</i>		√														√							
(K17/KPP/1)	<i>Sepi sepi jroning ati/ dina dina kang kula lampahi/ tansah setya nganti- anti/ kondur ndika pepujaning ati</i>											√								√				
(K17/KPP/2)	<i>Adhem kekes ati iki/ yen kelingan prasetyaning janji/ Gelang alit aja lali/ Pasir putih minangka praseksi</i>		√						√	√	√						√	√						
(K17/KPP/3)	<i>Ombak ing banyu segara/ Mbak lumembak saya katon nggodha/ balung janur saumpama/ enggal kondur paring usada</i>			√		√											√	√						
(K17/KPP/4)	<i>Pasir putih dadi seksi/ amung ndika ganthilaning ati/ rina wengi aku memuji/ mugi-mugi Gusti paring idi.</i>		√														√							
(SB18/SL/1)	<i>Nadyan ta dikaya ngapa/ nanging ati ora bisa lali/ wis suwe dha pepisahan/ dulur lanang sing tak tresnani.</i>											√								√				
(SB18/SL/2)	<i>Nglabuhi bumi pertiwi/ kakang dadi prajurit sejati/ ing manca kakang makarya/ njaga aman lan tentreming nagri</i>											√					√							
(SB18/SL/3)	<i>Dhek mbiyen tansah kelingan/ bocah loro bareng dolanan/ menyang sawah nandur pari/ adus bareng aneng kali</i>											√								√				
(SB18/SL/4)	<i>Abot ngayahi kewajiban/ kakang dadi abdi negara/ ning ndesa aku ndedonga/ yen wis rampung enggal</i>											√					√							

No. Data	Indikator Data	Lelewaning basa											Tindak Tutur			Cara Kritik sosial								
		e n t	p n d	pr k	pr w	w sl	c n d	r m p	c g k	s r j	s n p	a s r	dir	k o m	e k s	n g c	ki a	s m b	t g s	l g s	b t g	k s r	l w s	
	<i>bali.</i>																							
(SB19/KT/1)	Galo kae tegal lan sawahe/ subur makmur kabeh tandurane/ galo kae tikel pametune/ kadang tani bungah atine				√			√		√										√				
(SB19/KT/2)	Wanci esuk mangkat bebarengan/ manggul luku nggarap tegalan/ guyub rukun ora ana beda/ subur makmur iku kang jinangka.											√									√			
(SB19/KT/3)	Lur dulur dulur , wancine tandur/ Lur dulur dulur , tandure subur/ Lur dulur dulur , dha sangu pacul/ Lur dulur dulur , uripe makmur.				√			√												√				
(SB20/GJM/1)	He he he ayo goyang rame-rame/ he he he ayo jaged rame-rame/ bergoyang lagu jawa he/ musike campursari he/ digoyang ser ser adhus asike.				√															√				
(SB20/GJM/2)	Hehehe sing mangkel aja mrengut he/ hehehe ayo dha padha mesem he/ awak lungkrah ngunjuk jahe/ sirah pusing mikir utang he/ bergoyang ser ser mesthi lali he.											√									√			
(SB20/GJM//3)	Ne kene kene kene sing kepingin nyedhakka kene/ ne kene kene kene saya tunggu sawerane/ ne kene kene kene tepuk tangan rame-rame/ ne kene kene kene tinimbang susah atine.				√							√								√	√			

Lampiran 1. Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Dhimas Tedjo

1. (OY) *Oh Yes Oh No*

*Pacarku sing ayu dhewe gedhe susune
seneng nganggo klambi abang
kain saka jepang
yen tak sawang rada mbranjang
jebul ora nganggo kondhe*

*Pacarku sing bagus lugu ra tau nesu
kulit ireng ngguyang-ngguyu
nganti kaya aspal
awan bengi tak tunggu-tunggu
kapan ngelamar aku*

*We e e e sabar cah ayu
aku mesti ngelamar sliramu
yen tak lamar oh yes oh no
iku jawabmu*

*Aku juga wes ora tahan
pengen duduk di pelaminan
berduaan oh yes oh no
enak tenan*

*Aku isa lara ati yen nganti ngapusi
ayo matur bapak ibu, nyuwun doa restu
cinta sehidup semati sampai kaki nini*

2. (LN) Lampung Ngayogja

*wis setahun lawase
ora tau keprungu kabare
kaget rasa atiku
keprungu apa aturmu*

*aja dadi atimu
yen ta luntur rasa tresnaku
abot kabotan rasa
aku duwe katresnan liya*

*jero ati kuciwa
tak rewangi nyebrangi samudra
Kapal Feri yang jadi saksi
mencari cinta yang suci*

*aku ra bakal lali
senadyan ta tumeka ning pati
cintaku dan cintamu
senadyan ora nyawiji*

*Dhuh Gusti kang kuwasa
paringana kuat batin kula
nadyan lampung Ngayogja
ora bisa nyawijekke tresna.*

3. (L) *Nglembur*

*Wancine jam siji bengi adhuh Kangmas
Anggonku sabar ngenteni
Ngantu-antu kondur ndika
Nganti ndalu dereng saking makarya*

*Aja samar aja gela adhuh Wong Manis
Sliramu aja sujana
Aku sibuk akeh kerjaan
Kerja lembur nyambut gawe kanggo sampingan*

*Aku emoh yen diapusi
aku ngga mau kamu bohongi
Adhuh Mas sakit di hati*

*Udan grimis ja mangan tahu
wong manis aja cemburu
Adhuh adhuh jangan cemburu*

*Aja-aja mung kluyuran
Pamite kerja sampingan
Neng kana nduwe simpenan*

*Numpak sepur tanpa kondhektur
Pulang malam aku lembur
Adhuh Dhik kerjaku lembur*

*Tak sesuwun sing prasaja adhuh Kangmas
Elinga marang keluarga
Aku manut ngendikamu
Ayo bareng mbangun tresna setya tuhu*

4. (N) *Nasibku*

*Apa atimu digawe saka watu,
Apa batinmu ketutupan gunung sewu,
Biyen kowe kandha, mung aku sing mbok tresna
Nora bakal ana tresnane wong liya*

*Remuk atiku ajuring uripku,
Tak gawa nganti pungkasing umurku,
Lara aku lara, gela atiku gela
Nyatane saiki dadine cidra*

*reff:
Mesem ngguyu jroning uripmu,
Udan eluh ning pipiku,
Seneng bungah njero atimu,
Nangis lan njerit jroning dhadhaku*

*Ora ngira aku ra ngira,
Mbiyen seneng dadi nelangsa,
Manis janji mung ana lambe,
Saiki pahit dadine*

*Ora ngira tegane rasa atimu,
Tanpa pamit lan kabar, medhot tresnamu
Tangis amung tangis, tak lilakke awakmu
Kaya ngene lelakon urip nasibku
Nasibku nasibku nasibku*

5. Janji (J)

*Terus kumanthil jeroning ati
Nalikane rika ngucap janji
Gelang alit banjur lali
Karo kula kang setya ngenteni*

*Eling eling nalikane
Bebarengan janji pasetyane
Slendhang ungu titipane
Tali tresna kanggo saklawase*

*Dhuh Nimas, pancen lali napa sampun supe
Eling mbok ya eling anetebi sumpah lan janjine*

*Nadyan gela ati iki,
rina wengi mung tansah memuji
Yen pancen wis antuk ganti
Ati iki wis ginaris ing pesthi*

6. *Sama Sama Rindu (SSR)*

*Ati lara Mas, tambane apa
Awak mriyang, jampi menapa
Sakit cinta, sakit rindu dihatiku
Kangen-kangen adhuh kangen pingin ketemu*

*Sama juga Dhik, dalam hatiku
Atiku bingung Dhik, kangen sliramu
Dag dig dug dag dig dug, dalam hatiku
Aku lan sliramu, sama-sama rindu*

*Lintang rembulan, abyor cahyane
Tulungana, aku kangen slirane
Ati kangen, ati rindu kaya ngene
Bantal lan guling, kang dadi seksine*

7. *Februari (F)*

*Jamane dhek mbiyen, lagi pisan ketemu
Kangen kangen kangen kangen yen ra ketemu
Nyatane saiki, sliramu nyidra janji
Lunga tanpa pamit, medhot tresna kang suci*

*Wis setaun lawase, aku kenal sliramu
Wis setaun lawase, kok tega medhot tresnamu
Wulan Februari, aku kenal sliramu
Wulan Februari, kok tega ninggalke aku
Ya wis, ya wis ya wis, iki pancen nasibku
Ya wis, ya wis ya wis, iki pancen lelakonku*

8. *Wiwit ngidam (WN)*

*Eneng apa dhik, kok sajake lesu
Ora mesem prengat-prengut, apa maneh ngguyu
Lara apa dhik, mbok ya blaka wae
Sapa ngerti, aku duwe tambane*

*Coba mriki Mas, kula kepingin kandha
Awak lungkrah, krasa lemes wis meh telung ndina
Pingin mangan Mas, rasane ra doyan
Sabene esuk, kok wis pingin rujakan*

*Mangga-mangga, neng puskesmas bebarengan
Kula niki Mas, ben di priksa Bu Bidan
Seneng tenan Dhik, atiku bungah tenan
Aja- aja, sliramu wis wiwit nyidam*

*Yen estu kangmas napa kersane
Putra mbarep niki sak mangke
Lanang wadon ya dhik ya, iku padha wae
Ning aja lali, cukup loro tembe mburine*

9. Kumanthil (KM)

*Jumedhule sang surya
Tak umpamakke jumedhule tresna
Nalika pisan ketemu sliramu
Bocah manis pepujanku*

*Yen tak rasa saya dina
Katresnan iki tansaya ngrembaka
Witing pari pepindhane rasaku
Dimen mari kudu ketemu*

*Andheng- andheng ning janggutmu
Yen tak pandeng bingung rasaku
Rina wengi tanpa nendra
tansah kanthil kumanthil ning netra*

*Tan kuwawa rasa iki
Esem kang manis angrerujit ati
Pasar alit pinggir margi Dhuh Yayi
Yen wurung gela ati*

10. *Kelingan (K)*

*Yen wengi tan bisa nendra
Mung ngalela kelingan Mas Roro
Nadyan mung sepisan repung
Nyata bisa gawe ati bingung*

*Manis-manis rasa madu
Luwih manis esemu cah ayu
Gawe kangene atiku
Rina wengi mung tansah ngreridu*

*Rasa tresna kasiram udan banyu asmara
Thukul terus ngrembaka sineksen langit lan mega*

*Adhuh Dewa adhuh nyawa
Tulungana wong nandang asmara
Tak sesuwun rina wengi
Dhuh wong manis muga animbangi*

11. *Prengat Prengut (PP)*

*Mbok ya nyebar godhong kara Dhik
Mbok sing sabar sakwetara
Durung-durung kok wis duka
Prengat prengut sajake cubriya*

*Kecipir ungu kembange Mas
Wong dipikir ora nggape
Janjane niku kepiye
Tak enteni kelakon janjine*

*Numpak dhokar rodhane telu
Sing sabar aja kesusu
Methi kelakon janjiku*

*Sama juga alah sami mawon
Ati samar ora kelakon
Kadhung rusak ora kelakon*

*Mbok ya aja prengat prengut Dhik
Kabeh wis barang kebacut
Iwak penyu mangan kadhal
Janjimu Mas mung janji gombal*

12. *Sesandhingan* (S)

*Adhuh Kang Mas wis mekar kembang
wanci ratri wong bagus arum gandane
mung sliramu ra ana liyane
jiwa lan raga tak pasrahake*

*Kicir kicir Dhik lagune melayu
lagu jawa ya Dhik ya pengobat rindu
aja kuwatir Dhik sak jroning atimu
setya lan tresnaku kanggo sliramu*

*Awan awan Mas ampun sarungan
rina wengi mung tansah dadi pikiran
awan awan Mas aja ngunjuk degan
atiku bungah rasane yen sesandhingan*

*Kembang menure kembang melati
kembang melati rinonce gandane wangi
mugi - mugi Gusti paring idi
nyawijeke tresna kang sejati*

13. Tembang Kangen (TK)

*Langite mendhung aku rasan
Rintik-rintik wus teka udane
Sedhih atiku rasane
Nunggu-nunggu nganti seprene*

*Wis pitung sasi aku ngenteni
Nahan rindu lan kangene ati
Ngetung dina nganti sasi
Nanging kangmas ora bali-bali*

*Besok kapan kangmas eling aku
Tansah setya ngenteni janjimu
Dhuh wong bagus rindu aku rindu
Tembang kangen pengobat atiku*

14. *Nggodha* (GD)

*Galo kae
Ngawe-awe katon nengsemake
Anglelewa, mesam-mesem ngguya-ngguyu
Sajake nggodha*

*Tan kuciwa
Rikma panjang esem pait madu
Gawe bingung dhefik pipine katon gingsule
Atiku liwung*

*Dhuh Dewa dewaning rasa
Suwe-suwe ati tan kuwawa
Rina wengi mung tratapan
Kepengin enggal sumandhing*

*Kaya ngapa
Iba bungah tak rasa ing kalbu
Yen kelakon sesandhingan gegandhengan
Nimas wong ayu*

15. *Ninggal Janji (NJ)*

*Nalika jaman semana Cah Ayu
Aku pamit mring sliramu
Aku pamit ngudi ilmu
Banjur lunga ninggalke desaku*

*Mung telung tahun lawase Cah Ayu
Dhek semana nate janji
Prasetya tulus ing ati
Nunggu aku bebrayan nyawiji*

*Nanging nyatane (Bagaimana alias kepiye)
Jebule kaya ngene
Getun getun
Sabendina mung terus ngalamun*

*Banget kaget ing atiku Cah Ayu
bareng ketemu sliramu
ora nyana aku ra ngira
Sliramu tega ninggal palakrama*

16. STASIUN TUGU (ST)

*Ing wengi
iku nalikane aku pisan ketemu
Tak untapake sliramu pamit aku
Pamitmu bali ning kuthamu*

*Sepining ati
nalikane ing wengi kuwi
Ora ngira tumetes eluh ing pipi
Dhuh sliramu kapan bali*

*Kusumaning ati
Amung donga lan amung pamuji
Kutha Ngayogja kang tansah ngancani
Sepining rasa ati iki*

*Stasiun Tugu
Sing dadi seksi kang bisu
Muga-muga, sliramu eling aku
Kapan kondurmu tak tunggu*

17. Kidung Pasir Putih (KPP)

*Sepi sepi jroning ati
Dina-dina kang kula lampahi
Tansah setya nganti anti
Kondur ndika pepujaning ati*

*Adem kekes ati iki
Yen kelingan prasetyaning janji
Gelang alit aja lali
Pasir putih pinangka paseksi*

*Ombak ing banyu segara
Mbak lumembak saya katon nggodha
Balung janur sak umpama
Enggal kondur paring usada*

*Pasir putih dadi seksi
Amung ndika ganthilaning ati
Rina wengi aku memuji
Mugi-mugi Gusti paring idi*

18. *Sedulur Lanang (SL)*

*Nadyan ta dikaya ngapa
Nanging ati ora bisa lali
Wis suwe dha pepisahan
Dulur lanang sing tak tresnani*

*Nglabuhi bumi pertiwi
Kakang dadi prajurit sejati
Ing manca kakang makarya
Njaga aman lan tentreming nagri*

*Dhek biyen tansah kelingan
Bocah loro bareng dolanan
Menyang sawah nandur pari
Adus bareng aneng kali*

*Abot ngayahi kwajiban
Kakang dadi abdine negara
Ning desa aku ndedonga
Yen wis rampung enggal bali*

19. Kadang Tani (KT)

*Galo kae tegal lan sawahe
Subur makmur kabeh tandurane
Galo kae tikel pametune
Kadang tani bungah atine*

*Wanci esuk mangkat bebarengan
Manggul luku nggarap tegalan
Guyub rukun ora ana beda
Subur makmur iku kang jinangka*

*Lur dulur dulur wancine tandur
Lur dulur dulur tandure subur
Lur dulur dulur dha sangu pacul
Lur dulur dulur uripe makmur*

20. Goyang Jape Methe (GJM)

*He he he ayo goyang rame rame
Hehehe ayo joged rame rame
Bergoyang lagu jawa he
Musike campursari he
Di goyang ser ser adhuh asike*

*Hehehehe sing mangkel aja mregut he
Hehehehe ayo dha padha mesem he
Awak lungkrah ngunjuk jahe
Sirah pusing mikir utang he
Bergoyang ser ser methi lali he
Hehehehe ayo goyang rame rame*

*Ne kene kene kene sing kepingin nyedhaka rene
Ne kene kene kene saya tunggu sawerane
Ne kene kene kene tepuk tagan rame rame
Ne kene kene kene tinimbang susah atine*